



EQUIPPING CHURCH LEADERS  
• EAST AFRICA •

# IVUGABUTUMWA RIGARAGAZA

Vyashizwe ahabona na

**Jonathan M. Menn**

**B.A., University of Wisconsin-Madison, 1974**

**J.D., Cornell Law School, 1977**

**M.Div., Trinity Evangelical Divinity School, 2007**

**Equipping Church Leaders-East Africa**

**3701 N. Gillett St., Appleton, WI 54914**

**(920) 731-5523**

**jonathanmenn@yahoo.com**

**www.eclea.net**

December 2007, revised May 2013; corrected July 2014

Ivugabutumwa rigaragaza—mu yandi majambo, ingene umuntu yagura, asigura, yigisha n’ingene ashira mu ngiro neza ico Bibiliya ivuga—ni vyo tudondora, tukagaragaza, tukerekana neza. Akamaro k’ubuzima bwite bw’umwigisha karasigurwa. Igice cose kigize ukuvuga ubutumwa kwiza, guhera ku ntangamarara, ugaca ku kwerekana, no kugaragaza, ugashika ku gushira mu ngiro hamwe no gusozera, birasuzumwa, bigashirwa ahabona neza. Ingene umuntu ategura agatunganya ingene ashikiriza ukwigisha kwiza birasuzumwa, uburyo bwinshi bwo kubikora bukerekana, tukerekana n’ido n’ido ry’ukugene ivugabutumwa ryotunganywa. Igituma abantu bokwemera ibivuzwe, ukugene umwigisha abayeho, ivyo vyose turabihanahana ko ivyiyumviro.

## IBIRI MWO

<b>I. <u>Ivugabutumwa rigaragaza—Intangamarara</u></b> .....	3
A. <i>Kudondora ivugabutumwa rigaragaza</i> .....	3
B. <i>Impavu n’inyungu z’ivugabutumwa rigaragaza</i> .....	5
C. <i>Kuvuga ubutumwa ugaragaza binyuranye no kuvuga ubutumwa ufatiye ku mutwe w’icigwa</i> .....	6
<b>II. <u>Gusigura biciye mu bitabu vya Bibiliya</u></b> .....	7
A. <i>Amashengero menshi akura ubutumwa avuga mu bisomwa bakuye mu gitabu c’imisa kirimwo ibice bice vy’Ivyanditswe</i> .....	7
B. <i>Gusigura ibisomwa ata co bisa bisana iyinga ku rindi bituma umuntu yirengagiza ivyariko biraba muri ivyo bisomwa, n’icatume vyandikwa</i> .....	7
C. <i>Ubuginga bumwe bwo kwimba mu mizi no kugaragaza ni ukwigisha biciye mu bitabu vya Bibiliya</i> .....	7
D. <i>Hariho impamvu zitari nke n’inyungu zo kwigisha ucishije mu bitabu bigize Bibiliya</i> .....	8
<b>III. <u>Ubuzima bw’Umuvugabutumwa</u></b> .....	9
A. <i>Abo bose bavuga kandi bakigisha Ijambo ry’Imana bahamagarirwa kubaho ubugingo bugororotse</i> .....	9
B. <i>Igikorwa ca Mpwemu Yera mu kugaragaza no gusigura bisaba yuko abasiguzi babaho ubugingo n’ubuzima bugororotse, buhimbara Imana</i> .....	10
C. <i>Ubugingo, ubuzima bujane n’ivyo wigisha, uvuga, uri mu migenderanire myiza n’Imana hamwe n’abandi bantu, birafasha cane kwemeza abantu ivyo uvuga</i> .....	11
<b>IV. <u>Kubanza kuraba ivyariko biraba hamwe no kumenya abo umuntu aba ariko arabarira</u></b> .....	12
A. <i>Kubanza kuraba ivyariko biraba</i> .....	12
B. <i>Nubwo uburyo bashikiriza ivyo bavuga butandukanye bivanye no kubagize ishengero canke ku bo bariko arabarira ubutumwa, hamwe n’ico bashaka gushikiriza, intumbero y’ubwo butumwa, Yesu n’abandi bavuzi b’ubutumwa bo muri Bibiliya hamwe n’abigisha kenshi na kenshi bakoresha ubuhinga bwo kwigisha no gusigura, canke bwo kuvuga ubutumwa bufatiye ku “ngorane (canke ikibazo)”</i> ... ..	13
C. <i>Ukwigisha kwacu gutegerezwa kwigana no gufatira ku citegererezo ca Yesu na Paulo</i> .....	13
D. <i>Ukumenya abo muri ko muravugana n’ingaruka z’ikibazo, ingorane –bifatiye ku buhinga bwo “kwugara aho itereni ica”</i> .....	17
<b>V. <u>Ivyo utegerezwa kwibandako ku gisomwa ca Bibiliya uba uriko urimba mu mizi, uba uriko urigishako</u></b> .....	19
A. <i>Intumbero y’igisomwa</i> .....	19
B. <i>Gusobanura, gusigura no gutanga uburorero bufatiye ku gisomwa</i> .....	21
<b>VI. <u>Ibigize Ubutumwa buhindura abantu n’itegurwa ryabwo</u></b> .....	21
A. <i>Ugushira mu ngiro ni intumbero y’ivugabutumwa rigaragaza</i> .....	21
B. <i>Muri Bibiliya yose ukuri kw’inyigisho kuvanze n’ugushirwa mu ngiro gufadika kugaragaza uko uko kuri [jml]gutegerezwa kumera no gusa; n’ukugene ukwo kuri gutegerezwa gushirwa mu ngiro mu kubaho kw’abantu</i> .....	22
C. <i>Ugushira mu ngiro guha ukugaragaza, ugusigura insiguro yakwo</i> .....	22
D. <i>Ugushira mu ngiro gushobora kuba ihinduka mu mutima, mu nyifato co kimwe n’uguhinduka mu ngeso</i> .....	22
E. <i>Abavugabutumwa, abasiguzi ntibategerezwa, ntibakwiye kwibaza no kwiyumvira yuko mu gusigura kwonyene canke mu gutanga uburorero bw’ico Bibiliya ivuga n’ico isigura, abantu baca Bagundura ingene boshira mu ngiro ukuri kuvugwa muri Bibiliya mu bugingo bwabo</i> .....	23
F. <i>Ibibazo bibiri nyamukuru kugira ngo abantu bashobore gushira mu ngiro</i> .....	23
<b>VII. <u>Ibigize n’itunganywa ry’ubutumwa buhindura abantu</u></b> .....	26
A. <i>Kugira ngo umuntu yigisha neza, ubutumwa butegerezwa kuba bufatiye ku kintu kimwe gusa</i> .....	26
B. <i>Uburyo, ubuhinga, ukugene umuntu yigisha kuratandukanye bivanye n’ivyo aba ariko arigisha, n’intumbero y’ubutumwa aba ashaka gushikiriza, ibihe aba ariko arigishiriza mwo, hamwe n’ubumenyi ababa bariko baramwumviriza bafise, hamwe n’ivyo abamwumviriza bakeneye</i> .....	28
C. <i>Ibintu bitatu vyerekeranye n’ivugabutumwa kenshi na kenshi birirengagizwa, yamara bifise akamaro kanini ku kugene bishikirizwa: intangamarara; kuva ku cyumviro uja ku kindi; no gusozera</i> .....	29
D. <i>Ibintu bisanzwe twovuga bijanye no gutunganya ivyo uzoshikiriza</i> .....	30

<b>E. Ubuhinga butandukanye bwo gutunganya ivyo ushikiriza .....</b>	<b>32</b>
<b>VIII. Ukuganira kwemeza abantu hamwe n’ “uburyo” bw’ umuvugabutumwa.....</b>	<b>34</b>
<b>A. Nta buryo na bumwe bw’ukuri buriho bw’umuvugabutumwa.....</b>	<b>34</b>
<b>B. Uburyo umuntu yigisha buratandukanye bivanye n’ivyo aba ariko arigisha, n’intumbero y’ubutumwa aba ashaka gushikiriza, ibihe aba ariko arigishiriza mwo, hamwe n’ubumenyi ababa bariko baramwumviriza bafise, hamwe n’ivyo abamwumviriza bakeneye.....</b>	<b>35</b>
<b>C. Amahame yo kwemeza abantu akoreshwa mu butumwa co kimwe n’ubundi bwoko bw’ukuvuga amajambo.....</b>	<b>37</b>
<b>D. Amavuta y’umusiguzi si ugukoresha ibishika, ibishobisho.....</b>	<b>39</b>
<b>AHO TWAVYABUYE.....</b>	<b>39</b>
<b>IVYONGEWE KO A—KWIGA WIBAZA IBIBAZO UFISE INTUMBERO YO KUZOKWIGISHA IVYO WIZE.....</b>	<b>41</b>
<b>IVYONGEWE KO B—INTAMBUKO ZEREKEZA KU KUVUGA UBUTUMWA: URUTONDE RW’IVYITONDERWA KU BAVUGABUTUMWA.....</b>	<b>42</b>
<b>IVYONGEWE KO C—Mat 6:19-24—Ubuhinga bwo kuvuga ubutumwa ubaza ibibazo umuntu akikuriramwo isomo ubwiwe.....</b>	<b>51</b>
<b>IVYONGEWE KO D—Ef 2:11-16— Ubuhinga bwo kuvuga ubutumwa ubaza ibibazo umuntu akikuriramwo isomo ubwiwe .....</b>	<b>54</b>
<b>IVYONGEWE KO E—Kuv 1:1-22—Ubuhinga bwo kudonda inkuru [Gusigura-Amahame-Kuyashira mu ngiro.....</b>	<b>56</b>
<b>IVYONGEWE KO F—Ivyah 19:11-21—Guca ku masonga ukugene ubutumwa buvugwa dukoresheje ubuhinga bw’ Insiguro-Amahame-n’ugushira mu ngiro .....</b>	<b>60</b>
<b>IVYONGEWE KO G—Zab 73:1-28—Guca ku masonga ukuvuga ubutumwa dukoresheje ubuhinga bw’ico umuntu agomba gushikako.....</b>	<b>62</b>
<b>IVYONGEWE KO H—Ivyah 19:11-21—Guca ku masonga ukuvuga ubutumwa dukoresheje ubuhinga bw’urudome ku rundi.....</b>	<b>65</b>
<b>IVYONGEWE KO I—1 Sam 30:1-31—Akarorero k’uguca ku masonga kw’ubutumwa Jewe-Twebwe- Imana-Wewe-Twebwe .....</b>	<b>66</b>
<b>IVYONGEWE KO J—Ubutumwa bufise ibahati ryo kugira ico buhinduye.....</b>	<b>68</b>
<b>IVYONGEWE KO K—Mbega uratakaza umwanya wawe wo gutegura?.....</b>	<b>70</b>
<b>IVYONGEWE KO L—Imiti itoroshe kunywa kw’ivugabutumwa.....</b>	<b>72</b>
<b>UMWANDITSI.....</b>	<b>75</b>

## IVUGABUTUMWA RIGARAGAZA

### I. Ivugabutumwa rigaragaza—Intangamarara

#### A. Kudondora ivugabutumwa rigaragaza

1. Nubwo Bibiliya yanditswe haciye imyaka myinshi cane, Mpwemy Yera avugana natwe biciye mu Vyanditswe, kandi agatuma amajambo y'Ivyanditswe aba mazima kandi agira ico atubariye uyu musu.

a. *Ibisomwa vyinshi bikoresha umuvugire wa kubu ku vyanditswe, bisigura yuko Mpwemu n'ubu akivugana natwe biciye muri Bibiliya uyu musu (Heb 3:7; 4:7; 10:15-17; 12:5-6).* Mbere n'ivyabaye mw'Isezerano rya Kera biboneka nk'uburorero kuri twebwe, vyanditswe kugira ngo bitwigishe kandi n'abantu bavugwa muri ivyo, baracavugana natwe, baracafise ico botubarira (**1 Kor 10:6, 11; Heb 11:4**). Intumwa n'abanditsi ba Bibiliya kenshi bakoresha imivugire ya kahise na kubu igihe baba bariko baravuga ku Vyanditswe, bashaka gusigura yuko ivyanditswe muri kahise bikiri n'uyu musu "ijambo rizima ku bantu bazima riva ku Mana nzima" (Stott 1982: 100). John Stott atanga insiguro y'ico ibi bivuga: "Iyo umuntu yamenye ukuri kw'uko Imana "n'ubu ikivuga mu vyo ija yaravuze", tuzoba dukingwe amakosa abiri anyuranye. Irya mbere ni ukwizera yuko, nubwo vyumvikanye mu bihe vya kera, ijwi ry'Imana ryanumye uyu musu. Ica kabiri ni ukuvuga yuko Imana n'uyu musu ikivuga, yamara yuko ijambo ryayo ifise ibintu bike canke ata na kimwe bipfana n'Ivyanditswe. . . Umutekano n'ukuri bibonekera mu kwemera yuko Imana yavuze, ko Imana ivuga, kandi ko ubwo butumwa bubiri bufise ico buhuriyeko, bwuzuzanya, kubera ari *guca* mu vyo yavuze akivuga n'uyu musu." (Ico gitabu nyene: 102)

b. *Ibindi bisomwa vyerekana yuko igihe Mpwemu Yera avugira mu muntu ariko arigisha vy'ukuri Bibiliya, Ni ijambo ry'Imana (Ivyak 4:31; 6:4; 11:14; Rom 10:17; Flp 1:14; 1 Tes 2:13; Heb 13:7; 1 Pet 1:22-25; 4:11).* Ni co gituma, igihe umuvugabutumwa akora ivyo yategerezwa kuba ariko arakora, umuvugabutumwa, Mpwemu, n'Ijambo bifatiye hamwe mu kintu kimwe kizima kandi mu buryo bw'igitangaza.

2. Ivugabutumwa rigaragaza rikomoka kuri ukwo kuri kuvuzwe aho hejuru.

a. *Ibigize ivugabutumwa rigaragaza ni ibi bikurikira:*

(1) Ivugabutumwa rigaragaza rifatiye kandi ryisunga igisomwa ca Bibiliya;

(2) Ivugabutumwa rigaragaza riguma ku co umuntu ashimikiyeko, inyigisho, igikorwa c'ico gisomwa, hamwe n'intumbero y'umwanditsi; hamwe n'

(3) Ivugabutumwa rigaragaza rikoresha igisomwa ku bugingo bw'abavyumviriza.

b. *Gusigura ivugabutumwa rigaragaza. Ivugabutumwa rigaragaza rishobora gusigura, "ukwugurura igisomwa ugomba kuvugako ukaba umwizigirwa kuri co, kandi ukamenya yuko ijwi ry'Imana ryumvikana kandi ko abantu b'Imana bamwumvira."* Bryan Chapell yongerako ibi, "kugira ngo wigishe mu buryo bwumvikana, wimbe igisomwa mu mizi, umwigisha, umuvugabutumwa ategerezwa gusigura ivyariko biraba, agashiraho insiguro, akagaragaza ingaruka mu buryo bw'uko umurwi kanaka w'abateze amatwi bariko baramwumviriza bizobagirira akamaro, bikabaryohera, bakabitahura, kandi bakabishira mu ngiro" (Chapell 1994: 127).

3. Ijambo "kugaragaza" ryerekana "ugushira ahabona, ahagaragara" ico Bibiliya ivuga, isigura, kandi n'ingaruka yavyo, ni vyo bigize umutima w'ukwigisha, ukuvuga ubutumwa. Ubwo buryo bwagaragajwe n'abaherezi muri Nehemiya, aho "basomera mu gitabu c'Ivyagezwe vy'Imana mu buryo bwumvikana, (barabibasigurira) barabibasomera kugira ngo batahure ivyo basomewe" (**Neh 8:8**). Stott abivuga muri ubu buryo: "Kwimba mu mizi Ivyanditswe ni ugushira ahabona canke ugukura muri ico gisomwa ibirimwo maze ukabigaragariza abavyumva, bakabibona. Uwushira ahabona, umwigisha canke umuvugabutumwa yugurura ibiba bisa n'ivyugaye, akabisigura, akabisobanura ivyari mwo umwiza bikaja mwo umuco, ibitumvikana bikumvikana, agapfundurura amapfundo yari apfundikiye, maze agakingura igihuzi ivyari binyegejwe bikaja ahabona. Ikinyuranye n'ukugaragaza ni 'ukugondagondera', ari na co twita ugutamika igisomwa ico kitavuga. Yamara 'igisomwa' turiko turavuga gishobora kuba ari umurongo, iryungane, canke mbere ijambo rimwe gusa. Birashoboka kandio ko aba amungane akubiye hamwe akagira icyumviro, canke igice cose, canke mbere igitabu cose. Uburebure bw'igisomwa si bwo bukuru ico gisomwa kigira kuba ari co muri Bibiliya. Igifise akamaro ni ico dukozwa ico gisomwa. Kiba kirekire canke kigufi, uruhara rwacu nk'abagaragaza ni ukucimba mu mizi tukacugurura mu buryo bw'uko kivuga ubutumwa mu buryo bwumvikana,

bugaragara, ata kwihenda, ata makosa, kandi mu buryo abantu babwibona mwo, ata co bongeye ko, ataco bagabanije ko, canke ataco bagondagondeye ko. Mw’Ivugabutumwa rigaragaza, mu gusigura mu buryo bwumvikana igisomwa ca Bibiliya si ugutangura kuvuga ubutumwa mu buryo bumenyereye bwashinze n’abantu ku kintu kinini gitandukanye, canke guhera ku mambo aho umanika impuzu itabutse y’ivyiyumviro bitari bitegekanijwe, yamara ni ugushishoza kwerekana kukagaragaza, kugacungera ivyavuzwe.” (Stott 1982: 125-26)

4. Ivugabutumwa rigaragaza rifafatira ku majambo agize icyiyumviro cuzuye. Pasitori Mark Harris asigura ati, “Icyiyumviro cuzuye cikwiye kirashobora gutahurwa ko ari umurongo canke urukurikirane rw’ivyiyumviro, uguhananana ivyiyumviro, ugushira ahabona icyiyumviro cose canke inkuru. Urashobora kuba ari umurongo umwe gusa, imirongo myinshi igize icyiyumviro canke ibice vyinshi. Mu cyiyumviro cikwiye, ikintu nyamukuru ngenderwako ni co kiguma kigaruka, ni co umusiguzi ashingirako, agumiza kw ijisho, kandi ibigikikuje ni vyo bigishigikira. Iki ni co ‘cyiyumviro nyamukuru’” (Harris 2004: 22) Chapell na we yita agace ko kwigishako k’Ivyanditswe “ukugaragaza igice, ugusigura igice kigize icyiyumviro cikwiye,” ari na co adondora nk’ “igice kirekire canke gitoya c’Ivyanditswe uwigisha canke umusiguzi aherako mu kugaragaza ukuri kumwe kwo mu vy’impwemu agashiramwo ibishigikira ivyo avuze canke ivyiyumviro bishigikira ivyo avuze vyiburuka bivuye muri ico gisomwa” (Chapell 1994: 53). Turavye mu Vyanditswe nk’uduce duto duto tugize icyiyumviro canke tugaragaza icyiyumviro bitera intege bigahimiriza abasiguzi kubona ibisomwa bikomotse mu vyanditswe nk’ “itororokanirizo ry’icyiyumviro kimwe gikubiwe hamwe aho kubibona nk’imirongo ata co isa isana, ukamenga umurongo umwe urikwiye” (Ico gitabu nyene: 52).

5. Ivugabutumwa rigaragaza rirengeye ukwigisha gusanzwe. Umwigisha, umusiguzi aba ahawe igikorwa co kwiga, gutahura, no gusigura neza Bibiliya. Ugusigura kugaragaza guca gutera iyindi ntambuko yo guha iyo nkuru canke ubwo butumwa abantu batashoboye kuvyisomera canke kuvyiga mu buryo bw’uko nab o nyene bazobitahura nk’ “*uko ari bo ubwabo bari kuba bavyize, bavyisomeye*”. Yamara vyongeye hari ikindi kintu kwigisha kugaragaza kwongerako—kugaragaza ukuri kwa Bibiliya mu buryo bw’uko abavyumviriza bazogira ico bakuyemwo kikazobatuma *bahindura ubugingo bwabo* nk’inyishu canke ingaruka y’ivyo bumvise kandi bize bivuye ku muvuzi w’ubutumwa, ku mwigisha, ku musobanuzi. John Piper asuka umuco muri ibi, akabisigura gurtya: “Igihe Paulo abwira Timoteyo muri 2 Timoteyo 4:2, ‘Uvuge ijambo ry’Imana’, ijambo yakoresheje mu kuvuga ‘wigisha’ ni ijambo risigura ‘guteguzi’ canke ‘gutangaza’ canke ‘kwamamaza’ (*kēruxon*). Si ijambo rihagarariye canke risigura ‘kwigisha’ canke ‘gusobanura.’ . . . Ukw’ guteguzi ndakwita *ukwamamaza, ugushira hejuru*. Kuvuga ubutumwa, ukuvuga ijambo ry’Imana ni ugushira hejuru abantu bakumva ukuri iryo jambo ry’Imana risigurara, rizana. Iryo jambo ntirisiga abantu uko ryabasanze, riba rizanye inkuru, ubutumwa butumbereye uguhindura abantu ngo bagende uko iryo jambo ryababariye. Si ukuvuga mu majambo yandi gusa, canke ugusigura gusa. Ahubwo iryo jambo rikwiye kwandukiza abaryumvise bose kugira ngo bagire ico barikozeko, ntikube ukuryumva gusa ngo biherere, bigarukire ku kuryumva gusa.

Yamara n’ubwo tuvuye gurtyo, mu guteguzi harimwo inyigisho, harimwo ukuvuga ijambo ry’Imana. Urashobora kubona ivyo hamwe wosubira inyuma gatoya ukarabira kuri 2 Timoteyo 3:16-17 Ivyanditswe (ari na vyo bishimikirwako canke bivamwo ivyo kwigisha) bifise ikimazi co *kwigisha umuntu*. Kandi urashobora kwongera kubibona uravye imbere mu bisigaye muri 2 Timoteyo 4:2, ‘uvuge ijambo ry’Imana . . . uhane, wihanize mu kwihangana kwose no mu kwigisha.’ Ni co gituma rero kwigisha ari ukugaragaza, ugushira ahabona, Gukoresha ijambo ry’Imana. Ukwigisha nyakuri si ivyiyumviro vy’umuntu buntu. Ni ukugaragaza kwizigiwe gushira ahabona ijambo ry’Imana. Rero mw’ijambo rimwe, kwigisha ni *ugushira hejuru kugaragara*.” (Piper 2004: 10-11)

6. Ivugabutumwa rigaragaza ritegerezwa gutuma umutwe w’umuntu utiyumvira gusa, ariko vyongeye gutuma umutima n’ubugingo bw’umuvuzi w’ubwo butumwa, umwigisha na bwo buhinduka. Igutuma ni uko Mpwemu Yera *ubwa mbere* akoresha ico gisomwa *ku mwigisha, ku muvuzi w’ubutumwa* hanyuma rero biciye muri uwo muvuzi wabwo bukagira ico bukoze ku bantu. Kugira ngo umupasitori avuye ubutumwa mu buryo bugaragaza, ategerezwa kubanza kwiga neza, no gushishoza, no gusuzuma ico gisomwa, icon a co gisomwa kikagaburira umutima wiwe bwite, kikamukomeza, kandi kikamugira umuntu mwiza n’umupasitori mwiza. Ubwo buhinga bwashizwe ahabona, bwatangujwe na Ezira “yari yarinamuye mu mutima kwitwaririka ivyagezwe vy’Uhoraho ngw abishitse, kandi ngo yigisha mu Bisirayeli amabwirizwa n’amateka” (**Ezira 7:10**). “Kwiga-Gushira mu ngiro-kwigisha” bitegerezwa kuba icitegererezo n’urufatiro ku bavuzi b’ubutumwa uyu musi.

7. Ivugabutumwa rigaragaza vyongeye ritegerezwa kugira ico rikoze ku bwenge, ku vyiyumviro, mu mitima no mu bugingo bw’ishengero ryumvirije ubwo butumwa. Piper avuga ati, “Mu gutazira

kw'ukuri harimwo imisi yose *ugutahura ukoresheje* ubwenge kandi harimwo imisi yose *ukugira ibishika, ibishobisho* mu mutima. Ugutahura gutegerezwa imisi yose kuba urufatiro rw'ibishobisho, canke na ho bikaba ibishobisho biherera ngaho nyene, ataco bishingiyeko, ata co vyubakiyeko. Yamara gutahura Imana kudatuma haba ibishobisho bitadukwegera kuja kuri Yo ni ubuhinga gusa kandi nta buzima burimwo” (Piper 2004: 10).

8. *Inyanduruko canke intumbero y'ivugabutumwa rigaragaza si ukwigisha abantu gusa ico Bibiliya ivuga n'ico bisigura yamara ni uguhindura ubugingo bw'abantu.* Nk'uko Pasitori Andy Stanley abivuga, intumbero ni “ukwigisha abantu ingene bakwiriye kubaho ubuzima canke ubugingo bugaragaza akarangamutima, indangagaciro, amahame, n'ukuri kwa Bibiliya” (Stanley na Jones 2006: 95). Uguhinduka kw'ubugingo bwacu (si iviyumviro n'ivyo twizera gusa) ni kwo kugize agatimatima k'ico ari co Ubukristo (raba **Rom 8:29; 12:1-2; Ef 4:17-24; 5:8**). Yakobo yarabigaragaje neza igihe avuga ati “Ukwizera kutagira ibikorwa kuba gupfuye, ni ukw'ubusa” (**Yak 2:20**), kandi “mube abakora ivy'iryo jambo, ntimube abaryumva gusa, mwibesha” (**Yak 1:22**). Yesu yatanze ikimenyeso kimwe abantu bazomenyerako ko turi abigishwa biwe: “Ni mwagiriranira urukundo, ni ho bose bazomenya ko muri abigishwa banje” (**Yoh 13:35**). Ni na co gituma ico cari co nyanduruko, ntumbero y'ukwigisha kwa Paulo: “Inyanduruko y'ukwigisha kwacu ni ukugira ngo bagire urukundo ruva mu mutima utanduye, utarimwo ijwi ribagiriza ikibi, no ku kwizera kutari ukw uburyarya.” (**1 Tim 1:5**). Raba ingene intumbero, inyanduruko y'urukundo ifise ingaruka *ku bugingo bwose canke ku buzima bwose bw'umuntu*: umutima urezwa; nta jwi ryagiriza ikibi umuntu (kubera yuko ata tandukanirwo riba rikiri hagati y'ivyo avuga n'ivyo akora); kandi ukwizera kw'umuntu guca kuba ukw'ukuri (ivyizerwa bica bivangana n'ibikorwa vyiza kugira ngo ukwizera ntikuba kukiba ukw impfagusa).

9. *Kubera yuko intumbero y'ivugabutumwa rigaragaza ari uguhinduka kw'ubuzima n'ubugingo bw'abantu, gushira mu bikorwa no mu ngiro ijambo—mu bugingo bw'ababitega amatwi, abumviriza, kandi no mu bugingo bw'abavyumviriza—ni co ngenderwako.* Ijambo ry'Imana imisi yose risaba ko umuntu agira ico arikoze ko: “Igihe wiyemeje kwigisha kugira ngo abantu bahinduke mu bugingo bwabo, ugutegura kwawe ntikuzokwigerera guhera utarishura ibi bibazo bibiri ngirakamaro cane: None ko tuvumvise canke ubivuze hakwirikira iki? None ubu ko ubivuze habe iki? Ukwigisha kwacu ntaco kwoba kumaze canke ntaco kwohindura hamwe abantu bacu batotahura ico ivyo twigishije bishaka kudushikana ko, ubudasa ico twigishije kigomba kudushikana ko. . . . Urupfunguruzo bw'ubu buhinga ni uguhakana guhaguruka no kuvuga ubutumwa utaramenya neza inyishu y'ibi bibazo bibiri: Ni ikihe kintu kimwe ngomba yuko aba bantu ndiko ndabarira ubutumwa bumva, bamenya, batahana i muhira? [kandi] ni iki ngomba ko bagikorako?” (Stanley na Jones 2006: 97, 104)

## B. Impamvu n'inyungu z'ivugabutumwa rigaragaza

1. *Ukugaragaza “gushiraho imipaka” mu buryo bw'uko kutugarukana ku kwimba mu mizi igisomwa c'ivyanditswe.* Umuvugabutumwa canke umusiguzi ntarwa mu mutego wo kugerageza kwigisha “iviyumviro vyawe bito” hamwe n'inyungu ziwe gusa. Vyongeye ntarwa mu mutego w'abanywanyi b'ishengero ryawe bipfuzako yigisha “ivyo bashakira kwumva gusa.” Ukwo gushiraho *imipaka* y'ivyo kwigisha *bibohora* umupasitori kugira ngo yigishwe ivy'Imana igomba vyose mu buryo bufasha kuguma ku *ntumbero no ku ntego* (umwidegemvyo wo kutarwa mu mutego n'umusuhere werekeranye n'ivyo kwigisha) hamwe *no kugerageza kutarenga akarimbi canke kuterenza urugero* (mu yandi majambo, kugerageza kutarenga akarimbi hagati y'ibice bitandukanye bigize Bibiliya hamwe no kugerageza kutarenga akarimbi mu gitabu ubwaco) mu kwigisha kw'umuntu.

2. *Ukugaragaza kwiza gusaba yuko umusiguzi atagondagonda Ivyanditswe.* Umusiguzi agaragaza ategerezwa kuba umwizigirwa no kudacisha iruhande mu kurobanura ico abanditsi ba Bibiliya bashakira kuvuga, gusigura no gushikako, bakakivuga. Umusiguzi agaragaza ategerezwa “kwicara aciye bugufi musu y'ububasha bw'Ivyanditswe, aho guhagarara abicira urubanza” (Stott 1982: 127-30). Mbere, iyo utigishije mu buryo bugaragara uba uriko *urahagararira Imana mu buryo bubu* kubera yuko, “uba uriko uravugaga mw'izina ry'Imana ivyo Imana itigeze ivuga: uba uriko uratanga amasezerano Imana itigeze itanga; utanga impanuro Imana itigeze itanga; kandi ugabisha abantu ku vyerekeranye n'ivyo Imana itigeze ivuga. Muri make, uba uriko urigisha [abariko barakwumviriza] kubona Imana uko itari. Mu gukora gurtyo, uca uba ukwigisha w'ibinyoma, ukwigisha mu bi kandi ukishira musu y'urubanza rw'Imana, musu y'ugucirwako iteka n'Imana.” (Harris 2004: 26)

3. *Ijambo riha abigisha, abavugabutumwa ububasha bwabo.* “Ububasha bw'ijambo budushoboza kuvuga ibintu bigoye cane ku wo ari we wese tutabanje gusaba ikigongwe, yamara kandi ubwo bubasha nyene budushoboza kuvuga neza no kugira impuhwe tutabanje gukoresha inguvu” (Chapell 1994: 89).

Muri ubwo buryo nyene, gushira ahagaragara ijambo ry’Imana biduha gushira amanga mu kuvuga ijambo ry’Imana kubera yuko tutaba turiko turavuga ivyiyumviro vyacu gusa canke ivyiyumviro vy’abana b’umwana w’umuntu ashobora kwihenda. Ahubwo, “tuba turiko turashira ahabona, tugaragaza ijambo ry’Imana dukoresheje ukuri kugaragara kandi ata co tugabanijeko canke twunguye ko”; ni co gituma, “dushobora kuvuga dushize amanga cane” (Stott 1982: 132). Mbere, icirwa canke ubushakashatsi bwakozwe ku bantu basanzwe atari abarongozi 263 bo mu mashengero atandukanye ashika 28 (9 agizwe n’abanyafirika hamwe n’abanyamerika; 16 agizwe n’abakomotse I Bulaya; 3 agizwe n’abantu b’ubwoko buvanze) bakomoka mu madini 13 yo muri Amerika y’uburengero bakomoka mu mashuri rukristo y’inyigisho z’ijambo ry’Imana [ico cirwa bacise CTS] bwerekanye yuko, “ahanini ikintu bavuze, bahurijeko bese gituma ivyigishijwe bigira ububasha ni uko umuvugabutumwa aba yakoresheje Bibiliya,” cane cane igihe umuvugabutumwa yabanje kwiga neza iryo jambo yashikirije akaba atariko arashikiriza ivyiyumviro vyawe gusa (Allen 2006: 65, 67-68). Iryo abo batoye vyaremejwe n’abandi bantu bagize ubushakashatsi nk’ubwo nyene bakoreye ku bavugabutumwa 102 n’abavyumviriza 479 muri Amerika yose, kandi bakaba bari mu myaka yose, mu madini atandukanye, ahantu hatandukanye hamwe no mu bwoko butandukanye [ico bise ubushakashatsi GASS], na bwo bwatoye yuko, “kimwe gikomeye kurusha ibindi vyose mu bigenga inyigisho nziza, canke ubutumwa bwiza bafatiye ku babwumvirije, ni uko ubwo “butumwa buba bwubakiye kuri Bibiliya”; ikimenyetso ca mbere c’ivugabutumwa canke c’ubutumwa bubi ni imigenderanire idasobanuritse neza hagati y’igisomwa ca Bibiliya hamwe n’ibintu nyamukuru vy’ubwo butumwa vyavuzwe” (Carrell 2000: 27).

4. Ugusigura kugaragaza kwerekana kandi kugakoresha ububasha bw’Ijambo, n’ubushobozi bw’Ijambo, ico na co ni igikorwa ca Mpwemu Yera (Yes 55:10-11; Yer 23:29; Ivyak 18:28; Ef 4:17; 1 Tes 2:13; Heb 4:12; Yak 1:18; 1 Pet 1:23). Umupasitori ashobora kwitega ata nkeka kubona uguhinduka kwo mu mpwemu mw’ishengero nk’ingaruka y’ukwo kwigisha kwiwe, kubera yuko “igihe twamamaje Ijambo tuba tuzanye igikorwa ca Mpwemu Yera mu mitima y’abandi bantu. Nta kuri kundi na kumwe kuzana uguhumuriza kungana n’ukwigisha kwacu kandi kukaduha ubushizi bw’amanga bwo kwitega ibivuye mu kigoro kacu.” (Chapell 1994: 24)

### C. *Kuvuga ubutumwa ugaragaza binyuranye no kuvuga ubutumwa ufatiye ku mutwe w’icigwa*

1. Ukwigisha gufatiye ku mutwe w’amajambo canke ku cyumviro kanaka ni ivugabutumwa rifatiye ku cyumviro nyamukuru carobanuwe, catowe n’umuvugabutumwa canke catowe n’abandi. Kenshi na kenshi ivugabutumwa rifatiye ku vyiye umviro si ivugabutumwa rigaragaza. Abasiguzi bahitamwo ivyiyumviro maze bakavyimba mu mizi bafatiye ku vyiye umviro vyabo yamara badafatiye ku vyo imana ivuga muri Bibiliya. Hariho “ibisomwa bikeya vyo gushigikira ivyo bavuga” bavoma muri Bibiliya rimwe na rimwe yamara mw’ivugabutumwa nk’iryo ivyiyumviro nyamukuru canke imitwe y’amajambo usanga “yubatswe ufatiye ku bivugwa aho gufatira ku bigize igisomwa ubwaco bitandukanye,” kandi “uko umusiguzi atera aja imbere mu gushikiriza ivyiyumviro nyamukuru abivoma mu masoko yandi atari ico gisomwa ubwaco” (Chapell 1994:127-28).

2. Ivugabutumwa rifatiye ku mitwe y’ivyigwa ubwaryo rirashobora kuba irigaragaza. Mw’ “ivugabutumwa rifatiye ku vyiye umviro rigaragaza” “iryo vugabutumwa rihera ku mutwe w’ijambo, inyigisho, umuntu, icaha, ibintu bikenewe, n’ibindi, maze rikabandaniriza ku Vyanditswe kugira ngo ryerekane ico Imana ivuga kuri ico cyumviro kanaka” (Harris 2004: 30). Nk’akarorero, mu kwigisha ku vyerekeye ugukorora inda uvyishakiye, utegerezwa kubanza kuraba imirongo ivuye mu bisomwa vyinshi binyuranye muri Bibiliya, kuko ata gisomwa na kimwe kivuga neza ata mazinda ku vyerekeranye n’ico kibazo. Umuntu avuga ubutumwa “bufatiye ku kugaragaza” ategerezwa kugumayimba mu mizi asigura ico bibiliya ivuga canke ingaruka z’ivyo ariko aravuga ku kintu kanaka; Bibiliya itegerezwa kuguma ari yo avomamwo ivyo avuga ubwa mbere kandi ni yo ikwiriye kuba ifise ububasha kandi umusiguzi ategerezwa “kudakoresha umurongo mu buryo bunyuranye n’insiguro wari ufise igihe wandikwa ubwa mbere” (Ico gitabu nyene). Inyigisho igaragara ifatiye ku cyumviro kanaka irashobora vyongeye gukoresha igisomwa kimwe c’Ivyanditswe nk’ “inanga” ya mbere y’ubwo butumwa, yamara vyongeye agakoresha ibindi bisomwa kugira ngo yongereze umuco asigure neza ico Bibiliya ivuga ku kintu kanaka. Itandukaniro riri hagati “y’ukugaragaza icyumviro” n’ “ukugaragaza, ukwimba igisomwa” ni uko mu kugaragaza no mu kwimba igisomwa, umusiguzi “ahera ku gisomwa kandi akacemerera ko ari co gitanga icyumviro nyamukuru c’ubutumwa. Ukwimba ico gisomwa n’ukugishira mu ngiro ni kwo kwerekana iyo, n’ico ico gisomwa kigomba kwerekeza no kujana ubwo butumwa.” (Ico gitabu nyene, hongewemwo ugushimika)

**3. Ukuvuga ubutumwa ufatiye ku ntumbero kanaka canke ku mutwe w'amajambo nta nkeka ko na kwo nyene gufise ikibanza kinini:**

- a. Iryo vugabutumwa ritanga ukuvavanura n'urukurikirane rw'ubutumwa ku gitabu kimwe canke ku ntumbero imwe, kugira ngo abantu bashobore kwumva ibindi bintu.
- b. ubwo butumwa bukora ku bintu bidasanze bivana n'ubugingo bw'abagize iryo shengero canke mu mico kama bitegerezwa kugira ico bikozweko mu gihe kanaka.
- c. Bashobora gukorera ku bintu bijanye n'ibiriko biraba mu gihugu canke mw'ishengero (uburorero, Noweli, Pasika, canke umusi mukuru ukomeye mu gihugu) bitegerezwa kugira ico bivuzweko.
- d. *Ubutumwa bufatiye ku vyiutumviro bushobora ubwabwo kuvyurwa n'ibindi vyiutumviro vyabanjirije bifatiye ku ciyumviro gisanze ca Bibiliya (uburorero, "ububwiriza" canke "ibigize Imana").* Mu bimeze biryo, umuvugabutumwa canke umusiguzi ashobora guhitamwo kwimba mu buryo budasanze ibisomwa kanaka vy'Ivyanditswe, kimwe kimwe muri vyo kikaba kijanye n'ico ciyumviro nubwo kiba kivuye mu bindi bitabu bitandukanye vya Bibiliya. Mbere, umusiguzi ashobora guhitamwo kubicisha mu nyigisho nyinshi zifatiye ku ciyumviro kanaka *kiboneka mu gitabu* (akarorero, "ubwiza bw'Imana" mu gitabu ca Yesaya)—igihe bimeze biryo, ico gitabu ni co gishiraho urutonde, yamara si igisomwa ico ari co cose muri ico gitabu uzokwimba mu mizi, uzoshimikirako cane.

**II. Gusigura biciye mu Bitabu vya Bibiliya**

**A. *Amashengero menshi akura ubutumwa avuga mu bisomwa bakuye mu gitabu c'imisa kirimwo ibice bice vy'Ivyanditswe***

Igitabu c'imisa ni igitabu kimara imyaka itatu kirimwo ibisomwa bimara imyaka itatu, kikaba kigizwe n'ibisomwa bikomoka mw'Isezerano rya Kera, Zaburi, Ubutumwa Bwiza n'Ivyete kw'iyinga ryose rigize umwaka. Igitabu c'imisa gifise akarusho ko kuba ari ibisomwa vyatowe, vyarobanuwe imbere y'igihe, kugira ngo umupasitori amenye imbere y'igihe igisomwa azokwigishako, azosigurako. Icongeyeko, ibisomwa biba bitahuritse kugira ngo mu kiringo c'imyaka 12, ibigize Bibiliya vyose biba vyaraciweko, vyarizwe. Mu gutegura ico gitabu c'imisa, akigoro karakozwe kugira ngo ibivugwa bijane n'ibiba mu kiranga misi c'Ishengero. Nubwo bishoboka kuvuga ubutumwa ugaragaza ubivanye mu bisomwa vyatowe mu gitabu c'imisa, ibisomwa vyigishwako kenshi na kenshi nta co bisa bisana.

**B. *Gusigura ibisomwa ata co bisa bisana iyinga ku rindi bituma umuntu yirengagiza ivyariko biraba muri ivyo bisomwa, n'icatumye vyandikwa***

Ingorane nyamukuru yo gusigura no kugaragaza imirongo ata co isa asana canke ibisomwa ata co bisa bisana iyinga ku rindi, mbere niyo ivyo bisomwa vyoba vyavanywe mu gitabu c'imisa ni uko ugukora gurtyo kwirengagiza *ivyariko biraba* aho ico gisomwa canke iyo mirongo iboneka. Ivyo bibuza ishengero kubona ukugene iyo mirongo n'ivyo bisomwa umuntu ariko arasigura ko bifitanye isano imbere n'inyuma, vyari kuboneka neza iyo umusiguzi yari kuba ariko arasigura akurikije igitabu cose. Ni co gituma, ishengero ritazoshobora kumenya no gutahura canke kubona umutwe w'amajambo canke icyumviro nyamukuru c'igitabu aho iyo mirongo canke ico gisomwa yasiguyeko iboneka.

**C. *Ubuhinga bumwe bwo kwimba mu mizi no kugaragaza ni ukwigisha biciye mu bitabu vya Bibiliya***

Ukwigisha kugaragaza kuba urukurikirane rw'inyigisho ku gitabu kanaka ca Bibiliya. Ivyo ni kubera yuko igice kinini c'ibitabu bigize Bibiliya ari kirekire cane umuntu atashobora guheza naho yogira gute mu nyigisho y'umusi umwe gusa. Ibitabu ntibikeneye gufatwa uko bikurikirana uherye mw'Itanguriro ugashitsa mu Vyahishuriwe Yohana. Ibitabo birebire bikwiriye kuja birakabukanywa n'ibitabu bigufi, canke ibitabu vyanditswe n'umwanditsi umwe bikaja biratana imbu n'ibindi bitabu vyanditswe n'uwundi mwanditsi, canke na ho ibitabu vyo mw'Isezerano Risha bigatana imbu n'ibitabu vyo mw'Isezerano rya Kera, canke na ho urukurikirane rw'ibitabu rugahagarikwa hagigishwa ibijanye n'umutwe w'icyumviro kugira ngo abantu ntibarambirwe canke ngo babone ko ari indya imwe ya misi yose. Mbere n'aho utokwigisha urukurikirane rw'inyigisho ucishije mu gitabu cose, urashobora kwiyumvira kwigisha urukurikirane rw'inyigisho zifatiye ku bice *bikuru* bigize ibitabu (uburorero, urukurikirane rw'ubuzima bwa Yosefu [Ita 37, 39-50] canke urukurikirane rw'inyigisho zigishirijwe ku musozi [Mat 5-7]). Urukurikirane nk'urwo rufise inyungu zisa n'izo ukwigisha ukoresheje ibitabu vyose (raba aho hepfo).



#### **D. Hariho impamvu zitari nke n'inyungu zo kwigisha ucishije mu bitabu bigize Bibiliya**

1. Mu kuduha Bibiliya, Imana ntiyahisemwo kuduha Ijambo ryayo ibicishije mu mirongo ataco isa isana, yamara yabicishije mu buryo bw'ibitabu. Muri ivyo bitabu imirongo ikorera, ifatirwa hamwe ata wigenga kugira ngo ishikirize ivyiyumviro vyumvikana hamwe n'ukugene icyumviro kigenda kirashika ku nsozero. Ni co gituma, [igitabu] "cose" gifise akamaro karengeye uduce tumwe tumwe tukigize [imirongo n'ibisomwa]." Mu gusigura ucishije mu bitabu vya Bibiliya, umuvugabutumwa canke umusiguzi ashira uburemere bunini kw'Ijambo ry'Imana, agahesha agaciro ukugene Ivyanditswe ubwavyo bimeze, vyubatswe, kandi akadufasha kwiyumvira mu buryo bw'ibice bikuru bikuru bigize Ivyanditswe aho guhagarara ku mirongo yirebanga.
2. Kuvuga ubutumwa bugaragaza biciye mu bitabu bigize Bibiliya bizana ugutahura kwagutse Ijambo ry'Imana kuri bose umuvugabutumwa n'ishengero. Uko umuvugabutumwa, umusiguzi asigura biciye mu gitabu, kugaragaza, kwagura no gusigura ibisomwa hose inyuma n'imbere y'ico gisomwa ushobora kwongera kwiyumvira kuri ico gisomwa kugira ngo utsindagire icyumviro, n'ugutahura ishengero.
3. Ivugabutumwa rigaragaza, risigura rikwirikiza akarorero n'ubuhinga bwakoreshejwe mw'Isezerano Rya Kera, bukoreshwa na Kristo hamwe n'Intumwa zo mw'Isezerano Risha. Ezira yarasiguye, aragaragaza, arimba mu mizi Ivyanditswe mw'Isezerano rya Kera (**Neh 8:5-8**). Yesu yarasiguye, yarasobanuye ivyavuzwe vyose mu vyanditswe bimwerekeye (**Luka 24:27, 32**). Bose Yesu, Paulo na Apolo barasomye, barasigura, barasobanura kandi bagaragaza ingaruka canke bahanura abantu bafatiye ku Vyanditswe (raba, **Luka 4:14-27; Ivyak 17:1-4; 18:4-5, 24-28; 1 Tim 4:13; 2 Tim 4:2**).
4. Ishengero riratahura neza igisomwa c'uyu musi bafatiye ku bundi butumwa bagize imisi bumva. Ni co gituma, umusiguzi, umuvugabutumwa atazofata igihe kirekire mu gushikiriza ibizungurutse inyigisho yose.
5. Ugutahura kw'abantu kuzokwiyongeranya vyoroshe. Kubera yuko bisaba gukoresha igisomwa kirengeye kimwe kugira ngo vy'ukuri abantu "batahure," akamere ko gukoresha gusubiramwo kuzanwa n'ukuvuga ubutumwa biciye mu gitabu bifasha gushimangira umutwe w'amajambo canke ivyiyumviro nyamukuru igitabu kiba kigomba gushikiriza no gushikako. Ubutumwa bumwe butsingagira ubundi.
6. Ugutegura kw'umuvugabutumwa kuroroha. Iyo umuntu ahisemwo kwigisha acishije mu bitabu vya Bibiliya, umupasitori ntazogira umusuhero wo kwibaza (canke ngo atakaze umwanya agerageza kwiyumvira) ivyo azokwigisha iyinga kw'yinga.
7. Abantu bazobona ingene bakwiriye gusigura no gutahura Bibiliya ubwabo. Ivyongewe ku kwiga ibigize Ijambo ry'Imana, ishengero rizokwiga iyinga ku rindi ingene ryosigura, rigatahura ivyanditswe, rifatiye ku vyariko biraba, n'ivyariho ico gihe, batarinze gufatwa ukuboko.
8. Ugusigura kugaragaza gutuma ishengero ubwaryo rigira uruhara canke rigira ico rikoze ku butumwa bwavuzwe. Ibibazo bishobora gutangwa mw'yinga ribanziriza iryo ubwo butumwa buzovugwamwo kugira ngo bifashe iryo shengero ribe ryashoboye gusoma ico gisomwa no kugira icyumviro nyamukuru c'ico gisomwa kizovugwako ubutumwa, abantu bakaja mu mirwi mito mito yo kwigira hamwe ico gisomwa canke kwigira hamwe ico gitabu cose, kandi ico gisomwa kikaba ari co baherako.
9. Ibintu bigoye bishobora gutorerwa umuti mu buryo busanzwe. Mu kwigisha ucishije mu bitabu vyose, umupasitori aba *ategetswe* kandi *ashobojwe* kwiga no gusigura, hamwe no kuvuga ubutumwa bufatiye "ku cyumviro c'Imana cose." Abantu bazobona yuko umupasitori ariko aravuga ku bintu bikomeye kuko aba yabishitseko mu buryo busanzwe yabivanye mu gitabu ariko arigisha ko, ariko arigishamwo. Ni co gituma, abantu batazorinda kwiyumvira no kwibaza iki kibazo: "kubera iki pasitori azanye iki gisomwa, agikuye ku ki?" canke "aha Pasitori ashaka kwigisha kuri nde, ni nde agomba kuvugako muri ubu butumwa bwiwe, ubu butumwa bwerekeye nde?"
10. Gusigura canke kuvuga ubutumwa ucishije mu bitabu vya Bibiliya bifasha ko ibikenewe vyose mw'ishengero bivugwako. "Ivyanditswe vyose ni uguhishura agakiza kwahumetswe kugira ngo gutore umuti igwa ry'umwana w'umuntu n'ingaruka zaryo (canke ukutuzura)" (Chapell 1994: 270-71). Gusigura canke kuvuga ubutumwa ucishije mu bitabu vya Bibiliya bizokwugurura abantu bo mw'ishengero kugira ngo batahure neza. Nk'uko *ukwatura canke ukwemeza ivyizerwa kw'i Westminster kubivuga mu gice ca mbere*, ikigabane ca 6: "Icyumviro cose c'Imana ku vyerekeranye n'ibintu vyose bikenewe kugira ngo icubahiro cayo ubwayo, agakiza k'umuntu, ukwizera n'ubugingo biba kumbure bigaragajwe neza mu Vyanditswe, canke ingaruka nziza canke mbi ishobora kuboneka mu Vyanditswe: aho ata kindi kintu na kimwe mu gihe na kimwe gishobora kwongerwa ko, haba mu guhishurwa gushasha kuzanywe na Mpwemu canke n'imigenzo y'abantu."

### III. Ubuzima bw'Umuvugabutumwa

Uwo ari we wese avuga ubutumwa canke umurongozi mw'ishengero rya Kristo ategerezwa kubaho ubuzima buhesha icubahiro Kristo (raba **1 Tim 3:1-7; Tito 1:5-9**). Ivyo ni nkenerwa cane kuri abo bipfuzza kugaragaza Ivyanditswe, kwimba mu mizi Ivyanditswe, kubera yuko Imana ubwayo ihagararira ijambo ryayo (**Zab 138:2**).

#### A. *Abo bose bavuga kandi bakigisha Ijambo ry'Imana bahamagarirwa kubaho ubugingo bugororotse*

1. Abashumba b'Imana bahamagariwe kubaho ubuzima bugororotse, bwera kandi bwumvira Uhoraho. **Yoh 14:21**—“Uri n'ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo ni we ankunda.” **Rom 6:19**—“abe ari ko na none muha ukugororoka imibiri yanyu kuba abagurano bakwo, kugira ngo mwezwe.” **2 Kor 1:12**—“Kuk'ukwirata kwacu ari uku; kandi ijwi ryo mu mitima yacu rirabishingira intahe, ingeso twagirira mw'isi kandi cane cane muri mwebwe; zari ukwera, n'imitima itagira ubugunge iva ku Mana, atari mu bwenge bw'abantu, ariko mu buntu bw'Imana.” **2 Tim 2:15**—“Wame ugira umwete wo kwiha Imana nk'uwamaze kurama, umukozi atarinda guteterwa, aramiriza neza mw'ijambo ry'ukuri.” **Heb 13:7**—“Mwibuke ababaganza, bakababwira ijambo ry'Imana, mwitegereze iherezo ry'ingeso zabo, mwigane ukwizera kwabo.” **1 Tim 4:12**—“Ntihakagire ukugayira ubusore, ariko ubera abizera icitegererezo mu vy'uvuga, no mu ngeso zawe, no mu rukundo, no mu kwizera, no ku mutima utanduye.” Raba kandi **1 Tim 3:1-7** na **Tito 1:5-9** ku bijanye n'ibisabwa kugira ngo umuntu abe umuzezwashengero w'Ishengero.

2. Abavugabutumwa mu buryo budasanze bategerezwa kubaho ubugingo bugororotse, kubera yuko Imana ari icabona cabo kandi ko ari yo izobacira urubanza. **1 Tes 2:5, 10**—“Kukw ata na rimwe twigeze kuvuga ijambo dushashe akarimi, murabizi, canke ijambo ryo guhisha ukwipfuzza,—Imana ni yo cabona c'ivyo . . . Mwebwe muri ivyabona hamwe n'Imana vy'ingene twamerera mwebwe abizera, turi abera, tugororoka, tutariko umugayo.” **Heb 13:17**—“Mwumvire ababaganza, mubagamburukire; kukw ari bo bama bagavye bazigama imitima yanyu, nk'abazobibazwa” **Yak 3:1**—“Bene Data muri mwebwe ntihakabe benshi barondera kuba abigisha, murazi ko tuzocirwa urubanza ruruta iz'abandi.”

3. Abavugabutumwa bategerezwa gusubizaho no kugumana imigenderanire myiza n'Imana hamwe n'abandi bantu.

a. *Bisaba ubugingo bwakozweko n'umugaraba kugira ngo bwigishwe umugaraba.* Yesu yavuze yuko *tudashobora* kwama ubwacu turi ukwa twenyene—dutegerezwa kuguma mu muzabibu (**Yoh 15:1-10**). Dutegerezwa guharura kuri Yesu no kw'Ijambo ryiwe nk'uko na Yesu yaharura kuri Data n'Ijambo ryiwe (raba **Mat 26:39; Yoh 4:34; 5:17-20, 30; 6:38; 8:28-29; 10:18; 12:49-50; 14:31; 17:4**).

b. *Kuba tumatanye, twishikaniye Yesu, kandi tukumvira ijambo ryiwe, bisigura yuko dutegerezwa kuba mu migenderanire myiza n'abandi bantu.* Kimwe mu bisabwa kugira ngo umuntu abe umuzezwashengero canke umukuru w'ishengero ni uko ategerezwa kuba ari uwutanga indaro, ni ukuvuga azi neza abantu biwe (**1 Tim 3:2**). Kuba uwutanga indaro, uwumenya abantu bagize ishengero ryiwe—kumarana umwanya na bo kugira ngo ubamenye (ivyipfuzo n'ivyizigiro vyabo, ubwoba, ivyo barwana na vyo, ingorane, n'ubuzima bwabo mu bisanzwe)—bituma ugira ububasha bwo kugirirana imigenderanire n'abantu, kandi bikagufasha nk'umusiguzi n'umuvuga butumwa. Yohana yongera ko yuko, “uwudukunda mwene data yabonye ntashobora kukunda Imana atarabona” (**1 Yoh 4:20; raba kandi Yak 2:14-26; 1 Yoh 3:17**). Ikindi, umuntu abaho kandi avuga ubutumwa bujanye n'Ijambo ry'Imana, akaba ari mu migenderanire myiza n'Imana hamwe n'abandi ntashobora na gato kwagirizwa ko ari indyadya, yamara ashobora guhamagarira abandi *kumwigana* (raba **1 Kor 4:16, 11:1; Flp 3:17, 4:9; 1 Tes 1:6**).

4. Ivyo duhanura abantu kugira ngo bagiranire imigenderanire myiza n'Imana n'abandi.

a. Gerageza gukora ibintu bifadika, uvyitayeho, unezerewe n'umutima ubikunze, ugororotse mu bice vyose bigize ubugingo bwawe.

b. Gira ubuzima bwawe—cane cane ubuzima bugize ingene wiga—ubuzima bugizwe n'imigenderanire n'Imana mu gusenga.

c. Soma ibitabu vyanditswe n'abagabo n'abagore bava amaraso ya Bibiliya igihe cose ubakomerekeje canke ubateye agashinge kandi bahagarariye ukuri mu vyo bavuga vyose.

d. Gumiza ubwenge bwawe ku gishobora kuba inyuma y'urupfu rwawe.

e. Iyumvire ku nyigisho za Bibiliya ivuga yuko nk'umwigisha uzokubitwa nyinshi kurusha abandi, uzocirwa urubanza rukomeye kurusha abandi.

f. Iyumvire ku karorero n'icitegererezo ca Yesu.

g. Gerageza mu buryo bwose bushoboka kumenya no gutahura Imana maze wicishe bugufi musi y'ukuboko gukomeye kwayo. (Piper 2004: 63-66)

**B. Igikorwa ca Mpwemu Yera mw'ivugabutumwa rigaragaza bisaba yuko abasiguzi babaho ubugingo n'ubuzima bugororotse, buhimbara Imana**

1. Mw'ivugabutumwa rigaragaza, gusobanura neza, ni Mpwemu Yera ahishurira umusiguzi, umuvugabutumwa ukuri kw'ico gisomwa, agaha ububasha n'ubushobozi amajambo yiwe agatuma abayumva bumvira (raba **Ivyak 1:8; 4:31; 10:42-44; 11:12-21; 16:6-10, 14; 1 Kor 2:4, 12-13; 2 Pet 1:19-21**).

2. Kuronka ukurongorwa na Mpwemu kw'umuvugabutumwa, umusiguzi ahanini kuvana n'umutima w'uwo musiguzi, muvugabutumwa.

a. *Paulo yerekana umutima w'uguca bugufi yari afise, mbere “yari n'ubwoba, ahinda agashitsi kenshi,” imbere y'Imana.* Yasanze yuko ariko aravuga Ijambo ry'Imana, ari nk'igikoresho c'Imana abibarira abantu b'Imana kubw'icubahiro c'Imana—kandi ko azocirwa urubanza n'Imana bivanye n'ivyo yavuze hamwe n'ukugene yabishikirije (**1 Kor 2:1-5; raba kandi 2 Kor 2:14-17; 4:2, 7; 5:11**).

b. *Umutima n'inyifato nziza bimenya ko vyisunga Mpwemu atari ku bw'inkomezizabo.* Piper aratugabisha: “Phillips Brooks yakunda guhanura abavugabutumwa, abasiguzi bakiri bato muri aya majambo: ‘Ntimuzokwigere mwumva yuko mungana, mureha n'igikorwa mukora. Igihe cose iyo mpwemu izokura muri wewe canke ako gatima kazokura muri wewe, uce wiyubara, wumve ubwoba.’ Kandi igituma kimwe c'ukugira ubwoba ni kubera yuko So wo mw'Ijuru azogucisha bugufi, azokujanjagura. . . . Akaga ko kwibako no kwishira hejuru mu gikorwa c'ivugabutumwa ni kabi kugeza yuko Imana izotujanjagura, ikadukubita bibaye ngombwa kugira ngo itujanjagure, itumenagure, itwereke ko atari inkomezi zacu canke ko Atari ukubera tubimenyereye, twabimogoreye, canke tuzi ubwenge canke ubuhinga bwo kubikora.

Maze Paulo arahaguruka avuga ubutumwa, arigisha (avuga muri 1 Kor. 2:3) ‘ariko nabana namwe mfise intege nke, ndi n'ubwoba, mpinda agashitsi kenshi’—mpinda agashitsi imbere y'ubwiza bw'Uhoraho, invugo yanje n'ukwigisha kwanje ntivyarimwo amajambo y'ubwenge yo kwemeza abantu, ariko vyaserukamwo Mpwemu n'Ubushobozi, yabambanywe na Kristo. Habaye iki none? Habaye ukugaragaza Mpwemu n'ububasha (2:4)!

Hatabayemwo ukugaragaza Mpwemu n'ubushobozi mw'ivugabutumwa ryacu, mu gusigura kwacu, nta kintu na kimwe c'indangagaciro dushobora gushikako naho abantu benshi bobona ingene twigera hejuru n'amahalleluya menshi n'amaamina menshi, canke bakumva ingene dutanga ibigereranyo canke bakumviriza ingene turi agahebuza mu kwerekana inyigisho zacu. Inyanduruko y'ukwigisha ni kugira ngo twerekana ubwiza bw'Imana kugira ngo abantu bayo bace bugufi, bayumvire, bayishikanire. . . . Canke tubivuze mu yandi majambo, mu kuvuga ubutumwa, uwushinga ibikwiye gushikirizwa kandi agatanga ububasha ni we ahabwa icubahiro. Rero nimba inyanduruko, ihangiro ry'ukwigisha, ry'ukuvuga ubutumwa ritegerezwa gushikwako, twebe dukwiye kwigisha no gusigura Ijambo ry'Imana rihumetswe, risunitswe na Mpwemu w'Imana mu bubasha duhabwa na Mpwemu w'Imana.” (Piper 2004: 42-43)

c. *Kugira ngo dufashwe kugumiza amaso, umutima kuri Mpwemu, Piper akurikiza intambuko zitanu “mu kurondera no kugerageza kutigisha mu nkomezi ziwe gusa yamara mu nkomezi ahabwa n'Imana.”* Apfunyapfunya izo ntambuko zitanu akoresheje ururimwe rw'Ikingereza aho afatira ku ndome zibanziriza ayo majambo **KSWKS**. Igihe ubwonko canke umutima wiwe “wuzuye igipfungu c'ubwoba canke avangiwe,” kandi imbere yuko yigisha, “nca igihe cose nshira umutima wanjye kuri **KSWKS** imbere y'Imana.” Iyo **KSWKS** rero ihagarariye ibi: **K**—**Kwemerera** Uhoraho ko atadufashije ata co twoshika ko; **S**—**Senga** kugira ngo Imana igufashe, usabe ubushishozi, ubwenge, ububasha, uguca bugufi, urukundo, ukwibuka, hamwe n'umwidegemvyo nkeneye kugira ngo nshikirize ubu butumwa buheshe Imana icubahiro hamwe n'umunezero w'abantu bawe hamwe no gushira hamwe abo watoranije; **W**—**Wizigire** atari mu buryo busanzwe ukugira neza kw'Imana, yamara mw'isezerano ridasanzwe aho nshobora gushinga ivyizigiro vyanje kuri iyo saha; **K**—**Kora** ufise ubushizi bw'amanga kandi umenya neza ko Imana izoshitsa ijambo ryayo; **S**—**Shima** Imana uhejeje kuvuga iryo Jambo ryayo, mu mpera y'ubwo butumwa ko washobojwe kandi ko ukuri kw'ijambo ryayo hamwe n'ugucungurwa kwabonekeye ku musaraba kwavuzwe mu buryo kanaka mu bushobozi bwa

Mpwemu bigahesha icubahiro c'izina ryayo (Piper 2004: 47-49).

**C. Ubugingo, ubuzima bujana n'ivyo wigisha, uvuga, uri mu migenderanire myiza n'Imana hamwe n'abandi bantu, birafasha cane kwemeza abantu ivyo uvuga**

1. Ivyo uvuga iyo bijanye n'ivyo ukora bizokwemeza abantu naho utoba uri imvuzi, naho woba udebagura. Abantu benshi babona ko “Ivyete vya Paulo bihambaye, birasogota, ariko iyo ari ino, arakengeretse, kandi amajambo yiwe ntaco amaze” (2 Kor 10:10). Igiha amajambo ya Paulo ububasha bukomeye n'ubushobozi mu mitima no mu bugingo bw'abantu ni kubera yuko “uko tumeze mu majambo yo mu vyete atari ho turi, ariko tumeze mu bantu no ku vyo dukora ariho turi” (2 Kor 10:11). Icitegererezo ca Paulo cerekana ukuri kw'uko igihe abavuzi b'ubutumwa, abasiguzi “bagaragaje bakerekana yuko ububasha bakoresha mu kwigisha, no mu kuvuga ubutumwa butava imbere muri twebwe canke butavana n'uko turi abavugabutumwa canke ko butavana n'igikorwa twahawe canke twahamagariwe, twandikiwe, yamara ko ahanini bivana n'Ijambo ry'Imana dusigura, tugaragaza, dusobanura. . . . Aho rero abantu baca bipfuzza gutega ugutwi no kwumviriza cane cane iyo ivyo tuvuga tubivuga tudakekeranya ko twipfuzza kuba musu y'ubwo bubasha na twebwe ubwacu” (Stott 1982: 58).

2. Akarorero ka Paulo kemezwan'abanyabwenge bamogereye ivyo kubaza ibibazo. Umugiriki w'umunyabwenge yitwa Aristotle hamwe n'imvuzi z'ururimi barahariye ku gituma umuntu ashobora kwemeza abantu iyo avuze mu myaka 400 imbere yuko Paulo abaho. Aristotle yagabanganije imvugo yemeza abantu mu bwoko butatu: *logos*, *pathos*, na *ethos*. *Logos* rifatira ku “vyiyumviro, ukugene vyubatswe, hamwe n'ukugene ibintu bigenda bikurikirana mu vyiyumviro c'ijambo bafatiye ku kugene bishobora kwemeza abantu” (Mack 1990: 36). *Pathos* ni “ukurema inyifato kanaka ku wumviriza” (Cooper 1932: 8); ni ugukora ku *bishika n'ibishobisho* hamwe n'*inyugu z'umwe umwe wese* mw'ishengero (Stern 1991: 89). *Ethos* ni ibigize *umuvuzi*. Ibigize *ethos* y'umuvuzi bishingiye ku bwenge budasanze, ingeso nziza hamwe n'ubushake (Jamar 2001: 73). Aristotle avuga yuko *ethos* “ari co kintu gikomereye kurusha ibindi vyose mu kwemeza abantu” (Cooper 1932: 9). Abanyeshuri b'iki gihe biga ivyo kuvuga ubutumwa, no gusigura hamwe no kuvugira abandi, harimwo no kwemeza abantu baratahuye ko ivyo Aristotle yavuze mu myaka irenga 2300 iheze ari ukuri (Adler 1983: 29-45; Chapell 1994: 25-30; Stern 1991: 13, 87; Stott 1982: 262-98). Ni co gituma, ubuzima bw'umuvugabutumwa n'ivyo avuga, hejuru y'ukuba uwize ijambo ry'Imana maze agakoreshwa na Mpwemu, na vyo nyene birafise ingaruka zikomereye kugira ngo ukuvuga ubutumwa *kugire akamaro*.

3. Ukuri mu vy'Impwemu, ukudahengamire hirya no hino mu vy'impwemu—*ethos*—ni ngombwa kugira ngo ushobore guhanura, kwinginga hamwe no kwigisha ishengero ku vyerekeranye n'ingene igisomwa coshirwa mu ngiro mu buzima n'ubugingo bw'abavyumva (uwo na wo ukaba ari wo mutima n'intumbero y'ukuvuga ubutumwa). Chapell abisigura neza: “gushira mu ngiro na vyo nyene ni nkenerwa kugira ngo umuntu ashobore kuba umwizigirwa, uwemerwa. Kubera iki abantu batategerezwa gutega ugutwi umuvugabutumwa ababarira ivyo batagomba gukora, ivyo batakoze, hamwe n'ivyo bazotegerezwa guhindura? Iyo inyishu iyo atari 'kubera abo bantu bazi ko umuvugabutumwa abakunda kandi ko Umwami abakunda cane adashobora kubahisha ukuri bakeneye kumenya,' aho ugushira mu ngiro kuzoca kuba ukudashobora, kuzorwa mu matwi azibiye, atumva. Mbere niyo abavyumva bibababaza, bikabakomeretsa, abantu barumviriza ingene vyoshirwa mu ngiro igihe babone ko uwubashikiriza ubwo butumwa adacisha hirya canke hino, igihe babona ko umuvugabutumwa ari umwizigirwa mu vyo avuga. Ubwizigirwa nk'ubwo ntibukomoka mu kwimba mu mizi ico gisomwa no kugira insiguro yamara bukomoka mu buzima bw'umuvugabutumwa bugaragazwa na Mpwemu Yera aba muri we.” (Chapell 1994: 222)

4. Ishengero ryawe ari bo bakumviriza ntibazobishira umutima ku vyo wigisha igihe udashira mu ngiro ivyo uvuga, ivyo wigisha. “Naho imigenderanire hagati y'umwigisha n'umwigishwa canke uwumviriza ihagaze ku “kamenyere” aho guhagarara ku “bucuti bwa hagufi” ku “bugenzi” biguma uko biri kwose ari imigenderanire. Umuvugabutumwa, umwigisha ni umurongozi w'ikibano; . . . Tutabanje kuraba ubwo burongozi ubwo ari bwo, ubugingo canke ubuzima bw'umuvugabutumwa buguma bwitegerezwa. Nta handi hantu na hamwe umuntu avugira mu bantu *bisaba yuko uyo muntu aba* uwemerwa cane.” (Carrell 2000: 25) Muri ico cirwa, umushakashatsi yasanze yuko: “abumviriza benshi bavuga yuko baha agaciro ubutumwa igihe babonye yuko ubugingo bw'umuvugabutumwa butanyuranye n'ubutumwa avuga. Muri ubwo buryo nyene, bafata ibisanze ubwo butumwa canke ntibabuhe agaciro na gatoya igihe ubugingo, ubuzima bw'umuvugabutumwa iyo atari aho abuvugira atabugendera, igihe ivyo avuga atari vyo agendera, atari vyo akora. Kuri ico ca nyuma, benshi bavuga bati, ‘Sinigera numviriza umuntu atagerageza gushira mu ngiro ivyo yigisha.’” (Allen 2006: 68) Hariho n'ikindi cigwa cashitse kuri ivyo

nyene: “Abumviriza ubutumwa barabira ku buzima bw’umwigisha. Abigishwa canke abagize ishengero baravugana nimbi hari uburyarya babonye mu vyo umuvuzi w’ubutumwa yavuze. Umuntu umwe yari mu bumviriza yavuze ati, ‘Ivyo yavuze vyose mu butumwa ku vyerekeranye no kwubaka ikibano, gukunda abo muri co no kwubahana, vyumvikana neza. Yamara jewe ndamubona imisi yose mu mibonano, mu Manama iyinga ku rindi. *Ndazi* ingene afata abandi n’ingene abagirira.’ . . . Ibice 17 kw’ijana vy’abumviriza bifise ico bavuga kimwe, babarira abavugabutumwa: banze mugire ico mukora ku bugingo bwanyu bw’impwemu, ku buzima bwanyu bw’impwemu imbere yuko mubarira abandi.” (Carrell 2000: 25-26, 98)

#### **IV. Kubanza kuraba ivyariko biraba hamwe no kumenya abo umuntu aba ariko arabarira**

##### ***A. Kubanza kuraba ivyariko biraba***

1. Ivyanditswe vyose ntivyapfuye gukoroka gurtyo nyene, hariho ico vyavuyeko n’ico vyandikiwe, hariho ivyariko biraba bituma vyandikiwa (mu yandi majambo, vyandikiwe mu mico kama kanaka, kandi vyanditswe mu rurimi kanaka no mu buryo bwo mu mico n’imigenzo kanaka). Bibiliya “ntiyanditswe ikorotse gihuruduka, ataco bivuyeko, ata co yandikiwe kandi atabo yandikiwe, kandi ntiyaremewe, ntiyandikiwe abantu batahaho. Abanditsi bayo ntibafatiye ku mico yabo kama n’imigenzo yabo y’ico gihe, yamara n’ivyo bandika na vyo ubwavu vyashikirizwa mu buryo bunyuranye bw’imico kama n’imigenzo bizwi nk’ubwoko. Vyongeye, abantu bakiriye ubwa mbere ivyo bisomwa babisomye bacishije mu vyo bamenyerewe mu mico kama yabo, bacishije mu kayungiro k’imisi yose k’ibibashikira.” (Webb 2001: 23)

2. Mu kwihindura umuntu kwiwe, Yesu yaciye mu vyo abandi bose “bacamwo”: “Yabaye umuntu muri vyose ‘mbere no mu buryo budasanze’—nk’umugabo w’Umuyuda aba muri Palesitina, ‘yavyawe n’umugore, avuka aganzwa n’Ivyagezwe’ (Gal 4:4)—mu gihe kanaka, avukira n’ahantu kanaka. Yari azi neza imico kama y’Abayuda; yaragize uruhara mu guhimbaza no kuzihiza imisi mikuru hamwe n’imigenzo y’Abayuda; yaravugaga ururimi rw’Ikiaramayike mugabo agakoresha imvugo y’Umunyagaliraya; yari afise ibintu vyose bigize abandi bantu kuko yari umuntu akwiye, yuzuye agizwe n’ibigize abandi bantu. Nk’uko Charles Kraft abivugaga, ‘Imana muri Yesu yahindutse umuntu mu buryo bw’ivyariko n’abariho muri ico gihe kugeza yaho abantu benshi batamenye yuko yakomotse ahandi hantu hatamenyerewe, hadasanze, kandi ko yari uwudasanze.’” (Flemming 2005: 20)

3. Yesu n’abandi bigisha bose ba Bibiliya n’abasiguzi ba Bibiliya bavuga bigisha ibijanye n’ibihe barimwo kandi bavugaga ubutumwa bujanye n’ibihe barimwo. Yesu “yaganiriye, yavuganye n’abantu mu buryo bwumvikana adakoresheje inyigisho zirinda kurondererwa kure yamara yakoresheje imvugo batahura ya misi yose, ivyo babona imisi yose, uburyo buboneka—ibitangaza, uburorero avana mu buzima busanzwe, imigani n’inkuru, ibiganiro vy’umwigisha n’umwigishwa, hamwe n’akarorero k’ubuzima n’ubugingo bwiwe ari hagati muri bo. Naho yabahaye inyigisho nsha zinyuranye n’izariho ico gihe, ntiyaciye azivugaga mu rurimi yisangije mu kuzishikiriza. Ahubwo, yakoresheje ibigereranyo vyo kw’isi vyo mu buzima bwa misi yose kandi vyo mu bantu basanzwe. Kuroba no kurima, urwiri n’imikuzi, ivu n’umunyu “ivyo” ni vyo vyabaye ivyo yakoresheje mu kwigisha kwiwe. Guhera mu ntango ubutumwa bwiza bwavuzwe mu buryo bw’imico kama yariho, mu rurimi rwariho rwari ruzwi hamwe no mu migenzo yariho.” (Flemming 2005: 21)

4. Yesu n’abandi basiguzi, n’abigisha ba Bibiliya barahindagura ubuhinga bakoresha kandi uburyo bw’ukwigisha canke bw’ukuvugaga ubutumwa bwabo bwavana n’abagize abo bariko barabarira, hamwe n’intumbero kanaka baba bashakaga gushikako. Yesu yashobora gukarira indyadya n’abariko barerekana Imana ukutari ko, uburyo butari bwo (**Mat 23:13-36**), yamara akavugisha impuhwe yinginga abanyavyaha (**Mrk 14:3-9; Yoh 8:1-11**). Paulo we “yashikiriye ubutumwa bwiza mu buryo bunyuranye i Tesalonike nk’ubwo yakoresheje ku b’i Korinto nubwo ivyo bibano vyose vyari mu gice kirwiriye mu imico y’Abagiriki n’Abaroma” (Flemming 2005: 20). Mu butumwa bwiwe bukomeye mu **Vyakozwe n’Intumwa** Paulo arahindagura uburyo yakoresha bivanye n’abo baba bariko baravugana: mu **Ivyak 13** yavuganye ahanini n’Abayuda avuganira nab o mw’Isinagogi, yashimikiye cane kuri kahise ka Isirayeli, kandi yabuye cane Isezera rya Kera; Mu **Ivyak 17** yavuganye n’abahanga mu vyiyumviro bo muri Atenayi, ashimikira cane ku kamere k’Imana maze mbere asubiramwo n’ivyo abigeneye indirimbo bavuze.

**B. Nubwo uburyo bashikiriza ivyo bavuga butandukanye bivanye no kubagize ishengero canke ku bo bariko barabarira ubutumwa, hamwe n'ico bashaka gushikiriza, intumbero y'ubwo butumwa, Yesu n'abandi bavuzi b'ubutumwa bo muri Bibiliya hamwe n'abigisha kenshi na kenshi bakoresha ubuhinga bwo kwigisha no gusigura, canke bwo kuvuga ubutumwa bufatiye ku “ngorane (canke ikibazo)”**

1. Nka hafi ica kabiri c'ivyabaye mu nyigisho dusanga mu butumwa bwiza vyakomotse ku bantu bari bafise ingorane kanaka, canke bari bafise ikintu kanaka bakeneye, canke ikibazo kanaka, kandi kimwe ca kabiri c'ivyo Yesu yigishije ubwiwe na we nyene “cari gikomotse ku rwego rw'abantu ubwabo kubera yuko ngaho ariho abanyeshuri bafatira hamwe ukuri kwiwe kw'ibihe bidashira n'ubugingo bwabo bwite” (LeBar na Plueddemann 1995: 93). “Impwemu yo gutorera umuti ikibazo yonona ubutumwa bwiza. . . . Rimwe na rimwe ubwiwe yahera ku bibazo vyabo canke yafata ibibazo vyabo abisomye mu mitwe yabo maze akabashira imbere ivyo bibazo nk'akarorero, 'mbega mwiyumvira yuko abo Banyagalilaya barusha abandi Banyagalilaya kuba abanyavyaha, kuko bagizwe bartyo, abo Pilato yavanganije amaraso yabo n'ibimazi vyabo? Canke ba abandi cumi n'umunani, abo umutara muremure w'amatafari w'i Silowamu wahomvokeyeko ukabica, mwiyumvira yuko barusha abandi b'I Yerusalemu bose kuba abanyabicumuro?’ (Luka 13:1-4)

Ivyo bibazo bifadika yabaza vyari bifise intumbero yo kwerekana ingorane no kugarukana abantu ku migenderanire yiwe na bo. Ntiyasavye abantu gusubiramwo inyishu ziwe canke kumwishura ibibazo yababajije. Yariko ahubwo ararondera ubwenge bwo mu vy'impwemu n'ibikorwa bijana na vyo bafatiye ku nyigisho ziwe. Kenshi na kenshi yakoresha ibibazo ku bariko baramwumviriza kugira ngo abamwumviriza bagire uruhara mu vyo yaba ariko arigisha, kandi kugira ngo abashikane ku kuri.” (Ico gitabu nyene: 94)

2. Ivyete vya Paulo vyandikiwe amashengero yari mu duce kanaka canke vyandikiwe abantu ku giti cabo kugira ngo batorere umuti kanaka ibibazo kanaka, ingorane kanaka, canke ibintu kanaka. “Vyinshi mu vyete vya Paulo si ivyete vyabanje kwicarirwa ngo bitunganywe neza yamara ni ubutumwa busanzwe burimwo ibintu kanaka vyerekeranye n'uwo muntu canke n'abo yavyandikira. Ivyo vyete vyandikiwe amashengero kanaka canke abantu kanaka, kenshi na kenshi bikaba vyari inyishu y'ivyete nab o bari baramwandikiye canke inkuru yari yarumvise. Ivyo vyete vyose, ndetse kumbure icete candikiwe Abanyefeso, vyanditswe ubwa mbere kugira ngo bitature, bitorere umuti ibibazo canke ivya nkenerwa vyari muri ayo mashengero kandi kugira ngo bitorere umuti ibibazo amashengero yari agezemwo muri ico gihe. Ukwerekana ivyizerwa vyakomotse ku vyariho muri ayo mashengero no ku vyo yariko aracamwo. . . . Mbere no ku bigabane bikuru bivuga ku nyigisho, dogitrine mu cete candikiwe Abaroma vyanditswe kugira ngo bitorere umuti ishengero ry'I Roma ryariko riracamwo canke ikibazo ryari rifise. Rimwe na rimwe Paulo yahera ku ngorane zari mw'Ishengero kandi agafatanya izo ngorane, akagomba kwerekana izo ngorane n'ico ukuri kw'Imana kuvuga. Ibindi bihe na ho yatangurira ku kuri kandi mu nyuma agafatanya ukwo kuri n'ivyariho biraba mu buzima mu bugingo bwabo bantu. Yamara nta hantu na hamwe Paulo yapfuye kwaduka ngo yandike ibintu bidafatiye ku ngorane canke ku kuri kw'ibintu canke ku ngorane zariko ziraba, kugira ngo izo ngorane zitorerwe umuti urama mu buzima no mu bugingo bw'abantu.” (LeBar and Plueddemann 1995: 131, 136)

**C. Ukwigisha kwacu gutegerezwa kwigana no gufatira ku citegererezo ca Yesu na Paulo**

“Yesu ntiyigeze yigisha ibintu binyuranye n'ivyo abantu bariko baracamwo, ibintu bigize ubuzima, kandi ntiyigeze atanga imiti y'ingorane zifadika adakoresheje Ijambo, atigishije Ijambo.” (Plueddemann 1994: 46)


“Uku kumenya no kwemeza ko ivyanditswe vyose vyandikiwe abantu bavuye mu gihagararo c'Imana bakagwa kandi vyagenewe kurongora abavyumva ku ntumbero y'ugutungana muri Kristo gufise ingaruka zikomeye haba mu kumenya Imana no gushira mu ngiro ico ivyo bivuga. Dufatiye ku nsiguro, ugusigura igisomwa ico ari co cose c'Ivyanditswe umuntu ategerezwa kubanza kwiyumvira icatumye ico gisomwa candikwa, n'ibihe ababisomye, abavyumvise ubwa mbere barimwo. Kumenya *ingorane nyamukuru kanaka* yatumye ico gisomwa kibaho ubwa mbere, ico abavyumvise canke abavyandikiwe ubwa mbere bari bakeneye, ni ngirakamaro cane kuri twebwe kugira ngo tumenye *Intumbero Imana yagihaye* mu kurema ikibano gitunganye, cera, ceranda aho abanywanyi, abakigize bakura bagasa na, bagashushanywa na Kristo. Mu buryo bwo gushira mu ngiro na ho, kumenya ukugene ingorane zo mu vy'impwemu ziyerekana ku bavyumvise n'ababisomewe ubwa mbere bituma abavyumva ubu biraba bakagerageza kwigereranya n'abavyumvise canke ababisomewe ubwa mbere—tutarinze kuraba amatandukaniro y'igihe, ikiringo n'ahantu hamwe n'imico, imigenzo canke n'aho vyabonekeye—bitanga indongozi y'ukugene ico gisomwa gishirwa mu ngiro mu bikorwa ku bantu bariho uyu musi. Kubera ugushira mu ngiro nk'uko gushobora gukomoka mu gisomwa ubwaco bituma

habaho ukuvyemera n’ukuvyizera.” (Johnson 2007: 71n.5)

“Bafise umwete mwinshi hamwe n’uko baba bavyemeye, abumviriza mu cigwa cacu, mu bushakashatsi bwacu twagize, berekanye nkenerwa y’ubutumwa butorera umuti, bwishura ibibazo bikomeye vyo mu buzima. Mu nyota yabo yo kwumva ivyerekeranye n’Inzira y’Imana muri twebwe kandi n’ukugene babone canke biyumvira ku ngorane n’ibishobora kwaduka mu kwigisha ivyo abantu badahurizako, abo bumviriza, iryo shengero ryerekana inyota nini y’ukwigisha n’ugusigura gutuma abantu bemera kwicara bagatorera umuti ibibazo vyo mu bugingo bwabo hamwe n’ivyo batemezanyako babimurikishije umuco w’ukwizera Rukristo. Ni ngirakamaro yuko amajambo yabo agaragaza ukwizera ijambo ry’Imana mu vyanditswe kandi bagahamagarira abasiguzi gushingira ku butunzi bw’ukwizera kw’abakristo kugira ngo batorere inyishu y’ibibazo vy’isi ibakikuje.” (Mulligan, et al. 2005: 108)

“Nimba tugomba ko Yesu yigisha inzira yiwe bwite abicishije muri twebwe, none tweho ivyacu vyoca bimera gute? Tuzohera aho abanyeshuri bacu bageze, bari, hamwe n’ivyo bakeneye muri icogihe, tubafashe kurondera inyishu y’Imana ku bibazo vyabo turabiye muri Bibiliya, mu vyanditswe, maze dutangure gushira mu ngiro ukwo kuri muri iri yinga.” (LeBar na Plueddemann 1995: 99)

1. Akarorero canke icitegererezo, ubuhinga bwa Yesu na Paulo bw’ukwigisha bwashobanuwwe nk “ubuhinga bwo kwugara no kwugurura inzira y’itereni icamwo.”




2. James Plueddemann, yashize ahabona ubu buhinga, abuvuga gurtya: “Uruzitiro rw’inzira y’indarari rugizwe n’inzira zayo zibiri zifatanirijwe hamwe n’inzitiro. Inzira yo hejuru ihagarariye ukuri. Inzira yo hepfo ihagarariye ubugingo. Ikintu cose gifasha gushira hamwe ukuri n’ubugingo n’uruzitiro. Uruzitiro rushobora kuba ubwenge umunyeshuri ashobora kugundura ku vyerekeranye n’imigensderanire y’igisomwa ca Bibiliya n’ivyo ubugingo, ubuzima bukeneye. Abigisha benshi bipfuzaga kwubaka inzitiro bacishije mu buhinga bwabo bwo kwigisha. Ukwiyumvira gukomeye ni akandi karorero k’uruzitiro hagati y’ukuri n’ubugingo. Umusiguzi, umwigisha akoranye na Mpwemu Yera arondera kwigisha ukuri mu buryo bw’uko atuma abantu biyumvira hagati y’ibikenewe mu bugingo bw’uwumviriza ubwo butumwa, umunyeshuri n’ukuri kw’ijambo ry’Imana.

Ukuri kutarimwo ubugingo gushikana kugororoka gupfuye, kutagira ubuzima. Ubugingo butagira ukuri bushikana ku kuyoba, ku nyigisho z’ibinyoma, zizimiza. Kwigisha kimwe kitarimwo ikindi ntibikomoka muri Bibiliya kandi ntibifasha abantu gukura mu mpwemu.” (LeBar na Plueddemann 1995: 101)

3. Gukoresha “ubuhinga bw’uruzitiro rw’inzira y’indarari” mu buryo bw’ukuvuga ubutumwa: Igihe *utegurira* ubutumwa uzovuga, uhera ku “nzira, indarari yo hejuru” (mu yandi majambo, wimba neza mu mizi igisomwa c’Ivyanditswe); yamara igihe *ushikiriza* ubwo butumwa wateguye, heru “ku nzira, ku ndarari yo hasi” (mu yandi majambo, ibikenewe, ikibazo, ingorane, ziri mu bugingo bw’abantu bawe, abo uriko urabarira, ishengero ryawe).

a. *Ubugingo bw’abantu benshi ntiburi mu murongo w’Ijambo ry’Imana.* “Hama hariho ukutumvikana hagati y’Ivyo Imana igomba, urugezo rw’Imana n’ibiri mu bugingo bwacu. Ukwo kutumvikana n’ukudasenyera ku mugenzi umwe kurafise ico gukora ku bwenge, ku bishika, no ku ngeso, ku nyifato. Aho ubugingo bwacu budashikira urugezo rw’Ivyanditswe hazokwama hari ingorane, ibibazo, hamwe n’ukuzazanirwa. Ukuzazanirwa mu bishika ni ingaruka y’ukwo kutumvikana.” (LaBar na Plueddemann 1995: 101-02) Ivyo abantu baba barimwo bisa n’ibi:



b. *Ubutumwa bwawe wateguye bugenewe gufasha abantu kugira ngo batahure ubukene bwabo, batahure ingene Ijambo ry'Imana rifise ico rivuga kuri ubwo bukene, kandi rigarukane ubugingo bwabo (“indarari yo hepfo”) mu murongow’ukuri kw’Ijambo ry’Imana (“indarari yo hejuru”).* Ubwa mbere menya kandi umenyeshye abantu ubukene bwabo, ivyo bakeneye vyo muri mpwemu, bamenyeshye ingorane zabo, bamenyeshye ibibazo vyabo bafise, bifise ingaruka ku bantu bagize ishengerero ryawe. Mu kwerekana ikibazo gifise ingaruka ku bantu bawe mu ntango y’ubwo butumwa, kumbure mu kubaza ibibazo canke mu bundi buryo, uba uriko urikwegerako abantu kugira ngo ntibasamare, kubera yuko baca bamenya ko uzoba uriko uravuga ku kintu kinini mu bugingo bwabo. Umaze kubaza ico kibazo, (“indarari yo hepfo”), hanyuma uca uduga ku “ndarari yo hejuru”. Urashobora kuvuga ibintu nk’ibi, “Reka turabe ico Bibiliya ivuiga kuri iki kibazo.” Maze ugaca wereka abantu ingene ugushira mu ngiro igisomwa ca Bibiliya bifasha gutorera umuti ikibazo cabajijwe mu ntango. “Uburyo bwo kwigisha, co kimwe na rwa ruzitiro rw’indarari, bifise intambuko zitatu ziguma zigaruka. Umwigisha yategerezwa gutangurira ku gufasha abanyeshuri kwiyumvira ku ngorane zo mu bugingo bwabo (indarari yo hepfo) bishobora kubohereza mu gisomwa kigiye kwigwako. Ubugira kabiri umwigisha afasha abanyeshuri gutahura ibigize Ivyanditswe (Indarari yo hejuru). Ubugira gatatu, umwigisha arahamagira, akinginga maze agatuma, agahamagarira abanyeshuri kugundura imigenderanire iri hagati y’ibigize Ivyanditswe n’ingorane zo mu bugingo (inzitiro). Biciye mu gitangaza c’ubuntu bw’Imana abantu barashobora gukura bagashikira ugukura muri Kristo biciye mu bubasha bw’Ijambo, muri Mpwemu, hamwe no mu bigisha bafise ingabire ya Mpwemu.” (LaBar na Plueddemann 1995: 102)

4. Plueddemann akoresha ikindi kigereranyo c’ico umuvugabutumwa canke umusiguzi aba ariko aragerageza gukora. “Umwigisha mwiza, umusiguzi mwiza amaze nk’umuntu ahitana, afata umugozi ukomeye, akawuboha ku ruhande rumwe ku vyiyumviro bikomeye vy’Ivyanditswe, maze akongera akaboha ku rundi ruhande rusigaye ahaboheye ku bintu nyamukuru vyo mu bugingo, mu buzima, maze biciye mu bubasha bwa Mpwemu kagerageza gukwegera hamwe ivyo bibiri” (Plueddemann 1994: 48).

5. Ubwo butumwa bwategerezwa gutuma abantu kwiyumvira mu buryo bukomeye kw’itandukaniro riri hagati y’ivyo bacyemwo ubwabo n’ubugingo bwabo hamwe n’ico Bibiliya ivuga. Ikibazo nyamukuru abasiguzi bategerezwa kwibaza igihe cose baba bariko bariga, bategura ubutumwa bwiza bazokwigisha ni iki: “Mbega Ijambo ry’Imana ku bantu banje ni irihe, kandi rifitaniye isano irihe n’ivyo bariko baracamwo, n’ivyo bagezemwo, n’ivyo barimwo?” Umupasitori ategerezwa kumenya yuko ubuzima—haba ku rwego rw’umuntu ku giti ciwe, haba ku rwego rw’ishengerero, haba ku rwego rw’ikibanao, haba ku rwego rw’igihugu cose, badakwirikiza uko Bibiliya ibasaba gukora, badakwirikiza ico Bibiliya ivuga. Ni co gituma: “Bibiliya itegerezwa kwigishwa mu buryo busobananuritse, yamara ukwo kwigisha siyo ntumbero ya nyuma—ahubwo ni inzira abigisha bacishamwo. Umusiguzi, umwigisha ategerezwa guhamagarira umunyeshuri gusuzuma ubudasa buri hagati y’ivyo Imana isaba, urugero rw’Imana n’ivyo abantu bacamwo, babamwo, maze agafasha umunyeshuri gushira ivyo bibiri ku munzani, akabishira hamwe kugira ngo arabe ko bihuye. . . . Umusiguzi mwiza canke umwigisha mwiza wa Bibiliya ni umwigisha yigisha ibikenewe, ico Bibiliya ivuga, maze kandi agahanura abanyeshuri kunigana n’ingaruka z’ico Bibiliya ibasaba, bakagira umwete wo gushira mu ngiro ico Bibiliya ibasaba gukora, bafatiye ku ngorane, ku kuzazanirwa, ku bibazo ishengerero riba ririmwo, hamwe no mu buzima bwabo busanzwe, no mu myifato yabo isanzwe mu buzima bwa misi yose. Umwigisha mwiza ategerezwa kwama ashira hejuru Ukuri kugaragara kwa Bibiliya mu kwereka abantu mu buryo bushasha ingene abantu b’ubu bigenza n’ingene ijambo ry’Imana rivuga ko bategerezwa kwigenza.” (Plueddemann 1994: 49-50)

6. Iyi ni yo ngendo nyene yiswe “kwiyumvira ku vyo Bibiliya ivuga muri iki gihe turimwo, ni mu vyo



ducamwo muri iki gihe”: “*Kwimba mu mizi ico imico kama ivuga*: Intambuko ya mbere mu kwimba mu mizi ico imico kama isigura, ivuga, ni ukwiga ico umuco kama w’igihugu usigurahe, ico imigirwa isigura [mu yandi majambo, mbega abantu batahura gute ivyo bizera ubwabo hamwe n’ivyo bakora bikomoka ku vyo bizera]. . . . *Kwimba mu mizi Ivyanditswe no gushira mu ngiro ico uba watoye, ikiraro*: mu ntambuko ya kabiri, umupasitori, umusiguzi canke umumisiyoneri arongora ishengeru mu kwiga Ivyanditswe, no gusesangura mu vyanditswe ibijanye n’ikibazo baba barimwo. . . . *Inyishu ibanje kwiyumvirwako*: Intambuko ya gatatu ni iyo abantu bose gusuzuma imico yabo ya kahise bacishije mu mucu musha w’ivyo batahuye muri Bibiliya, maze bagafata ingingo ijanye n’ivyo bategerezwa guhindura bifatiye ku kuri gushasha bavumbuye muri Bibiliya. Ubutumwa bwiza si inkuru gusa canke ubumenyi gusa bukwiye kuvugwa. Ni ubutumwa abantu bategerezwa kumenyeshwa maze bakagira ico babukozeko bivanye n’ukuri gusha, ukumenya gusha, n’ubwenge busha baronse.” (Hiebert 1987: 109-10)

7. Gukoresha ubuhinga bw’ ingorane (ikibazo)-gifatiye “ku ruzitiro rw’indarari” mu kwigisha ni ngirakamaro mu gufasha abantu neza guhindura uburyo bwabo babaho.

a. *Ubwo buhinga bw’aho hejuru bwarakoresheje mu buryo bwavyaye ivyamwa vyiza mu bihe bitandukanye mw’isi yose.* Ubu ni bwo buhinga na Yesu ubwiwe yakoresheje. Ni ubuhinga abarezi rukristo nka LeBar na Plueddemann bakoresheje. Umurezi Atari uwo mu vy’Imana Paulo Freire yaranditse cane ku vyerekeranye n’ubuhinga bwo gutora umuti ufatiye ku kibazo (n’ubwo atongeyemwo, atashizemwo “indarari yo hejuru” y’Ivyanditswe), kandi akoresha ubwo buhinga mu kwigisha abantu b’abakene, aboro bo muri Brezil (Freire 1973). Abandi barezi batigisha ivy’Imana hamwe n’abaraba ivyo mu mitwe baratahuye akamaro ko gukoresha ubuhinga nk’ubwo (raba LeBar na Plueddemann 1995: 9-13). Plueddemann ubwiwe yakoresheje ubuhinga bwiwe mu gushiraho ibikoresho abana bo ku w’Imana mu gitondo bakoresha hamwe n’amahugurwa menshi yerekeranye n’uburungozi yashize ahabona nk’umuyobozi w’igikorwa c’imbere mu gihugumuri Sudani mu bijanye n’igisata co kwigisha abakristo mu mashengeru yemera ijambo ry’Imana ryose yo mu bihugu vyo muri Afirika y’ Uburengeru (Ico gitabu nyene: 13).

b. *Icirwa ca CTS cerekanye yuko ubuhinga nk’ubwo bufasha kwigisha neza no gushika ku ntumbero.*

(1) Agatimatima kagize ubuhinga bw’ “Uruzitiro rw’indarari” ni ugushikana abantu aho babona itandukaniro riri hagati y’ubugingo bwabo bwite n’ingene Imana yipfuza ko babaho, n’ukugene Ivyanditswe bishobora kubereka ubundi buryo bwiza bwo kubaho. Ibi bisaba ko umwigisha yiyumvira ku bintu batari bwigere bibazako, canke ngo bavuyumvireko mu buryo busha. Ivyo ni vyo bintu bituma abantu bahinduka: “igituma abumviriza batega ugutwi cane ni kugira ngo bashobore kugira ico bahinduye mu vyiyumviro no mu ngeso igihe ubugingo bwabo butari mu murongo ugororotse, igihe hari ibitagenda neza mu bugingo bwabo, igihe hari ico bahajije mu bugiongo bwabo [mu yandi majambo, badakwije]. Ukwo kudakwiza gushobora kuba kuzwi na bene kwo kandi gushobora guhindura ukugene ibintu vyubatswe mu buzima (haba ku giti c’umuntu canke ku bantu bose), canke ntibibe mu bwenge bw’abumviriza kugeza iyo bivuzwe mu butumwa. Mbere, ubutumwa bushobora kurema ukwo kudakwiza, bushobora gutuma umuntu abona ko hari ico ahajije. Abumviriza benshi bagira ico bakoze mu bihe nk’ivyo biyuguruye mu buryo bushasha bwo kwiyumviramwo no gukoreramwo.” (Allen 2008: 68-69)

(2) Kwerekana ugushusha kuri hagati y’ubugingo bw’abantu muri Bibiliya n’ubugingo bw’abantu b’iki gihe, abantu bo mw’ishengeru rya none, bituma Bibiliya iba iy’ukuri” ku bumviriza. LeBar atwibutsa yuko, “kubera kameremere muntu kadahinduka kandi ariko vyahoze no mu binjana vyabanje kandi ko Bibiliya iguma ivuga ku bintu abantu bacamwo, Bibiliya itorera umuti ibibazo vy’urufatiro naho abantu baba bari mu mico kama y’ibihugu itandukanye. Abantu bavugwa muri Bibiliya bategerezwa kwigwako mu bihe barimwo, mu vyariko biraba mu gihe bariho, babayeho, yamara vyongeye ingorane barimwo ni zo zacu na twebwe uyu musu.” (LeBar na Plueddemann 1995: 98) Ubushakashatsi bwa CTS bwasanze, bwavumbuye yuko: “Kwumva ko n’abantu bo bavugwa muri Bibiliya nabo vyabagora mu buryo busa n’ubwo n’abantu b’ubu bagira intambara, bibagora mu buryo nk’ubwabo vyafashije benshi mu babajijwe ibibazo, mu bo ivyo vyigwa vyagizweko. Nk’uko umwe yavuze ati, ‘Nibaza yuko kimwe mu vyo

umusiguzi, umupoasitori wacu akora neza cane ari ukuvuga no kudonda neza abo bantu bo muri Bibiliya nk'uko ari abantu buntu, bameze nkatwe. Rimwe na rimwe pasitori ashonora no gushika kure mu gukoresha imvugo idasanzwe kugira ngo atwumvishe ko bari abantu nkatwe, abantu buntu.' Ivyo ni ngirakamaro kubera yuko 'kenshi na kenshi tuba dufise abo bantu bo muri Bibiliya twibaza yuko baba ahantu hadasanzwe, bari abantu b'ibihangange mu vyiyumviro vyacu, yamara umusiguzi akavugana natwe nk'abantu basanzwe babaho. Ibi biramfasha cane.'" (Allen 2008: 66)

**D. Ukumenya abo muri ko muravugana n'ingaruka z'ikibazo, ingorane –bifatiye ku buhinga bwo “kwugara aho itereni ica”**

1. Kubera yuko Ivyanditswe vyose hari igituma vyanditswe, vyanditswe kubera ivyariko biraba, n'ukuvuga ubutumwa kwose gutegerezwa kwisunga ibiba biriko biraba. “Kuvuga ubutumwa wisunze ibiriko biraba ni ukuvuga ubutumwa aho igisomwa n'ibiriko biraba ari vyo bishinga ubutumwa bukwiye kuvugwa no gushikirizwa. Ibi vyerekana yuko ibiriko biraba ari vyo bishinga ubutumwa bukwiye kuvugwa [mu yandi majambo, nyamukuru; bifise ububasha bwo gushinga] ibivugwa muri ubwo butumwa. Kiretse igihe umusiguzi abandirije kubiba biriko biraba, ku biriko, aho ni ho honyene ubutumwa bwiwe bushobora gushika ku biriko biraba mw'ishengero ryiwe mu buryo bugaragara.” (Pieterse 1984: 5)

2. Kugira ngo ashobore kuba umwigisha mwiza, umusiguzi, umuvugabutumwa ategerezwa kurondera uburyo bwo kwegeranya ivyiyumviro n'intererano vy'abanyeshengero kugira ngo abishire mu butumwa buzokurikira. Abumviriza benshi ntibigera bavugana n'abasiguzi ku vyerekeranye n'ubutumwa bumvise. Uku ni ugutakaza ubutunzi bukomeye. Nubwo abasiguzi bafata umwanya munini bategura ubutumwa kandi biga igisomwa ca Bibiliya, abasiguzi mu bisanzwe bafise ibisomwa bibiri: Bibiliya hamwe n'ababumviriza. Abavugabutumwa n'abasiguzi bakwiye kwiga ivyo bisomwa vyose, Bibiliya hamwe n'ababumviriza. Umwanditsi, canke uwashize ahabona ubushakashatsi bwa GASS avuga ibi: “Bavugabutumwa, Basiguzi, murazi ivyiyumviro vy'ababumviriza hamwe n'ibishobisho vyabo bafise ku vyo uzovuga hanyuma, ku gisomwa uzosoma? Woshobora kubibwira abakwumviriza bakanyurwa mu gutangura gutegura ubutumwa bwawe? Uburyo bwo kwegeranya ivyiyumviro vy'abumviriza, abanyeshengero butegerezwa gushirwa ho. Abasiguzi, abavugabutumwa bashobora gushira ubuzima mu nyigisho zabo mu kwiyumvira no kurema ibintu bishasha, mu kuva mu vyo bari bamenyereye, mu kuvuga ivyubaka, ibijanye n'igihe, mu gukurikirana ivyo abumviriza biyumvira canke biteze canke babona, kandi no mu gushira ivyo vyiyumviro mu butumwa bashikiriza imisi yose.

Ubugingo bw'abasiguzi, ubw'abumviriza ubutumwa ni ubutunzi bukomeye bwawe. Hamwe iki gitabu cotuma ugira uguhinduka kumwe gusa, gerageza ushireho uburyo bwo kwegeranya ivyo abumviriza bokongerako mu butumwa buzokurikira. Tangaza ivyo uzokwigishako n'ibisomwa uzosoma imbere y'igihe, shira ho agabweta bashiramwo ivyo biyumvira vyoja muri ubwo butumwa ahantu kanaka kandi usabe abanyeshengero baterere ivyiyumviro vyabo, ivyo babivugako hamwe n'ibibazo bavuyibazako.'

Hakwiriye kubaho umurwi w'abumviriza mukwiye kuganira ku bijanye n'ubutumwa buri imbere buzovugwa. Nimba hariho ibintu biteye ubwoba mw'ishengero canke mu gihugu, rero “abagushigikira” watoye bashobora kuba ari bo murwi wo kugushigikira wa mbere uko wiyorohereza mu kuja mu buryo bwo gufashanya kandi no mu buryo ushaka gufasha abakwumviriza mu buryo bwo kuganira mushira hamwe. Urashobora kandi kwipfuzwa gutumira abantu mugasangirira hamwe, mugahuriza hamwe ivyo mwatekeye mwese sa sita mukarira hamwe, canke mugashira hamwe ivyamwa mwatekeye mukabirira hamwe muriko murumva ubutumwa bwiza mu migoroba, kugira ngo utege ugutwi abakwumviriza nabo bakubwire ingene bumva kandi babona ubutumwa ubashikiriza, ubigisha, n'ivyo ushira mu butumwa ubashikiriza. . . .

Bigisha, bavugabutumwa, hamwe uwo murwi ubafasha mu butumwa mwowinjiza ukama ubafasha nyene mu gutegura ubutumwa muvuga, ntihazoba ububasha bwo guhinduka gusa buzanywe n'amajambo mwavuze, yamara n'ishengero ryose rizokomezwa, rigire imigenderanire myiza kugeza naho na mwe muzotangara.” (Carrell 2000: 210, 212)

3. Kugira ngo ushobore “kwinjira no kwimba ivyerekeranye n'umuco [canke ivyariko biraba],” maze ubone “gushira ahabona” no “kugaragaza ibinyegejwe” vyose ukabishira hamwe, umusiguzi ategerezwa kuba azi neza abantu biwe no kumenya ivyo bagenderamwo n'ivy babamwo. “Umusiguzi ategerezwa kumenya, ategerezwa kuba muri ivyo bihe hamwe no kumenya ibiriko biraba mw'ishengero ryiwe. Umusiguzi ategerezwa kutaba sindabibazwa, akifatanya n'ibishikira abenegihugu, agaca mu vyo

bacamwo, akumva ingene bamererwa iyo ivyo bibashikiye, maze akiyumvira nk'uko biyumvira. Ategerezwa kuba muri bo, akifatanya na bo. Iyo yicaranye n'abo mu kibano ciwe, akababarana na bo, akumva akaga barimwo, akagirana ivyizigiro nabo, akagumukana nabo iyo bariko baranka akarenganyo n'ugucinyizwa, aho ni ho ashobora kuvuga ubutumwa bwa Bibiliya mu bugingo bwabo. Ubu ni bwo buhinga bwo kuvuga ubutumwa ubushingiye ku biba biriko biraba.” (Pieterse 1984: 7-8) Mu cigwa canke ubushakashatsi bwakozwe, “ibice 17 kw'ijana vy'abumviriza bavuze yuko abasiguzi bunga imigenderanire myiza n'ababa bariko barabumviriza iyo bakoze ku bibazo baba bariko baracamwo. Inyishu rusangi batanga muri uru rwego ni ‘Menya abo uriko urabarira, abakwumviriza abo ari bo.’” (Carrell 2000: 97)

4. Kwifatanya n'ishengero bishobora kugaragazwa mu butumwa umuvugabutumwa aba ariko arasigura, aravuga. Kwifatanya n'ishengero kurongera, kuragwiza cane ubwizigirwa n'ukwemerwa hamwe n'igikorwa c'uwu muvugabutumwa, uwo musiguzi. Ibigwa canke ubushakashatsi bumwe bwabereye muri Amerika bwagunduye yuko no guhindura ugukoresha “wewe” ukavuga “jewe” mu butumwa, mu kwigisha bifasha gushira hamwe umupasitori n'abantu biwe, hamwe no “kugumiza ijisho ku bariko baramwumviriza no gutega amatwi bagakurikirana ibivugwa vyose ata gakorokeye hasi, ata na kimwe kabacika” (Theis 1981: 51). Iyo umusiguzi, umuvugabutumwa “yishizemwo akaba muri ivyo bihe hamwe no mu biriko biraba mw'ishengero ryiwe, akishira mu kibanza cabo, “ubugingo bwiwe burashobora kuba ubwabwo ubutumwa bukomeye: “Kwumva inkuru y'umusiguzi ubwiwe, kahise kiwe ni ikintu gikomereye kubaba bariko baramwumviriza, mbere bashobora no kumuha ibishingantahe vyabo nab o kuko na we yababariye iciwe. Inyuma y'ukwerekana yuko n'umusiguzi agira intambara ku ciyumviro c'uguhinduka, uwumwumviriza we aca avuga ati, ‘Gutega ugutwi uwundi muntu n'umutima wose kandi vy'ukuri ni ukuba icabona c'ukwizera kwiwe kandi rimwe na rimwe bimfasha kugumiza ijisho kuri we no gutorera umuti no kunigana n'ikindi ciyumviro nshobora kuba naragize nabo baja baracyemwo, barabayemwo, nanje bikamfasha kubicamwo nk'uko nab o baba barabacyemwo bakanesha.’” (Allen 2008: 66)

5. Umusiguzi, umuvugabutumwa ashobora kwigisha gusa ivyo abamwumviriza bashobora gutahura no kwakira. Mu gutegura no gushikiriza ubutumwa bwabo, abasiguzi, abigisha canke abavugabutumwa bategerezwa kubanza kwiymvira ku bintu bitari bike bafatiye ku banywanyi, ku babumviriza, muri ivyo harimwo: a. urwego abamwumviriza bashitseko mu kwiga; b. ibitsina bitandukanye, mbega abwira abagore benshi kurusha abagabo canke abagabo benshi kurusha abagore; c. ingene imyaka yabo bantu imeze; d. uruvange rw'abizeye, abakristo n'abatari abakristo, abizera; e. mbega bakuze gushika ku rwego uruhe (mu vy'impwemu no mu bisanzwe); f. Bazi iki muri Bibiliya; g. Mbega barashonje ijambo ry'Imana, baranyotewe ijambo ry'Imana; h. bakora akazi gaki; i. bafise imico, n'imigenzo ki, eka mbere n'ibindi bintu bifise ingaruka ku banyeshengero baba bariko baramwumviriza. Ibintu nk'ivyo birashobora kugira ingaruka ku kugene ubutumwa buvugwa, bushikirizwa nk'ibi: a. uburebure bw'ubutumwa, umwanya ubwo butumwa buvugwamwo; b. ukugene uboneka wambaye imbere y'abo bantu; c. aho uvoma ivyo uvuga; d. intumbero y'ubutumwa uvuga; e. ingene wubaka kandi upanga ivyo uvuga; f. uwego rw'ido n'ido ry'ubutumwa uvuga.

6. Abasiguzi n'abavugabutumwa bakwiye kumenya ibindi bintu amashengero yabo akeneye. “Kuvuga ubutumwa ufatiye ku biriko biraba” bisaba yuko ubwo butumwa bujana n'ivyo uvuga hamwe n'ivyo abumviriza baba biteze ko uvugako. Ikindi, umusiguzi akwiye kuba maso ku bintu nk'ibi: ko abantu baba bubatse canke batubatse; ko bashobora kuvyara/canke ko badashobora kuvyara (hamwe n'ingorane, umubabaro n'uruvuguzi, urunwarunwa mu kibano kutavyara gushobora kuzana); ubupfakazi; ubupfuvyi; ko abantu bagendana umugera wa SIDA, n'ibindi nk'ivyo. Dufatiye ku cirwa n'ubushakashatsi bwakozwe, “abenshi mu bumviriza ni igitsinagore (ibice 61 kw'ijana) kandi igitigiri kinini cane c'abavugabutumwa ni igitsinagabo (ibice 84 kw'ijana): . . . Ku bumviriza benshi b'igitsinagore, ubu budasa buri hagati y'igitsinagore n'igitsinagabo birafise ico biterera mu kugene babona ibintu vyerekeranye n'ivugabutumwa, canke n'ukugene ubutumwa buvugwa ku bidakenewe aho gutorera umuti ibikenewe, kandi n'uko umusiguzi ‘ataba azi neza vy'ukuri abantu biwe hamwe n'ivyo bakeneye.’” (Carrell 2000: 145-46) Abasiguzi, abavugabutumwa benshi b'abagabo bakoresha ukunonora imitsi kwishyamba mu kwerekana no kugaragaza ibintu mu butumwa bwabo canke iyo nbariko baravugaga ubutumwa, batarinze kwibaza ko ubwo burorero ata co buvuze ku bagore benshi (uburorero, benshi mu bantu) bagize iryo shengero. Abantu bose bakunda kwiyumvira no kwibaza, gukora no kuvugira “aho bibaza ko ata ngorane, aho biyumva ko icyumviro cabo gishobora kwumvikana, no guhabwa agaciro.” Yamara, kugira ngo ube umuvugabutumwa n'umusiguzi mwiza, umupasitori ategerezwa kuva aho yiyumva ko icyumviro ciwe gishobora kwumvikana maze akinjira vy'ukuri

mw'isi no mu biriko biraba mw'ishengero ryiwe, kugira ngo ashobore kuvuga ubutumwa bukwiranye n'ivyo biriko biraba bishobore gutorerwa umuti urama.

7. Abavugabutumwa barakeneye kumenya abariko barabumviriza, barakeneye kumenya ingene abagize ababumviriza bakira ubutumwa bababarira, mu gihe baba bariko barababarira ubutumwa. Utegerezwa kugumiza ijisho ku bantu batandukanye bo mw'ishengero iyo uriko uravuga ubutumwa. Iryo bizogufasha “kugumiza ku ntego” abantu bagize iryo shengero. Ukugene mu maso h'abumviriza hamera, uko bemeza ivyo uvuze bakoreshije umutwe canke bahakana ivyo uvuze bakoreshije umutwe, ukugene amaso yabo amera, n'ibindi bizokwerekana ko bariko baratahura canke batariko baratahura, ko bari kumwe nawe canke batariko kumwe nawe, ko bariko baremezanya nawe canke batariko baremezanya natwe, canke ko ivyo uvuze vyabakozeko: “Ukugene abumviriza bifata ni ikintu gikomeye ku muntu wese aba ariko aragira ico ashikiriza, canke afise ico avuga. Iryo ubona mu maso y'abantu bariko barumviriza bica bikwerekana yuko ivyo uvuga hari ico bibabariye canke ko ata co bibabariye, ko muri kumwe canke mutari kumwe, kandi ukaenya n'ibindi biriko biraba n'ubwo utaba wari uvyiteguriye canke wabiziga. Ibintu rero nk'ivyo birakenewe iyo umuntu afise ico ashikiriza abantu, iyo umuntu ariko aravuga ubutumwa.” (Adler 1983: 78)

## V. Ivyo utegerezwa kwibandako ku gisomwa ca Bibiliya uba uriko urimba mu mizi, uba uriko urigishako

Ido n'ido ry'ukugene ubaza ibibazo kandi wiga usuzuma igisomwa ca Bibiliya kugira ngo ushobore kucigisha neza twavyongeye ko mu **VYONGEWE KO A** (“**Kubaza ibibazo Bibiliya uriko uriga kugira ngo usigure, wigishe Bibiliya**”), hamwe n'**IVYONGEWE KO B** (“**Intambuko mw'ivugabutumwa: urutonde rw'ibikenewe ku bavugabutumwa**”). Hariho ibintu bitatu simusiga dutegerezwa kwitondera ku bijanye n'igisomwa wipfuzwa kwigishako twabivuze mu buryo bwiyaguye ngaha hepfo.

### A. *Intumbero y'igisomwa*

#### 1. Imana irafise igituma canke intumbero yatumye igisomwa cose ca Bibiliya candikwa.

a. *Ibisomwa vyose ni ivyo kudutunganya kugira ngo dufite ibikwiye vyose duhobore gukora ibikorwa vyiza Imana yaduteguriye, mbere kugira ngo duse na kristo ubwiye (raba 2 Tim 3:16-17; Rom 8:29; 15:4; Ef 2:10).* Ni co gituma, umusiguzi ategerezwa kwerekana ukugene ico gisomwa gifise ico kivuga ku bariko barumviriza, ku banyeshengero mu buryo bujanye n'igituma hamwe n'intumbero yatumye Imana ituma Umwanditsi avyandika mu Vyanditswe. Chapell atubarira ati: “Ntidutahura neza ikivugwa tutaramenya *icabiteye canke icabitumye*. Dufatiye ku butumwa nyamukuru bidutuma kwibaza iki kibazo, ‘Kubera iki ibi bibazo vyabajijwe, kubera iki umwanditsi yashatse gutorera inyishu ibi bibazo? Ni iki catumye iyi nkuru yandikwa, ni iki catumye ibi vyabaye vyandikwa, ni kubera iki ibi vyiyumviro vyanditswe? Mbega umwanditsi yashaka gushika ku ki? Kubera iki Mpwemu Yera yashizemwo aya majambo mu Vyanditswe?’” (Chapell 1994: 40)

b. *Kenshi na kenshi ni ngirakamaro guca ku masonga igisomwa igihe uriko uraciga kugira ngo umenye ingene ivyiyumviro vy'umwanditsi vyakwirikiranye.* Guca ku masonga bidufasha—mbere *bidutegeka*—kubona ingene igisomwa cubatswe, n'ingene ivyiyumviro vy'ico gisomwa bigenda birakurikirana, kubera yuko dutegerezwa kuvyandika ku rukarata. Guca ku masonga vyongeye bidutegeka kuvuga mu majambo yacu ivyavuzwe n'uwundi mu bice bikuru bikuru bigize ivyo yavuze, ico gisomwa.

2. Cane cane igihe umuntu ariko arigisha, arasigua canke asobanura mw'Isezzerano rya Kera (yamara kandi n'igihe ariko arasigura mw'Isezzerano Risha) arakeneye kwibaza ibi bibazo bikurikira, “Kristo ari hehe muri ibi?” “Ntibishoboka ko dufatiye mw'Isezzerano rya Kera ryonyene ko dutahura ingaruka yuzuye y'ibikorwa vy'Imana n'amasezerano yayo rivuga” (Goldsworthy 1991: 54). Igituma Isezzerano rya Kera ryonyene ridashobora kwerekana insiguro yuzuye y'inyigisho y'ukugene uguhishurwa kwagiye kuruguruka, kwiyongeranya buke buke, gahoro gahoro: mu yandi majambo, Ukuri kunyuranye kugize Bibiliya ntikwahishuriwe kwose rimwe, yamara kwagiye kurahishurwa buke buke mu myaka myinshi. Ni co gituma, Isezzerano rya Kera kwari ugutegura ubutumwa bwiza; **Ubutumwa bwiza** ni ukugaragaza, ukwerekana ubutumwa bwiza; **Ivyakozwe n'Intumwa** ni ukwagura, ugukwiragiza ubutumwa bwiza; **Ivyete** ni ugusigura ubutumwa bwiza, ni ugushira umuco mu butumwa bwiza; na yo **Ivyahishuriwe Yohana** ni uguherahezwa, n'ugushirwa mu ngiro kw'ubutumwa bwiza. Insiguro yuzuye y'igisomwa ico ari co cose irashobora kuba idasobanuritse neza kiretse iyo Bibiliya yose n'ikiringo ca kahise k'ugucungura biba bibanje kwiyumvirwako. “Gusoma Bibiliya tubanje kuraba ivyariko biraba nk'Ijambo ry'Imana bitegerezwa kubanza gufatira kw'ijambo ry'Imana ryose nk'ivyariko birategurwa

ku gisomwa ico ari co cose” (Johnson 2007: 156). Yesu n’abanditsi b’Isezerano Risha baratahura ivyo. Babona Isezerano rya Kera ryose nk’igitabu cerekeye Yesu. Ni we vyose vyenenako kandi ni we avugwa muri ivyo bitabu vyose bigize Isezerano rya Kera (**Luka 24:25-27, 44-45; Yoh 5:39-40, 46; Ivyak 3:18, 24; 10:43; 26:22-23; 2 Kor 1:20; 1 Pet 1:10-12; Heb 1:1-3**). Kubera ivyo, “ico umuhuza wese yakora canke uwo ari we wese yavugwamwo baba —ba sogokuruza, umuvugishwa n’Imana, umuherezi, umucamanza, umwami, umugabo, data, umuhungu, abavyeyi, abana, umushumba—ivyo vyese bitegerezwa gusigurwa dufatiye mu muco w’ukugene vyerekana (canke vyananiwe kwerekana) ukwumvira kwuzuye kw’isezerano ryari kuzanwa na Yesu Kristo nk’Umwami w’abantu biwe—Muri make, uguhuza kwuzuye kuzoshikanwa na Yesu Umwana w’Imana kandi akaba mwene data n’abantu biwe. . . . Ni co gituma inyifato ivangavanze y’abarongozi b’isezerano ituma umwe umwe wese bivanye n’akazi kiwe, canke igikorwa yahamagariwe, mu buryo bumwe canke ubundi, yari imvugo yerekana Ukuzoza kw’Umucunguzi, muri we igikorwa c’umuvugishwa n’Imana, umuherezi, n’umwami vyose bizoshitswa mu buryo bwuzuye.” (Ico gitabu nyene: 216) Uburorero bw’ibi burashobora kuba bwiza kandi bukongera bukaba na bubu. Uburorero bwiza ni nk’ubu bwa Yosefu yaryarutse na bene nyina, yamara aguma ari umwizigirwa naho yari mu ngorane no mu kaga no mu mageragezwa, kandi yashizwe hejuru cane akiza benshi (**Ita 37:1-36; 39:1-47:31; 50:1-26**), na Isaka (**Ita 22:1-18**) yishikaniye yumvira Imana avyishakiye kandi aritanga nk’ikimazi. Mu burorero bubu ni nk’ubu Lameki (**Ita 4:17-24**) atitayeho arengana integuro y’Imana arongora abagore benshi ariko Imana yageze umwe gusa (binyuranye na Kristo—**Ef 5:25-32**), yishe ivyagezwe vy’Imana (raba **Kuv 21:23-25**), maze agaragaza mpwemu y’ukwihora aho kugaragaza ukugira ikigongwe n’imbabazi (mu buryo bunyuranye na Kristo—**Mat 18:21-22**), hamwe “n’ukunanirwa kw’abacamanza n’uburenganyo bw’abami bwagaragajwe muri Isirayeli ko hari hakenewe Umwami azoza azocira abantu imanza zigororotse kandi ata karenganyo na kamwe karimwo (Yes. 11:1-5)” (Ico gitabu nyene). Abatwumviriza bazashobora rero kubona ingene Isezerano rya Kera ryatunga urutoko ku kuzoshitswa mu mpera muri Kristo.

3. Igihe tuba turiko turasuzuma twiga igisomwa, dutegerezwa kwishura ibibazo bibiri kugira ngo tumenye intumbero y’ico gisomwa tuba turiko turasuzuma, twiga:

a. *Iki gisomwa kitubwira iki ku vyerekeye Imana (mu yandi majambo, ni iki “ikigize Imana”)?* “Bibiliya ntiyerekeranye na Rusi, Dawidi, Yona, na Petero, yamara yerekeranye n’Imana ya Rusi, Dawidi, Yona, na Petero” (Harris 2004: 66). Imana iriho mu buryo butandukanye, kandi ikora mu buryo butandukanye, haba mu buryo bugaragara canke butagaragara, muri Bibiliya yose. Iriko iraduhamagarira kugira imigenderanire n’ubucuti na yo. Dukwiriye kwibaza ingene iriho muri ico gisomwa tuba turiga, dusoma, dusuzuma.

b. *Mbega iki gisomwa kitubwira iki ku vyerekeranye n’abantu n’ukugene abantu bameze, ibihe barimwo (uburorero, ni iki cerekana “Ukwononekara”)?*

(1) Kubera umuntu yaguye akava mu kibanza yategerezwa kuba ari mwo, abantu bafise ivyo bakeneye vyinshi, bafise ingorane nyinshi hamwe n’ibibazo vyinshi bagerageza gutorera umuti (yamara bikabata ku w’amazi) ntibashobore kubitorera umuti (kenshi na kenshi mu nzira zitari zo) (kenshi na kenshi bikabatera ingorane nyinshi zirengeye izo bari bafise ubwa mbere bataratangura kurondera umuti). Chapell yita ivyo *gufatira ku ngorane umuntu yaguye mwo*, kandi akabivuga muri ubu buryo: “Kubera Imana yatanze Bibiliya kugira ngo dushobore guhingurwa, ibiyigize vyerekana mu buryo kanaka yuko tudakwiye, yuko tutikwiye. Kuba tutikwiye ni ingaruka y’uko twaguye tukava mu kibanza twategerezwa kuba turimwo tukaba mu vyo turimwo. . . . ukwo kwononekara kw’isi yacu n’ukugene tumeze bitakambira Imana ngo itugarukire, idutabare. Imanaitwishura icishije mw’Ijambo ryayo, igashimikira ku bintu bimwe bimwe bijanye n’ivyo dukeneye mu buryo bwose. *Gushimikira ku ngaruka z’igwa ry’umuntu ni ibihe abizera b’ubu barimwo basangiye n’abo ico gisomwa cari candikiwe bisaba ubuntu bw’ico gisomwa.*” (Chapell 1994: 41-42)

(2) Kubera yuko igisomwa cubakiye ku kurwa kw’umuntu gishinze imizi mu bigize umuntu, (ivyo bigize umuntu yaguye) bishobora guhinduka bivanye n’igisomwa ico ari co. Nk’akarorero, igisomwa gishingiye ku kurwa kw’umuntu gishobora kuba ikibazo kitarinda kuba ari uko umuntu yacumuye canke icaha kanaka. *Ibibazo bidashingiye ku caha cakozwe bishobora kubamwo:* ukugandara; ingwara; kwipfuzwa ukugaruka kwa Yesu; nkenerwa kumenya ingene twokwiragiza ubutumwa; ingene twosenga; inyota yo kuba umuvyeyi mwiza; kumenya ubugombe bw’Imana; kugumana ubwizigirwa n’ukuri mu gihe co guhamwa; canke ugutahura ingabire z’umuntu. *Mu vyaha kanaka haba*

*harimwo*: ukwigungirako, ukudahoma; ubugarariji; ukwipfuza; kuba sindabibazwa; ububwiriza bubu; ubwirasi, n'ibindi. Kuba umuntu yaraguye (“ukwononekara”) ni ibigize umuntu bisaba ko yigishwa, ahanurwa, yingingwa, yihanikirizwa, canke akeneye ukuremeshwa n'Ivyanditswe.

## **B. Gusobanura, gusigura no gutanga uburorero bufatiye ku gisomwa**

1. Gusobanura igisomwa. Insobanuro ikwiye yuko umusiguzi ashikiriza inyishu z'ivyo yize, yasuzumye hamwe n'ivyo yiyemeje, mu buryo butahuritse kandi buzokwama bwibukwa mw'ishengero. Gusobanura no gusigura igisomwabishobora kuba vyiza iyo : (a) *havuzwe ukuri kw'igisomwa* (mu yandi majambo, iyo havuzwe ico ico gisomwa gisobanura, gisigura); (b) *gushira mu kibanza ukuri kw'ico gisomwa* (mu yandi majambo, ni ukumenya aho mu gisomwa wakuye ico ciyumviro); hamwe no (c) *gusuzuma ukuri kw'igisomwa* (mu yandi majambo, ni ukwongera kuvuga mu yandi majambo, gusubiramwo iyo nkuru, gusigura no gusobanura, kuvuga ido n'ido y'ukugene ibintu bimeze, gutanga indongorakintu, hamwe no guca hirya n'ino kugira ngo ishengero ritahure igituma igisomwa kivuga yuko vyo uvuze ari vyo kivuga—ibimenyetso nk'ivyo bishobora kuba vyibonekeza canke ntivyibonekeze, bivanye n'igisomwa kanaka) (Chapell 1994: 116-24).

2. Gutanga uburorero bukomotse kuri ico gisomwa. Bose umusiguzi n'abamwumviriza babana kure na kure mu kibano, mu myanya, mu mico, mu migenzo n'ivyariko biraba mu gihe ivyo vyandikwa muri Bibiliya. Mu kubigaragaza utanga inkuru, uburorero, ivyo wacyemwo, canke ibindi bintu vyerekana ido n'ido, bisigura canke na ho bituma abavyumviriza bishushanya n'ihame rivugwa muri ivyo vyanditswe canke ico gisomwa kiriko kiravugwako, kiriko kirasigurwa ko. Ukwerekana guhindura ukuri kudafadika kukagushira mu bintu bigaragara. Nk'uko umwigisha yigisha ukuvuga mu bantu abisigura: “Igihe cose iyi ni yo ntumbero y'uwuriko aravuga: gushikiriza abamwumva ico agomba kuvuga, agatuma ibidafadika bifadika bigahinduka ukuri kugaragara” (Buckley 1988: 15). Ukugaragaza no kwerekana kwungura kukagwiza ugutahura kwacu ico gisomwa. Ukwo kwagura ico gisomwa gushobora kuvana n'aho ari ho hose: ikinyamakuru canke igitabu; umuco kama canke umugirwa kanaka; ikintu kanaka cabaye, ibikunda kuba, canke ibindi bintu biba mu kibano bizwi n'abanyeshengero; ikintu cabaye mu bugingo bw'uwo ariko aravuga ubutumwa; ikintu gisanze cabaye; politike; ukunonora imitsi; intambo; kahise; imboneshakure; iradiyo; ivyese, amareresi; akarorero akari ko kose umuntu ashobora gukura muri Bibiliya aho ari ho hose; mu nca make, ico ari co cose ishengero rishobora gutahura kandi gishobora gufasha gutahura Ukuri kw'Ijambo ry'Imana. Ikoreshwa ry'inkuru zo mu mico hamwe n'imigani ni ngirakamaro cane cane cane mu mico kama yo muri Afirika n'ahandi ndetse i Bulaya aho inkuru zikunda gukoreshwa, kandi abantu bitega ko zigisha ukuri. Yesu yabaye mu mico kama nk'iyi, kandi kenshi na kenshi yarakoresha inkuru n'imigani kugira ngo ashikirize canke yerekane ukuri kwo mu vy'impwemu.

3. Ugutanga uburorero no gusigura bigendera hamwe. Ugutanga uburorero bwiza ni ngombwa ku bantu kugira ngo batahure ukuri kwa Bibiliya, yamara ntihakwiriye kubura insobanuro: “Mu guhamangira ukuri kwa Bibiliya mu bihe abantu bashobora kwibonamwo, mu kugerageza gushira hamwe ukuri kwa Bibiliya n'ivyo abantu bacamwo, maze mu gukora gurtyo ugatuma ijambo ry'Imanarishobora gushikira bose, bakaritahura maze kandi rikaa iry'ukuri ryumvikana ndetse ya majambo ya halleluya menshi n'amaamina menshi gusa ata co arimwo. . . . Abatega ugutwi bashobora gutahura ivyiyumviro n'ibintu bikomeye kurusha ababanza kwiyumvira ku majambo barondera aho bakura umusiguzi n'ico bomufatira ko. Ivyo abigisha bamenye imyaka n'imyaka batabanje kubirondera cane bigize urufatiro rukomeye mu vy'ubwenge. Iciumviro gifadika iyo gifatiye ku bintu vy'ukuri. Ukwo kuvumbura gushira ahabona indangagaciro ihishijwe y'ugutanga uburorero. Abumviriza batahura neza kurusha kandi no mu buryo bwagutse igihe tugarageje ukuri kwa Bibiliya mu buryo ntasubirwamwo. . . . [Dufatiye ku kugene Kristo yakoresheje imigani (**Mrk 4:34**)]. Gushitsa igihe Kristo yahitamwo kubasobanurira iyo migani na yo ahandi ho ukuri kw'insiguro y'iyi migani kwaguma guhishijwe. Uburorero bwonyene ntibushira umuco mu kuri kwa Bibiliya. Uburyohe bw'Ivyanditswe ni ugufatanyanya uburorero, ukugaragaza hamwe n'ivyo umuntu ashikiriza aho ibigize ivyo vyose bigaragajwe bishira ahabona kandi bigakomeza ukuri kw'ikindi.” (Chapell 1994: 166, 173, 175n.39)

## **VI. Ibigize Ubutumwa buhindura abantu n'itegurwa ryabwo**

### **A. Ugushira mu ngiro ni intumbero y'ivugabutumwa rigaragaza**

“Intumbero y'Ivyanditswe ubwavyo si uguhanahana inkuru ku vyerekeye Imana yamara ni uguhinduka

kw'abantu bagashushanywa n'ishusho ya Kristo Yesu” (Chapell 1994: 45). Ko Ivyanditswe vyose vyandikiwe guha ivyangombwa vyose abantu b'Imana kugira ngo bashobore gukora igikorwa baremewe gukora (**2 Tim 3:16-17**), Ima nayitega yuko tugira ico dukoze kuri izo ngorane, kuri ivyo bibazo ni ukuvuga ico Mpwemu n'Ijambo biduhishurira. Ikindi, ishengeru rirafise uburenganzira bwo kubaza umusiguzi iki kibazo, “*Ni kubera iki wambariye ivyo vyose?*” no kuvuga ku bijanye n'ubutumwa bwavuzwe ati, “*Ndatahura ico wariko uriyumvira—yamara none ivyo bivuze iki—none nobikora ko iki?*” Umushakashatsi yabivuzeko ibi “*ikintu gipima ubutumwa bwiza ni ububasha*”: “*Bifise ububasha iyo inyuma yuko mpejeje kuvyumva nisanga ndiko ndashira mu ngiro canke ndiko ndakora ivyavuzwe. Nta bubasha biba bifise igihe cose bitazoba birashirirwa mu ngiro.*’ Abasiguzi, abavugabutumwa rero bashobora gupima ububasha bukomoka mu kuvuga ubutumwa bwabo bafatiye ku rugero amashengeru atangura gushira mu ngiro no gukorera ku bice bikuru vy'ubutumwa bumva ku musu w'Imana umwe ushira uwukurikira. Ugukura mu guhinduka kw'ukugene bahora babaho mu bryo bujanye n'ubutumwa gushobora kumenera kukiinjira no mu kibano, kugeza yaho kurongorera n'abandi ku kwemeza no gutangaza izina n'ububashya bw'uwo umukozi w'Imana, umuvugabutumwa canke umusiguzi yigisha.” (Allen 2006: 74) Mu bushakashatsi bwagizwe, n'ubwo abigisha canke abasiguzi benshi bavuze yuko “*uguhinduka*” kwo mu bugingo, mu buzima kwari intumbero yabo y'ukwigisha, nta wabumviriza n'umwe yavuze yuko ico ari co gituma babumviriza (35% bavuze ko ari “*uguhishurirwa*; 30%—*gushira mu ngiro mu buzima*; 21%—*inkuru batari bazi*; 14%—*ubwenge*): “*Yamara, twashobora kuvuga yuko kubera ibice 35 kw'ijana vy'abumviriza bipfuzaga guhishurirwa abandi nabo 30 kw'ijana bakipfuzaga yuko ivyo bumvise vyoshirwa mu ngiro mu bugingo bwabo—ubutumwa buhishurira abantu bubereka ingene boshira mu ngiro ivyo bigishijwe burashobora gutuma bipfuzaga guhinduka. . . . Nubwo abumviriza bakozweko ubwo bushakashatsi batavuze ku bijanye n'igituma/ imvo ibatera kwumviriza no gutega amatwi umuvugabutumwa nk'uko yoba ari 'Nipfuzaga guhinduka,' igihe icirwa gifatiye ku bumviriza cabajije iki kibazo, 'ukora iki mu mutima umaze kwumviriza ubutumwa butari buke?' ibice 14 kw'ijana vy'abumviriza ubutumwa bavuze yuko imbere mu mutima 'baba biteguye guhinduka.’” (Carrell 2000: 151)*

### **B. Muri Bibiliya yose ukuri kw'inyigisho kuvanze n'ugushirwa mu ngiro gufadika kugaragaza uko uko kuri gutegerezwa kumera no gusa; n'ukugene ukwo kuri gutegerezwa gushirwa mu ngiro mu kubaho kw'abantu**

“Bibiliya igihe cose ntitandukanya inyigisho n'ukugene zikwiye gushirwa mu bikorwa” (LeBar na Plueddemann 1995: 141). Nk'akarorero, Abavugishwa n'Imana bo mw'Isezzerano rya Kera bafatira hamwe ijamba ry'Imana ryo kuburira abantu hamwe n'imanza, ibihano bagaca bahamagarira abantu kwihana, canke kugira ico bakoze ku mburi barungikiwe, hamwe no guhindura uburyo bahora babaho canke ivyo bahora bakora n'ivyo bahora bagendera mwo. Yesu ubwiye yahishuye akamere k'Imana, n'ubwami bw'Imana, kandi arerekana ingene dukwiye kubaho mu muco w'ukwo guhishurirwa. Vyinshi mu vyete vyanditswe kugira ngo bitorere umuti ingorane kanaka canke ibibazo kanaka vyaba vyadutse mu mashengeru. Abanditsi b'ivyete bahera ku gutanga ivyiyumviro ku ma dogitrine, inyigisho maze mu nyuma bagasigura ico izo nyigisho izo dogitrine zivyara, n'ico zisaba mu bugingo bw'abakurikira Yesu, mu bugingo bw'abigishwa ba Yesu.

### **C. Ugushira mu ngiro guha ukugaragaza, ugusigura insiguro yakwo**

Ni ukubaho, ugukora, no gushira mu ngiro ukuri kw'Ivyanditswe kugaragaza nimba umuntu yatahuye canke atatahuye kandi ko afise ukwizera nyakuri, ukwizera gukiza (raba, uburorero, **Mat 7:16-21; 28:20; Yoh 14:21, 23; 15:10; Yak 1:23-25; 2:14-26**). Ni mu buryo nk'ubwo, ubutumwa butegerezwa gufatira hamwe ugushirwa mu ngiro no kugaragaza, gusigurwa: “*Insiguro nyamukuru y'ukuri y'igisomwa iguma inyegeje kugeza tumaze kurobanura no gutahura ingene ukuri kw'ico gisomwa gutegerezwa kuganza ubugingo bwacu. . . . Ntutangure kwandika ubutumwa imbere yuko utora ico ubwo butumwa bugomba gushikako. Gushira mu ngiro gutegerezwa kuza imbere y'uko uhitamwo ubwa nyuma ku vyerekeranye n'ukugene ibintu vyubatswe, urukurikirane rw'amajamba, mbere n'ukugene ubwo butumwa bwashikirijwe canke na ho umusiguzi azoba ariko araja mu nziro y'iroro atazi iyo ishika, igana. . . . Ugushira mu ngiro ni kwo guha insiguro ivyagaragajwe. . . . Ibi bisigura yuko iyo umusiguzi atarerekana ingene ubutumwa yavuze bushobora gushirwa mu ngiro, ukwo kugaragaza kuzoguma kudakwiye, gufise ico guhajije.” (Chapell 1994: 78, 202-03) Mbere, nk'uko umwigisha w'Umukristo yitwa Lois LeBar abivugaga, “*Yakobo 4:17 habivugaga neza yuko kumenya no gukora ari ibintu bibiri bitandukanye. Igihe twigishije abantu ukuri gusha ariko ntibagushire mu bikorwa, ntibagukorerako, tuba turiko turabagira abanyavyaha babi barengeye uko bahora ari abanyavyaha.*” (LeBar na Plueddemann 1995: 99)*

### **D. Ugushira mu ngiro gushobora kuba ihinduka mu mutima, mu nyifato co kimwe n'uguhinduka mu ngeso**

Hatabayeho uguhinduka mu mutima, mu nyifato—ivyizerwa, igituma abantu bizera, ibishika, ibishobisho—kwinginga abantu ngo bahindure ingeso ni ukubashira mu mategeko gusa. Ni co gituma, kumenya

ingeso ikwiriye guhinduka (ubwishime, gucira imanza abandi, ukwigungirako), bivyara ingaruka nziza y’uguhinduka kw’ingeso (kunezerwa, ukwizera, ukwizigira Imana mu bihe bigoye), canke gukomeza ukwizera umuntu aba yaragize ubwa mbere (kumenya canke gucakira umwidegemvyo w’uguharira, kunezererwa ukuri kw’ukuzuka, kuvyura ivyizigiro bifatiye ku kutavugirwa mwo kw’Imana), ni ugushira mu ngiro kwiza kandi gukomeye hejuru yo guhamagarira abantu guhinduka mu ngeso. Gutuma abantu biyumvira mu buryo bunyuranye n’ubwo bahora biyumviramwo—uburorero, “Gushikana ishengero ku kumenya ibikenewe kugira ngo rihinduke,” “gushikana abantu aho babona ibintu batahora babona, “hamwe no “kubafasha kubona ingene isi isa ku bantu banyuranye n’abo mw’ishengero”—ni uburyo bukomeye bw’ukugene ubutumwa burongorera abantu ku guhinduka mu buryo bahora babaho (Allen 2008: 63, 67).

**E. Abavugabutumwa, abasiguzi ntibategerezwa, ntibakwiye kwibaza no kwiyumvira yuko mu gusigura kwonyene canke mu gutanga uburorero bw’ico Bibiliya ivuga n’ico isigura, abantu baca bagundura ingene boshira mu ngiro ukuri kuvugwa muri Bibiliya mu bugingo bwabo**

Ingorane nyamukuru mu “gushira mu ngiro” ico inyigisho zashitseko, ni uko izo nyigisho zitatomoye neza kandi zagumye mu bintu bidafadika kandi zavuze ibintu bidashoboka gushirwa mu ngiro. Mu bushakashatsi bwabaye ku bapasitori 206 n’abanywanyi, abakristo bari bagiye mu mashengero bashika 2,233, “abantu bake cane mu bagize ayo mashengero, abumviriza nibo bavuze ko ubutumwa bwavuzwe bwari bwerekeye ‘gutunganya ivyo mu bugingo bw’abavugabutumwa’” (Reed 1999: 84). Abavugabutumwa n’abasiguzi bagerageza “guca hejuru no kureremba” ku ngorane nyamukuru z’ukuri zo mu buzima n’ibibazo batarinze kuzivugako vy’ukuri no krondera ingene bozitorera umuti, bagahangana na zo (Reed 1999: 84; Allen 2005: 371-72). Ahubwo, umusiguzi, umuvugabutumwa ategerezwa kudaca iruhande, agasigura neza, ntarekere abantu muri kabaza, maze *agatanga ingene boshira mu ngiro* ivyo abantu bakeneye, banyotewe. Nk’uko Chapell abivuga: “Ugushira mu ngiro gushingira cane ku ngaruka no ku ruhara rw’ubutumwa bwose bwavuzwe butuma hobaho uguhinduka, canke uguhingurwa Imana isaba, yiteze mu bantu bayo. Aka si akanya ko kumira amajambo canke ko kutitwararika abantu. Ugushira mu ngiro kugaragara ni *ukuraba umuntu mu maso—umurabishije amaso y’urukundo*. Uhagaze aho uvugira ubutumwa, vuga neza ico ushaka gushikako, ico ushaka gusigura nk’uko woba uriko urakibwira uwo ukunda, uwo mwubakanye ata guhigimanga, ata guca hirya no hino, umenera inda ku rutoki. Intambara yo muri mpwemu y’abandi isaba yuko udahinyika ico ugomba kuvuga, bivuge uvyeruye, ubitomye nayo ahandi ho uba ushaka kwikingira kandi ivyo ntibifasha abavyumva, abakwumviriza. . . . Nimba ishengero ritazokira kugeza urunwarunwa n’utwongoshwa bihagaze, bivuge gurtyo nyene ntutinye ijunja ry’abantu. Nimba ukutavuga rumwe mu migambwe kwaraciye abakristo mu mice, mu mirwi, kwaraciyemwo abantu ukutumvikana, reka guca iruhande, torero umuti ico kibazo. Vugana ubwenge. Vugana Urukundo, vuga mu bwitonzi, udahuruduka. Yamara ntutinye kuvuga ico ivyo bintu bisaba n’ico Bibiliya ibivugako.” (Chapell 1994: 223)

**F. Ibibazo bibiri nyamukuru kugira ngo abantu bashobore gushira mu ngiro**

**1. Mbega abantu bakwiriye gukora iki?**

a. *Ugushira mu ngiro gutegerezwa gufatira no gushingira no kwemezwa n’amahame ashigikiwe n’igisomwa*. Ugusigura no gusobanura igisomwa bitegerezwa gushiraho amahame ukwo gushira mu ngiro gutegerezwa kwisunga. Ibi ni ngirakamaro kubera yuko abanywanyi benshi canke abanyeshengeru benshi canke ababa bariko barumviriza “bashobora gushirwa mu mirwi ya ba ‘sindabibazwa’ku bijanye nintumbero y’ihinduka” risabwa n’abavugabutumwa kuko bataza mu misa biteguriye kuzohinduka” (Carrell 2000: 151). Abumviriza ubwabo bategerezwa gufata ingingo no kwihitiramwo: “dutegerezwa gukora ibi kubera yuko ari ko Bibiliya ibivuga.” Ibi ni nkenerwa cane kubera yuko ugushira mu ngiro—mu bisanzwe harimwo uguhinduka mu ngeso, mu vyo abantu bari bamenyeraye, canke mu ngendo, mu nyifato—ni co kintu abumviriza, abanyeshengeru bashobora *kurwanyamwo* umusiguzi n’ivyo yigishije. Vyogeye ibi ni vyo bituma kwimba mu mizi no gusigura igisomwa ca Bibiliya bitegerezwa kuba bishingiye ku kuri no ku co Bibiliya ivuga—igihe wimba mu mizi, ukabaga igisomwa maze ugusigura igisomwa ca Bibiliya, utegerezwa kutabesha abantu kandi ishira mu ngiro ritegerezwa gukomoka muri ico gisomwa (kandi abantu nib o babona ko bikwiriye ko bakora gurtyo utarinze kubibagonderako no kbibabohera ko), aho rero kwimba mu mizi igisomwa, kugisigura no kugisobanura, hamwe no gushira mu ngiro ico ico gisomwa kivuga bizoca vyorohera kuko bikwegana.

b. *Ugushira mu ngiro gutegerezwa gushingira ku kintu kanaka kizwi—kandi umusiguzi, umuvugabutumwa ategerezwa gutanga uburorero bufadika, buzwi bw’ingene abantu bokora*



*ibikenewe gukorwa.* Kwingingira abantu canke kubahanura “gukunda bagenzi babo, ababanyi” ntivyoroshe gushira mu ngiro. Gukunda mugenzawe ni ihame muri rusangi gusa, risanzwe rizwi neza mu bagize ishengero. Ritegerezwa kuva ku kuba ihame muri rusangi rikaja mu gushirwa mu ngiro vy’ukuri igihe umuvugabutumwa, umusiguzi yabonye ibintu bikeneye gukorwako ikintu kanaka abanyeshengero babona, babana na vyo aho bategerezwa gushira mu ngiro ivyo Bibiliya ivuga, ihame rya Bibiliya (uburorero, gukunda mugenzawe ari mu mugambwe utandukanye n’uwawe, utavuga rumwe n’uwo urimwo; kutarerera abana mu rwanko; kudatwenga canke kudakengera ukwizera kw’uwundi; kutanka umuntu ngo kuko ari mu bwoko no mu muryango unyuranye n’uwo nawe urimwo). Yamara, no kuvuga ivyo ntibihagije ntuba wadomye ko urutoki. Umuvugabutumwa, umusiguzi akwiriye kwerekana ibikorwa kanaka bikwiye gukorwa bigaragaza ico ari co urukundo, ingene urukundo rumeze n’ingene rukora (uburorero, gufasha umuvyeyi guterura umwana wiwe kugira ngo na we aruhuke na gatoya, kwerekana ibikorwa vy’urukundo, vy’ubuntu ku babanyi bawe, gusaba ababanyi ko baza mugasangira, n’ibindi nk’ivyo bifadika). Umusiguzi, umuvugabutumwa ategerezwa gutanga uburorero bufadika bw’ukugene *abantu b’uburyo butandukanye mw’ishengero* (abakiri bato; abageze mu zabukuru; abubatse; abagabo; abagorew) bashobora gushira mu ngiro ihame rya Bibiliya mu bugingo bwabo. Ikindi, “kwumva inkuru z’abantu babaho b’ukuri Atari impimbano [harimwo n’umuvugabutumwa ubwiye] yakozweko n’ijambo ry’Imana bigatuma agira ico akoze canke akiyumvira mu buryo bunyuranye n’ubwo yahora yiyumviramwo bifasha abamwumviriza nab o guhindura no guhinduka hamwe no kurondera uburyo bw’uko nab o bogira ico bakoze canke bagahindura ivyiyumviro, n’inyifato” (Allen 2008: 66).

c. *Gushira mu ngiro gutegerezwa kuba gushingiye ku bishoboka.* LeBar atwibutsa ukuri gukomeye: “Twese mu bisanzwe turanka, turatinya, turarwanya ihinduka kubera yuko iryo hinduka risaba ugutunganya ibintu no gukora ibintu mu buryo butandukanye n’ukugene twahora tubikora, n’ukugene twari twavyubatse, n’ivyo twari tumenyereye, hamwe n’ukugene twari turi. Biroroha rero kubandaniriza mu vyo twaza tumenyereye kurusha gusambura ukugene twahora twiyumvira n’ukugene twahora dukora. Iyo umuntu asabwe guhindura ibintu vyinshi muri we mu kanya gato bica bimurengera.” (LeBar na Plueddemann 1995: 175) Kubw’ivyo, mwiubare, mwirinde gusaba abanyeshengero guhindura kimwe na kimwe ubugingo bwabo. Gerageza kurondera ikintu umuntu wese ashobora gukora—kandi ubereke ingene bashobora kugira imirwi mw’ishengero (urwaruka, abatama n’abatamakazi, abashaje, abahumure, abizera, abatizera, eka n’ibindi.). Stanley ahanura ibi bikurikira, “Igihe nsavye abanyumviriza gukora ikintu kanaka, mu bisanzwe ndabasaba kwiyemeza kugikora mu gihe kanaka kizwi. Hagati na hagati mu bintu vyinshi vyari bigize isengesho ry’Umwami, nasavye ishengero ryacu gutangura imisi indwi ikurikira bahereye ku gusenga. Imisi ndwi gusa itarenga. Uwo ari we wese arashobora gukora ivyo, nta we vyonanira. Nizigira yuko iyo misi ndwi ishobora gushiraho ingeso canke ingendo, canke akamenyere.” (Stanley na Jones 2006: 189) Mwibuke, muba muriko muragerageza guhindura akamenyere n’ingeso z’abantu. Ni nko kugerageza gukura amapine y’imodoka aho yamenyereye gushirwa no kugendera—ntivyoroshe, bifata igihe no kugumizako, guhozako. Yamara, iyo ingeso nsha, n’ukumenyera gusha mu vyiyumviro no mu bikorwa bitanguye, buke buke bizoshinga imizi uko bizoguma bikorwa, bisubirwamwo.

d. *Mu gushira mu ngiro dutegerezwa kurongorera abantu bacu bariko baratwumviriza ku vyo Yesu yavuze ko azobashoboza, ku butunzi buri muri Yesu Kristo—ku guca bugufi, ku kwumvira, ku gusenga, ijambo ryiwe, akarorero n’icitegererezo ciwe, Mpwemu, kwizigira ko abidushoboza, gukoresha ukuri kwiwe, kugira ico ukoze ku kuri kugaragara yavuze—ivyo bibashoboza guhindura no guhinduka gukenewe kugirwa mu bugingo bwabo.* Abasiguzi n’abavugabutumwa bategerezwa kwiyubara no kwirinda gutanga “impanuro zifatye ku vyo abantu bavuga ngo babikore mu nkomezi no mu bubasha bwabo gusa” (Chapell 1994: 210). Uba “ugabanije akantu gato ku bukristo” iyo ubariye abantu kumera “nka [Mose, Gidiyoni, Dawidi, Daniyeli, canke Petero],” “kumera neza, kuba beza,” canke “kwitoza indero nziza” bisigura yuko “dushobora kwishoboza guhindura uko tumeze bivanye n’irwa biciye mu nguvu n’inkomezi zacu gusa” (Ico gittabu nyene: 267-68, 280-86). Kwigisha ico abantu bakwiye kuba n’ico bakwiye gukora, yamara udashizemwo Kristo, abibashoboza, vyonona, bitesha agaciro ubutumwa bwiza—kandi mbere bivayara ishengero ryuzuyemwo Abafarisayo, indyadya.

e. *Ugushira mu ngiro gutegerezwa gukoresha ubutunzi ishengero rifise.* Ubushakashatsi bwerekanye yuko, “abavugabutumwa badashobora guharura ku kwiyumvira

kw'abanyeshengero kandi ko badashobora guhindura bivanye n'ubutumwa buvuzwe rimwe gusa. Abavugabutumwa bategerezwa kwiyumvira ku butumwa bwavuzwe rimwe ko bukorana n'ubundi butumwa bwavuzwe mbere kandi ko bukorana n'ibindi bintu bigize ukugene ishengero ryubatswe [kugira ngo hashobore kuboneka uguhinduka kwo mu buzima no mu bugingo].” (Allen 2008: 74) N'imiburiburi hariho ibintu bibiri bishobora gufasha:

(1) Ereka abantu bawe ubutunzi buri mw'ishengero no mu kibano. Iyo ishengero rikora nk'uko ryategerezwa kuba rikora, kandi iyo umuvugabutumwa azi neza abantu biwe (harimwo n'ingabire, n'ubuhinga, n'ubuhanga bwabo hamwe n'ubutunzi bwabo), abanyeshengero bashobora kurongorerwa ku bagize umubiri wa Kristo bashobora kubafasha uko batangura kwishushanya n'ishusho ya Kristo. Mbere n'ubwo ishengero rishobora kuba ridafise ibikorwa kanaka canke imirimo kanaka canke mbere n'irigire n'abantu kanaka muri ryo bashobora gufasha abagize iryo shengero, igisagara canke ikibano gishobora kuba gifise abantu nk'abo canke ubutunzi nk'ubwo bwofasha abanyeshengero.

(2) Imirwi mito mito yo guhanahaniramwo iviyumviro. Amashengero menshi akoresha imirwi mito mito ihurira hamwe mw'iyinga. Ayandi mashengero mbere arafise imirwi mito mito yo guhanahana iviyumviro ku bintu bimwe bimwe biba vyavuye mu nyigisho, mu butumwa bwavuzwe ako kanya nyene imisa iheze. Iyo mirwi mito mito ishobora guhanahana iviyumviro no guharira ku butumwa bwavuzwe kw'iyinga, cane cane bashimikiye ku viyumviro bikomeye no gushirwa mu ngiro kw'ivyavuye muri ubwo butumwa. Imirwi mito mito yo guhanahaniramwo iviyumviro ni uburyo bwiza bukomeye ngirakamaro butuma abantu bagira ico bakoze kandi “bagashikana” ico ubwo butumwa bwavuzwe ko. Abantu bagize uwo murwi muto bose barafise ivyo bacyemwo umwe umwe n'ubwenge bushobora gufasha abandi, kandi ibibazo vyakomotse mu butumwa birashobora kwishurwa no gutorerwa umuti. Mortimer Adler atubarira igituma ukwo guhanahana iviyumviro ari ngirakamaro cane: “Nyene kubera yuko umuvuzi w'ubutumwa ata wumuhagarika, kandi abumviriza bumviriza mu gacerere birashobora kutagenda neza no kugora kurusha gusoma no kwandika, ahubwo bimera neza kurusha iyo uriko urereka abantu ikintu kanaka bikurikiranye n'ukubaha akaryo nab o bakavuga ingene babibona, bakabaza ibibazo aho batatahuye ku vyo wababariye, ku vyo wavuze, ntategerezwa kuga wenyene—mu kuganira cane mu guhanahana iviyumviro, mu kubaza ibibazo no mu kwishura ivyo bibazo, mu gushira ho urwego, uburyo kanaka aho umusiguzi n'uwumviriza, ishengero bashobora guhurira bakavugana bagahanahana iviyumviro, bagahuburana aho umwe umwe wese ashobora kuba yahuvye. . . . Igihe ukwigisha kutongewe ko uguhahanahana iviyumviro bifasha umuvuzi w'ubutumwa kugira ngo amenye neza yuko abumvirije ubutumwa bashikiriwe na bwo kandi bwabakoze ku mitima, kandi igihe kwumviriza kudakwirikiwe no gusoma iyo habuze ibishobora kwongerwa ko no guhanahana iviyumviro, ukwo kwigisha nta na kimwe gushobora gushika ko.” (Adler 1983: 52)

## 2. Kubera iki dukeneye kubikora?

a. *Turakwiriye guhimiriza abantu.* Ibikorwa vyiza bikozwe kubera hari ibindi bintu umuntu ahekeyeko bishobora kutagira ico bimaze ndetse amategeko n'uburyarya. Ahubwo, Ubukristo bufise ihangiro ryo kubona ko imitima y'abantu yahindutse, “uhereye imbere mu mitima bikagaragarira inyuma” (raba **Rom 12:1-2**). Ubugingo bwahindutse, bwahinguwe imbere mu mitima bushikana ku guhinduka kw'ingeso bikagaragarira ababibona. Ikintu nyamukuru ni ukwerekana, ukurongorerwa abumviriza kuri Kristo, no ku rukundo hamwe n'ubuntu bw'Imana. Rero, ikibazo abasiguzi bese bategerezwa guhangana na co ni: mbega dutegerezwa kuba abera *kugira ngo turonke* ukwemerwa n'Imana, canke dutegerezwa kuba abera *kubera* Imana iya yarawemeye? *Ukwiya giriza*, ukwiya merera icaha gushikana *uwutashaka kwihana* ku musaraba, yamara *ku wizera* bituma ugutahura neza *ubuntu* bw'Imana kumushikana ku guhindura vyose akaba *uwushima*: “Igihe abizera, abakristo babonye yuko Ivyanditswe vyose—ibintu vyose bijanye n'uguhishura kw'Imana kwagaragaye muri Bibiliya—ari urubuga rugaragaza ubuntu, imitima yabo ica bugufi igatangara. Inyifato nk'iyi n'uguca bugufi nk'ukwo gushinga ubutumwa bwo gutazira Imana no kuyihimbaza hamwe no kwumvira ata co bahekeye ko kandi bituma ugushira mu ngiro ukuri kwose kwa Bibiliya kuvyara ivyamwa vyo gushima, gutazira,

gukenguruka, hamwe no gukunda gukorera abandi. Ukwigisha gushingiye kuri Kristo ntigukuraho ibisabwa vy’uko abakristo bakwiye kugira ingeso n’umutima nk’uwa Kristo Yesu, yamara ahubwo bibereka yuko isoko ryabo rikomoka ku bubasha bubinginga bw’ubuntu. Amategeko y’ukwumvira ntahinduka, yamara ibituma bohinduka ni vyo bihinduka.” (Chapell 1994: 302)<sup>1</sup>

b. *Turakeneye kandi gutanga ivyereka abantu ko bakwiye kubaho mu buryo bw’uko igisomwa kivyerekana.* Tanga uburorero bukomotse mu bugingo bwawe bwite, canke mu bugingo, mu buzima bw’abandi, canke bw’amashengeru canke bw’ibibano canke ibihugu, aho tubona habayeho uguhinduka. Mu mpera y’ubutumwa Stanley yavuga yagerageza kwereka abantu “icapu y’igishusho, ikigereranyo c’ivyo yipfuzako ko vyobaho”. Muri iki gihe co guheraheza uca uhamagarira abantu kwiyumvira hamwe ishengeru, ikibano, imiryango kumbure mbere isi yose vyomera hamwe abakristo aho bari hose boshira mu ngiro ivyo wiyumvira, icyumviro cawe” (Stanley na Jones 2006: 129). Ibi bituma abantu biyumvira, bakanagerageza guhinduka nk’uko Ivyanditswe n’ubutumwa bwavuzwe bwabisavye.

## VII. Ibigize n’itunganywa ry’ubutumwa buhindura abantu

### A. *Kugira ngo umuntu yigishye neza, ubutumwa butegerezwa kuba bufatiye ku kintu kimwe gusa*

1. Kubera yuko ihangiro, intumbero ari uguhinduka—kw’ubuzima, ubugingo, ubuhinga bwiza bukomeye bushikana kw’ihangiro ni ukugira ikintu kimwe, atari ibintu vyinshi, mu butumwa bwawe uvuga. Ico kintu kimwe conyene gikomoka mu kwerekana neza *iyu uriko uraja*, aho ugomba ko abakwumviriza boshika—mu yandi majambo, icyumviro kigaragara ushaka gushikiriza abantu; ikintu kigaragara ugomba gushikako; ikintu kimwe bakeneye kumenya kandi n’ico bakwiye kugikora ko; aho ugomba yuko ugushira mu ngiro kwabo gushika hamwe n’ukugene ugomba ko abantu bahinduka mu bugingo bwabo. Stanley abivuga guruya: “Igihe mvuze *ikintu mba mfatiye ku kintu kimwe muri ibi bitatu: ugushira mu ngiro, ubwenge kanaka, canke ihame.* Dukoresheje ubu buhinga, ubutumwa ubwo ari bwo bwose butegerezwa kugira icyumviro ngenderwako, ugushirwa mu ngiro, ubwenge, canke ihame rikora nk’ubwome bufataniriza ivyo bindi vyose hamwe” (Stanley na Jones 2006: 103). Igihe ufise ico cyumviro c’iyu ugomba gushika mu mutwe wawe neza, ikintu cose ushiramwo mu butumwa uvuga gitegerezwa kuba cogufasha ku gushimangira, ku kugaragaza, ku kwerekana neza no gutuma ico kintu kizokwama cibukwa n’abacumvise. Nk’uko Stanley abivuga, mu butumwa, mu kwigisha “tuba tujanye abantu mu rugendo [rushikana aho ubugingo bwabo buzohinduka]. Igihe umaze kumenya iyo urwo rugendo ruzoshikana abantu, ubishikiriza abantu bawe kugira ngo ubereke inzira nziza kandi irashe, igororotse. Iyo bisigura yuko ukuramwo ibintu vyose bitajanye n’iyu ugomba gushika, bitajanye n’ico ugomba gushika ko” (Ico gitabu nyene: 109-10).

2. Igihe umaze kuvumbura ikintu nyamukuru ugomba gushikako maze ukubakira ubutumwa uvuga kuri ico kintu, intambuko ya kabiri ni ukugerageza kwiyumvira ingene wobivuga mw’ijambo rimwe canke mu ryungane rimwe rituma abantu bazokwama bibuka ico washakaga gushikako, ico wavuze. Imana iriko iravugaga iki kw’ishengeru, iriko irabwira iki ishengeru biciye mu vyo umwanditsi yanditse? Igihe umaze kugitora, kivuge mu majambo yoroshe, *mu ryungane rimwe ry’icyumviro nyamukuru c’ubwo butumwa—mu yandi majambo, ikintu kimwe ushaka ko abantu bawe bibuka kandi batahana muhira kuri uwo musi uhejeje kuvuga ubutumwa.* Iki ni co twita *ivyo ushikirije* (raba **Ivyongewe ko B, ibigabane vya IV.B-E**). Tubivuze mu majambo yoroshe, ico ushikirije mu butumwa ni *amajambo nyamukuru yumvikana akomotse mu gisomwa* ubifatiye kw’ishengeru. Ayo majambo apfunyapfunya ico wizera, wibaza ko Uhoraho yipfuzako ko ubwira ishengeru ubivomye mu gisomwa uriko urigisha ko, uriko urasigura ko. Ibice vyose vy’ico gisomwa bitegerezwa kwubakwa bifatiye ku kuri kubikomoka mwo, kandi bitegerezwa kuba bifatiye isano mu buryo ushobora kubigaragaza. Ico ushikiriza gikwiye kuba cokwama cibukwa naho hoba haheze imyaka myinshi. Ibi bizogufasha kandi bifasha n’ishengeru ryawe, abakwumviriza. Iyo bibaye bigufi kandi vyibukwa, bizoca vyorohe ingene ubivuga n’ingene uguma ubigaruka ko mu butumwa bwawe. Iyo vyateguwe bigatunganywa neza, bizoca bigaragara neza ku bantu uriko urabibarira ko ico ari co cyumviro nyamukuru washatse kubashikiriza. Muri ubwo

<sup>1</sup>Ubudasa buri hagati y’ishaka ry’Imana /ubuntu n’ishaka ry’umuntu/ ukwiyagiriza kubera ukwumvira ni rwo rufatiro: “Igihe umuntu asunikwa n’urukundo, aho Uhoraho, intumbero ziwe, hamwe n’ubwiza bwiwe bica biba ihangiro ryacu. Hatabaye ugushira mu ngiro ibibazo nk’ivyo bituma uwizera akorera ikindi kintu ico ari co cose kimurengeye” (Chapell 1994: 209).

buryo, ico ushikiriza ukivuga mu ntango y'ubutumwa bwawe kugira ngo bagume bacibuka, niyo bazimiye bakigaruke ko. Kumbure hari aho bidashoboka io uriko urigisha ufatiye ku gisomwa kivuga ku nkuru kandi ukigisha mu buryo bw'uko uwo wigishije ari we aja kwikuriramwo isomo, icirwa kanaka yakuye muri ukwo kuvuga iyo nkuru, ivanywe muri ico gisomwa.

3. Kugumiza ijisho ku kibishira hamwe ni vyiza n'imiburiburi kubera ibi bintu bitatu bikurikira:

a. *Igisomwa ubwaco gisaba ko ukigumiza ko ijisho, gisaba ko ari co wisunga.* Ikintu nyamukuru n'intumbero y'igisomwa ni yo dutegerezwa kwisunga uko tugerageza kwimba mu mizi no kwagura ico gisomwa hamwe no kugisigura. Nk'uko Chapell abivuga, “insiguro y'igisomwa ni insiguro y'ubutumwa, y'inyigisho wigishije” (Chapell 1994: 23). Hariho ukugene ivyiyumviro vyisuka, bikurikirana vy'ukugene umwanditsi wa Bibiliya yabishikirije. Bibiliya ubwayo ishikiriza inkuru ifatiye hamwe kandi itavuguruzanya. Mbere naho ivyiyumviro mu gitabu kimwe kanaka usanga umengo ntibisa n'ivyavuzwe mu kindi gitabu, haba hariho intumbero nini canke ubumwe inyuma y'ivyavuzwe umusomyi ahumutse, aciye ubwenge kandi igihuzi cavuye ku maso, ibikaragashi vyavuye ku maso ashobora kubona. Ni co gituma, ubutumwa bwacu butegerezwa kwerekana ubumwe buri muri ico gisomwa. “Nubwo ivyiyumviro vyinshi n'utundi tuntu twinshi tugize ubutumwa, inyigisho, ivyo vyose vyategerezwa kuba vyenena, kandi biterera ku ciyumviro kimwe. Ubutumwa bwerekeye ikintu kimwe” (Ico gitabu nyene: 38).

b. *Abavugabutumwa, abasiguzi bakwiye kuguma ku ntego.* Ivyanditswe birinjira cane kandi bigizwe n'ibintu vyinshi bigoye isobanura. Hari abantu benshi bagize ico bavugaga ku bisomwa bimwe bimwe. Yamara, udafatiye ku ntumbero imwe imwe y'igisomwa, kuvangavanga ibisomwa uva kuri kimwe uja ku kindi ntibisobanura neza. Ukugumiza amaso ku kintu kimwe bishobora kuboneka ubwa mbere yuko bizitiye umusiguzi, yamara mu vy'ukuri bimuha umwidedemvyo wo kutarwa mu mutego w'ibisomwa binyuranye rimwe na rimwe womenga biravuguruzanya: “mu gihe umaze guheza gutegura ubutumwa bwawe, uca umenya neza aho inguvu z'ubutumwa bwawe uzishira canke ziri, uca umenya aho ushimikira aho ari ho. Mu gihe uba umaze guheza gutegura, uca umenya igice c'ubutumwa bukunyuzwe aho kiri. Mu yandi majambo, uca umenya *ingene* utora icyumviro nyamukuru. Uca umenya *igihe* wakiguye ko. Ico ugomba kugumiza ko ijisho ni ukwubakira kuri ico ciyumviro nyamukuru.” (Stanley na Jones 2006: 105)

c. *Abumviriza bakeneye gukurikirana icyumviro nyamukuru.* Gutega ugutwi ntikumeze nk'ugusoma, aho igice gishobora gusubirwamwo mu buryo bwo kugisoma kugira ngo utahure kurushiriza, canke mu gihe uba utagitahuye ubwa mbere. Abumviriza baruha ningoga iyo bariko baragerageza kurondera iyo umusiguzi ari ko araja canke iyo bashaka kumenya ico umusiguzi ashaka gushika ko ni ivyo ari ko aravugaga. Yamara, ubutumwa bwubatswe ku ciyumviro kimwe nyamukuru buroroshe gukurikirana. Abumviriza baca bibagira n'ingoga urutonde rw'ivyiyumviro vyinshi. Biroroshe cane kwibuka icyumviro canke ikintu kimwe gusa kurusha kwibuka ibintu vyinshi—iyo ico ciyumviro kirashe, cumvikana, cibukwa maze “kigashimangirwa” ku bavyumviriza. Ukugumiza ugutwi ku kivugwa hamwe n'ugutahura kw'abavyumviriza birashobora gufashwa mu gukoresha isubiramwo hamwe n'ugukoresha ibibazo:

(1) Gusubiramwo. “Ugusubiramwo kurakenewe kubera yuko uwumviriza adashobora kugaruka ku vyavuzwe mbere ngo yongere kuvyumviriza, iradiyo ivuze ntisubiramwo. Ijambo riguma ritera imbere, rigomba gushika ku ntumbero yaryo, ku ciyumviro caryo, , kandi umusiguzi ategerezwa gusubiramwo ikintu cavuzwe mbere iyo abamwumviriza bagomba ko bagishir mu mutwe, kikagumayo mkugira ngo batahure icyumviro cari kizovugwa mu nyuma.” (Adler 1983: 65)

(2) Ibibazo bibajijwe mu buryo bwo gufasha abumviriza. Mu gihe ubutumwa buba buriko buravugwa, mu gihe umusiguzi aba ariko arasigura ushobora kutuma abakwumviriza batega ugutwi, bagukurikirana mu kubabaza ibibazo no kwishura ivyo bibazo wababajije (uburorero, “Kubera iki?”; “Kubera iki bivuga ivyo?”; “Ni ibiki biriko biraba ngaha?”; “Ariko aratubarira iki ngaha?”; “None ibi vyokoreshwa gute mu bugingo bwacu uyu musu?”).

4. Kugumiza ijisho ku kintu kimwe mw'ivugabutumwa canke mu gusigura ni co cerekana itandukaniro riri hagati y'ukuvuga ubutumwa no kwigisha: mu kwigisha umuntu arashobora gukora canke kuvuga ku bintu vyinshi bitandukanye vy'ico gisomwa; kugumiza ijisho kw'umuvugabutumwa ku gisomwa gutuma umuvugabutumwa ashingira ku ciyumviro kimwe kugeza aheze ubutumwa bwiwe. Ubumwe

bw'ubutumwa, bw'inyigisho, bw'insiguro buha umusiguzi akaryo ko kwinjira mu mizi no kubaga icyumviro. Nimba hari ho ibibazo, ivyiyumviro bibiri canke birenga biboneka bikagaragara muri ico gisomwa uriko uriga, uriko urategura ko, ntugikoreshe rimwe, ntucigishako rimwe mu kuvuga ivyo vyiyumviro vyose wasanzemwo, cigishako kenshi, ufat icyumviro kimwe kimwe kugeza uhejeje ivyo vyiyumviro vyose wakibonyemwo, ivyo bibazo wakibonyemwo. Ahubwo, bikira uwundi musu ikindi icyumviro gisha wabonye muri ico gisomwa, canke na ho ukore urukurikirane rw'inyigisho kuri ico gisomwa, werekana icyumviro kimwe kimwe uko ucigishijeko. Mu gutegura kwawe, ikibazo cawe ntikizoba ari *ukurondera* icyumviro ushaka kwigishako, gushimikirako, yamara kizoba ari ukubanza *gukuramwo* ivyo bindi bibazo bibiri canke bitatu biboneka muri ico gisomwa nyene utagomba kuvuga ko uyo musu ukabibikira hanyuma.

**B. Uburyo, ubuhinga, ukugene umuntu yigisha kuratandukanye bivanye n'ivyo aba ariko arigisha, n'intumbero y'ubutumwa aba ashaka gushikiriza, ibihe aba ariko arigishiriza mwo, hamwe n'ubumenyi ababa bariko baramwumviriza bafise, hamwe n'ivyo abamwumviriza bakeneye**

1. Akamaro ko gutungana neza ivyo uja gushikiriza. “Gutunganya n'ugushira ho urutonde rw'ivyo uvuga kwemeza abantu co kimwe n'ivyo uvuga” (Stern 1991: 199, 203, 205). Mu cigwa canke ubushakashatsi bwakozwe, “ibice 28 kw'ijana vy'abumviriza bavuze k'ubutumwa bwiza co kimwe n'ugutunganya neza ubwo butumwa. Kuri bo, ubutumwa butunganije neza bugizwe n'ukubwitondera, ukabona ibirimwo binyegeje, ukubutegura neza nk'umwigisha . . . bwumvikana . . . hamwe no kwerekana ugaragaza isano riri hagati y'Ivyanditswe n'ibice nyamukuru, ibibazo nyamukuru canke ivyiyumviro nyamukuru vy'iryo vugabutumwa, vy'ico cigwa, vy'ukwo gusigura. . . [Ku rundi ruhanda na rwo] Ibice 47 kw'ijana vy'abumviriza bavuze yuko ubutumwa bubu canke ugusigura kubi ni ubutumwa budatunganijwe neza, butateguwe neza. Ico bavuze nyamukuru *c'ubutumwa budateguwe neza* ko ari ugushiraho “amajambo utabanje kwiyumvirako, aje giturumbuka”, umaze kwumva kenshi cane kuri uwo musiguzi, yama agaruka imisi yose iyo uwo musiguzi ahagurutse kuvuga ubutumwa. Bavuga yuko ubutumwa burebure bwama bubandanya (burimwo insiguro imwe gusa yama isubirwamwo kenshi canke hari mwo ibintu bitajanye) inyuma cane yuko icyumviro nyamukuru kiba cavuzwe, canke ubutumwa bugizwe n'ivyiyumviro vyinshi nyamukuru vyose kugeza yaho kimwe mu vyiyumviro ngenenderwako kitaba kigishoboka kumenyekana. Umwe mu bumviriza yabajijwe yavuze ati, ‘Ndibaza niba azi icyumviro ciwe nyamukuru agomba gushikiriza nimbi yogishikiriza mu ryungane rimwe gusa.’ Nk'ico twokwongerako, abumviriza bavuze ko ubutumwa budateguwe, budatunganijwe neza bumeze nk'ubutagira isano, ubutaco buhuriyeko n'Ivyanditswe.” (Carrell 2000: 92-94) Icyumviro kimwe ngenderwako, cubakiye ku kworoshya ubwo butumwa mu kubuvuga mu ajambo yumvikana, atahurika aho kubukomeza, ukabuvuga mu majambo abanza kuronderwa kure no kwiyumvirwa ko cane kugira ngo abantu batahure ico uvuze ico ari co, kandi ko ugutunganya kwiza ivyo vyose ari vyo Bizana *ukwumvikana, ugutahurika* kw'ubwo butumwa. Ukwumvikana ni kwo kugiza *ukwemeza* abantu. Ata kwumvikana kw'ubwo butumwa abumviriza baca baruhishwa ningoga no gukurikirana ico umusiguzi ariko aragerageza gushikiriza, maze bace babivamwo, biyumvire ibindi. Iyo uvyo umusiguzi ariko aravuga vyumvikana, abumviriza babandanya kwumviriza umusiguzi, kandi nta nkeka ko batahura, bakibuka maze bagashira mu ngiro ivyo umusiguzi yababariye. Utegerezwa kwerekana ingene watunganije, wateguye ubutumwa uja kuvuga imbere y'igihe ubwinjira mwo ucishije muri *rya ryungane ryo gushikiriza ico ugomba gushika ko*.

2. Iryungane ngenderwako wateguye rigufasha gutegura no gutunganya ubutumwa uja kuvuga kandi rifasha ababwumviriza gutahura aho uri, aho ugeze, n'iyi uja. Iryungane ryateguwe ngenderwako ni nk'ikimenyetso cerekana iyo uriko uraja ukoresha mu kwereka ababa bariko barakwumviriza iyo ugomba kubajana no kubashikana mu butumwa ugomba kubabarira. Mu yandi majambo, iryungane ngenderwako ryateguwe rigabisha abariko barumviriza ingene utegura gushikiriza icyumviro c'ivyo ugomba gushikiriza (raba **Ivyongewe ko B, ibigabane vya IV.E-G**). Mu ryungane ngenderwako ryateguwe, uha abakwumviriza ivyiyumviro kanaka vyo mu bice nyamukuru ugomba gushikako kandi ukabereka urutonde ruzogutuma ubishikako. Nkuko tuja twabivuze mbere: *abumviriza bategerezwa kuguma ku ntumbero*. Bacoka bakarambirwa ningoga igihe bariko baragerageza kwironderera iyo umusiguzi, umuvugabutumwa ariko arabajana, n'iyi agomba kubashikana mu vyo ariko aravuga. Iryungane ngenderwako ryateguwe ribagumiza ku ntumbero. Rikora nk'ikiranganzira ku bariko barumviriza c'ukugene insiguro yawe y'igisomwa ija kubandanya. Uko wimuka uva ku icyumviro kimwe c'igisomwa uja ku kindi ushobora gusubiramwo mu yandi majambo rya ryungane nyamukuru ngenderwako ryateguwe kugira ngo abakwumviriza bamenye neza iyo ugeze. Ni co gituma, ivyo

ushikiriza hamwe n'iryungane nyamukuru ngenderwako ryateguwe bifasha mu gutanga *umuco no kwerekana neza ivyo uriko uravuga ivyo ari vyo*, kandi ivyo bibuze ubutumwa uvuga buca burwa mu matwi y'ibihurugutwi, ubutumwa uvuga ntaco bushikako.

**C. Ibintu bitatu vyerekeranye n'ivugabutumwa kenshi na kenshi birerengagizwa, yamara bifise akamaro kanini ku kugene bishikirizwa: intangamarara; kuva ku ciyumviro uja ku kindi; no gusozera**

**1. Intangamarara.**

a. *Intangamarara itegerezwa gukora n'imiburiburi ibintu bitatu: (1) guhimiriza ukudasamara kw'abariko barakwumviriza; (2) gushira ahabona ivya nkenerwa, ikibazo, canke uguhagarika umutima abantu bagira canke abantu bariko barakwumviriza bacyemwo; hamwe no (3) gushikiriza inyishu y'igisomwa ca Bibiliya giha ico kibazo, iyo ngorane n'ukwo guhagarika umutima.* Stanley asobanura igituma ibi ari nkenerwa cane: "Iyo duhaye inyishu ibibazo ata muntu n'umwe ariko aravyibaza canke tukagerageza gutorera umuti ikibazo kitaraho, ikibazo kitaraje ishingira abantu, inkuru dutanga zirwa ku matwi atumva. Inkuru itaba iriko iratorera umuti ikibazo kiraje ishingira abantu nta co iba imaze, ntaco iba imariye abavyumviriza. Iyo nkuru ishobora kuba hari ico imariye abavyumviriza, yamara igihe abavyumviriza batabonye canke batumva akamaro k'ivyo uriko urababarira, bica biboneka ko ata co bimaze. Nta n'umwe abishirako umutima. Bashobora kwicara batekereje, banumye, bihoreye kugeza uhejeje kuvuga ivyo wari wateguye, yamara ni nko guhuha mw'isekuro, kuko ivyo wavuze ata co biba bibamariye, canke ata co bibungura. . . . Intangamarara yawe ishobora kuba ari yo igice gikomeye cane mu butumwa bwawe ugomba gushikiriza. Intangamarara igereranywa n'umuyobozi w'imodoka asemerera ati, 'Mwese mwinjire!' . . . Abantu benshi b'imvuzi cane cane abavugabutumwa, barasuharerwa no kwinjira mu bigize ubutumwa bagomba gushikiriza [kugeza yaho] badafata umwanya uhagije wo kuva ku ciyumviro uja ku kindi, bategure intangamarara yabo. Bituma bava ku gituro cabo bakakireka conyene." (Stanley na Jones 2006: 153-54)

b. *Utegerezwa gufata umwanya uhagije kugira ngo urabe yuko abo uriko urigisha, ubwira ubutumwa bumviriza, badasinziriyeye, bashaka ko uguma uvuga—utegerezwa kuraba ko uriko uratorera umuti ingorane zibaraje ishingira kandi ko uriko urishura ikibazo nab o ubwabo bariko baribaza.* Barakeneye kumenya ico bashobora guhomba bitagenze uko ubibasaba. Stanley aheraheza avuga ati: "Nk'uko biri mu butumwa bwose mvuga, nkunda gucishamwo ibi, 'iki ni co gituma ibi mvuga ari ngirakamaro.' . . . Kenshi na kenshi ndasigura igituma mu mpera y'intangamarara. Ubu rero ko baba bamenye aho dutera tuja, barakenera kumenya igituma ndabajanayo. Ko biba biri muri Bibiliya ivyo birahagije kuri bamwe, yamara ntibihagije kuri bose. Kwishura igituma bitanga akandi karusho ku baba bariko barakwumviriza kugira ngo bagukurikirane, bashike ku kindi gice kigize ubutumwa uriko uravuga." (Ico gitabu nyene: 187-88)

**2. Kuva ku kintu uja ku kindi.**

a. *Uko uva ku ntangamarara ukaja mu gusigura no gusobanura igisomwa, maze ukava ku gisomwa ukaja ku kibazo ubaza abantu bawe, maze ukaja ku nsozero, ukwiriye kwereka neza abantu bawe bakwumviriza ko uriko uravaku kintu wimukira ku kindi, maze ugatandukira ikindi gice c'ubutumwa, cinyigisho canke insiguro yawe.* Abumviriza kenshi na kenshi barashobora gusamara kiretse iyo umusiguzi abagumije ku "ntumbero" bashobora gukurikirana mu vyiyumviro vyabo, bakagumiza ivyiyumviro vyabo kuri iyo ntumbero, kandi bashaka no gutahura iyo ntumbero. Kumenyesha abariko barakwumviriza igica gikurikirana bibafasha, bibatera kugumana nawe kandi bagakurikirana ingene ivyiyumviro vyawe bibandanya kimwe kigaha ikindi.

b. *Mbere no mu nsiguro y'igisomwa, utegerezwa kwerekana ingene uva ku ciyumviro kimwe c'ico gisomwa ukaja ku kindi ciyumviro c'ico gisomwa nyene.* Ico ni co gituma dukwiye kuba dufise "iryungane ngenderwako ryateguwe." Iryungane ngenderwako ryateguwe rikora nk'ikimenyetso ku bariko barumviriza c'ukugene insiguro yawe y'igisomwa ija kubandanya. Uko uva ku ciyumviro c'igisomwa uja uja ku kindi, ushobora gusubiramwo iryungane ngenderwako ryateguwe canke icyumviro ngenderwako categuwe kugira ngo abakwumviriza bose bumve aho ugeze.

c. *Ugusubiramwo kurafasha.* Gerageza uvuge amajambo nk'aya, "Ubu, dufatiye ku muco w'ivyo vyose, twokora iki? Mbega iri hame ryomera gute hamwe twogerageza kurishira mu

ngiro, no kubaho uko rivuga? Ngaha turafise ico twoterera, twoshikiriza.” (raba neza, muri aka karorero, ukudasamara kw’abumviriza kwari gufatiye ku gukoresha ikibazo, kandi ko ico kibazo cari casubiwemwo kabiri, mu buryo butandukanye gatoyi.)

3. Gusozera.

a. *Abantu bagerageza kwibuka ivyo wabasigaranye—iyu ubibasigaranye mu buryo badashobora kwibagira kandi bigiriye imigambi yo kuzobigenderako.* Ni co gituma, ukwiriye kumenya neza ingene ushaka ko ubutumwa bwawe buhera, maze *ugategura* ingene ubutumwa bwawe buhera kugira ngo ushike ku ndunduro ushaka.

b. *Ugusozera kwawe gutegerezwa kuzanamwo “iciyumviro nyamukuru,”ico washatse gushikako nyamukuru ushikiriza abakwumviriza mu buryo bw’uko bazocibuka kandi bakipfuzza kugishira mu ngiro mu bugingo bwabo.* Wibuke yuko intumbero yawe ari ukubona yuko ubuzima n’ubugingo bw’abanyeshengero bawe bwahindutse bugashushanywa n’ubwa Yesu Kristo. Raba neza yuko insozero yawe imeze neza, yubatswe neza, kugeza yaho abantu wariko urigisha, wariko urabwira ubutumwa canke usigurira bashika iyo wagomba ko baja.

**D. Ibintu bisanzwe twovuga bijanye no gutunganya ivyo uzoshikiriza**

1. Ubutumwa bwose butegerezwa kuba bufise n’imiburubiri ibisabwa kanaka. Dr. Greg Scharf avyita “A-B-C vy’amasonga y’ubutumwa, y’ukwigisha, ugusigura”:

A—Mbega vyashizwe mu ngiro? Mbega ukwo kwigisha gusiga ubutumwa nyabaki mu babwumvirije?

B—Ubwo butumwa *bufatiye kuri Bibiliya?* Igisomwa gitegerezwa gucungera ubutumwa; ico umuntu ashikiriza hamwe n’ibice nyamukuru bitegerezwa kuba vyubakiye ku gisomwa; uguca ku masonga gutegerezwa kwerekana imirongo ivyo bintu nyamukuru vyavuzwe vyubakiyeko, kugira ngo werekane ko ubutumwa bushingiye ku gisomwa.

C—Ubwo butumwa *burumvikanas?* Inyigisho itegerezwa kuba yateguwe mu buryo kanaka. (Scharf n.d.)

2. Ubutumwa bwiza, inyigisho nziza yateguwe igatunganywa neza igira igaruka nziza kubayumviriza. Abantu b’invuzi, abapasitori bazi kwumvisha no kwemeza abantu bose baremeza yuko “ugategura no gutunganya hamwe no gushira ku rutonde ivyo uvuga vyemeza abantu co kimwe n’ivyo ugomba kuvuga” (Stern 1991: 203).

a. *Guca ku masonga y’ivyo uja kuvuga ukavyandika ubwa mbere bishobora kuboneka ko bisaba ibintu vyinshi, yamara mbere bifasha kubohora no guha umuvugabutumwa, umusiguza umwitegereye wo kudatara ukuzazanirwa mu bo ariko arabarira ubutumwa.* Ubutumwa bwatunganyijwe, bwatweguwe neza bufasha abantu kwumva ko harimwo ubuzima, bigatuma uwubuvuga abusuzuma neza, kandi akabuvuga atadidinganya. Utegura no gutunganya ubutumwa bifasha rero: (1) ababwumviriza gutahura ico ubwo butumwa bushaka gushika ko n’akamaro k’ubwo butumwa; hamwe no (2) kurwiza akaryo k’uko abumviriza bafata ingingo yo gutera intambwe yo gushira mu ngiro n’ibikorwa ubwo butumwa mu bugingo bwabo

b. *Abavugabutumwa bamwe bibaza bati, “niyo natunganya nategura neza ivyo nja kuvuga imbere y’igihe nzoba ndiko ndazimya Mpwemu Yera, “cane cane kubera Yesu yavuze ati, “ntimuzwe muhagarika imitima ico muzovuga, ico muzohabwa cose muri ako kanya, muze mube ari co muvuga: kukw atazoba ari mwebwe muvuga, azoba ari Mpwemu Yera” (Mrk 13:9-11; Mat 10:17-20; Luka 12:11-12).* Ukwiyumvira nk’uko gushobora kuboneka nk’uko ari ukw’ “impwemu” yamara mu vy’ukuri ni ubupfu, ntaco bisa bisana n’ivy’impemu:

(1) Ico Yesu yari akuyeko ivyo yariko aravuga vyari bjanye n’uko abizera bazohagarikwa, bagapfungwa, bagashengeranwa mu manza, bagashishagurirwa mu masinagogi, igihe badafise akaryo canke umwanya wo kwitegurira kwiburanira no kwiregura. Ivyo Yesu yavuze nta co bisa bisana no kudategura ubutumwa bwiza umuntu azovuga, kubutunganya hamwe no gutegura ingene uzobushikiriza. Ikindi, Yesu yavuze gusa yuko badakwiye “guhagarika imitima” ku vyo bazovuga igihe bazoba babafashe, bakabashengerana. Ntiyigeze avuga ngo, “ntimwiyumvire canke ngo ntimutegeye canke ngo mupange ingene muzokwiregura, ingene muzokwiburanira hamwe muhawe akaryo ko kubikora.”

(2) Uwo ari we wese mbere ategura agatunganya ikimugirira akamaro, igifise akamaro kuri we (uburorero, ivyo aja gufungura; ategura ingene aja kumara umusi), kandi umuntu wese yiyumvira imbere y’igihe iviyumviro azoshikiriza mu gihe ico ari co

cose iyo aronse akaryo canke akanya ko kuvuga. Gubiremwo canke kwabure ivyo Yesu yavuze nk'impamvu yo kudategura no kudatunganya ubutumwa uzovuga ni ukwikura mu k'abaregwa, ni *ubunebwe no kudategura neza*. Mbere, mu gukoresha amajambo ya Yesu nk'ukwigovyora kubera utateguye kandi utatunganiye neza ubutumwa uzovuga, uzoba ukoze icaha gikomeye kubera izi mpamvu zikurikira:

(A) Uzoba uriko urerekana Yesu uko atari n'Ijambo ryiwe ku bantu, kuko uzoba uriko urakoresha ivyo yavuze mu buryo no mu bihe atabivuzemwo kandi ukabikoresha kugira ngo ushigikire ubube gito bwabe, n'ubunebwe bwawe bwo kudategura; kandi

(B) Uzoba uriko urerekana ko wiyumvira nk'ab'isi (uburorero, ivyo uja kurya canke ivyo ukora ku musu), ivyo ufata umwanya kwiyumvira ko no gutunganya kubirutisha ivy'Imana wibaza ko udakwiye kwiyumvira ko no gutunganya no gutegura (akarorero, Ijambo ry'Imana)—yamara ukagira amanyama canke ukubahuka kwigisha ivyo utateguye abantu.

(3) Gukoresha ivyo Yesu yavuze nk'ukwikura mu k'abarerwa, kwigovyora kugira ngo ntutegure ubutumwa uzovuga no kubutunganya neza imbere yuko ubuvuga uba vy'ukuri wononeye Mpwemu Yera kandi uba umuryarutse.

(A) *Uwo ari we wese vy'ukuri ari ko arasoma Ijambo ry'Imana kandi agategura igisomwa azokwigisha ko ategerezwa kuba ari mu migenderanire n'ubucuti bwa hagufi na Mpwemu Yera, na kare ni na we azomufasha kubishikiriza.* Gukoresha rero aya majambo Yesu yavuze ngo “*ntimutinye canke ngo muhagarike imitima ku vyo muzovuga*” vyerekana ko utigeze ugira imigenderanire na Mpwemu Yera na gato. Rero twoba twihenze hamwe twokwibwira yuko ni twahaguruka kuvuga ubutumwa, Mpwemu Yera, nko mu buryo bwa maji, azovugira muri twebwe, igihe na we utigeze uvugira muri we, uvugana na we mw'iyinga ryose wategerezwa gutegura mwo ubwo butumwa.

(B) *Gucoresha ivyo Yesu yavuze nk'impavu igutuma udategura no kudatunganya ivyo uja kuvuga, ivyo uja gusigura imbere y'igihe, biba bifatiye ku bwishime no kukwiyumvira yuko, iyo ugatunganya kandi ugategura ivyo uja kuvuga imbere y'igihe, uba ugize Mpwemu Yera muto, uba ubaye umunyentege nke kugeza yaho Uwo Mpwemu Yera atoguha ibindi vyiyumviro bisha igihe uba uriko urigisha, urasigura kugira ngo ubwo butumwa bwawe bugire ico bukora ku babwumviriza.* Aho uba uriko uracumura mu gushira akamaro kawe hejuru kuko mu bisanzwe uba uriko uravuga uti, “Ndi agahambaye kugeza yaho hamwe notegura imbere y'igihe na Mpwemu Yera ubwiye ntashobora kumpinduzwa ivyo nateguye.” Mbere, Mpwemu ndibaza ko na Mpwemu azovugira muri wewe, azogukoresha iyo wabanye na we igihe kirekire mw'iyinga ryose kandi ukaba wakoresheje inkomezi n'inguvu n'umwete wawe wose mu gutegura no gutunganya ubutumwa bwiza uzovuga.

3. Guca ku masonga kwanditswe kw'ubutumwa uja kuvuga gufasha ugushikiriza neza ivyo uvuga. Uguca ku masonga gufasha gutunganya ivyo uja gushikiriza. Gufasha kumenya yuko ivyo ugomba kuja gushikiriza vyose bivuzwe ko mu buryo bwiza. Uguca ku masonga ni ngombwa iyo “habaye ho ukwibagira” kw'umusiguzi ari ko arasigura. Ibi bikurikira ni ibintu nyamukuru dukwiye kuraba iyo turiko turaca ku masonga mu gutegura ikintu:

a. *Bivuge mu majambo yawe wumva, ajanye n'ibikenewe.* Uguca ku masonga kurashobora kuba ugupfunyapfune cane canke ugashiramwo ido n'ido ty'akantu kose gakwiye kuvugwako. Amajambo ngenderwa ko canke amungane canke urufatangane rw'amajambo adashobora gukurwa hamwe ategerezwa kwibutsa umwigisha, umusiguzi ivyo yari yiyumviriyeye igihe yari ko arategura co kimwe n'ibice nyamukuru bigize ico gisomwa. Amungane adasanzwe nkenerwa kandi akenewe gutunganywa neza arashobora kwandikwa yose. Uburyo bwiza bwo kuvuga aamjambo amwe amwe butegerezwa kwimenyerezwa. Amungane, amajambo akubiye hamwe, afatirwa hamwe, ntatanywa mu butumwa ategerezwa gushimikirwa ko nay o nyene arakwiye kugaragara muri ukwo guca ku masonga, canke agashirwa mw'irangi rigaragara canke akandikwa mu ndome nkuru nkuru gsa. Aho uhagarara hashobora kwerekanwa n'utumenyetso kanaka.

b. *Gushira amabara, amarangi mu vyo uzovuga.* Gucoresha amarangi atandukanye mu vyo



uzovuga ni ubuhinga bwiza cane. Amabara, amarangi atandukanye yerekana Ibisomwa vy'Ivyanditswe uzosoma, imirongo ikwiye gushimikirwako, ibibazo uzobaza, ivyiyumviro nyamukuru, ingene uzova ku cyumviro ugatandukira ikindi n'ibindi vyinshi. Gukoresha amarangi n'amabara atandukanye bifasha ivyo wanditse kugira ngo bigaragare, biboneke ku musiguzi igihe aba ariko arashikiriza ivyo yateguye, igihe aba ariko aravuga ubutumwa.

c. *Ntidutegerezwako kubohereza ku vyo twateguye, ku vyo twanditse.* Ni ngirakamaro ko umusiguzi atabohereza ku vyo yateguye, ku vyo yanditse, yamara iyo ariko arasigura, iyo ariko aravuga ubutumwa, akwiriye gukubitiza akajisho ku vyo yateguye kugira ngo yiyubutse, amenye aho ageze. Umusiguzi akwiye kumenya neza ivyo ashaka kuvuga kugira ngo ashobore kugendagenda harya imbere y'abo ariko arabarira ubutumwa, kandi agumize amaso ku bo ariko arabarira ubutumwa, ariko ntayagumize mu vyo yanditse, yateguye nk'aho umengo yoba ariko arasoma ivyo yateguye, yanditse.

4. Ukuvuga ubutumwa neza gufashwa n'uko uba wimenyereje kubuvuga, wabusubiyemwo incuro nyinshi. Abasiguzi bose *bariyumvira ku vyo* bagomba kuvuga, kandi abasiguzi benshi *barategura ibintu bakanavyandika.* Yamara, abandi basiguzi benshi ntibigera bahagarara ngo *basubiremwo bavuga mu buryo bwumvikana* ubutumwa bazoshikiriza imbere yuko babushikiriza. Iryo ni ikosa rikomeye. Umushakashatsi yavivuze gurtya: "Nimba uzovuga ubutumwa mu buryo bwo kuvuga bigusaba kubategura uvuga. Abasiguzi benshi twabajije ibibazo bavuze gurtya, 'Ubwoba mfise ni uko ivyo nateguye bitazoba vyose, ntabona aho bizohurira mu gihe nzoba ndiko ndavuga ivyo nateguye.' Ubwo bwoba rero bushobora kuvanwaho no gutegura uvuga imbere yuko uja kuvugira imbere y'abantu.

Nk'ibice bimwe bimwe bigize iyo mpfunyapfunyo canke ukwo guca ku masonga vyandikwa, bitegerezwa "kwimenyerezwa" mu buryo bwumvikana, umuntu avuga n'ijwi ryumvikana naho ata woba ariko aramwumviriza imbere yuko aja kubivugira imbere y'abantu. Iyo ari ko aravyimenyereza, aho ni ho abona ingene yobisubiramwo, akabivangura, akabishira ku rutonde rukwiriye, akamenya ikibanza, igukurikira n'igikwiye guhereza, akamenya n'ivyo akwiye gusubira guhingura ukundi gusha. Uko abandanya asigura ku gice kimwe kimwe kigize ubwo butumwa, umusiguzi akwiriye kwumva ko harimwo ubuzima n'ukugene ibintu bitegerezwa gukurikirana. Ikintu kitanditswe yamara kizovugwa gisaba ko umuntu acimenyereza atarinze kwandika, ari ko mu buryo bwo kwitegurira kuzokivuga nyene. Ugusubiramwo mu buryo bw'ukuvuga gufasha kumenya umwanya ikintu canke ubutumwa uzobuvugamwo; kuvyiyumvira mu mutwe vyonyene ntibikwereka umwanya uzobivuga mwo, ntibiguha icyumviro c'umwanya uzobivuga mwo, canke icyumviro c'umwanya uzomara uri ko uravuga ivyo wateguye. Mu buhinga bwose abavuga imbere y'abantu bakoresha mu gutegura, umugenzi wanjye Kent Menzel hamwe na nanje twabonye yukogusubira mwo mu buryo bwo kwimenyereza n'ijwi ryumvikana wishizwemwo ko uri ko uravuga imbere y'abantu ari uburyo bwiza bwo gutegura bukwereka ingene ibintu bizagenda, n'ingene abantu bazovyakira." (Carrell 2000: 224-25)

### E. Ubuhinga butandukanye bwo gutunganya ivyo ushikiriza

Ubuhinga buvuga ido n'ido ry'ukugene wotunganya ugategura ingene woshikiriza inyigisho twarabuvuze mu **Vyongewe ko B** ("**Intambuko zikurikizwa mu nyigisho, mu gushikiriza ubutumwa: urutonde rw'ivyo abavugabutumwa, abigisha, abasiguzi borabirako**"). Nubwo ata "nzira nziza", ata "buryo bwiza" butagira amahinyu bwo gutunganya canke kwigisha igisomwa kanaka, ubu buhinga canke uburyo bukurikira butandukanye twobufatirako. Ico gisomwa nyene c'Ivyanditswe kirashobora kwigishwa ukoresheje ubuhinga butandukanye. Ubwo buhinga butandukanye burafise bwose ivyo buhurizako, kandi bimwe mu bigize ubuhinga bumwe, bishobora guhingurwa ukundi ku bundi buhinga. Nk'akarorero, intangamarara ifatiye ku buhinga bw'ibibazo kigizwe na "Jewe -Twebwe "bushobora gukoreshwa mu bundi buhinga bwose, nk'uko no gushira mu ngiro hamwe no gusozera bishobora gukoreshwa. Ubu si bwo buhinga bwonyene bwo kuvuga ubutumwa buriho, kandi vyongeye burashobora no guhindagurika bibaye ngombwa. Yamara, ikoreshwa ry'ugutunganya ubwo buhinga rirasabwa kugira ngo umuntu amenye neza ko ukwo kuvuga ubutumwa kugizwe na "A-B-Cs" bw'ukugene ubutumwa butunganijwe, kugira ngo ubwo butumwa bushobore kugira ingaruka ku babwumviriza. Ido n'ido ry'ukugene umuntu yosigura, yovuga ubutumwa, dufatiye ku buhinga bunyuranye twarabwerekanye mu **vyongewe ko C-I.**

1. Ubuhinga bufatiye ku kugene "abantu bikuriramwo inyigisho"—Ubu buhinga ni bwiza cane cane igihe ugusigura kuba kuvuye mu vyete canke mu bindi bisomwa vy'Ivyanditswe vyerekeranye no kwikuriramwo isomo, icirwa.

a. *Intangamarara*

b. *Ugushikiriza*

c. *Ugushikiriza kugufasha kwubaka ico ugomba guhagararako*

d. *Kwimba, gutarira, gusigura, no gusobanura ico gisomwa* (harimwo gutanga ingero, uburorero, ibigereranyo, hamwe n’ukugene vyosirwa mu ngiro [canke na ho ugushirwa mu bikorwa gushobora kuza mu nyuma])—gerageza kugumiza ijisho ku kugene wubatse ivyo ugomba gushikiriza canke ingene ivyiyumviro bigenda birisuka bikurikirana muri ico gisomwa uko ugerageza kucagura no kugisigura.

e. *Gusozera*

2. Ubuhinga “bwo kudonda inkuru [Gusigura-Amahame-Kuyashira mu ngiro]”—Ubu buhinga kenshi na kenshi bufise akamaro iyo uriko urigisha ku nkuru canke ku bisomwa vy’imvugo ndyohematwi:

a. *Intangamarara*

b. *Iryungane ry’Ugushikiriza* (uracafise rimwe, yamara ritegerezwa kuba riri mu murongo nk’uyu, “Tugiye kuraba muri iyi mirongo, muri iki gisomwa incuro zitatu [canke “mu buryo butatu”]): Ubwa mbere tugiye kuja mw’ido n’ido; ubwa kabiri mu mahame; ubwa gatatu mu gushira mu ngiro”).

c. *Ongera uvuge iyo nkuru mu yandi majambo, kandi usigure ivyariko biraba* (mu buryo bw’inkuru, ugashiramwo n’ivyariko biraba, ingene kahise k’ico gihe kagenda, canke ingene ibintu vyari bimeze ico gihe).

d. *Subira mu mahame uriko urigisha.*

e. *Ugushikiriza* (ico ushikiriza kiza ngaha, hagati y’ihame no gushira mu ngiro; ubu ni uburyo bwo gutuma umuntu abona ubwiwe ico ugomba gushikako utarinze kukimubarira, kandi uko ni ko inkuru ubwazo zubatswe).

f. *Subiramwo ico gisomwa ubugira gatatu ushingira cane ku kugene coshirwa mu ngiro.*

g. *Gusozera*

3. Ubuhinga “bw’ico umuntu agomba gushikako”—Inkuru rimwe na rimwe ivana n’ingene iyo nkuru yatewe, yubatse, yadonzwe harimwo ibintu bine canke ibiringo bine (**Luka 8:22-25** ni akarorero); ubu buhinga bukora neza mu nkuru nyinshi, mu nkuru zivuga ibitangaza, canke izindi nkuru zirimo, zigizwe n’ibihe bigoye/ hamwe no gutorera umuti izo ngorane:

a. *Intangamarara*

b. *Iryungane rigufasha ugushikiriza ivyo ugomba kuvuga, canke umutwe w’ijambo* (ufatiye “ku bintu bine” vy’ivyariko biraba; akaga; ukugene ico kibazo gitorerwa umuti; hamwe n’ingaruka zavyo /ico vyokorwako).

c. *Ivyariko biraba* (icatumye ivyo vyandikwa kandi, nko muri **Luka 8**, icatumye abahamagarira kujabuka hakurya y’ikiyaga).

d. *Ikibazo cadutse* (muri **Luka 8**, hadutse imipfunda n’umuyaga mwinshi, igihuhuta, maze nabo barataka bati “ubwacu burahenze, turapfuye”).

e. *Icakoze, umuti* (muri **Luka 8**, Yesu nk’Umwami w’Irema, “ahoza umuyaga n’ikiyaga, kiracereza, kirahwekera”).

f. *Ico ushikiriza ku vyariko biraba* (nko mu citegererezo c’Insiguro- Amahame- n’Ugushira mu ngiro, igishikirizwa kiza imbere yuko abantu babarirwa gushira mu ngiro, ibi bituma abantu bagumana inyota yo kwumva ingene ibintu vyatowe umuti, ingene iyo nkuru yaheze).

g. *Ingaruka /gushira mu ngiro* (muri **Luka 8** ikibazo c’abigishwa cabaye iki “mbega uwo ni nde, ni iki?” ni ingaruka kandi ituma dutahura Yesu uwo ari we—ni Umwami—kandi ingaruka kuri twebwe dukwiriye kandi dutegerezwa kumwizigira no kumwizera, mbere [na cane cane] igihe ubgingo bwacu bwoba buri mu kaga gakomeye).

h. *Gusozera*

4. Ubuhinga bwa “Jewe-twebwe-Imana-wewe-twebwe”—Ubu buhinga bwiyumviriwe, bushirwa ahabona na Stanley (Stanley na Jones 2006: 119-31), kandi bushobora gukoreshwa igihe uriko urigisha ubwoko ubwo ari bwo bwose bw’igisomwa co mu Vyanditswe. Kubera ukugene yavyise gutandukanye n’ubundi buhinga bwose tumenyereye, ni ngombwa ko tubivuga mu buryo bwagutse hano. Ingene yabitunganiye ni mu buryo “bw’imigenderanire,” afatiye ku migenderanire ya “Jewe-Twebwe-Imana-Wewe-Twebwe.”

a. *JEWE*—itangurana n’inkuru yawe, n’ivyo wivugako, canke ikibazo, ingorane mwahuye, kugira ngo wivuge, wimenyekanishe uwo uri we (ibi ni ngirakamaro cane cane iyo uriimbere y’abantu utari umenyereye, canke batari bakumenyereye) kandi ubwira abo bantu umutwe w’amajambo ugiye kubigishako, canke ico ugomba kubigisha. Yamara, Jewe ntiyerekeranye ntishingiye cane ku musiguzi, uwuza kuvuga ubutumwa, ahubwo ni kugira ngo werekane ko uri

umuntu nk’abandi na wewe uhura n’ibibazo n’ingorane nk’abandi bantu bose, ni *ukwerekana aho muhuriye* n’abo uriko urabwira ubutumwa. Ingaruka, ni uko ikibazo ubaza usanga n’abandi bose muri iryo shengero ari co bibaza canke ari co bahura na co mu bugingo bwabo.

b. *TWEBWE*—Maze uce wagura ico kibazo wabajije kugira ngo uwo ari we wese ari muri iryo shengero yiyumvemwo, yumve ko arimwo (akarorero, “rimwe na rimwe ndibaza n’igituma nkwiye gusenga [Jewe]; ntakekeranye na gatoya ndibaza na mwebwe ko mumaze gushika mu bihe nk’ivyo [Twebwe],” canke “Hariho abantu ntidahuza, bitanyorohera kujana na bo [Jewe]; mbega ivyo bishikira jewe jenyene [Twebwe]?”). Fata umwanya uhagije uguma ubabaza, ubagarukana ku bibazo nk’ivyo kugira ngo biyumve *ko batari bonyene muri ivyo bibazo, kugira ngo ico kibazo bakigire icabo*. Ni co gituma, ushobora kubaza ikibazo mu buryo bunyuranye—Ingene ico kibazo kiboneka mu bakiri bato, canke ingene ico kibazo gifatwa mu basaza, ingene ico kibazo cumvikana mu bapfakazi canke mu bubatse, ingene cumvikana mu bizera no mu batizera, n’ibindi bibazo nk’ivyo ku bandi bantu batandukanye. Stanley avuga ati: “ntuwe ku buryo bumwe ngo uje ku bundi kugeza wumvise ko abantu wabashize ahantu bumva neza ico ushaka kuvuga n’ico ushaka gushikako, aho ishengero ryumva yuko ugomba utorerere umuti ingorane. Mu yandi majambo, ntiwishireko inyungu. Gumiza ijisho n’umutima ku kibazo ugomba kwishura kugeza wumvise neza yuko abakwumviriza bageze ahantu bipfuzwa yuko ico kibazo wogihira inyishu. Atari uko, uba ugomba gufata iminuta 20 canke 30 y’ubuzima bwawe wishura ikibazo ata muntu n’umwe yibaza, canke abaza.” (Ico gitabu nyene: 125) Ubu buhinga “butuma utorera umuti ikibazo co gushira mu ngiro mu ntango hamwe no mu gusozera. Iyo wuguruye igisomwa uhereye ku ngorane *zawe* (JEWE), maze ukazigereranya n’ingorane *zabo* (TWEBWE), uba uja uri mu kiringo co gushira mu ngiro, mu bikorwa ukuri” (Ico gitabu nyene: 126). (Raba neza ingene Stanley ariko arakoresha ubuhinga “bw’uruzitiro rw’indarari”, maze agahera, agatangurira mu “nzira yo hepfo” n’ubwo adakoresha ayo majambo jewe nkoresheje.)

c. *IMANA*—Ubu rero urashobora kwimukira ku vyiyumviro vy’Imana ku vyerekeranye n’ico wariko uravuga, mu yandi majambo, igisomwa ca Bibiliya. Ni co gituma, umaze gutangura kubaza ikibazo mu bugingo, mu buzima bwa misi yose maze ukifatanya n’abantu, uca wimukira kuri Bibiliya n’inyishu y’ico kibazo. Mu nsiguro yawe y’ico gisomwa, utegerezwa gutuma “abantu biyumva ko bafise uruhara muri ico gisomwa”: Bwira abantu bagumize ijisho ku gisomwa kimwe aho kuguma basimbagurika baja mu bisomwa vyinshi vyo muri Bibiliya, barongorere muri ico gisomwa (mu yandi majambo, ntusome imirongo myinshi cane ataco uyivuzeko, utayisobanuye); hitamwo amajambo agoye abe ari yo usigura, n’amungane agoye hamwe n’imvugo zigoye abe ari vyo usobanura; ja urasigura ibintu, amajambo y’inege uko ubandanya nk’umuyobora; iyo hari amajambo amwe yo mu gisomwa akuzazaniye canke udasobanukiwe neza, vyemere yuko na we utayatahura (iyo bikuzazaniye, bisigura yuko mu bakwumviriza harimwo n’abandi vyazazaniye); saba abantu bo mu bakwumviriza, bo mw’ishengero bagufashe gusoma amajambo amwe mw’ijwi ryumvikana kugira ngo babishimangire; vuga mu mpfunyapfunyo ico gisomwa mu majambo yumvikana kandi mu buryo bazokwama bibuka. (Utegerezwa gutuma abakwumviriza biyumva muri ico gisomwa igihe uriko urakoresha ubu buhinga bwose bwo gusigura kugaragaza.)

d. *WEWE*—Ngaha ubwira abantu ivyo bakwiye gukora ku vyo bumvise, ku vyo wababariye. Gerageza gutora ikintu kimwe wohanura, wohimiriza bose ko boshira mu ngiro. Stanley yasaba gake abantu gukora ikintu cohindura ubuzima, ntiyibaza yuko ivyo bishoboka. Yamara, kenshi na kenshi asaba abantu kugerageza ikintu mw’iyinga rimwe, mbere canke umusi wonyene, canke rimwe na rimwe ko bobigerageza ukwezi kwose. Gerageza kurondera ikintu uwo ari we wese yokora—kandi urashobora gutanga uburorero ku mirwi iri mw’ishengero (urwaruka abashaje, abizera, abatizera eka n’abandi), nk’uko wabikoze mu ntangamarara.

e. *TWEBWE*—sozera mu guhamagarira abantu kuraba ingene ishengero, canke ikibano, canke igihugu, canke isi yose vyoba bimeze hamwe abantu botangura gukora no gushira mu ngiro ibihejeje kuvugwa. Ibi bitanga indoto y’ukugene ibintu vyategerezwa kumera. Kandi ivyo bikumatanya, bigufatanya n’abakwumviriza (mu yandi majambo, wewe n’abakwumviriza mwese muba muri “mu bwato bumwe”), aho kuba wewe utandukanye n’abakwumviriza ubabarira, ubategeka ivyo bakwiye gukora.

## VIII. Ukuganira kwemeza abantu hamwe n' "uburyo" bw' umuvugabutumwa

### A. *Nta buryo na bumwe bw'ukuri buriho bw'umuvugabutumwa*

1. Umuntu uwo ari we wese arafise aho akomeye ategerezwa gushingira, n'aho afise integer nke akwiriye kugerageza kwirinda, no kugerageza gukosora. Ntutegerezwa kugerageza gusubiramwo no kurabira ku wundi muntu n'umwe, ngo ukore nk'uko akora, ariko ushobora kwigira ku bandi yamara ukaguma uri uwo uri we. Stanley ahanura ibi: "Mu kugerageza kurondera uburyo bubereye woshikirizamwo ivyo uvuga, ukwiriye kuguma wibaza ibi bibazo bibiri:

1. Ni ibiki vyakoze?
2. Ni ibiki bikora kuri jewe?

Ikibazo ca mbere gituma ugumiza amaso kandi urondera amahame mashasha hamwe n'ubuhinga bwo guhanahana inkuru. Kizotuma wiyumvira igituma abantu bamwe bamwe iyo bariko baravuga, baganira, bashikiriza icyumviro bakwega abandi yamara abandi na bo ukamenga si ho bari, bavuga ibitavuye ku mutima, bavuga ivyo batabamwo. Ico kibazo kizotuma uguma wiyugururiye ibindi vyiyumviro bishasha. Kizotuma wipfuzza kuba umunyeshuri w'igihe cose uzoba ukiriho mu gisata co kuganira. . . . Ikibazo ca kabiri kizotuma wipfuzza kwama wisuzuma kandi wiyubara ivyo ushikiriza." (Stanley na Jones 2006: 179)

2. Ukumenyera kwonyene ntiguhagije, ntikuzokugira umusiguzi, umwigisha mwiza. Ahubwo, ukumenyera gufatanije no gusuzuma ukwo kumenyera ni vyo bizotuma uba umusiguzi, umwigisha mwiza. Urakwiriye gusuzuma ugusigura kwawe bwite, kandi usabe abantu bazi ubwenge kandi bashobora gusuzuma, kandi atari ba se niryo, bavuga ivyo ugomba kwumva gusa bo mw'ishengero ryawe bakubarire ingene babona ugusigura kwawe, ukwigisha kwawe. Rondera umwurwi mutoya urimwo abantu batandukanye (b'imyaka itandukanye, ibitsina bitandukanye, n'ivyo bacyemwo bitandukanye, bize ibintu bitandukanye) wizera, wizigira, kandi badatinya kukubwira ukuri, ubasabe bagusuzumire ubutumwa, canke ivyo wigishije (haba mu buryo washikirije ivyo wavuze hamwe n'ibigize ivyo wavuze) rimwe na rimwe. Inyuma yaho, urakwiriye kugira umwete *wo kugira ico ukoze ku bijanye n'iryo suzuma bakugiriye maze uhindure ibikenewe guhinduka bivane n'ivyo bakubariye kugira ngo ushobore kuba umwigisha, umusobanuzi n'umusiguzi mwiza w'Ijambo ry'Imana.* Ubundi buryo bwo kumenya ingene ivyo washikirije vyagenze ni rimwe na rimwe "gutanga udupapuro dutoyi, turiko ibi bikurikira: *bivanye n'ivyo twize uyu musi muri ubu butumwa bwavuzwe, andika icyumviro nyamukuru c'ivyigishijwe mu majambo yawe. Maze uce ushikiriza ako gakaratasi kariko ivyo wavuze kuri barya bajejwe kwakira abantu imbere yuko utaha. Urakoze ko uja gufata akanya ukavyandika.* [Nimba ishengero ryawe ata kinyamakuru canke ibimenyeshwa vyanditse rikoresha, saba rero abavyumvirije babigukorere.] Igihe uzoba uriko urasoma ivyo bakwandikiye, inyishu zabo, ikibazo uzoca wibaza nk'umusiguzi, umwigisha canke umusobanuzi ni iki, 'Mbega ivyo bambariye vyerekeranye n'ivyo navuze biranshimishije, biranezereye, boba batahuye ico nashatse kubashikiriza?'" (Carrell 2000: 218) Itandukaniro riri hagati y'imyaka cumi usuzuma ivyo ukora no kutigera usuzumisha igikorwa ukora c'ukuvuga ubutumwa canke ugusobanura, ugusigura uzosanga ari ryo tandukaniro riri hagati y'imyaka cumi umenyereye ico gikorwa n'umwaka umwe w'ukumenyera ico gikorwa wigwije incuro cumi.

### B. *Uburyo umuntu yigisha buratandukanye bivanye n'ivyo aba ariko arigisha, n'intumbero y'ubutumwa aba ashaka gushikiriza, ibihe aba ariko arigishiriza mwo, hamwe n'ubumenyi ababa bariko baramwumviriza bafise, hamwe n'ivyo abamwumviriza bakeneye*

1. Ivyanditswe vyerekana yuko dutegerezwa kugira aho dushingiye n'aho dushimikiye bivanye n'igisomwa tuba turiko turigisha ko, tuba turiko turasobanura. Bibiliya irashobora gusigurwa no kugaragazwa bivanye n'impamvu nyinshi zitandukanye kandi no mu bihe vyinshi bitandukanye. **2 Tim 3:16** havuga yuko Ivyanditswe bigira ikimazi co "kwigisha umuntu, no kumuhana, no kumutunganya, no kumutoza indero nziza mu kugororoka." Muri **2 Tim 4:2** Paulo avuga yuko ukwigisha, ukuvuga ijamba ry'Imana, kurimwo uguhana, kwihaniza, uguhanura, no kwigisha. Muri **1 Tim 4:11, 13, 16** hamwe no kuri **6:2** Paulo yabariye Timoteyo gukoresha Ivyanditswe mu kwigisha. Icongeye ko muri ukwo gukoresha ivyanditswe, inyigisho za Paulo ubwiwe na zo nyene zarimwo ugutera intege, uguhanura, ukuremesha (**Ivyak 16:40; Kol 2:2; 1 Tes 2:11**), uguhumuriza (**2 Kor 1:4; 1 Tes 4:18**), ukwiringa (**1 Tes 2:11**), guhanura (**Ivyak 20:31**), kugabisha canke gutera ubwoba (**Ivyak 13:8-12**), kwiyumvirira hamwe, kugaragaza, kwemeza, no gukundisha (**Ivyak 18:4, 19, 28; 26:28-29**). Petero yama yiteguye "kwibutsa" ishengero ibintu bumvise, kugira ngo abamwumviriza bashobore "kubishira

mu mutwe” (2 Pet 1:12-15; raba kandi Luka 24:25-27; Yoh 3:9-10; Ivyak 3:12-18; 8:30-35; 17:16-31; 26:25-28). Ingaruka ikomeye y’ibi ni uko igihe tuvuga ubutumwa maze tugashira mu bikorwa Ivyanditswe, ibirimwo ntibivugwako gusa yamara ibishimikiweko bitegerezwa gushirwa mu ngiro, kandi n’ukugene bivugwa guterezwa kwiyumvirwako, no gukwirikizwa.

2. Kwemeza abantu ikintu, dutegerezwa “kumenya” ubutumwa bwacu.

a. *Ubutumwa butegerezwa kutubamwo.* “Inguvu ijamba rishikirijwe rigira zingana n’inguvu hamwe n’inyungu nyene kurivuga ashiramwo” (Buckley 1988: 14). Umusiguzi, umuvugabutumwa ategerezwa ubwa mbere kwumva ko ashizemwo inguvu zose n’ubwenge bwiwe bwose mu kwiga no gutahura igisomwa azokwigisha ko (mu yandi majambo, mu kwiga kwiwe, ahera “ku ruhane rwo hejuru”). Ivyo bizotumwa anigana n’ico gisomwa. Ukwo gushaka kunigana no guhangana n’ico gisomwa azokwigisha ko gufise n’imiburiburi ingaruka zibiri igihe azoba ariko arigisha kuri ico gisomwa:

(1) Bizomwungura ubwenge budasanze kuri ico gisomwa. “Ukwunguka ubwenge budasanze ku gisomwa ku musiguzi . . . bimufasha ku kugene n’abamwumviriza bagira umunoho wo kwipfuzwa kwunguka ubwenge kuri ico gisomwa nk’ubwo na we yungutse” (Adler 1983: 54-55). Uwundi mwigisha yigisha ivyerekeranye no kuvuga, gushikiriza ijamba mu bantu yabivuze gurtya: “Ni ingoga, inguvu, ziri mw’ijwi ry’umuvugabutumwa, umusiguzi—ivyoyanditse vyamushitse ku nyota, ku mutima—ivyoyanditse ni vyo bikabura, bivyura inyota n’inzara hamwe n’inyungu mu bamwumviriza” (Buckley 1988: 15).

(2) Ubwo bwenge, izo ngoga n’inguvu zikomoka mu gushaka kugira ico “gisomwa iciwe bwite” bizomufasha gushira ibishika mu kibanza cavyo igihe azoba ariko arashikiriza ubwo butumwa, canke ivyo ico gisomwa, gice kivuga: “Ukwo kwiyumvira wagize uri ukwa wenyene igihe wariko uriga, ubu na ho ukaba uriko urabivuga imbere y’abantu bitegerezwa kuba bifise inguvu zo mu bishika co kimwe n’inguvu zo mu bwenge [kugira ngo ivyo uvuga vyumvikane kandi vyemeze abantu]” (Adler 1983: 59). “Izo ngoga n’inguvu zo mu bishika” zitegerezwa “kugaragara,” ntizibye izo kwigirisha n’izo guhohoterako canke gushakashakisha. Iyo umusiguzi vy’ukuri yize neza igisomwa ciwe azokwigisha ko kugira ngo kibe ico “ukuri” muri we ubwa mbere—aca abona ubukomezi bwaco n’akamaro kaco, kandi n’uko ivyo kivuga Atari ivyo gufynako canke gufynisha—maze rer akabona kubishikiriza ishengero, abamwumviriza: “umuntu ategerezwa kwitanga wese. Umuntu wese ategerezwa kwihata kwiyumva ubwa mbere ko ari we vyerekeye, maze inyuma yaho abone kuvuga. . . . Igihe umusiguzi yishira ubwa mbere mu kibanza c’abazovyumva mu yiyumviro vyawe, ku bijanye n’ivyo ariko aravugaga nk’uko ari we yoba ariko aravyibwira, ntazohohotera ibishika vyawe, ahubwo azogerageza kubinyingisha.” (Buckley 1988: 17)

b. *Uburyo bwo gufasha umusiguzi kugira ngo ubutumwa bwiwe avugaga “abugire ubwiwe”.* Stanley avugaga yuko imbere y’ukwigisha, y’ugusigura utegerezwa “kuba wokwicara ku meza maze ugashikiriza ubutumwa bwawe wateguye ku bantu babiri mu buryo nk’uko mwoba muriko muraganira nab o bakwishura bakubaza aho batatahuye ivyo uriko urabashikiriza utarinze kubanza kwinyegeza mu rwinshi. Ubwo butumwa butegerezwa kuba mu buryo kanaka gucika no guhinduka inkuru yawe wisangije utegerezwa kubarira abantu nk’aho woba uriko urayivoma mu vyo wacyemwo mu ugingo bwawe.” (Stanley na Jones 2006: 135)

c. *Akarorero k’ukugira ubutumwa bube “ubugaragara” ku musiguzi, ku muvugabutumwa.* Uwundi muntu yari agiye kuvuga no gushikiriza ubutumwa mw’ishengero rya Stanley, yamara icari kimuteye umusuhero cane kwari ukugene yacye ku masonga ubwo butumwa, ibirimwo, n’ukugene aja kubishikiriza, bituma yibagira abo abubarira, ivyo bakeneye, ingorane bafise hamwe n’ivyizigiro vyabo. Imbere y’uko uwo muntu ahaguruka ngo aje kwigisha, Stanley aramubarira ati: “Mbega ubu butumwa wobushikiriza gute hamwe umwana wawe w’umuhungu w’imyaka cumi n’umunani yoba ahisemwo kuva mu vyo wamwigishije vyose mu bijanye no kwubaha, kwumvira, gukunda Imana, eka no mu ngeso kiretse umwemeje ukamwereka igituma akwiriye kubiguma mwo? Wovugaga iki muri iki gitondo iyo ivyo tuvuye ari vyo vyoba vyabaye? Kubera yuko hoba hariho umuhungu w’umuntu yoba ri muri iryo shengero yoba yiyumvira guhava akora gurtyo, ahitamwo kuva mu vyo se yamubariye vyose, ariko akaba agiriye ibakwe rya nyuma ryo kwumva ivyo ugomba uvuge. Ubu rero reka kugira umusuhero w’ukugene wacye ku masonga. Ja harya imbere uvuge ivyo wateguye, wemeze abantu nk’uko

yoba ari umwana wawe mu kanya gato agiye gushikirwa n'ivyo.' Kandi yarabikoze." (Ico gitabu nyene: 98-99)

### C. Amahame yo kwemeza abantu akoreshwa mu butumwa co kimwe n'ubundi bwoko bw'ukuvuga amajambo

1. Ugushikiriza ijambo mu buryo abaryumva baryemera bakaryakira gushobora kwiyongeranya igihe umuvugabutumwa, umusiguzi avanze ubwoko butatu bwo kwemeza abantu (ijambo (Logos) uburyohe (pathos), hamwe ivyo tugenderako, ivyo twemera (ethos)) akabuvanga n'“amategeko ane” y'ukwemeza abantu:

a. “Amategeko ane” yo kwemeza abantu ni aya:

Icagezwe ca 1: Ikiza ubwa mbere (ico twumva ubwa mbere kiduha icyumviro kandi kidufasha kumenya ibija kuza mu nyuma, ibija gukurikira, icyumviro c'ibija gukurikira);

Icagezwe ca 2: Ikije ubwa nyuma (ivyo twumva ubwa nyuma ni vyo twibuka kurusha ivyo twumvise ubwa mbere);

Icagezwe ca 3: Incuro vyavuzwe (ukwibuka kuriyongeranya bivanye n'incuro ikintu casubiwemwo);

Icagezwe ca 4: Ukubibaho (gufata mu mutwe inkuru canke ikintu birongerekana bivanye n'uko umuntu yavyiboneye n'amaso maze akavyiyumvira n'amatwi yiwe, kandi akashira mwo n'uruhara rwo kubifata). (Stern 1991: ch. 5)

b. *Ingene ubwoko butatu bwo kwemeza abantu n'ukugene ivyo vyagezwe bine vyo kwemeza abantu bikorera hamwe, bijanye. Ijambo (Logos) ni ryo rituma ukwimba mu mizi n'insiguro y'igisomwa bitegerezwa kuba ibitajegajega, bitegerezwa kuba ivyo ukuri. Uburyohe (pathos) ni bwo butuma abumviriza babandanya kwumviriza, maze bakagira ico bakoze ku vyo bumvise. Ivyo tugenderako, twemera (Ethos) bituma ubugingo bwacu buba inyankamugayo, butaba mwo amahinyu, buba ntamakemwa. Ikiza ubwa mbere ni co gituma intangamarara yacu ari ngira kamaro cane. Ikiza ubwa nyuma ni co gituma ugusozera kwacu, uguheraheza kwacu gufise ikimazi kinini cane. Incuro ibintu vyavuzwe mwo ni co gituma ugusubira mwo icyumviro cacu kimwe, nyamukuru ari ngirakamaro cane. Ukubibaho ni co gituma ukugaragaza kwacu, ukubikina, ukuyerekana kugira ngo abantu babibone, ari ngirakamaro cane, kuko ivyo ni vyo bazokwibuka.*

2. Ivyo uvuga n'ukugene ubivuga vyose ni ngirakamaro yamara mu buryo butandukanye.

a. *Ukugene uvuga ibintu ni ngirakamaro cane kurusha ivyo uvuga cane cane iyo hageze ko ugomba ko ujana n'abakwumviriza kandi no kutarambira abakwumviriza. Ico ni co cerekana igituma intangamarara ari ngirakamaro cane.*

b. *Ku rundi ruhande na rwo, ivyo uvuga bifitiye akamaro kanini abakwumviriza kurusha ukugene ubivuga, ubishikiriza, igihe abakwumviriza “baba bazi neza ko ivyo ugiye kubabarira bibafasha kwishura ibibazo bafise mu mitima yabo, igihe ugiye kwishura ibibazo bari bamaze imisi bibaza, ariko batari bwaronkere inyishu, canke ugiye kubishurira ivyo bahora biyumvira canke ivyo ata muntu n'umwe yari bwavuye ko” (Stanley na Jones 2006: 152). Iki ni co gituma, ukwimba mu mizi, ugusigura no gusobanura, ugushira mu ngiro hamwe n'ugusozera ari ngirakamaro cane, iyo uba watanguriye ku gutegura ishengeru kugira ngo rigukurikirane, ntiribe sindabibazwa, sindabinezwe mu ntangamarara yawe wagize.*

c. *Amahame y'ukuganira neza (ikintu kimwe; kugitunganya neza, ukagitondeka neza; kugisigura neza kandi ukarasa ku ntego; gusubiramwo hamwe no kugaragaza, gutanga uburorero n'urugero rw'ico kintu, n'ibindi.) bizogufasha kuneshya ukutamenya kuganira n'abantu no kutamenya gushikiriza ivyo ugomba gushikiriza igihe cose. Nk'uko Stanley aheraheza avuga, “ukuvuga ibintu mu buryo butomoye kuruta uburyo wabishikirije. Uburyo butomoye buruta vyose.” (Stanley na Jones 2006: 175)*

3. Dutegerezwa kuraba neza “ingene” dushikiriza ivo tuba twateguye. Uburyo dushikiriza ivyo twateguye burashobora kwemeza abantu canke gutuma bahakana ivyo twavuze. Abasiguzi n'abavugabutumwa bategerezwa kwiyumvira no gusuzuma ivyo bintu bigize ivyo bashikiriza n'ingene babishikiriza, kubera yuko ukugene umuntu avuze, ashikirije ikintu ni ngirakamaro nk'uko ico kintu nyene na co ari ngirakamaro. Ivyo ni ngirakamaro rero cane cane mw'ivugabutumwa, mu gusigura Ubutumwa bwiza, Ivyanditswe, kubera yuko uburyo ushikiriza ibintu birashobora vy'ukuri kwonona ijambo ry'Imana ku bariko bararyumviriza.

a. *Ijwi, kuduza canke kugabanura ijwi, ingene uvuga unyaraguritsa, bitegerezwa kuba bijanye n'igihe, bijanye n'ibiriko biraba.* Umuhinga mu vy'ijambo ry'Imana akaba n'umusiguzi waryo yatanze aka karorero: “Jewe kenshi na kenshi ndagira ingorane mu kwihuta gushikiriza ibintu. Umusi umwe mpejeje kuvuga ubutumwa umugore umwe yaradutse abaza ikibazo atangaye cane, ‘Woba wanahumetse, wanahemye igihe wariko uravuga ubutumwa?’ Guhera ico gihe naciye ntangura gusuzuma umuvuduko ngira iyo ndiko ndavuga ubutumwa, ngacishamwo nkaruhuka n'imisegonda yamara vy'ukuri sindashika kure n'ubu muri ivyo.” (Osborne 1991: 364) Abantu ntibashobora kwumviriza abandi igihe kirekire iyo umusiguzi adahindura na gatoya umuvuduko w'ingene avuga, ijwi, hamwe n'ibishika. Hariho ibindi bintu vyerekeranye n'amajwi yacu bikwiriye kuvugwako:

(1) Ibijanye n'ijwi n'ukugene bavuga batobora amajambo. Abantu bamwe bashobora kwuma mu kanwa iyo bamaze igihe bariko baravuga. Vyoba vyiza ko barondera icupa ry'amazi canke ikirahuri c'amazi baza baranywa bibaye ngombwa. Igihe mu muhogo havimvye canke woba wiumva yuko ari nk'uko wohiyagaza, kurondera akantu kohavura vyoba vyiza imbere yuko utangura kuvuga ubutumwa. Menya ingeso zawe, menya ingene uvuga. Abantu benshi barafise “utujambo twizana iyo bariko baravuga, batamenya n'uko batuvuze”—bavuga utujambo tudafise insiguro canke amungane nk'aya “s'uko,” canke “nka,” canke “tuvuge” nk' “amajambo yo kwuzuzwa” yamara mu bisanzwe Atari mu kibanza cayo, ari ayo kuremereza gusa ivyo yaruko aravuga. Utwo tujambo turashobora kurambira no gushisha uwuriko arumviriza, mbere tukanamusamaza. Mbere n'amajambo nk'aya “Yesu ashimwe !” na “Halleluya !”, Amen arashobora kuba ayataco avuze “ayo kwuzuzwa ahantu umuntu adidaniwe n'ico avuga” igihe asubiwemwo kenshi kandi bidakenewe, bitabanje kwiyumvirwa. Igihe usavye abantu “kuvuga Yesu ashimwe” hategerezwa kuba hariho igituma, gihagaze ku vyo uba uriko uravuga, vyerekana igituma bakwiye “Gushima Yesu.” Abumviriza bamwe baca batangura mbere guharura incuro wavuze ayo majambo ata co avuze yo kuremereza ivyo wariko uravuga! Iyo ufise ingorane yo gutobora amajambo kanaka (uburorero, amazina y'abantu bamwe bo mw'Isezera rya Kera), utegerezwa kwimenyereza kuyavuga, kuyatobora imbere yuko uvyigira imbere y'ishengero. Kwandika amajambo nk'ayo mu gakaye ukoresha mu kuvuga ubutumwa, ukamenya n'ingene uyatomoro, birashobora kugufasha.

(2) Ibinyamajwi n'ibituma amajwi asama. Kimwe mu bituma ijwi ryongerekana rikaduga ni ugukoresha ikinyamajwi n'ibituma amajwi asama. Ibituma amajwi bishobora gutuma abantu batumva neza kuko amajwi ajwagaraye canke kubera ibihome vyitabira bigatuma abantu badatahura ico umusiguzi yavuze. Ikindi, udushengero twinshi duto duto duhiganirwa gukoresha ibiduzwa amajwi n'ubwo aho bakoranira ari hato cane bikaba bitanakenewe ko bokoresha ibinyamajwi. Mu bihe nk'ivyo vyoba vyiza bakoresheje amajwi yabo ntibakoreshe ibiduzwa amajwi na gatoya.

b. *Ukugene mu maso hacu hamera n'ingene dukoresha amaboko igihe turiko turavuga ubutumwa bitegerezwa kuba bifise intumbero, ariko “ntitubihate, ntitubitegeke gukora mu buryo bitabishobora.”* Ukugene mu maso hacu hamera n'ukugene dukoresha amaboko iyo turiko turavuga ubutumwa bitegerezwa kuba bijanye n'ico turiko turashikiriza, ariko kandi “bitegerezwa kwizana bivanye n'inkomezi z' ibishika canke bivanye n'ingene ubutumwa bushushe” (Buckley 1988: 174). Ni co gituma, “umuntu adategerezwa gukubita kuri kirya ahagararamwo mu kuvuga ubutumwa<sup>2</sup> igihe aba ariko arashikiriza ukugene ibintu vyotegerezwa kugenda, no kumera canke ngo aduze ibitugu igihe ariko arasaba ko abanyeshengero batangaza intambara” (Ico gitabu nyene: 173-74).

c. *Menya ingeneku mubiri wawe hameze, ingene uhagarara n'ingene wifata, n'ukugene wambaye.*

(1) Ukugene aboneka. Dutegerezwa kwitwararika yuko imishatsi yacu isokoje, kandi yagiriwe isuku. Iyo hari ikintu kidasanzwe kuri twebwe kibi ishengero ryacu ritari bwabone kuri twebwe (nk'igitambara mu maso aho umuntu baba bamutubitse, ku kuboko hatkewe, n'ibindi.), ivyo bitegerezwa kubwirwa abantu mu ntango kugira ngo ntibagume bibaza ivyabaye. Ikintu cose kidasanzwe mu kugene tuboneka imbere

<sup>2</sup> “Igituta, aho umuntu ahagarara hategerezwa kuba hari hejuru imbere y'abantu; *lectern* ni karya kameza ashirako ibitabu vywiye aho avugira” (Buckley 1988: 163).

y'abantu, abatwumviriza ni ikintu abatwumviriza baguma bitegereza kandi baguma bibazako, kandi ivyo bizobakura ku ntego babisamarire aho kugumiza umutima ku biriko biravugwa, ku butumwa no ku vyo umusiguzi aba ariko arasigura.

(2) Ingene umuntu ahagarara. Ukugene twifata n'ukugene tuba duhagaze hamwe n'ivyo twigira bifise ico bivuga gikomeye ku baba bariko baratwumviriza. Iyo tubaye nk'igiti gishinzwe ahantu, abatwumviriza baca baja mu ruhagarara, mu musuhero. Iyo tugumye harya ubutumwa buvugirwa gusa, canke tukamera nk'abunama igihe duhagaze, ababibona n'abavyumviriza baca bibaza yuko ivyo tugomba gushikiriza bidafise akamaro.

(3) Inyambaro. Murabe neza ko ikiziriko cacu, ikaravati yacu imeze neza, itumbereye neza, ishahi isobetse neza, imigozi y'ibirato ipfunze neza, kandi ko n'imipfuko y'amapantalo n'amakoti yacu iba imeze neza, itagenda irarekera. Abantu bahoza ijisho ku bintu nk'ivyo, kandi ivyo birasamaze mu buryo bworoshe ntibabe bacitaho ubutumwa buba buriko buravugwa. Kandi, iyo ufise impfunguruzo canke ibingorongoro mu mupfuko wawe, raba neza ntushire amaboko mu mipfuko ngo uzikorakore canke uzipfinishe igihe uba uriko urigisha, urasigura, uriko uravuga. Abantu benshi barakora ivyo batazi ko ari vyo bariko barakora, kandi ivyo bitera ugusamara kw'ababa bariko barumviriza, ababa bateze ugutwi.

#### **D. Amavuta y'umusiguzi si ugukoresha ibishika, ibishobisho**

1. Abantu bamwe bavuga yuko umusiguzi yariko "amavuta" nk'aho ukuvuza urwamo, kugira ibimenyetso, canke gukoresha bishika, ibishobisho vyinshi ari ibimenyamenya vy'uko Mpwemu Yera ari we ariko aramukoresha, canke nk'aho ugusigwa amavuta na Mpwemu Yera ari icemezo c'uko umuvugabutumwa, umusiguzi ubwiwe ari igihangange. Ivyiyumviro nk'ivyo ni akaga n'ingorane zikomeye. Ugukoresha ibishobisho *ubwa vyo nta na kimwe bivuze* ku bijanye n'uko umuvugabutumwa yakoresheje na Mpwemu Yera. Ibi turabizi dufatiye n'imiburiburi ku bintu bitandatu:

a. Nta hantu na hamwe mu vyanditswe herekana canke havuga yuko ugukoresha ibishobisho canke ibishika mu kuvuga ubutumwa ari ikimenyamenya canke ikimenyetso c'uko umuntu afise "amavuta" adasanze yasizwe na Mpwemu.

b. Vyinshi mu buryo no mu buhinga bunyuranye bwo kwigisha no kuvuga ubutumwa nk'uko Ivyanditswe bitubarira gukora (nko kwigisha, kuremesha, guhanura, kwiyumvira, kugaragaza, kwemeza no kwinginga) biranyuranye canke ntivyokwegera abantu ku butumwa iyo umuntu akoresheje ibishobisho, ibishika vyinshi.

c. Gusemerera, kwirukanga hirya no hino, no gusimbagurika, hamwe n'ugukoresha ibishobisho vyinshi ubwavyo bishobora kuba bivanye n'imico kama y'abantu.

d. Gusemerera, kwirukanga hirya no hino, hamwe n'ugukoresha ibishobisho vyinshi bikoresheje n'abantu b'inkozi z'ibibi zituzuye Mpwemu Year na gato (akarorero, Adolf Hitler).

e. Iyo umusiguzi akoresheje ibishobisho n'ibishika kugira ngo agaragaze ko "ariko amavuta" ivyo bishobisho birashobora "kudukunda cane", canke "kwiganwa."

f. Impwemu y'Imana mu buryo bugaragara isiga "amavuta" kandi igukoresha umusiguzi atigera yerekana ivyo abandi bantu berekana bakavyita "amavuta." Jonathan Edwards ni we atanga akarorero keza kerekana ivyo: ukwigisha kwiwe mbere kumbure nta wundi n'umwe vyavuyeko, ni we yagize uruhara rukomeye rwatumye habaho ugusukwa kwa Mpwemu kwamenyekanye nk'ico bise "Ikanguro rikomeye, umuvyuro ukomeye" muri Amerika mu myaka ya 1730s-1740s. Naho vyari bimeze biryo, "mu misi y'iryo kanguro yagumye yandika ivyo yigisha akabisomera abantu atarinze kwiyambagura, no gukoresha ibimenyetso yiruka hirya no hino, asimbagurika, yiyuha akuya." (Piper 2004: 53).

2. Nta na kimwe muri ivyo tuvuze aho hejuru gisigura yuko ibishika (canke "ibishobisho" nk'uko Edwards avyita) ntibigira akamaro na kamwe canke ngo bibe igikorwa ca Mpwemu akorera mu mitima haba mu mwigisha canke mu bumviriza ubwo butumwa (raba, Piper 2004: 84-86). Ikibazo ni uko hariho ibintu bigaragara ku mubiri abantu bamwe bihenda ngo ni "amavuta" basizwe na Mpwemu Yera.

#### **AHO TWAVYABUYE**

Adler, Mortimer. 1983. *How to Speak How to Listen*. New York: Collier.

Allen, Ronald. 2005. "What do Lay People Think God is Doing in the Sermon?" *Encounter* 66: 365-75.



- \_\_\_\_\_. 2006. "Assessing the Authority of a Sermon." *Encounter* 67: 63-74.
- \_\_\_\_\_. 2008. "How do Sermons Help People Change?" *Encounter* 69: 61-75.
- Buckley, Reid. 1988. *Speaking in Public*. New York: Harper & Row.
- Carrell, Lori. 2000. *The Great American Sermon Survey*. Wheaton, IL: Mainstay Church Resources.
- Chapell, Bryan. 1994. *Christ-Centered Preaching*. Grand Rapids, MI: Baker Books.
- Cooper, Lane. 1932. *The Rhetoric of Aristotle*. New York: D. Appleton-Century.
- Flemming, Dean. 2005. *Contextualization in the New Testament: Patterns for Theology and Mission*. Downers Grove, IL: InterVarsity.
- Freire, Paulo. 1973. *Education for Critical Consciousness*. New York: Continuum.
- Goldsworthy, Graeme. 1991. *According to Plan: The Unfolding Revelation of God in the Bible*. Downers Grove, IL: InterVarsity.
- Harris, R. Mark. 2004. *Thus Saith the Youth Pastor*. Unpublished manual.
- Hiebert, Paul. 1987. "Critical Contextualization." *International Bulletin of Missionary Research* 11: 104-12. Online: [https://docs.google.com/viewer?a=v&q=cache:Qld7qmjNt6AJ:hiebert.teds.edu/files/2012/03/125.-1984.-Critical-Contextualization1.pdf+hiebert+%22critical+contextualization%22&hl=en&gl=us&pid=bl&srcid=ADGEEsi7aQWQBaw64o2QxT2XenN2P40fqw4Ftb7HknHDJCpJwzZRp-o6Ruh11BFrFCuK7ThTD7BO19hmCZpE5CJVscWgXII\\_H9oNAq5O23sIpkRmGIPaW-EcZf2sMYFoDJB1MyjrQoiD&sig=AHIEtbTNwdAHixi07kahP9\\_tXA2gtggZ9w](https://docs.google.com/viewer?a=v&q=cache:Qld7qmjNt6AJ:hiebert.teds.edu/files/2012/03/125.-1984.-Critical-Contextualization1.pdf+hiebert+%22critical+contextualization%22&hl=en&gl=us&pid=bl&srcid=ADGEEsi7aQWQBaw64o2QxT2XenN2P40fqw4Ftb7HknHDJCpJwzZRp-o6Ruh11BFrFCuK7ThTD7BO19hmCZpE5CJVscWgXII_H9oNAq5O23sIpkRmGIPaW-EcZf2sMYFoDJB1MyjrQoiD&sig=AHIEtbTNwdAHixi07kahP9_tXA2gtggZ9w)
- Jamar, Steven. 2001. "Aristotle Teaches Persuasion: The Psychic Connection." *The Scribes Journal of Legal Writing* 8: 61-102.
- Johnson, Dennis. 2007. *Him We Proclaim: Preaching Christ from All the Scriptures*. Phillipsburg, NJ: P&R.
- LeBar, Lois, and James Plueddemann. 1995. *Education that is Christian*. Colorado Springs, CO: Chariot Victor.
- Mack, Burton. 1990. *Rhetoric and the New Testament*. Minneapolis: Fortress.
- Mulligan, Mary Alice, Diane Turner-Sharazz, Dawn Ottoni Wilhelm, and Ronald Allen. 2005. *Believing in Preaching: What Listeners Hear in Sermons*. St. Louis, MO: Chalice.
- Osborne, Grant. 1991. *The Hermeneutical Spiral*. Downers Grove, IL: InterVarsity.
- Pieterse, H. J. C. 1984. "Contextual Preaching: To Gerhard Ebeling on his seventieth birthday." *Journal of Theology for Southern Africa* 46: 4-10.
- Piper, John. 2004. *The Supremacy of God in Preaching*. Grand Rapids, MI: Baker Books.
- Plueddemann, James. 1994. "Do We Teach the Bible or do We Teach Students?" *Africa Journal of Evangelical Theology* 13: 44-53.
- Reed, Eric. 1999. "The Preaching Report Card: Today's listeners grade pastors on what they hear from the pulpit." *Leadership* (Summer): 82-87. Online: <http://www.christianitytoday.com/le/1999/summer/913082.html>.
- Scharf, Greg. n.d. Trinity Evangelical Divinity School, H561—course lecture.
- Stanley, Andy, and Lane Jones. 2006. *Communicating for a Change*. Colorado Springs, CO: Multnomah.
- Stern, Herbert. 1991. *Trying Cases to Win*. Eau Claire, WI: PESI.
- Stott, John. 1982. *Between Two Worlds: The Challenge of Preaching Today*. Grand Rapids, MI: Eerdmans.
- Theis, John. 1981. "Pronouns and Interpersonal Contact: Assessing the Impact of the Sermon." *Journal of Pastoral*

*Counseling* 16 (Spring-Summer): 47-52.

Webb, William. 2001. *Slaves, Women & Homosexuals: Exploring the Hermeneutics of Cultural Analysis*. Downers Grove, IL: IVP Academic.

*Westminster Confession of Faith*. 1646. Online: [http://www.reformed.org/documents/wcf\\_with\\_proofs/index.html](http://www.reformed.org/documents/wcf_with_proofs/index.html).

### **IVYONGEWE KO A**

<https://portal.tiu.edu/files/uportal/teds/ptdept/Scharf.InterrogativeBibleStudy.pdf>

### **KWIGA WIBAZA IBIBAZO UFISE INTUMBERO YO KUZOKWIGISHA IVYO WIZE**

Greg Scharf, Associate Professor of Pastoral Theology,  
Trinity Evangelical Divinity School<sup>3</sup>

“Ntumbaze ikibazo na kimwe nanje sinzokubwira ukuri na kumwe.”

#### **Ico dufatira ko:**

- Ugusuzuma neza no kwiga neza igisomwa ni ngombwa, ni igisabwa imbere y’ibindi vyose kugira ngo wigishe mu bwizigirwa. Ukugene twiga ni kwo kugaragaza ingene twigisha.
- Kwihweza neza igisomwa bishobora gufashwa no kubaza ibibazo bitoroshe kwishura ico gisomwa. Ibibazo vyinshi bidufasha gutahura igisomwa; bimwe mbere bizodufasha gutegura ico gisomwa kugira ngo tuzoshobore kugitegura neza no kucigisha neza.
- Ntidushobora kwigisha neza igisomwa shiti tumaze kumenya ibirengye ico ico gisomwa kivuga. Dutegerezwa kugerageza kuvumbura ico ico gisomwa cipfuzwa gushika ko n’ukugene ico gisomwa cipfuzwa kugishika ko.

#### **Ibibazo twobahanura ko mwiyumvirako (harimwo bibiri simusiga vyabajijwe na Haddon Robinson) vyongerera ku vyo mushobora kuba mwibaza ubwanyu:**

##### **1. Aha dufise iki? (Iki gisomwa kiri mu bwoko ki?)**

- Itegeko
- Kuvuga ingene ikintu cagenze, ikiganiro, isengesho
- Gusubiramwo agakiza canke ugucungura kw’Imana
- Ukugabisha
- Uguhishura, “Uku ni ko Uhoraho avuze”
- insiguro y’ijuru
- akarorero
- igishingantahe
- ukwatura
- ukwinginga
- akanya kari hagati y’ibintu bibiri
- Cerekana kahise k’ugucungura
- Ugucura intimba
- Ugutera intege, canke uguhanura, canke ukuremesha
- akaronda, igisogokuruza
- Indamutso canke umuhezagiro
- Indirimbo

##### **2. Iki gisomwa cerekeye iki, kivuga iki?<sup>4</sup> (Iciumviro nyamukuru c’iki gisomwa ni ikihe?)**

Nk’akarorero, iki gisomwa ubwa mbere cerekeye:

- ugusenga
- ukwizera
- Ukwumvira
- inyigisho
- Ubugarariji
- Ugusenga ibishushanyo
- ubwoba

<sup>3</sup> Dr. Scharf ni umuyobozi w’Igisata ca Pastoral Theology kuri Trinity Evangelical Divinity School, Deerfield, IL. Ni we yanditse *Kwitegurira kuvuga Ubutumwa* (Gushingira ku Bukristo, 2005). Ibi vyandiko hamwe n’Ivyongeweko B bikoresherezwa hamwe n’ uruhusha rutangwa na Dr. Scharf<sup>3</sup>. Hariho utuntu dukeya twahinduwe na Jonathan Menn ahawe uruhusha na Dr. Scharf.

<sup>4</sup>Haddon Robinson muri *Kuvuga Ubutumwa Ukoresheje Bibiliya (Biblical Preaching): Ingene bigenda*.

- umunezero
- Uburongozi
- Inzira z’Imana
- Canke n’ibindi bintu vyinshi.

**3. Umwanditsi avuga iki kuri iki cyumviro, kuri iki kibazo, kuri iki kintu?**

Mu kwishura iki kibazo dukwiye:

- Ihweze ibindi vyose (hejuru y’ivyo twita ko ari vyo twariko turavugako) biba bivuzwe mu gisomwa.
- Vuga mu nca make icatumye ico gisomwa candikwa, ivyariko biraba muri ico gihe, ubshigikije ibivugwa muri ico gice, muri ico gisomwa.
- Raba ingene ibindi bintu bivugwa muri ico gisomwa bijanye n’ivyo wita ko ari co kintu nyamukuru umwanditsi ariko aravugako.

**4. Mbega Mpwemu Yera asaba ko twokora iki bivanye n’uko twizeye ibivuye muri ico gisomwa? (Kubera iki Mpwemu Yera yabonye ko bikwiye ko ico gisomwa kiba mu Vyanditswe, mw’ijambo ry’Imana?)**

Nk’akarorero, Mpwemu Yera ashobora kuba ariko arerekana, canke ashaka ko:

- twihana
- twizigira Imana
- twatura ivyaha; twatura Kristo
- ibindi bintu vyose bijanye n’uburyo bw’ukwumvira ibintu kanaka.

**5. Mbega iki gisomwa gikora gute ku mutima w’uwugisoma kugira ngo ashike k kwigenza uko kivuga?**

Iki kibazo gishingiye cane ku kugene igisomwa kiri imbere yacu gisa n’icubatswe, n’icabajijwe kugira ngo dushike ku ntumbero yaco, ku co kigomba ko tumenya, dushika ko. Dufise ukwo gutahura, duca tumenya ingene twubaka ubwo butumwa kugira ngo dukoreshe ivyo biburimwo kugira ngo dushike ku ntumbero yicatumye bwandikwa. Nk’akarorero, turashobora kubona:

- ubuhinga bwo kuvuga ibintu
- gutanga ibituma abantu bokwemera ibivuzwe
- Uburorero, bwiza na bubi
- ukwubaha Imana kuvanye n’ingaruka mbi twavuze zishobora gushikira umuntu adashize mu ngiro ibisabwa
- kugaragaza inyungu z’ukwizera zishikana ku kwumvira
- ivyo umwanditsi yashize mwo, akarorero, **1 Abami 12:15**
- guhamagarira abantu, guhimiriza abantu gukora ikintu
- gukoresha ubuhinga bumwe bw’ubwoko bw’igisomwa. Nk’akarorero, imvugo ndyoheramatwi irashobora gukoresha ikigereranyo, canke iryungane rizokwama ryibukwa kugira ngo ritume umuntu abishira mu vyiyumviro, rimukwegere ku gukora ivyo yumvise, akarorero, **Zab 84:3**, havuga ku kanyoni no ku ntamba vyironkeye aho vyarika gicaniro c’Uhoraho.

**6. Mbega iki gisomwa giterera iki ku cyumviro nyamukuru c’ugucungura, c’ukurokora, c’ugukiza?**

- Mbega ico gisomwa gitunga urutoki kuri Kristo gute, cerekana Kristo gute?
- Kiri amaja he mu murongo w’inkuru ya Bibiliya?
- Mbega cagize ingaruka ki ku bacumvise ubwa mbere/ ku bagisomye ubwa mbere?

**IVYONGEWE KO B**

<https://portal.tiu.edu/files/uportal/teds/ptdept/Scharf.ChecklistforBeginners.pdf>

**INTAMBUKO ZEREKEZA KU KUVUGA UBUTUMWA: URUTONDE RW’IVYITONDERWA KU BAVUGABUTUMWA**

Vyararondewe, biregeranywa, bikomanirizwa hamwe bivuye mu masoko menshi bishirwa ahabona na Dr. Greg Scharf Vyasubuiwe mwo muri Ruhuhuma 15, 2002; hamwe no muri Mukakaro 8, 2007

**I. Senga muri urwo rugendo rwose.**

Saba Imana iguhe guhozako, ukutarambirwa, ubushishozi, ubwenge, hamwe no kumenya ibifise akamaro kanini, ntiwirengagize ivyogira akamaro, ukurobanura, urukundo umukunda, Ijambo ryiwe n’abantu biwe. *Ntibibabaza kwiga upfukamye uriko urasenga.*

**II. Robanura, tora igisomwa (citwa igisomwa anke igice uzokwigisha ko canke uzosigura ko).**

**A. Iyo uru ari urukurikirane rw’ubutumwa, rw’inyigisho, uburyo bwo kurobanura, gutora ivyo bisomwagutangura imbere y’uko uvyigisha ko.**

Amezi menshi imbere yuko urwo rukurikirane rw’inyigisho rutangura, ubanza guhita mwo igitabu co muri Bibiliya canke umutwe w’amajambo:

1. Utorera umuti ibibazo ubona mw'ishengero canke ivyo abakwumviriza bumva muri bo (canke vyose).
2. Wiyumvire ku kugene Imana yavuganye nawe canke inzara ufise wahawe n'Imana, ikomoka ku Mana.
3. Gerageza nturaye ikintu kimwe gusa co mu mpwemu. Iyo wagumye usoma mw'Isezerano rya Kera gusa, gerageza urabe ko woshira mwo urukurikirane rw'inyigisho, ubutumwa bwo mw'Isezerano Risha na ryo nyene; nimba watoye kuvuga ku nkuru, shiramwo n'izerekeranye ukwigisha na zo nyene, aho umuntu yikurira mwo icirwa, isomo; nimba kari akantu gatoyi, shira mwo n'ibintu binini, birtyo birtyo. Nimba wahoze ushimikira ku nyigisho, dogitrine, urashobora guhitamwo igitabu kiri mwo ugutoza indero, uguhanura, ugukosora, uguhubura, canke kugarukana abantu ku kugororoka, nubwo ibitabu vyinshi n'ibisomwa vyinshi kenshi na kenshi bivanga ivyo vyose.
4. Shira umuco, sigura neza inyigisho z'ugushishoza Imana twoshingira ko zikeneye kwongera kwemezwa no guhamangirwa.
5. Shimikira ku kuri canke ku bintu nyamukuru vy'Ivyanditswe bisa n'uko Imana ari vyo iriko irabarira ishengero ryaba iryo mu micungararo canke ryo kw'isi yose.
6. Fatira ku rwego rw'ugukura n'ukugene ishengero rivyakira.
7. Iyumvire ku mwanya bifata uhereye ku kranga misi n'amasaha urwo rukurikirane ruzofata.
8. Gerageza kubishira mu biranga misi vy'umwaka.

**B. Nimba uriko urigisha ku rukurikiranerw'insiguro zifatanye, zubakana, kandi ukaba warahise mwo igitabu ca Bibiliya uvoma mwo ivyo uvuga ufatiye ku vyo duhejeje kuvuga aho hejuru, hamwe n'ibindi vyoe wokwisunga:**

1. Soma usubire ico gitabu cose gushitsa aho icyumviro nyamukuru kiboneka n'ukugene umwanditsi yacubitse, iforoma yagihaye kugira ngo ico ashikiriza cumvikane.
2. Baza ababinonosoye, abagenzi, incuti, raba abanditse kuri ico kintu na we ushaka kuvuga ko, raba ibitabu bivuga ku co ugonmba kwigisha ko, ubitize canke ubigire ubitunge. Soma intangamarara z'ivyanditswe muri ivyo bitabu kugira ngo umenye ivyari ko biraba, ivyariho ico gihe, umenye ibihe abavyandikiwe barimwo, umenye nyene kwandika ivyo, hamwe n'ibindi bintu ngira kamaro ushobora gukura muri ico gisomwa.
3. Gerageza usuzume, urondere inzira nyinshi zishoboka ushobora kwigisha mwo iki gitabu hari mwo n'inyigisho zikurikirana z'ido n'ido ku gice cose kigize ico gitabu, ku vyerekeranye n'icyumviro nyamukuru kiboneka muri ico gitabu. Gerageza wandike urutonde rw'urukurikirane rw'ivyo uzokwigisha ko, ushiremwo amataliki uzovyigishiriza ko hamwe n'indirimo wipfuzako abaririmvyi boririmba muri ico gihe uzoba uriko urigisha urwo rukurikirane, uvyandike ku rupapuro uzokurikiza, kandi wibuke ko hari imisi mikuru, n'ibindi bihe bidasanze, eka n'ibindi utegerezwa kwiyumvira ko.

**C. Nimba uriko urigisha urukurikirane rw'inyigisho zifatye ku mutwe w'ikintu nyamukuru uriko uravugako ugikuye mu bisomwa bitegeranye canke ku nkuru yerekeranye n'ikintu kimwe gusa canke ubutumwa bumwe gusa:**

1. Wirinde kugira icyumviro mu kurondera igisomwa. Ibi ni vyo abantu bagira mu kurondera ahatari ho tugomba kuvuga ivyo tugomba, igihe tugombeye—yamara abantu bo bashaka—ko tuberekeza, twimba mu mizi ikintu. Igihe umaze kurobanura igisomwa ugomba kuzovuga ko, gukurikirane gushika iyo kizogushikana mbere naho cokujana ahantu utari wariyumviriye, utaziga ko kigushikana. Vyoba vyiza kutizigitira ku rukurikirane rw'ubutumwa wateguye ha ko uvugisha igisomwa ico kitavugako kugira ngo ukigondere ku biza biri mu mutwe wawe.
2. Nk'uko kwaho hejuru, hita mwo igisomwa, igice kiri mwo ivyo ugomba kwigisha ko kandi gifata umwanya nk'uko ufise kigize urunani rw'icyumviro, icyumviro cuzuye, cikwije.
3. Fata umwanya uhagije ushire ico gisomwa mu vyariko biraba, mu gihe candikwa ufatiye ku bice bikigize, ku bigabane bikigize, ku gitabu kiboneka mwo, mw'Isezerano kiboneka mwo, uburyo canditswe mwo, imvugo ubwoko canditswe mwo uba ukeneye nimba uriko urasigura kuri ico gitabu mu buryo bukurikirana.

**D. Muri ivyo vyose:**

1. Hita mwo igisomwa, igice kiri mwo ivyo ugomba kwigisha ko kandi gifata umwanya nk'uko ufise. Guhita mwo canke kurobanura igisomwa rimwe na rimwe uba ufise ico ushingiyeko ahandi na ho nta co uba ushingiyeko. Uko usoma muri Bibiliya kugira ngo wigaburire, wiyubake mu vy'impwemu, ibice bimwe bimwe bizokwigaragaza, bizovugana na we kandi bizokwemeza ico ukwiye gukora. Kandi uko uzoguma ubisuzuma mu buryo bwa hagufi urabe neza ntufate agace gato k'ico gice canke ngo ugerageze kucama ko, kugikwegura. *Igice c'ugusigura kwosegitegerezwa kuba gikwiye, cuzuye, gihagije, kirimwo icyumviro cuzuye, gikwiye kitaciriwe hagati kandi vyoba vyiza iyo kitagizwe n'ivyiyumviro vyinshi cane.*
  - a. Urashobora gusigura, kuvuga ubutumwa, kwigisha ufatiye ku ryungane rimwe iyo iryo ryungane rifise icyumviro gihagije ushobra kwigisha ko, gusigura ko.
  - b. Kenshi na kenshi abantu bakunda kwigisha bafatiye ku gice, ku mungane akurikirana kugira ngo icyumviro gihere, cuzure.
  - c. Rimwe na rimwe—kumbure kenshi mu bikunda guhuta biraboneka—uzosigura, uzovuga ubutumwa, uzokwigisha ku mirongo, canke amungane menshi arengeye igice.
  - d. Rimwe na rimwe uzokwigisha ufatiye ku kigabane, igice ca Bibiliya, canke ufatiye ku bice vyinshi ku bigabane vyinshi.

2. Igifise akamarro ni uko igice uzokwigisha ko gishikiriza icyumviro kimwe kandi ico cyumviro kikaba ari co wimba mu mizi, uvuga ko. Ni ukuvuga yuko hategerezwa kubaho *icyumviro kimwe ngenderwako* umwanditsi wa Bibiliya yashatse kwagura, no kuvuga ko muri ico gisomwa.
3. Ugurura urukatata ku gice cose, gira ico uvuze ku gice cose kigize ico gitabu, nta na kimwe ukwiriye gusimba, kurenza ko uruho rw'amazi kandi urabe aho ico cyumviro nyene gishobora kuboneka ndetse muri ico gice uriko urigisha ko, ibicapu bishizwe mu majambo, kubigaragaza canke kubikina, ibibazo, ubwenge buvuyemwo, iviyumviro, ibinyamakuru canke ibindi bintu bisohoka rimwe na rimwe vyanditswe mu dutabucanke ikindi kintu cose wokwiyumvira uko ubandanya gusoma no kwiga ido n'ido ry'ibigize ico gitabu.
4. Bandanya gusoma wongere usome ico gitabu cose kenshi gashoboka bivanye n'ububure bw'ico gitabu kandi bivanye n'umwanya wawe ufise kugira ngo ubone aho ibintu bihurira, bifatanira, aho yisubiyemwo mu vyo yaja yaravuze, amajambo y'urufatiro canke amungane aja aragaruka muri ico gitabu cose. Nimba ari wo mugenzi wawe, shira akamenyetso muri Bibiliya, nimbi uhacaakarongo canke uhasiga irangi kanaka, canke wandikamwo, kugira ngo uzokwame uvuyibuka.
5. Soma ibitabu bimenyeshya Imana, inyigisho ndoramana hamwe n'ibitabu rurangiranwa bibangabanganye n'igitabu ca Bibiliya ugomba kwigisha ko.
6. N'imiburiburi fata amezi atatu imbere yuko utangura kwigisha ku rukurikirane rw'inyigisho, gerageza urondere ibisomwa bidasanze bimenyerewe, utange amataliki uzobivuga ko kandi ubibarire abarongora, abategura indirimbo hamwe n'abandi barongozi b'ishengero kugira ngo ivyo vyose bizogire hamwe, vyuzuzanye.

*Ubu rero ko umaze gupanga no gutegura ukuzokwigisha ku rukurikirane rw'insiguro canke inyigisho, maze ukaba uja waratoye igice uzokwigisha ko, ikindi gikorwa gikurikira ni:*

### **III. Ukwiga igice uzokwigisha ko.**

Izi ntambuko zikurikira si zose. Nyinshi muri zo zirinjirana mwo. Rimwe na rimwe ubwenge butanga n'Imana buzoza ningoga kandi ivyo uzoba uriko uriga bizokwemeza ivyo wavumbuye utabanje gushira mwo inguvu n'umwete mwinshi. Kenshi na kenshi, cane cane nk'umuvuzi w'ubutumwa ari ho agitangura, urakwiriye kwitoza indero, ukimenyereza gukoresha izi ntambuko zose, ukizigira Imana ko izovugana na we uko "unigana n'ijambo n'uko uvuga ubutumwa" (1 Tim 5:17). Ico tuvuga si ugukengera uburyo Imana yaduhaye canke kubwishimira ntureka guca bugufi ngo urondere mu nyonga h'Imana kandi uyitumira uyisaba ko yovugana na we icishije mw'ijambo ryato. Bizogufasha kubona bito na binini. Raba kw'ido n'ido, utwo tuntu duto duto twose ntukengere na kamwe, yamara ntutakarire muri utwo tuntu duto duto. Gerageza kwibuka ivyo uzi vyose ku nyigisho hamwe n'isiguro zose waronse. Zana ivyo wari usanzwe uzi vyose ubipimishe ivyo wabonye bisha mu vyo uriko uriga. Maze uce ukoresha ivyo uvumbura, ubona mu gisomwa uvuyongere ku vyo wari usanzwe uzi. Ibi bikurikira ni intambuko ukoresha mu kwiga igisomwa:

**A. Senga, imbere yuko wiga, uriko uriga hamwe n'inyuma yuko uhejeje urugendo rwo kwiga nkuko tuja twabivuzeko.**

**B. Igira mu kibanzauzi neza ko ata bigusamaza biriho, ufate umwanya uhagije wo kwiyumvira.**

Mu nca make utegerezwa kuba uri ukwa wenyene, ata telephone iri iruhande yawe utegerezwa kwitaba kandi hari ho n'umuntu ahagarika abaza kugusamaza, abashitsi, ntabemerere kwinjira kugukura ku ntumbero wariko no kugusamaza Iyo uriko urakoresha ubuhinga bwa none mu kwiga, ni wimenyereze kutayikinira ko inkino.

**C. Imenyereze kwiyumvira cane ku bijanye n'abo uzobarira ubwo butumwa uriko urategura hamwe n'ivyo bakeneye canke na wewe ivyo ukeneye ubwawe n'ivyo ukeneye kugira ngo ubutumwa bwawe uzovuga bugende neza uko wiga ico gisomwa, ukaraba kuri co.**

Ibi vyose bikuraje ishingira birashobora kukubura kubona ico ico gisomwa gishaka kuvuga ivyo ni ukuvuga yuko bishobora kukujana mu kwimba ibirari ho, aho kwimba ibiri ho.

**D. Soma canke ugerageze gusoma ico gisomwa mu rurimi canditswe mwo ubwa mbere n'imiburiburi rimwe gusa, hamwe ubishoboye**

Raba amajambo yakoreshejwe. Gerageza gukoresha akazinduzi n'ibindi bisobanura amajambo agoye kugira ngo uvumbure insiguro zayo.

1. Raba neza indongoramvugo n'ingene amungane yubatswe. Nk'akarorero, iyo amavuga ari mu muvugire wa kubu, ntugire ico gisomwa itegeko iyo yoba yari mu muvugire mugirwa shiti iyo hariho igituma simusiga cotuma uryita itegeko.
2. Iyo ico gisomwa ari igisomwa kirekire kivuga ku nkuru canke kivuga kuri kahise kandi ukaba utazi neza indimi zakoreshejwe, gerageza ukore ibishoboka ukoresheje umwanya ufise. Intumbero yawe mu kwiga inkuru si ukuraba amajambo arimwo, kuraba indongoramvugo yamara ni ukwitegereza ivyabaye, aho vyabereye, ico umwanditsi yabivuzeko, abantu bavugwa mwo, inkuru hamwe n'ibindi bintu bivugwa mwo n'uburyo bivugwa bifasha umwanditsi kugira ico ashikirijeno gushikiriza icyumviro ciwe. Nk'akarorero, ushobora kuraba incuro umwanditsi yasubiye mwo ivyo yanditse, ivyo yakuye mwo, ivyo yongeye mwo, ubudasa, agakekezo, n'ibindi.

3. Saba Imana igufashe kuronka ubwenge bwo gusoma hagati y'imirongo no kwimba mu mizi ico gisomwa. Upfume wihenda mu kwimba mu mizi ico gisomwa imbere y'igihe, kugira ngo uronke umwanya uhagije wo kwiyumvira kuri iryo jambo no kuryuza.

**E. Gerageza ushire mwo insiguro yawe, uyandike ku rukaratazi mu buryo yerekana ukugene yubatswe.**

Uguca ku masonga ni ko kazi k'ivyo. Iyo ufise ingorane mu kumenya ururimi rwa mbere vyanditswe mwo, ntwihabura. Kugenda buke buke kuri iyi ntambuko ni vyiza. Aho ni ho uzobona utuntu n'utundi wari wibagiye n'incuro ijamba canke icyumviro cagumye kigaruka, ukugene atandukanya ivyiyumviro, amajambo afatanyaga ivyiyumviro, ukugene amajambo atondetse, amungane yerekana intumbero, eka n'ibindi.

**F. Soma wongere usome igisomwa co muri Bibiliya ugomba kuzokwigisha ko, wandika akantu kose kagukoze ku mutima, kagutangaje canke utari bwabone.**

Iki ni igihe ciza co kwitegereza:

1. Amajambo afatanyaga ayandi canke afatanyaga ivyiyumviro, amungane yerekana intumbero, intumbuzi, gakumbanya, hamwe n'ibindi bintu vyinshi bigize indongoramvugo. Wibuke yuko amajambo afata insiguro afatiye ku gikorwa akora mu mungane hamwe n'inkomoko yayo icon a co kikaba kahise k'insiguro yayo majambo.
2. Ibigereranyo, n'ubwoko bw'imvugo, gukina ivyo uriko urashikiriza.
3. Ugusubiramwo kugizwe n'amavuga ashigikiye icyumviro.
4. Amajambo y'urufatiro: ubuntu, urukundo, ubwoba, ukuri, umunezero, n'ibindi.
5. Abavugwa muri ico gisomwa.
6. Ico ico gisomwa gishaka gushika ko.
7. Imvugo ifobetse.
8. Imvugo ndenzarugero.
9. Imvugo ngereranyo.
10. Imvugo nsanisha.
11. Imvugo y'Igiheburayo.
12. Ugutondeka amajambo mu buryo budasanzwe.
13. Imvugo iryohoye canke ya kera, itakivugwa.
14. Ibibazo ico gisomwa gisa n'ikigomba gutorera inyishu, mu buryo bufobotse canke bwinyegeje.
15. Ibibazo ico gisomwa kivyura mu mutwe wawe, mu bwenge bwawe canke ubona ko kizovyura mu mitwe y'abazovyumviriza.
16. Ukugene ico gisomwa gishikirizwa canke ingene canditswe.

**G. Urabe neza igihe ivyo vyanditswe vyandikwa hamwe n'ivyariko biraba ico gihe.**

Nk'ibisomwa vyose birafise icatumye vyandikwa, hariho ivyariko biraba vyatumye umwanditsi yandika uko yanditse. Muri ivyo harimwo umuco n'ivyariko biraba mu vyerekeranye no kumenyesha Imana co kimwe n'ivyariko biraba aho hantu ivyo vyandikiwe mu gitabu vyanditswe mwo, hamwe no mw'isezerano iryo ari ryo vyanditswe mwo.

**H. Soma ico gisomwa mu yandi mabibiliya urabe aho boba babivuze mu buryo budasa, urabe utuntu n'utundi tw'itandukanirwo ushobora kuba wari wabuze ukubisoma ubwa mbere.**

Intumbero kuri iki cyumviro ni ukugira ngo wimenyereze *ibiri muri ico gisomwa*. Iyi ni intambuko mu kwiga Bibiliya bamwe bita *ukwihweza*.

**I. Baza ibibazo ico gisomwa.**

Uwu ni wo mutima w'ukwiga Bibiliya. Tangura ubaza ibibazo vy'urufatiro nk'ibi (nde, ryari, ibiki, hehe, kubera iki, vyagenze gute) kugira ngo uronke ibivugwa vyinyegeje muri ico gisomwa. Mu bibazo nyamukuru hari mwo:

1. Iki gisomwa ni igiki? Mu yandi majambo, ufatiye ku kugene kimeze, iforoma yaco, n'amajambo akigize gerageza umenye igikorwa caco mu vyariko biraba. Nk'akarorero, mbega kwoba ari ukugabisha, imburi, isengesho, gushikiriza ivyabaye, kudonda ibintu, insiguro, umugani, ukwiregura, ugushikiriza icyumviro, ukuremesha, uguhumuriza, uguhimuriza, uguhanura, ukwigisha, akarorero, canke ikindi kintu ico ari co cose canke bimwe muri ivyo bivangavanganye, canke ibindi bintu? Ibi biragaragara, yamara kenshi na kenshi birerangazwa. Ibi birafise ingaruka irashe ku kugene insiguro, ivugabutumwa ryawe rizomera. Nk'akarorero, iyo igisomwa uriko urasigura ko, urigisha ko ari imburi ku ngaruka zo kutumvira, ubutumwa canke insiguro yawe itegerezwa kuba ukuburira abantu ku ngaruka zishobora kubaza ko ni batashira mu ngiro ibiri ko biravugwa.
2. Umwanditsi yanditse iki? Mu yandi majambo iki gisomwa kiriko kiravuga iki? Ico kigabane gishobora kuba kiriko kiravuga ku bintu vyinshi. Urakeneye kurobanura muri ivyo vyose ikintu nyamukuru.
3. Umwanditsi avuga iki kuri ibi bintu? Mu yandi majambo ibisigaye vyo muri iki gice bifatanyaga he n'ico kintu gikuru kiriko kiravugwa?
4. Mbega Mpwemu Yera yipfuzaga ko abavyumva canke ababisoma bogira inyifato ki, bobikora kw'iki?
5. Mbega iki gisomwa gituma uwugisomwa akora gute, avyifata mwo gute? Mu yandi majambo, raba kandi wige uhereye ku kugene uwo mwanditsi yahishuriye yashikirije icyumviro muri ico gisomwa. Nk'akarorero iyo

igisomwa gikoze ivyo mu gusigura aho kubikora mu gutanga akarorero, ushobora kwipfuzza yuko ubutumwa bwawe ushikiriza, usigura bushika ku co ushaka ukoresheje uburyo nk'ubwo umwanditsi yakoresheje.

6. Mbega iki gisomwa giterera gute ku ciyumviro nyamukuru c'icungura, agakiza? Ntutegerezwa guhita mwo gusa ico ico gisomwa ari co yamara ukwiye kandi ukwiye guhita mwo ingene kijanye n'iciyumviro nyamukuru c'Ivyanditswe. Kugira ngo ushike kuri ivyo, raba ingene igisomwa gikora muri ico gitabu hamwe no mu Vyanditswe muri rusangi. Kubera iki Mpwemu Yera yemeye ko ico gisomwa kija muri Bibiliya? None ico gice giterera iki ku butumwa nyamukuru bwa Bibiliya? Ivyo nta nkeka bizokwerekana ingene ico gisomwa cerekeza kuri Kristo. None ico gisomwa *cipfuzza gushika ku ki?* Ibi bizokwerekeza ku kugene ico gisomwa gitegerezwa gukora mw'ishengero.

**J. Reka ubwoko bw'ico gisomwa bukugabishe mu kukwereka ibigize ico gisomwa bidasanze.**

Raba mu buryo budasanze ikigabane ca V. "Ivyo twohagarara ko cane iyo turiko turasigura ku nkuru," n'ikigabane ca VI. "Ivyo twokwibanda ko cane igihe turiko turasigura ku mvugo ndyohematwi no ku buhanuzi," biri aha hepfo.

**K. Bandanya ubaza ibibazo kugeza ushoboye gutahura neza ico ico gisomwa gisigura.**

Uku ni *ugusigura*. Intumbero ni ukuvumbura *ico* igisomwa gisigura (ibiri mwo) n' *igituma* biri muri Bibiliya (ico gitumbereye). Nubwo twegereje ukwihweza dufatiye ku vyo tuja tuzi bikeya, ugusigura gusaba yuko uzana mu gisomwa ubwenge bw'inyigisho za Bibiliya buhagije ukabaza ibibazo bigufasha kuvumbura intumbero y'Imana mu gushira mwo ico gisomwa mu vyemewe muri Bibiliya. Uwufise vyinshi azokwongerwa, ubona ivyo uzi.

**L. Gerageza ushike ku nsozero zimwe kuvyerekeranye n'igisomwa uriko uriga.**

Umaze kubaza ibibazo vyiza bijanye n'ico gisomwa, utegerezwa ubu na ho gushika ku ndunduro, ku nsozero, no kugira ico uvanyemwo muri ivyo bibazo.

1. Gerageza ukure mwo icyumviro nyamukuru, uvuge mu mpfunyapfunyo ico ico gisomwa kivuga. Mbega Imana iriko irabwira iki ishengero icishije mu vyo uyu mwanditsi wa Bibiliya yanditse? Igihe umaze gushika kuri ivyo, ibice vyose bigize ico gisomwa bitegerezwa kwubakira kuri ukwo kuri, bikenena kuri ukwo kuri, canke bikerereka kuri ivyo mu buryo bugaragara. Iyo ivyo bitagaragara, ushobora kuba utatahuye ico ico gisomwa kivuga, kigomba gushikiriza. Ukwihweza kwawe kw'amajambo ashira hamwe ivyiyumviro, iryungane nyamukuru ngenderwa ko muri ico gisomwa ryerekana intumbero, n'ibindi bizogufasha kubona no kurobanura ukugene ico gisomwa cubatswe. Gumiza ko kwiga ico gisomwa kugeza ushoboye kuvumbura mwo icyumviro nyamukuru kiri muri ico gisomwa kandi ugutahure neza. Ico ciyumviro canke insiguro nyamukuru yandike ku bazi kwandika, canke uyigumize mu mutwe.

2. suzuma ivyo ubona ko vyoba ugusozera, kandi urabe ko bijanye n'ivyo abandi benshi banditse mu bitabu bitandukanye, hamwe n'ibindi bikoresho twofatira ko. Ivyo ari ko ni ibishobora gufasha abazi gusoma n'abashobora kuronka ivyo bitabu bindi ndetse Bibiliya yo nyene. Kenshi na kenshi birafasha iyo umuntu ahereye ku bivugwa kuri ico gisomwa vyanditswe n'abandi bantu maze agakura mwo ibigize ico gisomwa bikuru kurusha ibindi. Bamwe barashobora gukoresha ibitabo bisigura ivyanditswe mu buryo bw'insobanura mu zindi ndimi hamwe no guca ku masonga ibivugwa n'ingene ico gisomwa kigaragara mu ntambuko yo kwerekana ido n'ido y'ukugene ico gice kiboneka, kimeze, nk'uko tuja twavyerekeranye aho hejuru. Iyo umaze guhita mwo gkora ivyo, wirinde kwemera ko hari uwundi muntu agutamika ivyo uvuga, vyiyumvire ko nawe, kuko ashobora kuba yarihenze, canke Mpwemu Yera ashobora kuguhishurira ibinyuranye, ibidasa n'ivyo yahishuriye uwo warabiye ko.

**M. Reka igisomwa kivugane nawe, kikubwire.**

Utegerezwa gufata umwanya uhagije. Emera ukwo kuri wavumbuye mu vyo wariko uriga; saba Imana iguhishurire kurushiriza; icishye bugufi imbere y'Imana; iyumvire wige ku kuri nyamukuru kuri muri ico gisomwa.

1. Gushitsa igihe uzotahura ibivugwa muri ico gisomwa n'igituma bivugwa mwo kandi no gushika ku gihe ico gisomwa kizotangura kukuvuga ko wewe ubwawe, atari aho ntuhirahire ngo ucigishye ko. Ububasha bwawe nk'umusiguzi buhagaze, bufatiye ku kwigisha no ku gusigura ico ico gisomwa vy'ukuri cigisha, n'ubwo imbere yawe haba hari abakwumviriza banyuranye n'abariho igihe ico gisomwa candikwa, canke abo cabarira.

2. Iyo ico gisomwa ata co kikubariye ku gatwe kawe, raba ibintu vy'impwemu muri wewe, canke ibifashi bishobora kuba biguhumika amaso kugira ngo ntubone insiguro y'ico gisomwa. Maze saba Imana iguhishurire nimba utatahuye ico ico gisomwa gishaka gushikiriza canke ko hari ho ibindi bintu bituma ijamba ryayo ritagushika ku mutima, ritakunyura. Ibi bishobora gushika igihe wibaza ko iryo jambo ryerekeye abo uzoryigisha nawe ukishira hejuru y'ico gisomwa nk'aho wewe wikuye mwo. Urakeneye gushika ahantu muri iryo yinga ukwiye gukora mu kwizera maze ukemeza ko nimba Imana ishobora gukoresha indogoba ya Balamu ikavuga ijwi nk'iry'umuntu, ko ishobora no kuvuga icishije muri wewe mbere n'aho ingaruka y'ico gisomwa yoba nto kuri wewe ari nto kurusha uko wabishaka.

*Umaze kubona ico ico gice gishaka kuvuga mu buryo bwose kubera wagiciye irya n'ino, ubu rero uca ukora ibi bikurikira:*

#### **IV. Gupanga no guhinyanyura ico ico gisomwa gishaka gushikiriza mu nyigisho no mu gusigura no mu butumwa uzovuga (mu vandi majambo gusigura no kugaragaza igisomwa uzokwigisha ko, uzosigura ko).**

Ibi bisaba n'imiburiburi izi ntambuko zikurikira.

##### **A. Iyumvire ku vyo ishengeru rikeneye ufatiye ku nsiguro nyamukuru uvana muri ico gisomwa uzokwigisha ko.**

Saba Imana iguhishurire ico ishaka kubwira abantu uzosigurira ucishije muri ico gisomwa kiri imbere yawe; ku bantu izi ko bazozu gusenga ku musi witeguye kuzocigisha ko.

##### **B. Andika iryungane nyamukuru uzoshikiriza.**

Mu majambo yoroshe, ico uzoshikiriza muri ubwo butumwa canke muri ukwo gusigura cumvikana, iryungane rigizwe n'icyumviro nyamukuru c'ico gisomwa *ugifatiye ku vyo shengeru rikeneye*. Iri ryungane ryoroshe ripfunyapfunya ico wiyumvira, wizera ko Imana igomba ko ushikiriza, ubwira ishengeru ufatiye ku gisomwa uriko urigisha ko. Iryo ryungane rizoba rigizwe n'ubwizigirwa, ubumwe, ukwikwiza, icyumviro cuzuye, kandi cumvikana, gisobanuritse neza.

Nk'akarorero uriko urigisha kuri **Heb 12:1-11** ico woshikiriza coba nk'iki, "*Wizere Kristo, canke utumbere Kristo wenyene!*"

##### **C. Suzuma, pima ugushikiriza kwawe.**

Baza ibibazo nk'ibi:

1. Mbega iryo ryungane narivuze mu gihe gikwiye ngitagura kuvuga ubutumwa?
2. Mbega iryo ryungane narivuze ndongera ndarisubira mwo kugira ngo abantu baryumve? (Mbega vyofatira umwanya ungana iki abashitse bacerewe kugira ngo bamenye iyo ndiko ndaja, no kumenya ico ndiko ndavuga ko?)
3. Mbega narateguye abazonyumviriza kugira ngo bitegurire iryo ryungane, ico ciyumviro nyamukuru nshikiriza mu vyo ngiye kuvuga?
4. Mbega iryo ryungane, ivyo nshikirije birumvikana, kandi ntiriri mu rwinshi mu buryo bunyuranye no gushikiriza ibintu vyinshi bidasobanuritse kandi ata co bisa bisana?
5. Mbega iryo ryungane rirasa ku ntego, canke ririmwo amajambo adakenewe canke ivyiyumviro bidakenewe?
6. Mbega iryo ryungane rijanye n'ibiriho muri iki gihe canke ryararenzwe ko n'igihe, nk'ukuvuga inkuru yo mu "bihe vya kera vya Bibiliya" mugabo ata co yokwigisha abari mu bihe ishengeru riba ririmwo uyu musi?
7. Mbega iryo ryungane rirarashe, ryerekeranye n'abari ngaho bose, uwo ari we wese araryiyumvamwo, arumva ko rimwerekeye, arumva ko ryoroshe kwibuka?
8. Mbega iryo ryungane riroroshe gusubira mwo no kwibuka?
9. Mbega umunyabwenge ari muri iryo shengeru yuzuye Mpwemu Yera, ariko arasoma yiga ico gisomwa yitonze, arashobora kwemezanya nawe yuko ivyo washikirije muri iryo ryungane rivuga ku kuri nyamukuru, ngenderwako kw'ico gisomwa?

##### **D. Gerageza usubiremwo ivyo ushikiriza uko bibaye ngombwa.**

##### **E. Subira mwo ingene ico gisomwa uriko urigisha ko ryerekana vy'ukuri ko ivyo uriko urigisha bijanye n'ivyo washikirije muri rya ryungane.**

1. Koresha iyo nkuru canke ubwo bwenge kugira ngo ugire inca make ijanye n'ivyiyumviro nyamukuru bigufasha gushika ku ciyumviro c'iryo ryungane washikirije mu ntango, yamara kandi ko ivyo uvuga vyubakana mu buryo kanaka bworoshe kwumva no kwibuka. Mu buryo bwumvikana, iyo migenderanire y'ivyo ushikiriza ni yo izokwerekana ingene ico gisomwa cubatse. N'imiburiburi, ntibikwiriye kunyurana n'ibivugwa mu gisomwa.
2. Iyi migenderanire yubakiye, igaragarira mu ryungane ngenderwako. Iri ryungane ntirivuga ku bigize igisomwa canke ubutumwa yamara rigabisha abumviriza ku kugene utegura gushikiriza icyumviro kijanye na rya ryungane waherako, wise ico ushikirije.

##### **F. Andika iryungane ngenderwako.**

1. Ibi birashobora gufata uburyo bwinshi, yamara uburyo bworoshe bugizwe n'ijambo ngenderwako iryo na ryo ni izina mu bwinshi rihinduwe n'igitigiri gihuye n'igiharuro c'ivyiyumviro bikuru biri mu nca make harimwo n'ayandi majambo agizwe n'amavuga kugira ngo herekanwe ubusa buri hagati y'ibishikirijwe n'ivyiyumviro nyamukuru. Nk'akarorero, mu butumwa bufatiye ku ba **Heb 12:1-11**, hamwe ivyo ushikirije ari "*gumiza ivyizigiro vyawe muri Kristo,*" iryungane ngenderwako rishobora kuba, "*Iki gisomwa kiduha impamvu zitatu zituma tugumiza ukwizera kwacu muri Kristo, mbere nubwo vyoba bisa n'uko bidakwiye: (1) Kristo yuaratwemeje, yarawemereye ibizokomoka mwo; (2) Warahinduwe; (3) Imana ni yo ibicungera.*" "Ibituma, impamvu" ni ryo jambo nyamukuru. Ijambo nyamukuru si ico igisomwa kivuga ko canke ubutumwa buvuga ko. Iryo jambo nyamukuru ridonda imigenderanire iri hagati y'ivyiyumviro nyamukuru, ivyo na vyo kimwe kimwe ari impamvu muri ico ciyumviro nyamukuru. Ayandi majambo y'urufunguruzo ashobora kuba: "ivyiyumviro," "ukuri," "imfunguruzo," "uko umuntu abifashe, abiravye, avyiyumviri ye mwo, uburyo avyiyumviriyeye mwo," "intambuko," n'ibindi.
2. Iyubare gukoresaha amajambo nk'aya "ibintu" canke "ivyiyumviro" mu ryungane ryawe ngenderwako kubera



yuko ari muri rusangi maze ntashobore kujana n'intumbero yabo nyamukuru yo gushira umuco mu migenderanire iri hagati y'ivyiyumviro nyamukuru.

**G. Andika ivyiyumviro nyamukuru mu nca make y'ivyo uja kuvuga.**

1. Dufatiye ku karorero ko mu ba Heb 12:1-11, twavuzeko hejuru, ivyiyumviro nyamukuru bishobora kuba nk'ibi:
  - a. Kristo aja yaremeje inyishu, ibizova mwo (imirongo 1-4);
  - b. Mwarahindutse (imirongo 5-8); na
  - c. Imana irazi ibiri ko biraba kandi ni yo ibicungera (imirongo 9-11).
2. Raba neza mu karorero ko muri Heb 12:1-11 ivyiyumviro nyamukuru vyaja vyaravuzwe mu ryungane ngenderwako, maze bisubirwa mwo nk'ivyiyumviro ngenderwako mw'ivugabutumwa nyezina; yamara ntibitegerezwa kwama bigenda guryo. Ivyiyumviro nyamukuru bitegerezwa kuba bijanye n'ivyavuzwe mu ryungane ngenderwako, yamara ntutegerezwa kuguma usubira mwo ayo majambo y'iryungane ngenderwako yose rimwe rimwe. Nk'akarorero, mu kwigisha kuri Ef 2:11-16, ico ushikiriza gishobora kuba nk'iki, "ubugingo bwacu ni busha muri Kristo." Iryungane ngenderwako rishobora kuba nk'iri, "Uyu musi tuja kuraba ubugingo bwacu busha muri Kristo twisunze inzira zibiri: abo turi bo vy'ukuri muri Kristo, n'ico dukwiye kubikora ko." Ivyiyumviro nyamukuru bishobora kuba nk'ibi:
  - a. Kristo yatugize "umuntu umwe musha" (imirongo 11-16).
  - b. Ko turi "umuntu umwe musha," dutegerezwa gukoreranirana (imirongo 14-16).
3. Iyo bikugora gushikiriza ivyiyumviro nyamukuru maze ukabishigikiza igisomwa, ushobora gusubiramwo no kwiyibutsa iryungane ryo gushikiriza kugira ngo uvuge vy'ukuri ico ico gisomwa kiriko kirigisha.

**H. Gerageza uvuge ku ciyumviro nyamukuru, ugishingire ko cane.**

Mu buryo bwo gushingira ku vyiyumviro nyamukuru hari mwo ibi bikurikira:

1. Kuvuga ku mutwe no gusoma igisomwa ivyo vyakuwe mwo. Ivyo ndavyita "ugushigikira, ugukorora inanga ku barovy'i."
2. Kwemeza icyumviro. Ibi ni ngirakamaro igihe icyumviro nyamukuru kitagaragara neza mu gisomwa wavuze.
3. Gusobanura, gusigura, gushira mwo umuco, kwerekana ibikwiye, n'ibisabwa kuri ico ciyumviro. Ivyo kumbure birasaba gushira mwo amarangi mu gisomwa. Uburyo butandatu bwo gukora ivyo ni ni ubu: kuvuga ingene ibintu bimeze; uburorero; kudondora ikintu, indangurakintu; kugereranya no gutandukanya; gusuzuma igituma ibintu biba; hamwe no guca mwo ibice.
4. Gushikiriza mu buryo bw'agakina ico ushaka kuvuga. Gukina ivyo ushaka kuvuga bishiraho ikiraro hagati y'isi ya Bibiliya n'isi y'uyu musi, ni ukuvuga igihe ivyo vyandikwa, n'ibiri ho uyu musi. Menya yuko ugukina ubwo butumwa nko mu buryo bw'inkino bishobora kunesha ubutumwa uriko uravuga.
5. Kubishira mu bgiro. Ibi bisaba gutumira abumviriza kugira ico bakoze ku nyigisho bumvise mu buryo bwumvikana. Birashoboka yuko kuba ukwihana, ukwumvira, ukwizera, ugusenga canke uruvange rw'ivyo vyose canke ibindi bintu kanaka. Igikorwa cacu ni ugutumira abantu kugira ico bakoze ku butumwa no ku nsiguro yavuzwe, no ku co igisomwa cashikirije.

**I. Andika indunduro n'insozero y'ubutumwa uja kuvuga.**

Ibi bizotuma usubira mwo kandi uraba neza ivyo ushikiriza. Bishobora kandi gusubira kwiyumvira ku bice nyamukuru bigize inyigisho yawe. Aho ni ho ushikana ubutumwa mu mitima y'ababwumviriza.

**J. Andika intangamarara y'ubutumwa uja gusigura, kuvuga.**

Ibi bitegerezwa mu buryo kanaka gutuma haba ibibazo canke ivyiyumviro igisomwa uriko urigisha ko gitorera umuti canke inyishu.

**K. Andika ubwo butumwa bwose uja kuvuga.**

Raba cane cane ku majambo meza uja gukoresha ku gace kose maze ushireho n'amajambo uja gukesha kugira ngo wimukire ku kindi ciyumviro, kandi ayo majambo ni yo afatanyira ivyo bice vyose, ivyo vyiyumviro vyose biboneka muri ico gisomwa bikaguha kwa gushikiriza.

**L. Gerageza uce mu nca make ivyo wandika kugira ngo ntibibe birebire.**

**M. Subiramwo wimenyereze ubwo butumwa uzovuga mu majambo yumvikana, ushize ijwi hejuru, uvuga.**

Ahubwo mbere vyoba vyiza ugerageje kwimenyereza mu kibanza uzovugira mwo ubwo butumwa kugeza igihe utazogumiza amaso ku vyo wateguye, vyimenyereze.

**N. Vuga ubwo butumwa mu bubasha bwa Mpwemu Yera.**

Mu gusenga wizere ko Imana izovugira muri were

**O. Vomera imbuto y'ijambo ukoresheje amasengesho.**

**V. Ivyo wokwibanda ko cane iyo uriko urigisha ku kudonda inkuru (mu yandi majambo, inkuru, imigani; ivyabaye muri kahise).**

**A. Ibintu bidasanze bigize inkuru (mu buryo bunyuranye n'ivyete vyigisha).**

1. Inkuru zigisha mu buryo butarashye, bunyegeje. Saba uhoraho agufashe kuronka ubwenge bwo gusoma hagati y'imirongo kandi wimbe no mu mizi ivyoba biriko biravugwa muri iyo mirongo.
2. Ico iyo nkuru ivuga gishobora kuba kitari muri ico gisomwa ubwaco yamara kiri imbere y'icoo gisomwa canke inyuma y'ico gisomwa.
3. Igihe uriko urigisha ku nkuru, birafasha kubaza iki kibazo, wipfuzza yuko abakwumviriza bifatanyaga na nde muri iyi nkuru? Ico ushikiriza gishobora gushingira ku nyigisho z'ico gisomwa canke ku cigwa ciza canke kibi wize, kivuye muri ico gisomwa, bivanye n'uwo ugomba ko abakwumviriza bifatanyaga na we.
4. Gutera inkuru mu yindi nkuru birashobora kuzazanira abumviriza.
5. Biroroshe kwirengagiza inkuru zivugwa n'abahanuzi.

**B. Ku vyerekeranye n'igice /igisomwa co kwigisha ko:**

1. nk'uko nabivuze hejuru, tora igisomwa uzokwigishako kirimwo ivyo ugomba kwigisha ko kirekire gihagije kandi gifise icyumviro gikwiye. Igifise akamaro ni uko igice wahisemwo kwigisha ko kigaragaza ko kirimwo icyumviro kimwe nyamukuru ngenderwako cavuzwe ko biciye mu nkuru canke kudonda iyo nkuru ingene imeze. Ni ukuvuga yuko hategerezwa kubaho icyumviro nyamukuru umwanditsi wa Bibiliya ashaka gushikiriza muri ico gisomwa. Iyo mu gice c'inkuru y'Ivyanditswe usimvye ibisomwa kuko bitigisha ukuri wibaza ko ishengerero ryawe ridakeneye kumenya no kwumva, n'imiburuburi erekana ingene ivyo bice wasimvye biterera ku kintu nyamukuru ushaka gushika ko kandi bitegurira igisomwa uriko urigisha ko, urasigura ko.
2. Urufunguruzo ni ukurondera ico umwanditsi ariko aragerageza kuvuga ko no guserura akoresheje inkuru. Kubera iki Mpwemu Yera yemeye gushira mwo iki gisomwa muri iki gice kigize Bibiliya, Ijambo ry'Imana? Kirashobora kuba kijanye n'irwa ry'abavugwa muri ico gisomwa canke ku bigize Imana nk'uko bihishurwa muri iyo nkuru, yamara vyose bikaba ari ho biri. Ico ushimikirako mu butumwa uvuga canke mu nsiguro yawe kivana n'ukugene ubona ivyo abantu bo mw'ishengerero bakeneye.

**C. Kwihweza igisomwa c'inkuru.**

Ibi bikurikira ni imyihwezo dutegerezwa gukora dufatiye ku bisomwa vy'inkuru:

1. Aho vyabereye (igihe, ikibanza).
2. Ico uwavuze iyo nkuru yabivuzeko.
3. Abagize iyo nkuru n'ingene bavugwa, badondorwa.
4. Ukuganira n'aho vyavugiwe.
5. Indunduro—ingene inkuru ihera kun tango kugeza iheza.
6. Amajambo, cane cane amajambo ari mwo inyigisho z'ijambo ry'Imana hamwe n'amajambo yerekana ibintu.

**D. Kubaza ibibazo igisomwa c'inkuru.**

Ibi bikurikira ni ibibazo nyamukuru bibazwa mu gisomwa c'inkuru:

1. Iyi nkuru yavuzwe mu gihe giki? Ni ibiki vyari bibaye vyatumye iyi nkuru ivugwa? Rondera muri iyo nkuru ikintu c'ingorane catumye iyo nkuru ivugwa maze hakaba umuti w'ico kibazo cari kivutse.
2. Ni nde yateye, yavuze iyo nkuru? (Ibi bifasha kumenya ivyariko biraba.)
3. Abavugwa muri iyo nkuru bakuru bakuru ni ba nde? Ushobora kuvumbura iki kuri abo bantu bakuru bakuru bavugwa muri ico gisomwa ubwaco? Mbega ibindi bisomwa canke ayandi masoko abavugaga ko iki?
4. Mbega iyo nkuru yavugiwe he?
5. Mbega hari aho umuntu yivugana muri iyo nkuru?
6. Mbega muri iyo nkuru harimwo ivyo uwayishize ahabona yishiriramwo bitavuzwe na nyene kuyitera, kuyivuga? Ivyo mubirabe neza kubera kuko birashobora kuba biri mwo urufunguruzo rw'icstumye iyo nkuru ivugwa.
7. Mbega hoba harimwo izindi nkuru muri iyo nkuru nyamukuru?
8. Iyo nkuru mu majambo aciriye hagufi ivuga ku ki? (mu buryo busanzwe)
9. ibice bigize iyo nkuru ni ibihe? Iyumviro ku vyicira canke ku bice bigize igikino canke bigize igitabu.
10. Hari igice kivugwa giterera icyumviro cazanywe n'iyi nkuru?
11. Nimba iyo nkuru ifise ico ivugako, ni igiki?
12. Ni amajambo ayahe agize icyumviro nyamukuru c'iyi nkuru?
13. Mbega iyi nkuru iterera gute icyumviro nyamukuru c'ico gitabu iboneka mwo? Iyo nkuru ikora gute—mu yandi majambo, kwoba ari ukugabisha, yoba ari imburi, kwoba ari uguhimiriza canke ukuremesha, yoba ari inyigisho, canke koba ari akarorero, n'ibindi?
14. Mbega iyo nkuru ishikira, ikora ku bishika, ibishobisho gute?
15. Mbega muri Bibiliya n'hehe handi tubona abo bavuzwe muri iyo nkuru canke ico cavuzwe vyongeye ni iki dushobora gukora muri ivyo bice vyose iyo nkuru iboneka mwo?

### **E. Ku vyerekeranye n'ugushikiriza:**

1. Baza ingene igisomwa c'iyu nkuru uriko urasigura ko cerekana ugushikiriza ivyo uriko urasigura ko, wigisha ko. Mu bisanzwe inkuru ishikiriza ico igomba ko abantu bamenya mu bice bigize iyo nkuru vyongera ku nkuru nyamukuru (ico twita ubuhinga bw'igaruka garuka), canke igice cose (ico twita ubuhinga bw'ingaruka z'inkuru).<sup>5</sup>
2. Kumenya ingene iyo nkuru ishikiriza ico ivuga ko nyamukuru, subira mwo ibice canke ivyicira bigize iyo nkuru ubaza nimba umwanditsi ariko arakoresha ivyo vyicira, ivyo bice kugira ngo azane icyumviro gisha canke kugira ngo atsindagire ico yaja yavuze, canke agomba abantu bakure mwo icirwa kanaka, canke na ho ku rundi ruhande, nimbi ariko arubaka ibituma ashika ku gusozera gukuru. Nimba ico ca mbere ari co ashaka gushika ko, igice cose kirashirwa mu ngiro; na ho nimbi ari ico ca nyuma, icyumviro nyamukuru conyene gishikirizwa n'ivyo bice vyose ni co gishirwa mu ngiro. Ibi bizogira ingaruka ku kugene usubira mwo iyo nkuru, utera iyo nkuru n'ukugene ishira mu ngiro.
3. Bivanye n'ukugene ico gisomwa kireha, urashobora guhitamwo kuyisoma no /guteru iyo nkuru agace ku kandi, ugafatanyaga agace ku kandi mu ngereranyo n'ibiba muri iki gihe maze ugatumira abantu gushira mu ngiro agace kose kagize iyo nkuru, kagize ako gakino. Iyo ivyo bice bitikwije, bidashobora guhagarara ukwa vyo, urashobora gusoma iyo nkuru canke kwongera gutera iyo nkuru yose maze ukayigereranya n'ivy'iki gihe maze ukayikoresha yose kw'iherezo, mu mpera.

### **F. Ku bijanye n'iryungane ryubatse iyo nkuru:**

Iryungane ryubatse iyo nkuru mw'ivugabutumwa ryawe ni ngirakamaro mbere no mu nkuru igihe utegerezwa mu bundi buryo ushobora kutaba wahisemwo kurivuga kubera yuko kwongera gutera iyo nkuru vyerekana neza ingene iyo nkuru itera imbere maze ikagumiza ibiyigize hamwe. Ni ukuvuga yuko ushobora gusanga ari ngombwa ko uca iyo nkuru mu "bice" mu "vyicira" canke mu kwerekana, nk'akarorero, "ibiganiro" bitatu canke ukitwegereza "amakosa" ane uwuvugamwo nyamukuru yakoze.

## **VI. Ivyo twofatira ko bidasanze igihe tuba turiko turigisha ku gisomwa c'indyohera matwi hamwe n'ubuhanuzi.**

### **A. Ku bijanye n'igice uba uriko urigisha ko:**

Nk'uko twabivuze hejuru, gerageza urobanure igisomwa c'igice uzokwigisha ko kiri mwo ivya nkenerwa ushaka kandi n'uburebure bwaco ushaka yamara kirimwo inkuru uyikwije, yuzuye ntugicire hagati. Mu bisanzwe ibi bisigura nka Zaburi yose, imburi ikwiye, yuzuye, ugucura intimba kwuzuye, hamwe n'ibindi. Nk'uko twosigura imirongo icitabirizo canke igice kimwe c'indirimo canke icese kimwe yamara gerageza kugifatira hamwe, si vyiza rero kugerageza gusigura agace kamwe kagize icese, canke indirimo canke icitabirizo.

### **B. Kwihweza igisomwa kigize icese canke ubuhanuzi.**

1. Rondera amajwi yitabana, ibangabanganwa, ubudasa, ivyo umuntu yirengagiza atarinda kuvuga, gusubira mwo amajambo, ingene uduce tugabanganywe, uduce tw'icyumviro twikwije hamwe n'ibindi vyinshi bigoye kubona mu Kirundi. Gerageza guca mwo ibice n'ivyicira ico gisomwa.
2. Mu gusoma no kwisubiriza ico gisomwa muri Bibiliya ushaka kuzokwigishiriza mwo, andika ivyo wabonye vyagukoze ku mutima. Ntiwibagire kwihweza ibi bikurikira:
  - a. Imvugo ngereranyo
  - b. Imvugo ndenzarugero
  - c. Imvugo ngereranyo
  - d. Ibishusha
  - e. Igiheburayo
  - f. Amajambo akurikirana mu buryo budasanze
  - g. Imvugo ibanje kwiyumvirwa ko canke ibidasanzwe muri yo
  - h. Ibindi bintu bigize imvugo ndyoheramatwi canke imvugo y'ubuhanuzi

### **C. Kubaza ibibazo imvugo ndyoheramatwi canke igisomwa c'ubuhanuzi.**

Aka ni ko gatimatima k'ukwiga Bibiliya. Tangura ubaza ibibazo bisanzwe (nde, iki, ryari, hehe, kubera iki, na gute) kugira ngo wimbe mu mizi ico gisomwa. Mu mvugo ndyoheramatwi no mu mvugo y'ubuhanuzi ivyo bibazo bishobora kuba bigizwe n'ibi bikurikira:

1. Ni nde ariko aravuga?
2. Ico cese catunganirijwe nde, kivuga kuri nde, coba ari imburi canke ido n'ido ry'ivyanditswe?
3. Iki gisomwa canditswe kuri nde?
4. Ibi vyanditswe vyanditswe ryari?
5. Ni ibibanza ibihe vyavuzwe?
6. Iki gisomwa ndyoheramatwi wacumvise gute, cagusizemwo ibishika bimeze gute, caguhaye ivyizigiro bimeze gute, iki gisomwa cakubariye iki?

<sup>5</sup>Ayo majambo akomoka mu gitabu ca Dr. Harry yise Shields' 1996 Trinity Evangelical Divinity School D. Min. Thesis, *From His Story to Our Story: A Skills Development Manual for Old Testament Narrative Exposition*.

7. Ni ibigereranyo ibihe vyatumye wibaza ivyoyu vuze?
8. ni ibiki vyerekana isubiramwo rya kahise ka Isirayeli wabonye muri co gisomwa? Ni hehe havuga ku bantu b'Imana, abansi b'Imana, ni ibihugu ibihe bivugwa, wabonye muri ico gisomwa uriko uriga?
9. ni imvugo iyihe, amajambo akunze gukoreshwa wabonye mwo, wakuye muri ico gisomwa?
10. Ibiri muri iki gisomwa bishika ku nsozero, indunduro iyihe?

**D. Insozero z'urufatiro ku vyerekeranye n'igisomwa ndyoheramatwi canke igisomwa kivuga ku buhanuzi.**

Utegerezwa n'imiburiburi gushika ku nsozero zine ngenderwako ku gisomwa uba uriko uriga ko:

1. Ni igiki? (Coba ari igitsure? Ugucura intimba? Indirimbo y'ishimwe? Ikindi kintu ico ari co cose?)
2. Kiriko kiravuga ku ki? (akarorero Ikiyugwa ko ni iki?—Imana, abantu bayo, ivyo abantu bakeneye, ukwezwa, canke ibindi bintu vyose vyerekeranye n'ibintu kanaka?)
3. Kiriko kiravuga iki kuri ico ciyumviro? (nk'akarorero: ugusenga ni ngombwa, ko ukwizera kugira ivyamwa, n'ibindi nk'ivyo.)
4. Mbega ico gisomwa gikora gute mu gitabu kiboneka mwo, mw'isezerano kibonekamwo, no mw'ijambo ry'imana muri rusangi? (Kwerekana ko umuntu yaguye? Kwerekeza abantu kuri Kristo? Kwibutsa abasoma ubwizigirwa bw'Imana?)

**E. Ku vyerekeranye n'ivyo ushikirije:**

Baza ingene ibisomwa ndyoheramatwi canke bivuga ku buhanuzi uriko urasigura ko vyerekana ico bishaka kuvuga ku co ushikiriza uriko urigishako. Raba neza ibishobisho, ico umuntu yobivuga ko, ibigereranyo, ukugene ibintu vyiyongeranya ukoresheje ibangabanganwa canke ubundi buryo vyose vyerekeza ku gutahura igisomwa ugifatiye ku catumye candikwa. Iyo udashoboye kurobanura no kuvuga kuri ivyo bintu, urashobora gusubira mwo ivyo washikirije kugeza unyuzwe n'uko ibice vyose vyubakiye ku vyo wabonye ugomba kwigisha ko.

**VII. Ibintu bine dutegerezwa kwiyubara no kwibuka.**

**A. Ntugerageze kuvyaza igisomwa ico kitavuga, canke ngo ushiremwo ivyiyumviro bitari mu vyo umwanditsi yagomba gushira mwo ubwa mbere.**

**B. Igihe umuntu yirengagije ibigereranyo vyo mw'isezerano rya Kera Isezerano Risha rikoresha kandi rigakomeza, uwo muntu aba ahombye akaryo ko kwemeza no gushigikira ukuri kw'ubutumwa bwiza—uburorero: uguekwa, ubuherezi, ubwungere, Isirayeli nk'ikigereranyo ca Yesu n'ishengero.**

**C. Kwisunga ubwenge bw'umuco, kahise canke ururimi bishobora kwugara Bibiliya ku bantu batamenyereye bibiliya mu kwerekana yuko badashobora kugira ico bakuyemwo batabanje kumenya ivyo abari imbere, abakijijwe bazi.**

**D. Gukurikiza izo ntambuko zaho hejuru si itegeko ngo bigende neza.**

Dutegereza kurondera mu nyonga z'Uhoraho kandi tumusabe adufashe mu gutezura no mu gushikiriza ivyo twateguye. Yamara, izo ntambuko z'aho hejuru zashizweho kugira ngo zidufashe kwirinda amakosa amwe amwe y'urufatiro kandi kugira ngo tugwize uburyo bw'uko ubutumwa bwacu buzokwumvikana.

**IVYONGEWE KO C**

**Mat 6:19-24—Ubuhinga bwo kuvuga ubutumwa ubaza ibibazo umuntu akikuriramwo isomo ubwiwe<sup>6</sup>**

**Intangamarara:** Amahera. Twese turayakeneye. Twese turayashaka. Amahera ashobora gukora ibintu vyinshi vyiza. Ni vyiza kuyaronka kuruta kutayaronka.

Mbega mwari muzi ko Yesu yavuze cane ku mahera kurusha uko yavuze ku kindi kintu ico ari co cose? Ubu turazi yuko umwansi mukuru wa Kristo ari satani. Mwokwiyumvira yuko Yesu yari kuvuga ati: “ntushobora gukorera Imana na Satani.” Yamara si uko yabivuze—“ntimushobora gukorera Imana n'amahera /ubutunzi/Mamo (mu yandi majambo, amahera n'ibintu).” **KUBERA IKI?**

Vyiyumvire ko: Igihe twari tukiri bato twaranzerezeza no kuronka ibingorongoro, uduhera dukeya. Tumaze gukura—ivyo bingorongoro ntibikitubumba, ntibikitunzezeza. Turaronka akazi—yamara mu misi mikeya akazi turonse ntikatubumba. Tuguma tubona ibintu vyinshi twokoresha mwo amahera—ni co gituma tuguma tugomba menshi. Igihe twari tukiri bato twaripfuzaga kuronka ikinga. Abavyeyi bararituronsa. Mbega ivyo biratubumba? Igihe tumaze gukura twipfuzaga ipikipiki. Turayironka. Mbega iyo iratubumba? Maze tukipfuzaga imodoka. Na yo tukayironka. Mbega iyo iratubumba ikatumara inyota? Maze tukagomba imodoka nini, canke mbere zibiri. Tukazironka, none wibaza ko inyota ica ihera, zica zitubumba?

Kubera iki Yesu yavuze ati, “Ntimushobora gukorera Imana n'amahera?” Ni kubera yabonye ko kumbure ikintu

<sup>6</sup> Ahanini iyi ni ubutumwa bufatiye ku ciyumviro nyamukuru ku bijanye n'akamere k'amafaranga, nubwo gishingiye ku gisomwa kidasanze.

gikomeye gishobora kudukura ku Mana ari amahera n'ubutunzi. Impamvu ni uko:

**Ico dushikirije:** AMAHERA NI IKINTU C'IMPWEMU. Ni ivy'impwemu nk'uko umusaraba ari uw'impwemu—mbere, amahera arashobora kuba ivy'impwemu *gusumba umusaraba*. **KUBERA IKI?** Vyose ni ibintu bigaragara. Bishobora gukoreshwa ku vyiza canke ku bibi. Abantu benshi bambaye imisaraba (ku matwi, mw'izosi, bayigendana mu mipfuko)—yamara amahera *agaragaza yerekana ibiri imbere mu mitima yacu: inyifato yacu*, ku bijanye n'amahera hamwe n'ico tuyakoza bigaragaza neza kurusha ikindi kintu cose, aho imitima yacu, ubwenge bwacu, imishaha yacu, n'ivyo duha agaciro kuruta ibindi vyose, ivyo dushira imbere y'ibindi vyose biri vy'ukuri.

*Igitabu c'Abaanglicane c'amasengesho asanzwe:* amasakaramento = “ibimenyetso biboneka kandi bigaragara, akomoka ku bintu vyabaye imbere mu mutima n'ubuntu bw'impwemu.” Iryo hame rirakoreshwa mubigize ubugingo bwose no mu bigize ubuzima bwose. Ico dukoresha amahera yacu kigaragaza ico twiyumvira vy'ukuri kuri Yesu Kristo—nk'igipimisho c'ivy'impwemu”

**Iryungane ngenderwako:** Ngomba gukora ibintu bitatu: (1) kuraba ku kugene amahera ari ikintu c'impwemu; (2) Kuraba ku kugene ishengerero rya mbere ryatahura ivyo, kandi n'ukugene ukwo gutahura kwahinduye ico bakoresheje amahera yabo; (3) tugerageze tuyigarukane ko, tuyirabishe ko mu bugingo bwacu.

### **I. Ivy'Impwemu vy'amahera**

**Mat 6:19-20**—“ntukirundanirize ubutunzi...” “Kwirundaniriza” mu Kigiriki ni irivuga rikomotse mw'ijambo “ubutunzi”—mu yandi majambo, “Ntiwirundanirize ubutunzi mw'isi, yamara uburundanye mw'ijuru...”

- **v. 21**—Ntuvuge ngo, “aho umutima wawe uri ni ho n'ubutunzi bwawe buzoba...” (nubwo ivyo ari ukuri)—Yamara “aho ubutunzi bwawe buri, ni ho umutima wawe uzoba.” **KUBERA IKI?**
- **Turundanya ibidufitiye akamaro, ivyo duha agaciro:** Mpa agaciro umugore wanje. Ni we muntu amfitiye akamaro kuruta abandi bose mu bugingo bwanje. Ni co gituma nkora ibishoboka vyose kugira ngo nshobore gukomeza imigenderanire yanje na we ... (si mu buryo butagira agatosi—nk'uko na we yobikubarira—yamara); ni yo nzira ndamufata mwo, ni ko ndamugirira igaragaza ico ndamwiyumvira kovy'ukuri (ubu bica bimpa kwiyumvira ...)
- **Ni muri ubwo buryo Yesu yaduhaye ikimenyetso kigaragara, kiboneka,—ico dukoza amahera yacu, amadollari—ni co kigaragaza, kikerekana ivyo twirundaniriza vy'ukuri:** Iyi si n'ibintu vyo muri yo, canke Imana n'Ubwami bw'Imana. Bigaragaza aho imitima yacu iri.

**A. Ico dukoresha amahera yacu ni uburyo bwo gusenga: Mat 2:11** (umuntu w'ubwenge); **Mrk 14:3-9** (umugore yari afise ikebano ry'amavuta azimvye cane). Bahaye ikintu Yesu Kristo:

1. **Yamara Yesu ntakangwa kandi ntashobora guhabwa igiturire: Mat 15:5-9 [SOMA].** Gusenga ≠ kuririmba & kuja mw'isengeru.
2. **Amabwirizwa makuru:** “Kunda Imana & ukunde na mugenzawe”—ibwirizwa rya kabiri (ukugene ufata mugenzawe) ni bigaragara inyuma ku bantu, ni ivyo abantu babona, ibintu bigaragaza yuko vy'ukuri uriko urashira mu ngiro ibwirizwa rya mbere; ni igipimo co muri mpwemu—**AMAHERA NI IVY'IMPWEMU.**

**B. Ico dukoresha amahera yacu ni ukugaragaza ukwizera kw'ukuri: Yak 2:14-18** (“Genda amahoro”); **1 Yoh 3:16-17 [SOMA]. AMAHERA NI IVY'IMPWEMU**

**C. Ico dukoza amahera yacu ni uburyo bwo gukora igikorwa: Flp 4:18** (Ururimi canke invugo y'ibimazi vyo mw'Isezzerano rya Kera); **Yak 1:27** (“Idini” = “ikigaragarira inyuma c'igikorwa co gusenga”—ivyo bisaba amahera). **AMAHERA NI IVY'IMPWEMU**

### **II. Ishengerero rya mbere ryaratahura ivyo**

**A. Ishengerero risha ryarangwa N'UBUNTU BUDASANZWE, N'UGUTANGA KUDASANZWE**—ivyo uwo ari we wese yashobora kubona.

**B. KUBERA IKI?—hariho impamvu zibiri:**

1. **Yesu yari yabahinduye vy'ukuri guhera IMBERE MU MUTIMA BIKAGARAGARIRA INYUMA MU BIKORWA** (biroroshe kuvuga “Yesu ni Umwami” canke “Naravutse ubwa kabiri”—yamara *baragaragaje* ko kwari ukuri).
2. **Baratahuye ingaruka z'ubutumwa bwiza:**
  - Nimba Kristo yaraduhariye, bishoboka gute ko twoba abantu badaharira abandi?
  - Nimba Kristo yaduhaye ivyo yari afise vyose, none bishoboka gute ko twokwumira ku mahera yacu n'ivyo dutunze?
  - Nimba Yesu atari afise naho arambika umusaya, bishoboka gute ko tutokwugururira amazu yacu abatagira aho baba canke abandi bantu bafise ibibazo?

**C. Uburorero:**

1. **Luka 19:1-10**—Zakayo;

2. **Ivyak 2; Ivyak 4**—*Ishengero ry’i Yerusalemu;*

3. **Ivyak 11:27-30**—*Antiyokiya.*

4. **2 Kor 8:1-5**—*Makedoniya* (inyuma y’imyaka 20 ≈AD56—Ivyariho: inzara i Yerusalemu—**1 Kor 16:1-4**)

- *Kubera iki Abimakedoniya batanze batitangiriye itama? Inyishu: Umurongo. 5*—ubugingo bwabo bwarahindutse guhera mu mutima bigaragarira inyuma ku mibiri no mu bikorwa vyabo; *babonye ibintu mu buryo busha—baha agaciro ibindi bintu bisha* (mu yandi majambo, ugukunda Imana; ugukunda bagenzi bacu).
- **2 Kor 8-9**—*Ahantu harehare kurusha ahandi hose Paulo yavuze ku bijanye no gushikana, gutanga amahera, yamara ntiyigeza akoresha ijambo “amahera”—yamara yavyise: “ubuntu;” “iki gikorwa c’ubuntu;” “koinonia”* (ingaburo y’Umwami); *“leiturgia”* (liturugiya); *“gukorera abandi; igikorwa”—mu yandi majambo, ayo majambo yose yerekana ibintu vy’impwemu—KUBERA IKI? Inyishu: kubera yuko AMAHERA ARI IVY’IMPWEMU*

5. **Ishengero gushika mu myaka y’ amajana atatu** [**Soma ivyabuwe mw’ishengero rya mbere n’ukugene bakoresha amahera yabo:**

- **Bahinduye ubwami bw’abami bw’Abaroma.** Babayeho ubuzima, ubugingo bwiza cane, butandukanye cane n’ubwo abandi bantu babaho. Abantu barabwipfuzwa. Ububasha bukomoka ku mwidegemvyo wo kutaba inyagano y’amahera n’ibintu, kudategekwa na vyo. Ubugingo bwabo bwari bwahindutse buhereye imbere mu mitima yabo bigaragarira mu bikorwa, maze barabigaragaza, bavyerekaniramu buzima bwatangaje abandi bantu bose, babicishije mu gutanga batitangiriye itama.
- **MBEGA IVYO NI VYO ABANTU BABONA MURI TWEBWE? ATARI VYO BABONA NONE NI KUBERA IKI?**

### **III. Ugushira mu ngiro**

**A. Si ukugerageza kwagiriza umuntu n’umwe: 2 Kor 8:8, 13; 9:7** Paulo ntariko arategeka abantu gutanga—kandi ntidutegerezwa gutanga twidoga canke ko ari kubera tubitegetswe.

1. **KUBERA IKI?** Imana ntikeneye amahera yawe; gutanga kubera wagoberewe ntibihesha Imana icubahiro; kandi ntishobora guhendwa canke guhabwa igipfukamunwa.
2. Rero nimbi wiyumvira gurtyo: **REKA GUTANGA.**

**B. Yamara twesi turazi ko dutegerezwa kuguma dusuzuma ubugingo bwacu &n’ukugene tugendana n’Imana:**

1. Inyifato yacu ku mahera n’ivyo tuyakoresha ni *igipimisho gikomeye kigaragara c’ugupima aho tugeze mu vy’impwemu.*

2. **Ni igikoresho GIKWIYE co kwisuzuma: Kubera iki?**

- **Mat 6:22-23**—“ijisho ryawe iyo ari ribi”—**uguhahamira ibintu** (*uguhahamira kudasanzwe amahera n’ibintu, ubutunzi*”).
- **Uguhahamira ibintu/umunoho uduhuma amaso ntitubone ko duhahamiye ibintu /ko dufise umunoho, twanohokeye amaronko**—dukeneye kumenya ko hariho abandi bantu bafise ibibazo birengeye ivyacu ... mu yandi majambo, *Ab’i Makedoniya bari bafise “ukundi kuntu gusha mu buryo babona ibintu”*
- “Abakristo” besnhi basanzwe batanga ibiri musu ya gatatu kw’ijana vy’ivyo baronka—iyo umuntu wese wo muri Amerika yiyita umukristo yotanga cumi kw’ijana gusa ry’ivyo aronka, twoca turonka ibirengeye **imiliyari 150 z’amadolari** dukoresha mu kuvuga ubutumwa, mu gutuma abamisiyoneri hanze, dukoresha mu mashengero, dukoresha mu gufasha ba ntaho nikora, n’abakene, n’aboro.
- Muri Afirika (Abaisilamu basuka amamiliyoni y’amahera mu gice co hepfo ya Sahara)—Obama yagerageje kuraba ingene ubutunzi bwa Amerika bwofasha bose—ahanini kubera yuko ishengero ritariko rirakora nk’ukw’ishengero rya mbere ryakoze mu myaka 300 ya mbere ribayeho.

3. **Imana ni inyabuntu butangaje:** iduhindura ihereye imbere mu mitima bikagaragarira inyuma—ivyo vyonyene vyategerezwa kudutuma dutanga cane kugira ngo dufashe aboro maze twubake ubwami bw’Imana—yamara kandi iraduha n’IMPAMVU DUKWIRIYE GUKORA DURTYO:

- **Mat 6:20** hatubariye ko dukwiye *“kwibikira ubutunzi bwacu mw’ijuru.”* **1 Tim 6:17-19** hatubarira *ingene* tubitsa ubutunzi bwacu mw’ijuru: mu gutanga tutitangiriye itama mu guha aboro & abakene, maze tukubaka ubwami bw’Imana.
- Ibi bisaba: **KUGIRA URUTONDE RW’IVYINJIRA N’IBISOHOKA – GUTUNGANYA, GUPANGA – KUVUGANA N’ABANDI – (GUSIGURA) Yamara ntushobora guhomba!**

**Indunduro, gusozera.** AMAHERA NI IVY’IMPWEMU. Ni yo agaragaza ukwizera kwacu, kubera yuko yerekana vy’ukuri ibiri mu mitima yacu. Ivyo dukoresha amahera yacu bigaragaza, vyerekana ico twiyumvira kuri Yesu. Reka rero tubeho mu buryo bugaragaza ko dukunda Yesu vy’ukuri.

## IVYONGEWE KO D

### Ef 2:11-16—Ubuhinga bwo kuvuga ubutumwa ubaza ibibazo umuntu akikuriramwo isomo ubwiwe

**Intangamarara:** Twese dukunda kugendana no kubana n’abantu basa natwe, bameze nkatwe. Hari ho ibituma vyinshi—bimwe vyumvikana /n’ibindi bitumvikana. Martin Luther King, Jr.—“Biratangaje yuko isaha y’amacakubiri hamwe no kwirema ibice muri Amerika mu Bakristo ari isaha zitanu z’umutaga ku wa mungu.” (ibiharuro vyerekeranye n’ukutivanga mu mashengero—90%) Ivyo nyene ni ko biri n’ahandi henshi; amoko (Afirika; Ubuhindi). Ingaruka z’ivyoye: Rwanda: genocide (Hutu ku Batutsi); Kenya: ingorane zabaye inyuma y’amatora (Abajaluo n’Abakikuyu)—benshi muri bo biyita “Abakristo.” *Mbere naho bitoshika mu ngamba, mu kumena amaraso*, ukwirema ibice nk’ukwo mw’ishengero ni kubi:

- Ukugene tugenze “ishengero” kurafise ico kwerekana ku vyo twizera vy’ukuri.
- Isengesho rya Yesu rya nyuma: **Yoh 17:18-21—babe umwe** “*kugira ngo isi ishobore kwizera ko ari we wantumye.*”
- Ikibazo. Dutegerezwa kwibaza ubwacu: “Mbega ibi ijambo ry’Imana riravyemera?” (cane cane mu bihugu bigizwe n’amoko menshi).
- Yaba Kristo canke Bibiliya nta na kimwe cemeramurako amoko n’amacakubiri canke ko imico kama abantu bakomoka mwo ishobora gutera umudugararo canke amaca kubiri mw’ishengero.

**Ico dushikirije: Ef 2:11-16—UBUGINGO BWCU NI BUSHA MURI KRISTO.**

- T bivuze mu yandi majambo: dufatiye kuri Bibiliya, abakristo bese ntibagizwe *umwe* muri Kristo gusa, ahubwo baremwe kuba *abandi bantu b’ubundi bwoko* muri Kristo—ni co gituma, twahamagariwe gufashanya nk’uko twoba turiko turakorera Kristo ubwiwe.

**Iryungane ngenderwako:** Uyu musi tugomba turabe ku bugingo bwacu busha muri Kristo mu bice bibiri: (1) Mbega turi ba nde vy’ukuri muri Kristo Yesu; hamwe na (2) ico dukwiye kubikora ko.

### **I. Kristo yatugize “umuntu musha” (Imirongo 11-16)**

**A. Isirayeli n’Abanyamahanga (imirongo 11-12): Umurongo 11—“Mwebwe, Abanyamahanga”:** muri Abanyamahanga?

1. Imbere ya Kristo = imirwi 2: Isirayeli (Abisirayeli/Abayuda) n’Abanyamahanga. (**umurongo 11**)
  - Amoko/umuryango/ubwoko/ umuryango kurya tuvuga abanyiginya canke abashubi—ukwirema ibice kutubakiye ku nsiguro y’ijambo ry’Imana canke iviyumviro vy’Ukumenyeshya Imana na bimwe, kuko bese bari Abanyamahanga.
2. Ukugene abanyamahanga bameze muri mpwemu = bari barazimiye bese batagira ivyizigiro. (**Umurongo 12**)—Uko ni ko uwutagira Kristo wese ameze.
3. Imana yahamagaye Isirayeli irabahezagira (Gus 7:6-8; Rom 9:4), Kuba uw’Imana ni uburyo Iman yihishurira isi. (**Gus 10; 1 Abam 8; Yes 42**)—Yamara Isirayeli vyarayitaye ku w’amazi ntiyakora uruhara rwayo.

### **B. Ico Kristo yakoze (vv. 13-16)**

1. Yazanye abanyamahanga ku Mana ubwayo—akoresheje amaraso yiwe. (**v.13**)
  - Ntitwizanye kuko tutabishobora
  - Nta maraso y’uwirabura, umuzungu, Hutu, Tutsi, Luo, Kikuyu—kuko amaraso yose asa n’agahama & uwo ari we wese arashobora guha uwundi amaraso, arashobora gukabukanywa—Amaraso ya Kristo ni yo maraso yonyene afise ikimazi & adufataniriza akadushira hamwe (**Gal 3:28; Kol 3:11**).
2. Yakuye ho ibintu vyose vyatandukanya Abayuda n’Abanyamahanga. (Imirongo. **14-18**)
3. Ikirngeye ivyoye: Yaremye ubwoko busha—“umuntu musha.” (**Umurongo.15**)
  - “Kurema”—imirongo **10 & 15**
  - “Umwe”—imirongo **14, 15, 16**
  - “Musha”—umurongo **15 + 4:24** (“akamere gasha” = “gushiusha n’Imana”)
4. Yakuye ho ubwansi: Hagati y’Imana n’abantu no hagati y’abantu ubwabo (**umurongo 15**) no hagati y’abantu ubwabo (**umurongo 16**)

**C. Ico ibi bisigura:** Kristo yakuyeho insiguro y’amacakubiri ku bijanye n’ubwoko, ubutunzi n’uturere tw’abantu bari muri we [**SOMA Kol 3:10-11**]

1. Mbega twokwirema mwo ibice ubwacu gute mw’ishengero kubera ivyo bice vyavanywe ho mu buryo bugaragara muri Kristo?
2. Iki ni icaha gikomeye kuko kinyuranye n’ivyo Kristo yakoze yakoze ku mirongo ya **14-16**.
3. Klyne Snodgrass: “kugumizaho amacakubiri n’ukwirema ibice ni uguhakana ico Kristo yakoze.”

None dukore iki?

### **II. Ko turi umuntu musha, dutegerezwa gukora nk’uko twoba turi umuntu umwe, tugakoreranira. (imirongo 14-16)**

Gushira mu ngiro bisaba uguhinduka mu vyiye umviro.

### A. *Ivyo dutegerezwa gukora:*

1. Mwambare, “mugire umutima nk’umwe wari muri Kristo Yesu” (Ef 4:24; 1 Kor 2:14-16; Rom 12:1-2)—murabishe amaso ya Kristo.
  - Mwiyumvire ku bandi—no kri twebwe nyene—nkuko turi abanyakuri muri Kristo.
  - Abizera = bakwiye kwegerana no kubana hagufi kurusha uko abavukana bataramenya Imana babana: Yesu ku musaraba—Mariya/Yohana (Yoh 19:25-27).
  - Kuvuga yuko “batameze nkatwe, batari ab’i wacu” canke “siniyumva neza iyo nsenganye na \_\_\_\_\_”—vyononera umubiri wa kristo—kubera uwo uri we, wewe ubwawe, ntuba ugifatiye ku moko, ku mico, ku karere, ku bo muva mu nda imwe, kw’idini, ku rukoba, yamara uri umuntu musha muri Kristo.
2. Gerageza gushikira abandi: uburorero bugaragara = imigenderanire, gukorera hamwe, gushira hamwe; kuvuga ubutumwa mu mashengeru anyuranye, ibikorwa mwokorera hamwe, imigambi mwotegurira hamwe, n’ibindi vyinshi.

### B. *Ibintu tudakwiriye gukora:*

Ingorane z’ubwoko, z’uturere = kwirema ibice, gusambura (Gal 2:11-14, 18)—Inyigisho zinyuranye n’ijambo ry’Imana (“Abakristo b’Abadagi mu gihe Ubudagi bwakoreha ico bita abanazi; “inyigisho z’ “Abirabura” /“inyigisho z’”abagore” kubera bagomba kwibohora agacinyizo, bagaca barenza urugero, hakavuka mwo ibindi bidahesha Imana icubahiro); amashengeru yubakiye ku nkingi z’amacakubiri y’imigambwe, y’amoko, n’ibindi.

1. Ishengeru rukristo—“umuntu musha”—ni iridasanzwe, ririsa
2. Ishengeru ni umuryango (Rom 8:15-16; 1 Tim 3:15; 5:1-2)—Co kimwe n’umuryango wagutse—umuryango urafashanya & abagize umuryango barakundana nubwo (canke bubera) ubudasa bwabo (Ivyah 5:9).
3. Gushingira ku nyigisho canke ku kugene ishengeru ritunganjwe rifatiye ku moko, ku karere, canke ikindi kintu cose kidahesha Imana icubahiro—yamara nubwo bishobora kuba bifise ishingiro—ni amakosa manini kuko gukora gurtyo bishira hejuru ubwa mbere ikintu, muri Kristo, kija caravanyweho burundu.
4. Vyongeye ni amakosa mabi kubera yuko bishira hejuru ikintu gusumba uko bashira hejuru Yesu ubwiye akaba ari co bahoza ko amaso canke akaba ari co baha agaciro ka mbere mw’ishengeru—none ivyo vyoba vyo gute?
5. Kwitandukanya, kwirema ibice kwubaka impome zitandukanya abantu izo Kristo aja yarahomvuye, yarasenyuye—ariko ubu zubatswe hagati y’amoko y’abanyamahanga (aho Isezerano rya Kera ritamenya, ritemera ayo macakubiri n’ayo matandukanirwo na gato).

### C. *Tuvuge iki ku muco kama?*

1. Ivyak 2:5-11—Imico inyuranye myinshi abantu bagize ishengeru rya mbere bavamwo.
  - Naho vyari uko, Ivyak 2:44—“Abizeye bese baba hamwe, basangira ivyabo vyose.”
2. Ingorane z’umuco kama = kurobanura abantu ku butonyi (Ivyak 6:1), nta ho bitaniye n’icaha co kwitandukanya: ubwa mbere ingora zikomoka ku muco kama, atari ingorane z’amoko (Abayuda bese, ariko si “Abayuda bakomotse i Bugiriki” bari bafashe umuco w’Abagiriki kurusha abandi Bayuda b’inyamo).
  - Ishengeru ryaricaye ritorera umuti iyo ngorane, ico kibazo—Ivyak 6:3,5,7—kandi abantu bagumye hamwe, bagumye bafatanye mu nda, bakorera hamwe.  
“Ibijanye n’imico kama bitegerezwa guhabwa ikibanza ca nyuma, ubumwe muri Kristo bukaza ubwa mbere. Ikintu ca mbere kirengeye ibindi vyose ni *ibiranga umuntu*. None ikiza ubwa mbere kituranga ni igiki—Kristo canke umuco kama? Umuco kama ni ngira kamaro—mbere ni ngombwa kanatsinda ni wo ugize ubuzima bwacu kuko ni wo twamenyereye, twakuriyemwo, watwigishije ivyo tuvuga n’ivyo dukora—Yamara Kristo, atari umuco, ni we atanga ibiranga n’ibigize ubugingo ubwa mbere.” (Klyne Snodgrass, *NIV Application Commentary, Ephesians*)
3. Umuco kama ntutegerezwa kuba ari wo werekana Kristo uko ari canke ngo umushire ho inzitizi canke aho agarukira—yamara kwumvira Kristo n’ukugene abona ibintu n’abantu (wa “Muntu musha”) bishobora guhindura no guhingura umuco kama.
  - Ivyo tutoshingira ko, ibitemewe—amashengeru ashingiyeye ku ndimi, ku moko, ku madini, ku turere no ku kwirema ibice ntakwiriye kuvuga no kumbwira ngo jewe si ndi umwe muri bo kuko ntari wo mu bwoko bwabo canke mu muco kama wabo, canke ngo si ndi mu kibanza canje, canke ngo nturi umwe muri twebwe.
  - Ivyo twoshingira ko—Mu kuba hamwe mw’ishengeru, nk’uko turi mu vy’ukuri umuntu musha umwe tugaragaza ukuri kw’Ivyanditswe, ko Krsito ari we wa mbere mu bugingo bwacu, kandi tukerekana ko Kristo ari inyishu y’ibibazo vy’amoko, imigenzo, amadini, indimi, hamwe no kwirema ibice n’intambara mu bihugu vyacu.

### D. *Akamaro kanini k’ibi:* Malcolm X’s “*Icete cakomotse I Maka*” [SOMA].

Iki kibazo kirakomeye cane kuri twebwe uyu musi kurusha igihe candikiwe haciye imyaka irenga 40.

1. Ukurwirirana hamwe n’agasomborotso, agasotoro ka Isilamu.
2. Gukwiragiza Isilamu biboneka nk’ugukuraho intambamyi n’ukwirema ibice mu madini, mu mico kama, mu moko, mu ndimi hagati y’abantu—kandi ishengeru n’Ubukristo si uko biri—ni *ibara rinini kw’ishengeru, birateye isoni n’urubwa kw’ishengeru*.

### Gusozera:



- Mu vyo dukora vyose bijanye n’ishengero dutegerezwa kwibaza ibi bibazo: “Mbega ibi nkora nobisigura mfatiye ku nyigisho y’ijambo ry’imana?”—kubera yuko uko “tugenza ishengero” kugaragaza *ukugene twibona, twiyita, n’ivyo duha agaciro kurusha ibindi vyose.*
- **Ef 2** hatubarira ico ari co ukuri—dutegerezwa kwongera *kwiyumvira* ivyo turiko turakora maze *dukore* kugira ngo tugarukane ivyo dukora n’imikorere yacu mu murongo w’ukuri kw’ijambo ry’Imana.
- Kristo yarahomvoye, arasenyura ibihome vyadutandukanya mu Bayuda n’Abanyamahanga maze arema “*umuntu musha*” mu kibanza c’abo babiri; maze aba asenyuye akamaro n’insiguro y’amoko, amahanga, indimi, eka n’imico kama; imigenzo tandukanya abantu muri we no mw’ishengero—ntidukwiriye na gato kwongera kwubaka urwo rhome rudutandukanya, kandi Kristo aja yararusenyuye.
- Ivyo Kristo yamataniye, yateranirije hamwe, ntihakagire umuntu ahirahira ngo abitandukanye!

## **IVYONGEWE KO E**

### **Kuv 1:1-22—Ubuhinga bwo kudonda inkuru [Gusigura-Amahame-Kuyashira mu ngiro]<sup>7</sup>**

**Intangamarara:** *hari igihe ibintu vyoba vyarigeze kuba vyiza mu bugingo bwawe maze bikaba bibi mbere bikunyuka?*

**Jewe**—Kugwara +umukobwa ashavuye [canke akandi karorero]

**Twebwe**—Ibintu birashobora kuba mu bugingo bwawe, canke mu bugingo bw’abari hafi yawe, abagenzi bawe, mu bugingo canke ubuzima bw’abanyeshengero bawe ukoreramwo bimeze nabi kandi biteye ubwoba:

- Akazi: kagenda neza; uhabwa ibiti, utera imbere neza, ukaduga ingazi—umutegetsu mushasha—mu kanya isase ugasanga ntakigenda.
- Muganga akavuga ati “Icara”—Mariya F.: yababa imyaka 40—kansera—akaboneka nk’uwari afise imyaka 80 igihe yapfa.
- Umuhungu /umukobwa mwakundana akakubenga, akaguheba.
- Abakristo muri Nigeria—Itegeko Sharia —uguhamwa—amashengero agaturirwa—abantu bakicwa.

*Mu bihe nk’ivyo dutakambira Imana dutaka tuti “Ntibishoboka, birarenze urugero, si vyiza na gato, ntibikwiriye”—kandi ntidushobora kubona Imana iyo turi mu kwihebura no mu kaga nk’ako.*

**Iryungane ngenderwako:** Inkuru y’ivyabaye ku bantu baba muri Egipta ya kera imyaka irenga 3000 iheze muri **Kuvayo 1** havuga kuri iyo nkuru nyene. Rero, reka turabe muri ico gisomwa mu buryo butatu: (1) Turabe ivyabaye. (2) Turabe ku kuri **kubiri nyamukuru** kuri muri iyo nkuru; kandi (3) turabe ingene vyokoresha mu buzima bwacu igihe duciye mu bihe bigoye.

#### **I. Kugaragaza:**

**A. Kuv 1:1-7: gufatanya** n’ivyabaye imbere mw’Itanguriro. Turazi twese iyo nkuru: Yosefu yagurishijwe mu buja agurishijwe na bene nyina—avamwo umuntu muri Egipta akiza bene nyina n’igihugu ca Egipta inzara—**Ita 46** se wa Yosefu n’umuryango wiwe wose basuhukira muri Egipta maze bagererayo.

1. **Ita 47:6**—[SOMA]: Aho ni ho **Kuvayo 1** hahera.

2. *Imana yariko irabahezagira—bariko bararwira—ubuzima bwari bwiza. Yamara: hari ikintu cabaye.*

**B. Kuv 1:8**—[SOMA]: Kumbure hima iyindi ngoma nsha. Hashobora kuba uguhinduka mu bugingo bwacu mu kanya isase. Ntituba tuviteguriye—ntituba twateguye iryo hinduka—yamara ukwo guhinduka kugapfa kwizana:

1. Uronse uwundi mukoresha musha—uwo mwari mukundanye canke umugabo wawe agafatana n’uwundi mukunzi.
2. Ishengero ryawe rikicamwo ibici bibiri—bakakwirukana.
3. Muganga akakubarira ati “Icara hasi uruhuke.”

*Ingaruka zishobora kuba izikomeye.*

#### **C. Kuv 1:9-11**—[SOMA]:

**Umurongo wa 10**—“*Inama y’ubwenge*”—tuvyige neza, atawubica ikanda, mu buryo bwinyegeje.

1. **Abaheburayo ntibariko bararerwa ikintu na kimwe kibi bakoze—ndetse ukubaho gusa.**

- Ntibarezwe kuba baragiriye nabi Abanyegiputa.
- Ntibarezwe kwifatira amatongo meza.

2. **Ivyo Farawo yikenga ntivyari vyo na gatoya:**

- Abaheburayo bari bagumye bumvira kandi bubaha Umwami kandi bari bafise agaciro muri kahise.
- Bari gushobora kuba *ubutunzi* bwiza mu gihe c’intambara.

3. **Ukugumukana Farawo ntikwari kwiyumvirwa na gato:**

- Ntiyabakunda—Yarwanya ukugwira kwabo—yamara ikibazo nyamukuru kwari uko bashobora *kuva* muri Egipta.

<sup>7</sup> Raba neza n’ubwo butumwa bufatiye ku buhinga bwo kudonda inkuru [Gusigura-Amahame-Kuyashira mu ngiro], intangamarara ikwirikiza ubuhinga bwa “Jewe-twebwe.”

**Umurongo 11**—“*kubakebera ibikebere*”=umutworo, ugukoreshwa uhindagizwa.

*Yamara ibi bintu vyagenda vyunyukaa.*

**D. Kuv 1:12-14**—[SOMA]: Iyi mirongo itubwira ibintu bisha bibiri Abanyegiputa bakoze:

1. **Umurongo wa 12**—Inyifato y’Abanyegiputa ku Abaheburayo yarahindutse:

“*Kabarya mu nda*”=*vyongeye* “barabanka, barabashisha, barabacumukuza, barabanka urunuka”—ubwoba no kwanka urunuka kenshi bigendera hamwe ku bijanye n’abantu umuntu yanka—kandi ivyo ni vyo vyabaye hano.

- Iyo nyifato yari nsha, kandi yihutishije ikiringo gisha c’ukubakoresha no kubatwaza ituntuno kubikoreza ibibaremereye:

2. **Imirongo 13-14**—bacuranguzi Abisirayeli “*barabacumukuza*”=“bakoresha ibimoko, babatwaza ituntu, babacuranguzi, babacumukuza.” Iki nticari kikiri igikorwa bategerezwa gukora gusa—cahindutse igikorwa co kubacumukuza, co kubacuranguzi mu bigize ubuzima bwabo vyose.

*Yamara Farawo yari afise umugambi mubi cane azogirira Abaheburayo—kandi iyo nteguro nsha yigaragariza mu biringo bibiri:*

**E. Kuvayo 1:15-22**—[SOMA]

1. **Imirongo ya 15-16**—Farawo ubwa mbere yavuganye n’abakirizi—ibi vyerekana ko yari afise umugambi wo kwica umwana wese w’umuhungu yavuka k’Umuheburayo mu mpisho, ukubanjira mu menshi. Umuntu umwe yabivuze gurtya: “Kubera [umwami] yabonye ko bidashoboka kugira Abisirayeli goyigoyi akoresheje uburyo bwiyoberanije, yahisemwo gushira kw’iherezo ububasha bwabo mu gukoresha uburyo buboneka, bugaragara, budashobora kwihenda. Yamara ntiyari bwubahuke kubisohora nk’itegeko mu buryo bugaragara, kandi yipfuzi kubishikako mu mpisho. Ategeka abakirizi kuniga no kwica abana b’abahungu b’Abisirayeli bese bavuka. Bategerezwa kubica, yamara mu mpisho mu buryo bw’uko abavyeyi babo n’incuti batabimenya, batamenya ko abana babo bishwe ibigirankana, maze bakibaza yuko abana babo bapfuye nk’uko abandi bapfa bipfiriye urupfu rusanze, kumbere imbere yo kuvuka canke mu gihe co kuvuka, canke inyuma gato y’ukuvuka.” (Umberto Cassuto, *icavuzwe ku gitabu co Kuvayo*, trans. by Israel Abrahams [Jerusalem: Magnes, 1967; Central Press, 1974], 12)

2. **YAMARA: Imirongo .17-19**—Igihe abakirizi batakoye ico bari bitezwe ko; kwica abo bana b’abahungu, baciye baregutswa imbere y’umwami, bariregura bavuga bati “*nta kosa ridutsinda—abagore b’Abaheburayo ntibameze nk’abagore b’Abanyegiputa—bafise inguvu nyinshi kugeza yaho bavyara n’imbere yuko abakirizi babanza kuza, barinda gushika*”

- Ico bariko baravugaga ni, “*Nyakwubahwa, iyo umwana aja yavutse maze se na nyina bakabona ko yavutse akomeye, ntibiba bigikunda ko tumwica mu mpisho.*”

3. **KUBW’IVYO: umurongo 22**—Farawo aca areka kwinyegeza, abikora ku mugaragaro:

- “*Ntakitvuga*” nko ku murongo wa 15—ubu arategetse ibiterezwa kuba n’ingene bitegerezwa kumera.
- Iryo tegeko ntiriyari rikibaye iry’abakirizi gusa—yamara rihindutse itegeko ryo ku *gihugu cose*.
- Ico cagezwe ntikiri ico mu mpisho—ubu gishizwe *ahabona bese bakwiye kubimenya*.
- Ukwicwa ntikukiri agaseseshwa rumuri canke ngo kunyegewe—ubu gutegerezwa gukorwa ku mugaragaro, abana bese b’abahungu b’Abaheburayo bategerezwa kwicwa ikibonandashye, kandi ko ata n’umwe ashobora kwirengagizwa.

*Kandi aho ni ho inkuru iherera*—Mu giheburayo MSS. Yerekana ko hari akaruhuko hagati y’umurongo wa 22 n’uwa 2:1 kugira ngo yerekane yuko aha ari ho inkuru iherera **CANKE NI KO BIRI?**—Reka dukore rwihishwa turabe—none tubona iki?

## II. Amahame

*Mwibuke “ukuri 2” nja navuze kare: Uku ni kwo kuri gukomeye kwa mbere dutegerezwa kwibuka igihe ibintu bigenda vyunyuka mu kuba bibi, ivyahuhira bihuhuka:*

**A. Igihe ibintu bikomeza kwunyuka, Imana ishobora kutaboneka—yamara nta ho iba yaroye, ni ho iba iri, kandi iba iriko irakora.**

Dushobora kutumya ijwi ryayo, yamara nk’uko Francis Schaeffer abivugaga, “*ni ho aba ari kandi ntiyohojeje, ntanumye.*”

- Ibintu bibi biriko biraba bishobora kuboneka ko ari giturumbuka kandi ko ata co twobikora ko—Yamara, *bifatanye n’umugambi ukomeye wagutse aho Imana ari yo iri hejuru ya vyose kandi ibibonera kure bitaranaba.*
- Ahubwo, imana ikoresha ibibi kenshi na kenshi mu buryo bw’*agakekezo*—uburyo twibaza ko *bunyuranye* n’ivyo twari twiteze—ari na co gishobora kuba ari igituma bitugora kubona ico Imana iriko irakora mu bihe nk’ivyo.

*Reka turabe ingene ukwo kuri kugaragarira muri iki gisomwa cacu*

1. Ivyabaye vyari mu nteguro y’Imana n’urutonde rwayo.

- **Umurongo 7**—werekana yuko Imana itari yibagiye amasezerano yo mw’Itanguriro yasezeraniye Aburahamu, Isaka, na Yakobo yo kuzogira Isirayeli ihanga rikomeye no kubagwiza kugeza yaho bangana

n'inyenyeri zo kw'ijuru n'umusenye wo kw'isesero ry'ikiyaga—Mbere, imana yariko irashitsa ayo masezerano nyene, nubwo Isirayeli yari mu gihugu c'igishitsi.

- **Umurongo 9**—Isirayeli yitwa “ihanga” ubwa mbere—bari bavuye ku kwitwa umuryango bahindutse ihanga—bashobora kuba batamenye ko babaye ihanga—Yamara Imana yo yari izi ko babaye ihanga—mbere na Farawo arabimenya.
- Mbere n'ihinduka ry'ibihe ntiryapfuye gushika giturumbuka, yamara ryabaye ugushitsa umugambi ukomeye w'ivyo Imana yari yarateguye n'ivyo yari yaraburiye Aburahamu mu myaka irenga ijana imbere yuko ivyo biba—**Ita 15:13**—[SOMA]
- Itanguriro ntiryari bwandikwe—abantu ntibari babizi—ntibashobora kubibona—Yamara Imana yo yarabibona, kandi yariko irashitsa ivyo yavuze, ivyo yateguye.

2. Ibigaragaza ko vyategekanijwe mu gisomwa.

- Ivyabaye hagati y'ukugwira kw'Abaheburayo n'ivyago vyabashikiye—incuro 3 Isirayeli ivugwa ko yagwiriye, yarondotse—kandi incuro yose yavugwa ko yagwiriye haca habaho ukugwira kw'ivyago bakorerwa:
- **Umurongo wa 7** = bakeberwa ibikebere ku murongo wa **11**.
- **Umurongo wa 12** = babakoresha ibikorwa bibatamisha ku murongo ya **13-14**, hamwe n'integuro yo gukoresha abakirizi kugira ngo banigire abana b'abahungu mu menshi, babicire mu mpisho ku murongo wa **16**.
- **Umurongo wa 20** = itegeko ku bantu bose ryo guta abana b'abahungu bavutse mu ruzi Nili ku murongo wa **22**.

3. Ukugene ayo majambo yavuzwe vyerekana yuko ivyabaye bitabaye giturumbuka, vyari vyateguwe:

- Twohava twibaza yuko ugucinyizwa n'ugutwazwa ituntu kw'Abaheburayo kwatumwe n'uko bagasaye, barwiriye, imana yari yateguye ibinyuranye n'ivyo. Ku murongo wa **10** umwami wa Egipta avuga yuko bategerezwa kuronderera Abaheburayo inama y'ubwenge “**kugira ngo boye kurwira**”—ku **murongo wa 12**, nubwo vyahiduwe mu mwanya wo muri kahise muri Bibiliya zacu (“*ni ko barushiriza kurwira*”), muri Bibiliya y'Igiheburayo uwo murongo nyene wa **10** uri mu muvugire wa kahise **10** nturi muri kahise gusa—“*uko barwiza kubagirira nabi ni ko barushiriza kurwira.*”
- Umwami w'ijuru n'isi n'ikirere ni we yari aganje hejuru y'umwami wa Egipta.

**B. Agakekezo k'ukugene Imana yariko irakora.**

Turazi iherezo ry'iyu nkuru—Kuvayo—yamara ivyo ntivyashitse hatabanje guca n'imiburuburi imyaka 80 mu gice ca **12** (*Mose ntiyari bwanavuke mu gice ca 1*)—yamara kumenya ivyakurikiye, ivyabye mu nyuma bidufasha kubona ukugene imana ikora mu buryo bw'agakekezo.

1. **Umurongo wa 10**—Ubwoba bukomeye bwa Farawo kwari uko Abaheburayo bashoboara kuva muri Egipta—ariko ivyo nyene ni vyo vyabaye
2. **Umurongo wa 11**—Abaheburayo bategetswe kwubaka ku nguvu ibisagara vyo kubikamwo vy'ibigega vy'Abanyegiputa—yamara igihe habaho ukuvayo, Abaheburayo bakovye Abanyegiputa ivyiza vyabo (**Kuv 12:35-36**).
3. **Umurongo wa 22**—Itegeko rya nyuma ryo guta mu ruzi Nili abana b'abahungu b'Abaheburayo:
  - *Kubera iryo tegeko, ico cagezwe nyene, nyina wa Mose ashira, aterera mu ruzi Nili Mose.*
  - *Kugira ngo ako gakekezo nyene kiyerekane karwire, Mose akizwa urupfu n'umukobwa wa Farawo ubwiwe.*
  - *Maze, ico cagezwe, iryo tegeko ubwaryo rikoreshe n'Imana nk'igikoreshe ca nyuma c'ugucungurwa kwa Isirayeli.*
  - *Mu kandi gakekezo, nubwo abana b'abahungu b'Abaheburayo bari baciriwe urwo gupfa mu gutabwa mu ruzi Nili kugira ngo batwarwe na rwo, igihe habaho ukuvayo ni ingabo z'Abanyegiputa zatwawe n'urwo ruzi Nili.*
4. Abantu ntibashobora kubibona igihe vyariko biraba, yamara Imana yariko irakoresha ivyo bintu vyose mu mugambi wayo—kenshi na kenshi mu buryo bw'agakekezo—kugira ngo ishikane imigambi yayo myiza n'integuro yayo nziza.
  - Turashobora kutabona mu bugingo bwacu bwite ikintu na kimwe ciza ndetse ibibi gusa yamara tukabona ibibi gusa n'ibihe bigoye—Yamara Uhoraho uko yari ari ejo n'uyu musi ni ko akiri, ni ko azokwama ibihe bidashira (**Heb 13:8**).

*Ibi bidushikana ku kuri kwa kabiri gukomeye gukoreshwa no kuri twebwe mu bihe vy'umusuhero ukomeye—kandi uko ni ko Imana ikora—mu nca make:*

**C. Imana ikorera mu bantu bayo.**

- Imana ikorera mu bikorwa vy'ukwizigirwa kuri abo ari abiwe.
- Imana ikorera muri abo bashira ukwumvira kwabo muri we kurusha ukwo boshira mu kuroranirwa kwabo no mu minezero yabo.
- Mgere, akorera mu bashira ubwizigirwa muri we bakirengagiza akaga gashobora kubagirira nabi.

- *Mu Kuvayo 1 ba rurangiranwa, incungu muri icyo nkuru ni **ABAKIRIZI**. Imana yagumye ari inyizigirwa ku masezerano yayo yagiraniye na Isirayeli—nubwo boba batashoboye kubimenya—kandi ukugene icyo gisomwa cubatswe kirabigaragaza. Imana yakoze ivyoyagabiye kandi ikorera mu gakekezo—kandi Imana yakoze muri icyo nzira nyene icishije mu bakirizi.*

1. Ico gisomwa cerekana ko abakirizi bakoze ivyoyagabiye.

- Ku mirongo ya **15-21**—ijambo nyamukuru ni “*umwakirizi*.”
- Mu bwinshi no mu rudende, ijambo “*umwakirizi*”, rigaruka incuro ndwi. Imana iriko *irashimangira* akamaro k’*abantu* bayo n’ukugene ishikana ivyoyagabiye.
- Abantu bubaha Imana ni abantu bashitsa ivyoyagabiye n’igikorwa cayo.

2. Raba kandi agakekezo k’abakirizi.

- Ku murongo wa **10** mu ntango y’urutonde rwiye rwo gucinyiza abantu, Farawo yavuze yuko bategerezwa kubagirira inama y’ “*ubwenge*” canke mu buryo “*bubi*” Abaheburayo—ariko ni *abakirizi berekanye ubwenge bukomeye n’uburiganya mu kwishura no mu gukorana na Farawo* ku mirongo ya **18-19** igihe bahamagarwa kuvuga ivyoyagabiye bashitseko mu bikorwa vyabo bari batumwe.
- Bagaragaje ko Yesu mu nyuma yavuze ati—Muri **Mat 10:16**—dutegerezwa kuba: “*dufise ubwenge nk’inzoka kandi bamere nk’inuma ata karohye.*”

3. Raba ku ngaruka z’agakekezo—Imana ntiyabahezagiye gusa (**umurongo 21**), yamara—mu bubasha bwayo bwose ifise ngaha kw’isi, icubahiro cayo n’igihagararo, igitinyiro, ba Farawo ntibigeze bavugwa izina. Yamara abo bakirizi bagumye bibukwa *amazina* mu binjana vyose vyakurikiye—ShiShifura na Puwa—kandi bazobandanya bamenyekana n’amazina yabo yibukwa mu bihe vyose, mu bihe bidashira.

- Imana irakuzi izina ryawe—*mbega wipfuzako kuronka izina irige imbere y’Imana?*
- Mwibuke—abantu babereye si abanyenkomezi n’abahambaye, na ba rurangiranwa—yamara ni abo bababazwa kandi bagakora ubugombe bw’Imana babicishije mu rukundo no kumwubaha.

**Ico twashikiriza:** None ibi biriko biratubarira iki? **Ico biriko biratubarira:** *Turashobora kutabibona; birashobora kutugora kubitahura; yamara icyo ari co cose kitubako, kidushikira—hari mwo n’ibibi—vyose bipoperanirijwe mu nteguro y’Imana.*

**III. Gushira mu ngiro:** None ibi bivuze iki, bigenda gute, vyoshirwa mu ngiro gute mu bugingo bwacu?

**A. Abakiriza mu maso y’abantu ntaco bari bamaze, ntibari abantu bahambaye, bakomeye—Farawo yari afise ububasha bwose—yari abarengukije kugira ngo basigure igituma barenze itegeko ryiwe—kandi yari gushobora guca abica aho nyene.**

1. Bagarariye umurongozi w’igihugu bemera guheba amagara yabo kubera yuko hari ho ivyoyagabiye bashira imbere, bashira imbere ukugororoka—Bari bazi uwuhambaye nyabuna kurusha uwo mwami Farawo bazorenguka imbere bakavugaga ingene bakoze mu bugingo bwabo—co kimwe na wa mupfakazi yashikana amasenge abiri (**Luka 21:1-4**), abo bakirizi batanze ivyoyagabiye bari bafise vyose.
2. Ntibatinviye imibiri yabo icagezwe c’umwami kuko bubaha Imana mu mitima yabo.
3. Igihe duhwanye n’ikibazo c’ihame, mbega hari aho twicishiriza aho tugomba tugahusha ibigororotse—tugahusha ivyoyagabiye yuko Imana ishaka—kubera yuko tuba dutinye gutakaza ikintu kanaka kiri musu y’ivyoyagabiye abakiriza bashobora gutakaza—ikintu nk’amahera yacu—ibibanza vyacu, akazi kacu—canke ubucuti?

**B. Twese twama duhura n’ibibazo nk’ivyoyagabiye hamwe n’uguhitamo muri ivyoyagabiye ukudahemukira Kristo n’ijambo ryiwe ari vyo bikuru:**

1. Utoye isaho irimwo amahera, yamara kandi ugaca ubona izina ririko rya nyene gutakaza ayo mahera n’aho uyo muntu yayatakaje aba. Mbega uriteguriye kuyimusubiza, canke naho ntiwoyimusubiza?
2. Uguze ikintu kw’isoko, kw’iduka maze bakagusubiza amahera arenze ayo bari kugusubiza mu bisanzwe. Womubarire uti Urihenze unshyamba ayarenze canke woca winumira uti Imana irampaye?
3. Uri inkumi ukaba uri kumwe n’uwo mwipfuzako kuzokwubakana; yipfuzako mukora imibonano mpuzabitsina. Uravyemera canke ntavyemera?
4. Ku kazi ukoramwo, umukoresha wawe agusavye gukora igikorwa uzi ko ari kibi, gukora ikintu uzi ko ari ikosa. Ni yo utagikora, ashobora kukwirukana ku kazi. Wovyifatamwo gute?

**C. Imana irabona n’utuntu dutu dutu—yamara vy’ukuri si utuntu “dutu dutu” na gato.** Ibi ni ibintu bigaragaza abo turi bo vy’ukuri—vyerekana abo turi bo, ibitugize, n’ingene tumenze, ingeso zacu, kandi vyerekana nimba ukwizera kwacu ari ukwo ukuri canke ko kutari ukwo ukuri.

**Gusozera:** Ntutuzi igihe c’ugucumukuzwa n’ugucurwa bufuni na buhoro camaze mu gitabu co Kuvayo—yamara nta nkeka ko icyo gihe cari kirekire—igihe gihagije camaze imyaka myinshi, aho urunganwe rwahereza urundi, aho abantu babivukiyemwo bakabisaziramwo batigeze babona iherezo ry’iyoyagabiye mibabaro n’akaga barimwo—batigeze mbere banumva nuko Mose yabayeho—batigeze banamenya amasezerano y’Imana canke integuro yayo.

- *Ibintu nk’ivyoyagabiye bishobora kudushikira na twebwe, canke bishobora gushikira abo tuzi. Uri mu kibanza canke ahantu h’amakuba, h’ingorane—ntuzi igituma uri muri icyo ngorane, kandi ntushobora kubona iherezo ry’ivyoyagabiye.*

1. Ico ni co gituma dukeneye ishengerero—ico ni co gituma dukeneraniranye!

- *Mwibuke ba bakirizi—Ntibari bonyene.* Shifura na Puwa, bari babiri, bari kumwe.
  - Ntibabona ingene ivyo bizorangira, ntibabona iherezo rya vyo—yamara batinye, bubaha Imana, kandi bakora ivy’ukugororoka, ivy’ukuri nubwo bari kuhasiga agatwe, ntibatinyira amagara yabo, baheba amagara yabo.
  - Kandi bashobora gukomezanya no kwiruranya, bagaterana intege, bagahumurizanya kandi bakigiranirako bakishimikizanya—bagatakambira hamwe, bakaririra Imana hamwe.
2. Vyari kumera gute iyo dukora kurya? Turazi abantu bari mu ngorane, bababaye: kumbure hari ho uwabuze akazi, uwatakaje akazi kiwe, canke uwagakuwe mwo—canke afise umwana agwaye cane, arwaye malariya—canke na ho yabuze amakye canke amahera yo guha umwana kugira ngo ntibamwirukane kw’ishuri.
- Hamwe twoshobora uwurwaye tukamurungikira ibifungurwa, canke umukene tukamuronsa ivyo kurya—canke mbere tukarihira umwana umwe ishuri canke amkaye akeneye—mbega ivyo vyogira ingaruka ki mu bugingo bwiwe, bwabo?
  - Iyumvire ku bantu uzi: *hamwe twokora igikorwa kimwe co kubahumuriza no kubatera intege muri iri yinga*, dushobora gukora no gutanguza ikintu kanaka mbega ni nde yomenya iyo kizoshika canke iherezo rya co.
  - Uwo ari we wese arashobora kugira ico yokora co kuremesha, guhumuriza, gufasha muri iri yinga.
  - Ico ni co gituma ishengeru riba ishengeru—ukwo ni kwo gukora ka Kristo ubwiwe.
3. Reka tugerageze kumera nka ba bakiriza. Mwibuke: ubu Imana ibahamagara amazina yabo—igihe duhagaze imbere yiwe tuvuga ivyo twakoze n’ivyo twashitse ko mu bugingo bwacu, nimba twabaye abizigirwa azoduhamagara amazina yacu na twe.

## IVYONGEWE KO F

### Ivyah 19:11-21—Guca ku masonga ukugene ubutumwa buvugwa dukoresheje ubuhinga bw’ Insiguro-Amahame-n’ugushira mu ngiro

**Intangamarara:** *akarorero gakomoka kuri wewe:* kuja mu rubanza—kurindira urwo ucirwa—Mbegu naburanye neza? “Abacamanza baciye urubanza rwabo”—nta co ushobora kubikora ko—urwo waciriwe rukaja mu ngiro, rugashikirizwa. *Ubundi burorero:* amatora; kuresha umuntu kigira ngo muzokwubakane; ibibazo vy’abanyeshuri, n’ibindi.

**Ivyah 19:11-21** hatubarira ku vyerekeranye n’urubanza n’ugushirwa mu ngiro kwarwo, kandi urwo rubanza nta co rwasa rusana n’izindi manza zicirwa mu masentare, mu matora, mu kwubakana, mu kibazo; ni urubanza rwa Yesu acira isi & imanza azoshikiriza kandi zigashirwa mu ngiro.

**Iryungane ngenderwako:** Uyu musi tugiye kuraba kuri iki gisomwa mu buryo butatu: ubwa mbere, dusuzume ido n’ido n’ibimenyetso bikoreshwa; ubwa kabiri, twihweze amahame twigishwa ngaha; ubwa gatatu, dushimangire ishira mu ngiro mu bugingo bwacu.

#### **I. Gusubiramwo kuvuga ibiri muri ico gisomwa:**

##### **A. Ivyariko biraba mu gihe c’Ivyahishuriwe Yohana:**

1. Ubwoko: Icete; ubuhanuzi; ibizoba mu gihe c’iherezo = abavyumva barabita hura.
2. Ivyariko biraba muri ico gihe: Ubwami bw’Abaroma (90-95 inyuma y’ivuka rya Yesu). Co kimwe na Uganda, Kenya (Kenya, n’ibindi bihugu.):
  - *Ingene bitunganijwe*—igisagara kinini; ahanini c’imbere mu gihugu /abirimizi; amabarabara.
  - *Ururimi*—ururimi rumwe ruhambaye (Ikigiriki = co kimwe n’Ikingereza/Igiswahili, n’izindi ndimi.) + Izindi ndimi.
  - *Imibano*—amoko menshi /abantu batandukanye; amadini menshi (hariho ihamwa).
3. Intumbero: uguhumuriza, ugutera intege, ukuremesha +kugabisha.

##### **B. 19:11-21—Gusigura ibimenyetso nyamukuru:**

1. **Umurongo 11**—*ifarasi y’igitare* = umuhizi agenda anesha, yigarurira ibihugu—co kimwe n’umugeneral w’I Roma w’umurwanyari yashirwa imbere y’abantu akerekana iminyago n’abo yafashe mpiri, yanesheje.
2. **Umurongo 12**—*Inyonga ziwe ni imbeya z’umuriro* = yabona vyose; umuriro-imana (**Ivyah 1:14; 2:18, 23**).
3. **Umurongo 12**—*imigara myinshi* = *ibitsibo*/ubwami; “myinshi” = kurusha umwami wese wo kw’isi (**Umurongo 16**).
4. **Umurongo 13**— *yitwa Jambo w’Imana* = Yesu (**Yoh 1:1**).
5. **Umurongo 14**—*Ingabo zo mw’ijuru zambaye impuzu zera derere, zitanduye* = Abakristo/Ishengeru (**Ivyah 19:7-8**).
6. **Umurongo 15**—*inkota ikarishe* = Ijambo ry’Imana (**Ivyah 1:16; Heb 4:12**)—Nk’uko yaremye mu ntango ya kahise aremesheje ijambo, ni nako azoca imanza kandi asangangure arandure akoresheje ijambo kw’iherezo.
7. **Umurongo 15**—*Inkoni y’icuma* = Yesu afise ububasha bwose & ubushobozi bwose; abansi biwe bese bazoranduka (**Ivyah 2:27; Zab 2:9**).

8. **Umurongo 17**—*Amazimanao menshi y’Imana* = hameze nko mu **Ivyah 19:9** (ubukwe bw’Umwagazi w’Intama w’Imana)—*ikinyuranye n’agakiza ni imanza.*

## **II. Amahame:**

**A. Hazobaho umusi wa nyuma; uzogira ingaruka kw’isi yose no ku muntu wese aba kw’isi.** (Imirongo 11-21)

**B. Yesu azogaruka kuri iyi si; ntazoya ari “umunyantege nke, canke yicishije bugufi” yamara azoya nk’ “Umwami w’Abami” “guca imanza no kurwana.”** (Imirongo 11-12, 16)

**C. Urubanza rwiwe ntiruzorenganya, ni urwo kwizigirwa, rw’ukuri, rugororotse.** (Umurongo 11)

1. Nta na kimwe ruzokwiringagiza, ruzosigaza, kandi ruzoshika no ku muzi w’ico ari co cose. (Umurongo.12)
2. Ruzoba urwa nyuma. (Imirongo 11, 20-21)
3. Ico azofatirako mu guca imanza ni ijambo ry’Imana. (Imirongo 13, 15)

**D. Ku batari abiwe, bizoba biteye ubwoba cane kurusha uko wovyizera.** (imirongo.13, 15, 17-21)

1. Ntazoca imanza gusa ahubwo azorwana. (Umurongo.11)
2. Agatikizo kazoba aka nyuma kandi gakomeye—nta bahati rya “kabiri.” (Imirongo 15, 17-21)

**E. ku biwe na bo, uzoba umunezero n’intsinzi, n’ugutabaruka.** (Umurongo 14)

Ukwizera, ukwizigira hamwe no kumwiyegurira bizorwanirwa. (Imirongo 11, 14)

**Ico umuntu asabwa:** mwiye gurire Yesu ubu nyene, kugira ngo ntuzobe mu bazocirwa urubanza atako ukibigira.

## **III. Ugushira mu ngiro:**

**A. Hamwe Yesu atoba ari Umwami w’ubugingo bwawe, ihane, umugaruke ko, umuhindukirire.**

1. Nimba bigenda neza: urazi ibiri imbere muri wewe; ntushobora kwikizacanke kwihindura imbere mu mutima ngo bigaragarire inyuma ku mubiri no mu bikorwa.
2. Nimba uri umworo, kandi utamerewe neza: Imana yaremye ijuru n’isi irazi ko ufise agaciro kanini—kuko yaje mu mutima wawe biciye muri Yesu Kristo, yabayeho ari umukene, kandi yaragpfiriye kugira ngo aguhe ubugingo busha.
3. Sigura sobanura ubutumwa bwiza & ibikorwa mu buryo bunyuranye n’ubuntu: Idini ry’umuntu = ico dushobora kwikorera; ubutumwa bwiza = ivyo Kristo yadukoreye.
  - Ukuzuka kugaragaza *uwo* ari we kandi ko ari muzima uyu musi.
  - Yavuze ko azogaruka ngaha kw’isi. (Mat 24; Mrk 13).
  - Iki gisomwa kitubarira ibizoba igihe azogaruka.

**B. Nimba Yesu ari Umwami w’ubugingo bwawe, guma uri umwizigirwa kuri we.**

*Mbega tuba abizigirwa gute?*—URUKUNDO: Mat 22:36-40; Yoh 13:34-35; 1 Kor 13; 1 Tim 1:5.

1. Uburorero bugaragara:

- “*Igikombe c’amazi akanye*” (Mat 10:42)
- “*Gutanga utitangiriye itama & kwitegura kugabura n’abandi, gusangira n’abandi*” (1 Tim 6:18)
- Gufasha aboro & abakene no kwubaka Ubwami bw’Imana (Ivyak 4:32-35; 2 Kor 8:1-5; Gal 6:10; Yak 1:27).
- Ibikorwa nk’ivyo vy’urukundo = kubaririra hamwe “*imvune zacu zera*” (Ivyah 19:8).

2. Ibuke:

- Amarushwa yacu nta co asa asana n’ibizoba ku batari abiwe.
- Amarushwa yacu nta co asa asana n’ubwiza tuzohabwa.
- Inyonga ziwe n’imbeya z’umuriro—kora ico ijambo ry’Imana rivuga, mu bigize ubugingo bwawe bwose, kugira ngo igihe azogarukira kizobe igihe c;’intsinzi n’ugutabaruka—ibi vyategerezwa *kuremesha* abo babayeho mu bwizigirwa.

**Gusozerwa:** “Uruciwe” ruhera ku murongo wa 2 amajambo y’Ikiratini asigura “kuvuga ukuri.” Yesu azovuga ukuri kandi ace imanza afatiye ku kuri. Raba neza k’uzoba witeguye.

## IVYONGEWE KO G

### Zab 73:1-28—Guca ku masonga ukuvuga ubutumwa dukoresheje ubuhinga bw’ico umuntu agomba gushikako

#### Intangamarara:

Mbega twese ntitwibaza rimwe na rimwe igituma abantu bababazwa? Turabura amahera; ariko abatari abantu b’Imana, inkozi z’ibibi zo zikaguma zitera imbere, ivyazo bigenda neza. Turagwara ibirwara bikomakomeye; yamara tukabona abandi bikomereye nk’amabuye. Twagerageje gukora ivyiza, yamara ntidusa n’abashika ku bintu vyiza twipfuza gushikako, ivyiza twarota, yamara tukabona abandi banebagura ukugene Bibiliya itubarira kubaho bobo bibera amahoro, binezererewe kandi batera imbere mu vyo bakora. Mu bihe nk’ivyo, duca twisanga tumeze nka Yobu, kandi tukabaza ibibazo nk’ivyo na we yabajije:

- “Mbega Mana uri he?” kandi
- “Imana nk’iyo yemera ko abagizi ba nabi batera imbere n’ivyabo bikagenda neza ni Imana ki, yamara intore, n’abatanduye—abantu bayo bwite—ikemera ko bababazwa, bagira ingorane?” kandi
- “mbega nta kuri n’ukugororoka, no guca izibereye bikiriho?”

**Irvungane vyose vvenenako:** Uyu musu tugiye kwishira mu kibanza c’umuntu yitwa Asafu yabaye mu bihe bitamwoho, bibi maze aca yandika **Zaburi 73** kugira ngo atubarire ibijanye n’ivyo duhejeje kwibaza ko ibibazo. Reka duce mu biringo bine bigize iyi zaburi—icatumye iyi zaburi yandikwa, akaga Asafu yarimwo, ico yahisemwo gukora muri ako kaga yarimwo, hamwe n’ingaruka no gushirwa mu ngiro kw’ivyo mu bugingo bwacu uyu musu—turabe ubwenge Imana iduha igihe tubonye abanyakibi bateye imbere.

#### I. Icatumye ivyo vyandikwa, ivyariko biraba.

##### A. Imwe mu mazaburi akomeye cane.

1. Itangurira igitabu ca III c’Umwanditsi wa Zaburi—iri hagati na hagati.
2. Ivuga ku ngorane zikomereye na twe ducamwo.

##### B. Asafu ni nde?

1. Umulewi: umukuru w’indirimo nyeranda, yashizweho na Dawidi kugira ngo akorere imbere y’Isandugu ry’Isezerano mw’Ihema (**1 Ngo 6:31-32, 39; 16:1-5**)
2. Umuhanzu/Umuwugishwa (**1 Ngo 25:2; 2 Ngo 29:30**)  
Zaburi 12 zitiriwe Asafu—ikomereye kurusha izindi zose ndetse zitiriwe Dawidi.
  - Ni we yari kizigenza mu bari bagize ivyo gutazira Imana muri Isirayeli.
  - Yari azi ico yariko aravuga.

#### II. Akaga, ingorane. (Imirongo 1-14)

v.1—“N’ukuri Imana igirira neza Abisirayeli, abafise imitima itanduye.” Yamara ivyo ni ukuri? Yabonye iki?

##### A. Ivyo asafu yabonye. (Imirongo 2-14)

1. **Imirongo 2-7**—ntituboneka nk’abatunze inyuma yamara tuzazaniwe imbere mu mutima, yamara turatunze /mu vy’isi/turi agahambaye inyuma ku rukoba kandi dufise amagara meza /turanezererewe imbere mu mutima, dufise abagore beza canke abagabo beza twokwiratira.
2. **Umurongo 6**—Bambaye impuzu zimeze gute? Izo bashakira zose!
3. **Imirongo 4, 7**—“*Baravyibushe*” = vyerekana ko bateye imbere/bafise amagara meza/bafise ubutunzi/umunezero
4. **Imirongo 8-9**—Raba ku kwinezererwa, ku kwikwiza n’amanyama:
  - “*Baracokora*” “bakavugisha ivy’agahahazo n’ukugabitanya kwabo,” “bavuga bashize hejuru,” bashize akanwa kabo mw’ijuru canke “ururimi rwabo runyerera mw’isi yose” (“baseka imitwe ibintu vyose” canke “barwanya ibintu vyose”).
  - Umunara wa Babeli ni ukuri—kandi Imana ntiyashobora kuwuhagarika.
  - “*Bashoreza indimi*”—bafise ibiruta ivy’umutima wokwipfuza.
5. **Imirongo 10-11**—mu Giheburayo (umurongo wa **10**) uragoye:
  - Bishobora kuba bivugaga ku batizera b’isi canke abantu b’Imana.
  - Perowne: “ubwinshi n’uburebure ni amazi y’umunezero w’ivyaha mu kudahaha kwabo banywa.” (J. J. Stewart Perowne, *Igitabu ca Zaburi, vol. 2 (Zaburi 73-150)*, [London: George Bell and Sons, 1878; reprint, Grand Rapids, Mich.: Zondervan, 1966], 11)
6. **Umurongo 12**—Inca make
7. **Imirongo 13-14**—Abinyuranya n’ivyo yacyemwo ubwiwe.
  - Ubutunzi bw’Abaisilamu hamwe no gucinyiza abakristo—“vy’ukuri Imana igirira neza Abisirayeli, abafise imitima itanduye”

##### B. Imirongo 13-14:

1. Duheraheza dusoma umurongo 14 yamara reka dusubire mu ntambuko zacu gatoya:

- **Umurongo 1**—Asafu atangura ashikiriza urufatiro rw’ivyoyashikirije: “Nta nkeka Imana ni nziza …” Iyo zaburi itangura nk’uko **Zab 1** itangura: “*Hahirwa.*”
- **Imirongo 2-3**—Kubera iki yanyereye gatoya: kubera ivyo yabonye—yaravye inyuma ku rukoba abandi bantu.
- **Imirongo 4-12**—Ivyo yabonye: amanyama /inkozi z’ibibi/abari kure y’Imana—ingene batera imbere, bamereye neza.

2. Maze, guhera ku murongo 13, Asafu yiraba imbere mu mutima:

- **Raba neza: Umurongo 13**—“n’ukuri” (mu Giheburayo., *akh*), akoresheje iryo jambo nyene yatanguye Zaburi ku murongo wa mbere = *urugendo tubona muri Zaburi*; yamara *urugendo rw’imbere mu mutima rushikana ku kwihebura*:
- **Umurongo 3**—“nagirira ishari abibone”= *kwirabishako, kwikunda* ni kwo nashira imbere mu mutima, tuwugereyane n’umurongo wa 13—“N’ukuri nogereje ubusa umutima wanjye”= *kwiyugumbira, kwigirira akagongwe*
- **Umurongo 5**—“Ntibagira amagorwa nk’abandi,” gereranya n’umurongo wa 14—“kuko natewe n’ivyago umusi ukira (“nagize ivyago, ngahanwa, ngakubitwa”) umusi ukira” = *iryo jambo nyene* (Mu Giheburayo, *negah*).

3. Ukwikwegerako, ukwikumakumirako bizogushikana ku kwigirira akagongwe n’impuhwe igihe cose—igihe utaronse ico ushaka, kandi igihe ivyo wiyumvira ari ku bandi gusa, mu yandi majambo, ku bandi bantu gusa, kandi ukabona yuko:

- Baba bariko baratera imbere ariko wewe atari uko biriko biragenda.
- Bafise amashengeru arimwo abanywanyi benshi/ibikorwa vyagutse, wewe na we abanywanyi ni bake n’ibikorwa ntivyagutse.
- Bafise akazi wewe ntako ugira.
- Bafise *ibintu vyose wipfuzwa* (amahera, ugutera imbere, icubahiro, kuba rurangiranwa, abantu bose barumviriza iryo bavuze, bandika ibitabu, ongerako ibindi vy’iwawe nawe), IVYO VYOSE NTA NA KIMWE KIKUBAKO, NTA NA KIMWE UFISE.

4. Araba inyuma ku biboneka—abona ugutera imbere kw’abanyavyaha; uko si ko vyategerezwa kumera.

Araba imbere mu mutima—abona ubusa gusa no gutakaza ubuzima, ubugingo; uko si ko vyategerezwa kumera.

**III. Ico yahisemwo (imirongo 15-28) Reka turabe twitonze ico Asafu ariko aravugaga:**

**A. Imirongo 15-17—Guhindukirako kizingiti ni umurongo wa 17, yamara ukwo guhindukira gutangurana n’ugusuzuma/ n’ukubanza kunigana ku murongo wa 15.**

1. Umurongo 15—yategerezwa guhangana n’uguhitamwo—yamara Asafu yibuka uruhara rwiwe ngenderwako kandi ko ategerezwa kuba umwizigirwa.

- Gukora ibikwiriye vyiza—mbere naho hoba harimwo ugukekeranya gukomeye (Hemingway: imyete = “ubuntu naho uba uri mu bihe bigoye”).
- Ugukekeranya n’ibibazo ≠ abansi b’ukwizera—abatubaha Imana ntibabaza ibibazo nk’ivyoy; babona ibibashika ko vyiza ko ari ko vyategerezwa kumera, kuba, kandi bakarira bakabogoya igihe ibintu bigenze nabi.
- Ngaha: ugukekeranya kwavanye n’uko yafashe Imana, yizeye Imana n’umutima wiwe wose; ivyo birashobora gutuma habaho ugukura mu kwizera.

2. **Umurongo 16**—Kunigana gukomeye mu vyiyumviro; nta nyishu, yamara:

3. **Umurongo. 17**—“Ahera h’Imana”: mu mvugo ifoboye canke ifobetse, y’ikigereranyo (kumbure vyose).

- Ukwumvira kwa Asafu naho yari afise ibibazo n’ugukekeranya—kurwana kwiwe n’ikibazo kitoroshe c’ukugene yofatanyaga ugutera imbere, ukuroranyirwa kw’abanyakibi n’intsinzi y’ikibi, abigereranyije n’imibabaro yarimwo, abicishije mu kugira neza kw’Imana ubwayo—vyacye inzira y’intsinzi ikomeye Imana yamuhaye.

*Imana yamweretse iki?*

**B. Imirongo 18-20—Ukuri kw’ukugene abanyakibi baboneka mu maso y’Imana.**

1. **Umurongo 18**—“N’ukuri”: iryo jambo nyene mu Giheburayo *akh* nk’uko riri ku murongo ya 1, 13. *Urundi rugendo*—Yamara ubu arugira *arwerekeje ku Mana*.

2. **Gereranya n’imirongo 4-12**—Uko ni ko ibintu *bigaragara, biboneka* kuri Asafu, ni ko abibona; uku ni ko biri.

- *Umwansi n’imitigo ya Daniyeli*—imishaha/imitima y’abatubaha Imana ivugwa ko ari udukoko; mbere si ugushika aho gusa—abatubaha Imana bameze nk’ INDOTO.

3. **Uburyo bukomeye bunyuranye n’ubwo—AGAKEKEZO:**

- **Umurongo 9**—“*bashize akanwa kabo mw’ijuru* gereranya n’umurongo 18—“*ubashira ahanyerera, ubakororera mu mahonero.*”
- Umuntu agira umutekano n’amahoro n’ukutanyiganyizwa iyo ari mu Mana; ahanyerera ni abari kure y’Imana.



- Nimba wibaza ko amahera yawe, ukuroranjirwa, ububasha, ukugene uboneka mu maso y'abantu, amagara meza, canke ko ubuzima, ubugingo buzohoraho—URIKO URAROTA
4. Hari ho uguca izibereye, ubutungane! Aho Imana ikorera *haragutse cane*—Imana *ibona kure*: Yamara ukuroranjirwa kw'abisi *kuraguruka, kurahera*. Iherezo ryabo rizohindura rigaragaze ukugene babayeho kwose, ivyo babiriye akuya; abatubaha Imana /abanduye mu mitima, baba mw'isi y'indoto; bazovanwaho giturumbuka. Iryo ni ryo herezo ryabo.

### C. *Imirongo 21-26: Ingene Imana ibona abayubaha.*

1. Imirongo 21-26—Asafu aronka ishusho nyakuri y'abubaha Imana.
  - Ubwenge bw'uburyo bubiri bwishura ikibazo, n'ugutahura gukomoka ku Mana ku bijanye n'igituma “*n'ukuri Imana ni nziza kuri Isirayeli, ku batanduye mu mitima*”:
2. Igice ca mbere—imirongo 21-22 = ico bisa ku mirongo ya 13-14.
  - Ubutungane/guca izibereye: Inyishu *mbi* zihabwa *abatubaha Imana*.
3. Imirongo 23-26 = igice ca kabiri c'ubwenge/innyishu:
  - Inyishu *nziza* ijanye n'ukwubaha Imana: *Imana ubwayo iri kumwe nabo kandi ni yo mugabane wiwe ubu n'IBIHE VYOSE*. Iyi ni yo shusho yo kwubaha Imana.
4. KU GATWE KIWE GUSA.
5. IBIKWIYE—imirongo 23-24 = Ibikorwa bitatu vy'Imana: (1) “*Umfashe*”; (2) “*uzondongoza*”; (3) “*unyakirane*.”
6. AGAKEKEZO GAKOMEYE kanyuranye n'amajambo yakoresheje; biboneka mu rurimi rw'Igiheburayo:
  - Umurongo 17—“*iherezo ryabo*” n'umurongo 24—“*Mu nyuma yaho*” = biva mw'ijambo rimwe: (Heb., *ahar*).
  - Umurongo 18—“*ahantu hanyerera*” mu buryo bunyuranye n'umurongo wa 26—“*igisa canje*” (“*umugabane wanje*”) = bikomoka mw'ijambo rimwe (Heb., *halaq*).
  - Umurongo 12—“*imisi yose*” co kimwe n'umurongo wa 26—“*ibihe vyose*” = ijambo rimwe (Heb., *olam*).

### D. *Ashikana ibi vyose ku ndunduro mu mirongo ibiri ya nyuma:*

1. Nk'uko yatanguye avuga muri **zaburi ya mbere**, ni ko na Asafu aheraheza nko muri **zaburi ya mbere 1 (1:6)**.
2. Imirongo 27-28—Raba iyo yavuye n'ukugene ibintu vyahindukiye:
  - Yavumbuye yuko inyishu itari ku biboneka, ntiri mu bishikira abantu, yamara iri mu *Mana ubwayo*.
  - Ni itandukaniro ryo kuba *kure y'Imana (umurongo 27)*, hamwe no kuba *hafi y'Imana (umurongo 28)*.
3. Ongera urabe ingene Asafu aheraheza akoresheje AGAKEKEZO N'UKUNYURANYA IBINTU—akoresha *amajambo amwe n'urukurikirane rw'amajambo* nk'ayo yari yakoresheje ubwa mbere, yamara ubu akoresheje ugutahura gusha kwiwe:
  - Umurongo 12—“*Erega*, abo ni bo banyavyaha, kandi bama bidibamiye” gereranya n'umurongo wa 27—“*Erega*, abakuja kure bazoranduka”
  - Umurongo 2—“*Ariko jeh*, ibirenge vyanje kari gato bigatirimuka” gereranya n'umurongo wa 28—“*Ariko jeh*, kwegera Imana ni kwo kumbereye amahirwe”
4. Umurongo 28—“*Umwami Uhoraho ni we ngize ubuhungiro*”
  - “*Umwami Uhoraho*” ≠ *Adonai Elohim*, Yamara *Adonai Yahweh = Izina Imana yisangije (Kuvayo 3:13-14)*, riboneka muri iyi Zaburi ubwa mbere ngaha nyene: ubu arashobora guhamagara Imana ayise izina ryayo.
5. Maze Asafu Asafu aheraheza nk'uko yari yatanguye:
  - Umurongo 1—“N'ukuri Imana igirira neza *Abisirayeli*” gereranya n'umurongo wa 28—“Kwegera Imana ni kwo *kumbereye amahirwe*.”

**Ico dushikirije:** Uko vyoba biboneka kwose, Imana yonyene ni wo mutekano wacu n'ivyizigiro vyacu

### Ingaruka/insozero:

#### A. *Ntibitangaje yuko Zab 73ari yo itangurira igitabu ca III, igitabu co hagati, ca Zaburi:*

1. Gitangura nk'uko Zaburi ya mbere itangura.
2. Gifatira kuri zaburi 72 ishaka gushikiriza umwami agororoka, kikatumenyeshya yuko Imana ubwayo ari yo mwami agororoka ari ku nganji uyu musi kandi ari we mugabane wacu akaba n'ubuhungiro bwacu.
3. Itanga imbere y'igihe inyishu ya Zaburi ikurikirira **Zaburi 74** ari ugucura intimba igihe urusengero rw'I Yerusalemu rwasenyurwa, rwasangagurwa.
4. Yiteganye igishika kandi ibanziriza Zaburi z'Ishimwe ari na zo zihereza Amazaburi.

#### B. *Twebwe abo mw'Isezerano Risha turashobora kumenya ukuri kwa Zaburi 73 kurusha uko Asafu yari abizi:*

1. Asafu yategerezwa kwinjira ahera, mu ngoro imbere yuko aronka ubwenge bwishuri.
2. Turi ingoro; turi insengero (1 Kor 6:19).
  - Muri Mpwemu Yera aba muri twebwe (**Yoh 14:16-17; 16:7**).

3. Turamufise.

- Yavuze ko atazokwigera aduta, aduheba (**Heb 13:5; Mat 28:20**).
- Nta na kimwe gishobora kudushikura mu kuboko kwiwe (**Rom 8:35-39**).

4. Dufise umubiri wiwe, ishengero (1 Kor 12:12-27).

- Yadushize mu muryango wiwe bwite (**Rom 8:15-16; 1 Tim 3:15; 5:1-2**).

**C. Kubw'ivyo, ni munezererwe ncuti bakristo, nubwo ivyo mwoba muriko muracamwo vyoba bigoye:**

1. Imana ntiri iruhande yawe gusa; iri muri wewe —kubw ivyo reka kuguma wigereranya, wipima ku bandi.

- Imana yaragutoranije—none hari itandukanirwo irihe nimba abandi bantu bafise twebwetwafise?
- Tuzoba hamwe ibihe bidashira kandi tuzoba dufise vyose.

2. Gumiza mu mutima kubona ibintu ko ari ivy'ibihe bidashira nk'uko Asafu yabibonye ku murongo 17.

- Kenshi na kenshi ivyo turabirako ni ivy'igihe gito.
- Iyi si ni iyo igihe gito, mugabo dukunda kwibagira yuko ivyo dukora ngaha kw'isi bifise ingaruka zizohoraho ibihe vyose (**Mat 10:24; 1 Tim 6:19**).
- Kubw'ivyo, koresha umwanya wawe mu kugirira neza abandi, kubera ukunda Yesu (**Gal 6:10**).

3. Guma uri umwizigirwa—Reka akubere vyose, aguhaze, abe umugabane wawe, umwandu wawe, igihe cose.

- Gukora ivyo yari azi ko bigororotse, mbere n'igihe atabona ko hari iciza bizomuviramwo, bizomuzanira, ni vyo vyatumye Asafu atava mu nzira igiororotse, ni co catumye atarwa, adatembera.
- Gukora ivyo yari azi ko bigororotse, mbere n'igihe tutabona ko hari iciza bizomuviramwo, bizotuzanira, bizodufasha kuguma hagufi yiwe, nk'uko vyagenze kuri Asafu—wbizodufasha kumwizigira no kuvoma inkomezi muri we igihe duhwanye n'ibibazo, ingorane, ugukekeranya, ubwoba, n'akaga.
- Nk'uko vyagenze kuri Asafu, uko tumureka *akadufata ukuboko akaturongora*, (Mpwemu; Ijambo—**Yoh 16:13**) azotwakira mu bwiza bwiwe (**Yoh 14:3**).

4. Kubera yadushize mu muryango wiwe, yatugize umwe wo mu muryango wiwe—ishengero, tuvome muri uwo muryango imfashanyo yose, maze dufashe abagize uwo muryango, abanywanyi bawo.

- Imiryango iritaho abayo.
- Gerageza utangure “kuraba” abantu, ufate abandi bizera nk'uko boba ari abavyeyi bawe bakuvyaye, so nyoko, mushikawe musazawe (**1 Tim 5:1-2**).
- Uteze imbere umukristo umwe canke babiri b'abagenzi, wishing umukristo umwe canke babiri abo mushobora kuba abagenzi ba hagufi nk'abagenzi bo mw'isi, bokwitwa bashiki bawe canke basaza bawe.
- Gira ico ukoze muri iri yinga—uburorero tumira uyo muntu musangire; mushier ingabire kanaka—gerageza utangure kwunga ubucuti bukomeye n'uwu muntu.
- Imana irazi yuko dukeneye imigenderanire n'abantu, nk'uko dukeneye imigenderanire ikomeye na yo kugira ngo dushobore guhangana n'ingorane twama duhura hamwe n'uburenganyo bwinshi bwo muri iyi si—ni co gituma yaduhaye umuryango wayo, ishengero kugira ngo ridufashe: reka rero dutangure gukoresha uwo muryango musha ku bwinshi twahawe.

## **IVYONGEWE KO H**

### **Ivyah 19:11-21—Guca ku masonga ukuvuga ubutumwa dukoresheje ubuhinga bw'urudome ku rundi**<sup>8</sup>

**Intangamarara:** imigani/inkuru/udukino/inkuru zo muri kahise zavuzwe n'abantu bakuze, abasaza, abatama, n'abatamakazi, ba sogokuru nab a nyogokuru bo mu miryango.

**Iryungane ngenderwako:** tugiye gutembera intambuko ku yindi muri iki gisomwa hanyuma turabe ingene ukuri dukuramwo twogukoresha mu bugingo no mu buzima bwacu.

#### **I. Ivyariko biraba muri ico gihe (Imirongo 11-16)**

A. Ukugaruka kwa Kristo kw'isi.

B. Ibi vyajya vyaravuzwe mu ntango y'Ivyahishuriwe Yohana.

C. Kahise kose hamwe n'ivyaremwe vyose vyiteganye igishika uwo musi.

D. Amazina y'uwagendera kw'ifarasi yera (mu yanadi majambo, imirongo ya. **11, 13, 16**).

E. Ibishushanyo, ibigereranyo (kubidondora/ibibiranga) vy'uwagendera kw'ifarasi yera (mu yandi majambo, sigura ivyo bishushanyo).

#### **II. Ikibazo (Imirongo 17-19)**

A. Ingabo z'igikoko zikoranyira hamwe kurwanya Kristo.

B. Vyerekana abo bose batari abiwe yuamara bamugararije.

<sup>8</sup> Ubu buhinga bwo gusigura inkuru bwerekana ingene ico gisomwa nyene c'Ivyanditswe gishobora kwigishwako hakoreshejwe ubuhinga butandukanye bwo kugitunganya (gereranya n'ukugene abakoresha ubuhinga bw'ico umuntu agomba gushikako kuri ico gisomwa nyene babigira [Ivyongewe F])

C. Igikoko, n’abami, hamwe n’ingabo zabo zose zirwanya umuntu umwe gusa—none ni nde akomeye?

### III. Icashitsweko (Imirongo 20-21)

- A. Nubwo aho bazorwanira havuzwe ko nta ntambara izobaho.
- B. Nta n’umwe ashobora guhagarara ngo abuze ukugaruka kwa Kristo.
- C. Igikoko, umuhanuzi w’ibinyoma birafatwa; abandi bose baricwa: ugutikira n’isoni.
- D. Ukugene uguca imanza kwa nyuma kuzoba kumeze.
- E. Yesu ni we afise intsinzi ya nyuma muri kahise kose, kubu na kazoza!

**Ico dushikirije:** Dutegerezwa kubaho dufise ivyizigiro vy’uko Yesu Kristo azogaruka mu ntsinzi.

#### **Ingaruka:**

##### **A. Ku bakijijwe:**

- 1. Dushobora kubaho tudafise ubwoba, dushize amanga
- 2. Uku gushira amanga kwategerezwa kudutera intege kugira ngo dukomeze twihangana, turi mu kwizera cane cane iyo ibihe ari bibi kandi bigoye cane.

##### **B. Ku batarakizwa:**

- 1. Imanza zikomeye ziraje, Imanaza isi itari bwigere ibona.
- 2. Nimba utarakira Yesu Kristo, ihane umwiyegurire ubu nyene.

## **IVYONGEWE KO I**

### **1 Sam 30:1-31—Akarorero k’uguca ku masonga kw’ubutumwa Jewe-Twebwe-Imana-Wewe-Twebwe**

#### **I. Intangamarara (Jewe/Twebwe)**

##### **A. Ivyo ndimwo—Kwitwararika /gukubura inzu.**

- 1. “Vyoba vyarageze aho?”—kutaba ukironka amahera, n’ibindi.
- 2. Ivyo Yesu yashikije, yakoze mu myaka itatu ivyo na nje nashitse ko.
- 3. Kwumva yuko ata co umaze, /kuba ata co ubereye ho.

##### **B. Ukwiyumva nk’uko ntiguhagaze, ntikugarukira kuri jewe gusa.**

- 1. Abagore batagira akazi baguma muhira / abayaya, abakozi bo mu nzu—bumva yuko baboshwe, bari m mutego: “bumva ko batagira ubuzima.”
- 2. Umugabo (canke umugore) afise akazi ntashobora kwihanganirwa, biramugora cane.
- 3. Abanyeshuri: “Kubera iki ndiko ndiga ibijanye n’icirwa iki n’iki? Ko ata hantu na hamwe nzogikoresha ico cirwa.”
- 4. Abakukurutse: “ubuzima bwaransize ntaho tugihurira—sinzosubira kubona abana na gato.”
- 5. Abakristo: “imana iri he? Sindayibona.”

*Igisomwa c’Ivyanditswe gishobora kudufasha igihe twiyumvira muri ubu buryo ni nk’iki—1 Samweli 30*

**Ico dushikiriza:** Iki gisomwa kitubwira iki ku vyerekeranye n’uko: “Imana yibuka igahemba abizigirwa.”

- Mbere n’utuntu duto duto *ntitwibagirwa* kandi birashobora kuba ivy’ingirakamaro cane.

**Irvungane ngenderwako:** Reka duce muri iki gisomwa agace ku kandi turabe ingene Imana ihemba, ihezagira abizigirwa.

#### **II. Kugaragaza no gusigura Bibiliya (Imana)**

##### **A. Ivyariko biraba imirongo 1-6) [SOMA]**

- 1. Sikulagi (1 Samueli 27)—Dawidi ahunga Sauli; abana n’Abafilistiya > Umwaka umwe; ahabwa Sikulagi (Uburengerazuba bw’i Gaza).
- 2. Abafilistiya baja kurwana na Sauli & Isirayeli (1 Sam 29:1).
  - Dawidi ari mu bihe bigoye cane.
  - Mbere naho yabana n’Abafilistiya, Dawidi ntiyarwanye n’Abisrayeli (1 Sam 27:8-12).
  - Ico dukora mu bihe vy’ingorane ni icemezo ciza c’ivyo twizera vy’ukuri, nimba turi abizigirwa b’ukuri canke tutari abizigirwa b’ukuri.
- 3. Imana ihemba ubwizigirwa bwa Dawidi.
  - Abarongozi b’ingabo za Isirayeli binuba Dawidi (1 Sam 29:2-3).
  - Imana ihemba ubwizigirwa bwa Dawidi kuri Isirayeli—mbere naho Dawidi yari yagizwe umushitsi, agahunga igihugu ciwe Isirayeli, Imana yaramuciriye inzira imurinda kurwanya no gutera abantu biwe.
- 4. 1 Sam 30:2-6—Sikulagi irategwa; abagore babo bajaranwa ari inyagano; Abantu ba Dawidi baja mu gatengo kugeza yaho bashatse gutera amabuye Dawidi.
  - Ni kangaha twehebura bikatunanira kubona ivyo Imana idukorerana.
  - Dawidi ntiyaciye yihebura, yemera uruhara rwiwe maze yakira inkomezi z’Imana.

- Umugani w'Ikinyafirika: “Mu kurira umurongozi ategerezwa kugumiza amaso yuguruye kugira ngo abone ibarabara.”
- Nk'umunyu n'umuco abakristo bese ni abarongozi: kurongorera abantu kuri Kristo; kubereka uburyo bwiza bwo kubaho—mu majamba no kuba icitegererezo. Imana ihemba, ikunda ubwo bwizigirwa.

#### 5. Imirongo 7-10 [SOMA]

- *Efodi* = kilt; umuherezi mukuru yari afise urimu & tumimu bimufasha kumenya ubugombe bw'Imana.
- **Imirongo. 9-10**—abantu 200 bari basigaye—barushe, bananiwe, yamara bakora igikorwa gikomeye, nk'uko tuja kubibona mu nyuma.

#### B. Imirongo 11-20—Intambara [SOMA]

##### 1. Imirongo 11-15—Umunyegiputa: “imana ihemba ubwizigirwa” (mu buryo bwose).

- *Umunyegiputa* yaronse ubuzima bwiwe mu gutanga inkuru.
- *Dawidi/Isirayeli* aronka inkuru bari bakeneye—Dawidi yari kuba yamwishe (yari umunyamahanga & umunywanyu w'umurwi wari wabateye); ahubwo amugirira ikigongwe n'impuhwe (raba **Mat 10:42**).
- Nturabe ku “bintu binini” muri ubu buzima, canke ivyo tugomba gukorera Imana bigatuma twirengagiza utuntu duto duto hamwe “n'abantu ata co bamaze.”
- Imana irabafitiye umugambi, integuro (twebwe) kandi “ibintu bikomeye” bishobora *kuzungurukira ku ntererano yabo* (“gukubita umusumani ku mutwe”)—ngaha, intsinzi ya Dawidi kwazungurukira kuri uyu Munyegiputa ata co yari amaze, yari arwaye.
- Gereranya itandukaniro riri hagati y'impuhwe za Dawidi ku mwansi & n'ukutagira *imbabazi kw'Umunyegiputa* sebujya w'umugurano w'umwamaleki, umugurano wiwe bwite—ukwo kubura impuhwe kwatumye Abamaleki bicwa—vy'ukuri, “Imana yishura ubwizigirwa.”

#### C. Imirongo 21-25—Ivyashitse inyuma y'ivyo [SOMA]

##### 1. Dawidi yaramenye yuko “Imana iriha, ihemba, yishura ubwizigirwa” (**umurongo 23**—“*ntimwogenza murtyo ivyo Uhoraho yaduhaye*”intsinzi).

##### 2. Abantu 200 mu buryo bunyuranye n'abantu 400:

- *Abo bantu 200 bari bananiwe, barushe, bacotse, yamara babaye abizigirwa mu vyo bari bafise*—bazigameye ibintu. (**umurongo 24**).
- *Na bo nyene bakozenk'abacunze urugo, ikirindiro*—Sikulagi hafashwe kubera yuko Dawidi atari yashize abarwanyu, ingabo ku birindiro ngo bazigame, barinde igisagara.
- Mu ntambara turwana tugomba kuronka iminyago, bamwe baragenda kure (mu gikorwa c'Imana); abandi barakenerwa gusigarana ikirindiro mu gutuma abo bagiye babashoboza mu kubaronsa uburyo bwo kugenda; abandi nab o bakwiye gusigara kugira ngo bitwararike, batunganye ivyo i muhira.
- *Ingabo 400 zarwanye zarikunda*—igihe cose barwana bibaza ko ivyo bazoronka bazobitwara bonyene, iminyago yari “*iya Dawidi*” (**umurongo 20**)—baragaragaje yuko *amahera yacu agaragaza vy'ukuri abo turi bo*.
- *Izo ngabo 400 vyongeye zabona hafi cane*—mu ntambara zarri imbere abo bantu 200 bari bakenewe (kandi bamwe muri abo amajana ane nab o bari gusigarana ikirindiro)—yamara bari bifuza kuronka 1/3 c'ivyo ingabo za Dawidi zasize.

##### 3. “Imana ihemba, ihezagira ubwizigirwa,” yamara yakoresheje abantu biwe mu gukora ivyo.

- Ngaha Imana yakoresheje Dawidi *kugira ngo yerekane ingene ibintu bitegererwa kugenda hamwe no kubishira mu ngiro*.
- Dawidi yari umwizigirwa kuko atigungiyeko ivyo yari yanyaze—*Yatanze akarorero k'uburongozi*.

#### D. Imirongo 26-31—Ivyamwa vyabonetse mu gihe cari imbere [SOMA]

##### 1. Dawidi yagabanganye iminyago n'abashingantahe b'i Buyuda.

##### 2. Vyongeye yarungikiye ku minyago abagenzi n'abakunzi biwe “*baba ahantu hose aho Dawidi ubwiwe n'abantu biwe bari bamenyereye kuja*” (**umurongo 31**).

- Igihe Dawidi yariko arahunga Sauli, abo bantu bari bamweretse urukundo n'ubucuti kandi baramunyegeza bamuha indaro.
- Babaye abizigirwa kuri we kubere mbere baheba n'amagara yabo, kuko iyo Sauli abimenya hari ico bari kubona, bari kubirihira nabi.
- Ntibitega na gato ko bazokwishurwa iciza, mbere vyongeye bashobora kuba baja baribagiye ko hari n'iciza bari barigeze kumukorera.

### III. Gushira mu ngiro hamwe n'indoto /gusozera (Wewe/Twebwe).

#### A. Gushira mu ngiro (Wewe).

##### 1. Mu bihe vyose—mbere n'utuntu twoba tuboneka ko ataco tumaze, nka bamwe 200 bari barushe bacotse, bananiwe & na wa Munyegiputa yari arwaye—bese barafise akamaro.

- Iyo uri umwizigirwa muri duto duto, Imana ntiyigera ivyibagira canke ivyirengagiza, canke ngo ibirenze ko uruhoro rw'amazi (**Luka 16:10**).

2. Iboneka kuri twebwe ko bidafise akamaro bishobora kuba ikiraro gikenewe kidushikana ku kintu kinini & n'ingaruka, ivyamwa bikomeye (“co kimwe n'umusumani ufatanyaye ibibntu bikomeye kandi ari muto”).
3. Ubu buhinga butegerezwa kutwerekana ko ubugingo bwacu busa n'uko ata co bumaze I muhira canke kw'I shuri canke ku kazi burafise akamara—ni ubutunzi bukomeye bufise insiguro.
  - Turashobora kutabona ivyamwa /impera igihe kinini, kirekire (co kimwe na ba bandi b'I Beteli, Ramoti, na Jatiri), yamara ntitiwehura.
4. Kubera Imana ikoresha abantu bayo kugira ngo ihere abizigirwa, turashobora kurondera udukorwa duto duto tw'ubwizigirwa ku bandi (nk'Uko Dawidi yakoze), maze *tugatera intege, tukaremesha, tugahumuriza mbere tukanabahemba*.
5. Reka tugerageze iri yinga kwemera no kumenyesha—*mbere bishobotse tunabahera—igikorwa kimwe gusa c'ubwizigirwatugikorere uwundi muntu: Ni nde yomenya icyo bishobora kudushikana?*

#### **B. Viziyo/indoto/indunduro (Twebwe).**

*Vyogenda gute hamwe bose botangura kwiyumvira no gukora muri ubwo buryo?*

1. AHoba imyidogo mike n'ukuvuga ngo “ewe jewe ndagowe, ndakenye, ndi ntaho nikora.”
2. abo dukorana, abo twigana, abagenzi bashobora kubona ko ntihebura canke ko ntagira izigo nk'uko abandi benshi babigira—kandi ivyo bishobora kumpa akaryo ko kuvugana na bo ivyerekeye Yesu.
3. Iyumvire ukugene vyodutera intege kandi biadukomeza hamwe twokwemeza ubwizigirwa bw'abandi:
  - Isi ntikora ivyo.
  - Aho ni ho ishengerero rishobora kuba iritandukanye n'isi.
4. “Imana ihemba ubwizigirwa”—Ntiyatwibagiye canke ngo itwirengagize. Igomba kudukoresha nk'igikorwa cayoyugira ngo ihe icubahiro ubwizigirwa bw'abandi.

#### **IVYONGEWE KO J**

[http://cecl.glcc.org/PDF/Lori\\_Carrell/sermons%20likley%20to%20succeed.pdf](http://cecl.glcc.org/PDF/Lori_Carrell/sermons%20likley%20to%20succeed.pdf)

#### **UBUTUMWA BUFISE IBAHATI RYO KUGIRA ICO BUHINDUYE**

**vyashizwe ahabona na LORI CARRELL**

#### **Mbega ubutumwa burahindura vy'ukuri ivyizerwa n'ingeso? Hariho icirwa kiriko kiragirwa cerekanye ibintu bitangaje kandi bikomeye.**

Ubushakashatsi busha buriko burerekana ibigenga canke ibigize ubutumwa bufise ingaruka zimara igihe kirekire. Ubwo bushakashatsi bwatanguranye n'isuzuma hamwe n'ukubaza ibibazo abantu bagerageza gutanga itandukaniro riri hagati y'ivyiyumviro vy'abumviriza n'ivyiyumviro vy'abasiguzi, abavugabutumwa ari bo bigisha mu mashengerero 102 yo mu gihugu cose ca Amerika. Aha turiko turandika, ico gikorwa gishigikiwe n'uburyo bwatanze na Lilly bafatanije n' Ikigo cerekeranye n'ugutanga ibintu vyiza cane mu burungozi bw'ishengerero i Green Lake Conference Center, cashitse ku bintu bikomeye uko abapasitori b'abaporoti 52 hamwe n'ababumviriza barenga 5,000 bagize uruhara muri iki gikorwa cerekeranye n'ugusuzuma ukugene ubutumwa buvugwa. Ikintu ngenderwako ico cirwa cavumbuye ni uko abumviriza baha agaciro ivugabutumwa, ukwigisha n'ugusigura, bakavuga yuko ubutumwa, kuvuga ubutumwa ari ikintu kinini kigize imisa mu mashengerero ata nkeka kigira ingaruka ku bugingo bwabo bw'impwemu, n'ugukura kwabo muri mpwemu. Mbere, abumviriza barakunda abababarira ubutumwa maze bavugaga ico umwe muri bo yashikirije mu nyandiko “icyo pasitori ata ngorane afise, ntumute ko umwanya!” muri uwo mwanya nyene, ico abumviriza bishuye na co cerekana yuko ari ubutumwa budasanzwe guhuta buraboneka butuma habaho uguhinduka kugaragara kandi kubandanya. Abapasitori n'abumviriza baremeza ko uguhinduka nk'ukwo ari icamwa c'icipfuzo c'ishikiriza butumwa yamara kandi ni ibidasanzwe. Isuzumwa ryubwo butumwa budakunda guhuta buraboneka “bufise ibakwe ryo kugira icyo buhinduye” mu gikorwa gikomeye c'uguhingurwa mu mpwemu rigaragaza ibi bikurikira.

#### **Ubutumwa bwiza busaba ko habaho ihinduka**

Ugusigura kwiza canke ubutumwa bwiza bwubakiye ku guhinduka kugaragara gufatiye ku ntumbero ikomoka mu vyanditswe; akarorero, “abumviriza basengera abansi babo” (Matayo 5:46-48). Mu butumwa budasaba guhindura abantu, ico abantu bipfuzaga gukuramwo gishobora kuba ugutahura gusa (“ugutahura ubuntu”), yamara abumviriza ntibashobora kwumva uguhamagarirwa kugaragara kwo guhinduka. Ikiryoshe ni uko ubwo bushakashatsi bwagaragaje yuko abumviriza baguma banyurwa n'Ubutumwa butabasaba kugira icyo bahindura, canke guhinduka, yamara bakemera yuko ibivamwo ari uguhozako, ariko atari ugukura. Mu butumwa bufise ingaruka nke, umwanya munini wo kwigisha ushirwa ku gusigura, gusobanura, bigatuma habaho ubutumwa butanga ubwenge n'inkuru yamara budasaba uguhingurwa n'uguhinduka. Icongeye ko ni uko ivyo abumviriza bishuye vyerekana yuko ibisobanurwa biba biza bizwi kuri bo. Iyo abumviriza baja bazi ibiri muri ubwo butumwa, twokwitanga gute ko ubwo butumwa bubahindura, canke bubahingura? Ubutumwa bwiza buzana ivyamwa ni ubushitira abizera bukababwira kugira icyo bakoze. Aho kubingira ubutumwa bunyuranye n'ivyo bahora bamenyereye (nk'akarorero, “Ego, ndipfuzaga kuba uwuharira kurusha uko nahora ndabikora”), bufise ingaruka z'igihe kirekire bushiraho ivyiyumviro vyo gushirwa mu ngiro, bwatura ububasha n'ubuntu bw'Imana bufasha ugukura muri Mpwemu. Ko integuro y'ibishirwa mu ngiro bigaragarira mu nkuru canke intambuko kanaka, guhamagarira abantu guhinduka bizoshoboka igihe ivyiyumviro “vy'ukugene” ukwo guhinduka kwoba kumeze bigiyemwo.

### **Ubutumwa bumeze neza butegurirwa, butunganirizwa kwumvirizwa**

Ugusigura kwiza canke ubutumwa bwiza buvuzwe neza ni ubutumwa abumviriza bashobora bibuka. Gutunganya iviyumviro ni rwo rufunguruzo kugira ngo bashobore kubwibuka. Dufatiye ku bumviriza, ubutumwa bwiza butunganijwe neza bushobora kwibukwa ntibuhuta gukunda kuboneka. Ku bavugabutumwa benshi, ico gisomwa ubwaco ni co ciyerekana ukugene cubatswe, umurongo wa kabiri uza inyuma y'umurongo wa mbere, ari na co gituma "bigisha, basigura muri ico gisomwa nyene," basigura, basobanura iviyumviro vyose basanze muri ico gisomwa. Ubuhinga nk'ubwo bushobora kuba uruvangatirane rutagira urutonde na rumwe urwo abumviriza bita guta batora. Iyo ibigize ico gisomwa bisa n'ibidafatanye, inguvu z'ukwumviriza, kubifata ku mutwe hamwe no kuvyibuka no kubishira mu ngiro bica bigorana, bikagabanuka. Babajijwe igituma ubutumwa bugora kwibukwa no kwiyumvirwako, impamvu ya mbere abumviriza batanze ni uko ubwo butumwa buba "budatondetse, budatunganijwe neza."

Dufatiye ku kwimba mu mizi igisomwa, Abavugabutumwa, abasiguzi basigura ubutumwa bufise ingaruka nini bafata umwana muremure wo *gutunganya iviyumviro mu buryo bw'ukwo abavyumva biborohera kuvyiyumvira ko no kubishira mu ngiro*. Ubutumwa bwiza nk'ubwo butunganijwe mu buryo bw'uko ababwumviriza bashobora kububwira abandi mu buryo bw'uko nabo babwumvise, ni ukuvuga, umuvugabutumwa aravuga, uwumviriza na we akumviriza, akumva. Gutunganya no guhitamwo urutonde rufatiye ku wumviriza kugira ngo ubutumwa buvuzwe buzokwame bwibukwa, ico ni igikorwa gikomeye c'uburongozi ku bapasitori uko bagerageza guherekeza abumviriza kugira ngo bashike ku gukura muri mpwemu. Mu vy'urufatiro rw'ubutumwa bwubatswe neza, butunganijwe neza ku bumviriza harimwo:

- **kurondera akaryo ko kwugururira abumviriza kugira ngo bagumize iviyumviro vyabo ku kintu kimwe wavuzeko neza;**
- **intumbero, ihangiro nyamukuru kanaka ryerekeranye n'ugukura muri Mpwemu uja wavuzeko mu ntangamarara;**
- **ivyipfuzo bibiri canke bitatu bifitaniye isano, bishobora kwibukwa nk'ibintu nyamukuru;**
- **isano riri hagati y'iviyumviro bigizwe n'ibice nyamukuru rituma abumviriza bava ku ciyumviro kimwe bakimukira ku kindi;**
- **ugusubira mwo kutongera ko ibindi vvyumviro canke ubundi bwenge, izindi nkuru zidakenewe mu vyaja vyavuzwe;**
- **iryungane rya nyuma uhereza ko rifitaniye isano n'intumbero yo gukura mu vy'impwemu.**

Ubutumwa bwerekeranye n'abumviriza *bugumiza ijisho kw'ihangiro, bugashika ku mutima ababwumviriza*. Gutunganya inkuru kugira ngo abayumva bagire ico bayikuye mwo kurimwo ukwimenyereza kumenya ibigize ubwo butumwa kugira ngo babukure mwo ivya nkenerwa kurusha uko buba burebure. Ubutumwa burebure bugizwe n'iviyumviro vyinshi bitandukanye, nyene kubuvuga ntiyinjira mu mizi icyumviro cose agicako yihuta, arengana gusa, agasigura n'ibidakenewe, iviyumviro baja bazi akabicako, abigarukako kenshi, guca ku masonga, kandi bitari ngombwa, bikaba birebire mu buryo buruhije, bitari ngombwa. Mu butumwa bumara igihe kirekire, inguvu n'umwete wokwumviriza biragabanuka, co kimwe na kwa guhinduka umuntu yari yizigiye kuragabanuka, co kimwe n'ingaruka ubwo butumwa bugira ziragabanuka. Ubutumwa bwiza bukomeye bugizwe n'ugishira umutima cane kuri ibi bikurikira:

- **kugumiza ijisho ku vyanditswe;**
- **kuguma ku ciyumviro nyamukuru c'uguhinduka;**
- **gutanga ubwenge bukomotse mu vyo wigisha;**
- **gutandukanya ubwenge n'ibishobisho;**
- **gushimikira ku vvyumviro bikwiriye gushirwa mu ngiro; hamwe**
- **gutangaza no kumenyesha k'ubuntu n'ububasha bw'Imana ari vyo bishoboza ukwo guhinduka.**

### **Ubutumwa bwiza bumeze neza, bwatunganijwe neza bushikirizwa neza**

Insiguro canke ubutumwa bwiza butuma habaho ico ababwumviriza bakura mwo ni ubutumwa bushobora kwigishwa n'abasiguzi, abavugabutumwa bafise uburyo bwinshi bunyuranye bwo kubusigura no kubushikiriza, guhera ku mupasitori afise akajwi koreshe, afise impuhwe n'imbabazi, no ku mupasitori acira umuriro kandi akoresheje umwete mwinshi. Ico bahurijeko bese ni ugushikiriza kugaragaza imigenderanire n'ibishika.

Abapasitori bari musi y'ibice bibiri kw'ijana mu bapasitori bese bagizweko ubwo bushakashatsi ni bo basubiramwo bimenyereza ubutumwa bazovuga ku wa mungu mu buryo bwo gusohora ijwi bakavuga mw'ijwi ryumvikana. Igihe bababaza umwanya baha ugutegura ubutumwa bavuga, abapasitori bavuze yuko ugushikiriza ubutumwa atari co kiza imbere y'ibindi vyose. Yamara abumviriza bo si uko babibona, ahubwo bibaza yuko gushikiriza ubutumwa ari co kintu gikwiye kuza imbere y'ibindi vyose k'umuvugabutumwa. Cane cane, ingeso zimwe zimwe mu gushikiriza ubutumwa (nk'ugusoma canke kumenya ingene umuntu yifata ataranabishika ko) bituma abamwumviriza bibaza ko "umupasitori wabo atahaye agaciro ivyo ababarira canke ko bitanamuraje n'ishinga, barabifata canke bareka, ivyo ntibimuraba." Ingene tuvuga ivyo dushikiriza bifise insiguro mu bishika no mu migenderanire tubigomba, canke tutabigamba, twabiteguye canke tutabiteguye.

Ukugene umupasitori avuga amajambo y'ubutumwa canke mw'ivugabutumwa ryiwe, bishikiriza umutima w'Imana ubwawo ku bantu bayo. Ukugene rero abushikiriza na vyo nyene vyerekana ibishika vy'umupasitori agirira abamwumviriza, ico ari ko arashikiriza, mbere n'ico gikorwa co kuvuga ubutumwa.

Rimwe na rimwe abapasitori bariko barakora uko bashoboye kwose mu kuvuga ubutumwa (canke kwigisha) aho bagerageza "gusobanura ibintu mu buryo busobanuritse, bwumvikana, busanzwe kandi mu buryo abantu bese bashobora

gutahura” yabishaka atabishaka bigabanya ububasha bw’ijambo. Mu gice c’ubwo bushakashatsi cashiriweho kumenya no gutora aho abavugabutumwa “bakora neza kurusha”, “amajambo akomeye bakoresha mu kwinginga abantu” ni ho hari hahagaze inkomezi zidasanzwe. Gutora amajambo ukoresha agira ingaruka ku kwibuka kw’abamwumviriza kandi atuma bipfuzwa guhinduka. Abumviriza banyotewe, bipfuzwa cane “impishuro” nk’ikigize ibibafasha gukura muri mpwemu; vyongeye n’abumviriza na bo babonye yuko ubutumwa bukoreshwe mwo amajambo akomeye, akaze ari bwo bufasha kurusha ubutumwa bugizwe no gusigura amajambo gusa. Ubuhinga bwo gukoresha amajambo butuma abantu bagira icyumviro canke ishusho y’ivyo umuntu ariko aravugaga, atuma abantu biyumvira, akoresheje amajambo y’ibigereranyo yotuma abantu bubaka mu mitwe yabo ibijanye n’ivy’impwemu bikomeye bigoye gusobanura; akabura imitima y’abantu akoresheje amajambo akora ku mitima yabo bigatuma habaho ibishika n’ibishobisho akoresheje igarukagaruka ry’amajwi yitabana, ibangabanganwa ry’ibintu, hamwe n’ubundi buhinga—ivyo vyose bishobora kuboneka mu butumwa buzovukamwo ingaruka canke ivyamwa bizomara igihe kirekire, yamara kandi ivyo tubisanga no mu buryo Yesu yakoresheje igihe yariko arigisha abantu.

### **Ubutumwa bushobora kugira ico buhinduye ni ubutumwa bushiramwo ivyo abumviriza biyumvira**

Ubutumwa buha agaciro kandi bugashiramwo ibigize ubuzima bw’abumviriza ni bwo bugira ingaruka nini kandi bushika kw’ihangiro n’intumbero nyamukuru yabwo. Nubwo abapasitori bavugaga yuko igihe abumviriza bitwaza ko ivyo abavugabutumwa bavugaga “bitumvikana”, bishobora kuba ukwikura mu kabarerwa canke ko bitajanye n’Ivyanditswe, abumviriza bavugaga yuko inyota yabo n’icipfuzo cabo ari uko hobaho ugushusha kuri hagati y’ivyo bintu bibiri. Kubera yuko ibice 78 kw’ijana vy’abumviriza batarigera bavugaga n’abapasitori babo ku bijanye n’ubutumwa baba bavuze, ntibitangaje yuko abapasitori n’ababumviriza babibona mu buryo butandukanye. Benshi mu bapasitori hamwe n’abagize iyo paroisie ntibigera bavugaga haba imbere y’ubutumwa canke inyuma y’ubutumwa ku bijanye n’ubutumwa buvugwa, ariko igitangaje ni uko baba abapasitori n’ababumviriza bose bitegaga yuko habaho impinduka mu bugingo bw’abumvirije ubwo butumwa. Nk’ibikomoka muri ivyo, abapasitori benshi bategura ubutumwa bafatiye ku cyumviro nyamukuru c’uko ababumviriza bagira ico bakuyemwo, bahindura mu bugingo bwabo (nk’akarorero, igice kitari gito “c’abarondezi”) yamara bakabandanya batabanje gutahura na gato ivyo ababumviriza biyumvira ku kintu nyamukuru abavugabutumwa bazovugaga ko canke ku gisomwa bazovugako.

None vyoshoboka gute kw’abasiguzi ari bo bavugabutumwa borengera ivyo vyiyumviro igihe bariko barashira ho isano hagati y’ibigize ubutumwa n’abumviriza? Urugendo canke inzira ifatanye n’ubutumwa bugira ingaruka nziza ni ukuganira n’umugwi imbere yuko ubwo butumwa buvugwa aho umupasitori “atega ugutwi, yumviriza uwo ategerezwa kubwira ubutumwa.” Mu bihe nk’ivyo vyo kuganira, integuro y’umupasitori ishigikirwa n’ibihari, iviyumviro bizanywe n’uwumviriza vy’ukugene ubutumwa bwiza buzovugwa buzokwirikira canke ikintu nyamukuru kizovugwa ko kijanye n’aho bageze mu rugendo rw’impwemu. Ubu bushakashatsi buriko buragaragaza, bwerekana yuko ivyo biringo vyo kwumviriza bishobora kurwiza uburyohe bw’uguhindura n’uguhinduka kw’ukugene ubutumwa bwiza bushikirizwa...

- **mu kuvyara iviyumviro bisha ku bijanye n’ubutumwa (ico ni co kintu kiza hejuru y’ibindi vyose ku mupasitori);**
- **kugwiza ukuvuga ubutumwa bujanye n’ivyo bakeneye (ico ni co cipfuzo ca mbere ku bumviriza);**
- **kurwiza inguvu n’umwete wo kwumviriza igihe umuvugabutumwa aba ariko arashikiriza ubutumwa;**
- **kurwiza ibintu kanaka bigaragara hamwe no gushikiriza inyishu y’ivyimbwe mu mizi vyakomotse ku bapasitori inyuma y’ivuga butumwa ryabo; hamwe**
- **no guha ingoga abapasitori ubwabo no kubatera intege mu buryo bategura no mu buryo bashikiriza ivyo bateguye babifashijwe mwo n’ugushigikirwa kw’ababumviriza hamwe no gusenga mu gihe c’ugutegura ubutumwa.**

Ni vyo, ubutumwa burashobora guhindura ivyizerwa hamwe n’ingeso, yamara hariho vyinshi vyo kwigwa ku bumviriza no ku bavugabutumwa bagize uruhara muri iki cirwa c’ugushikiriza no kuvuga ubutumwa buhindura abantu. Icompa ibi bintu tuvumbuye bikamurikira ibigize ubutumwa abantu bavugaga “bushobora kugira ico bushitse ko mu guhindura abantu”, icompaga bigatuma utangura kwiyumvira, ukagwiza ugusenga, maze ivyo bigatuma ivyo ushikiriza bigira ivyamwa bihoraho.

**LORI CARRELL, Ph.D.,** (karuhariwe mu kwigisha ishikiriza makuru muri Kaminuza y’i Wisconsin-Oshkosh) ni umwanditsi w’ Ubushakashatsi bukomeye ku bijanye n’ivugabutumwa muri Amerika (1999) kand ubu na ho ariko arakoresha ubushakashatsi ku “gushikiriza ubutumwa buhindura kandi buhingura” mu banywanyi bari mu kigo ca Congregational Leadership ashigikiwe n’uburyo bwatanzwe na Lilly Endowment, the Green Lake Conference Center, hamwe na UW system.

### **IVYONGEWE KO K**

[http://cecl.glcc.org/PDF/Lori\\_Carrell/wasting%20time.pdf](http://cecl.glcc.org/PDF/Lori_Carrell/wasting%20time.pdf)

### **MBEGA URATAKAZA UMWANYA WAVE WO GUTEGURA?**

**Vyashizwe ahabona na LORI CARRELL**

Asuherewe, afise ibibazo vyinshi ku ruhande rumwe, ku rundi na rwo ariko arishishitira, umugenzi wanje w’umupasitori yampaye inyishu yihuta ndamubajije ku gutegura ubutumwa azovugaga: “Sinshobora kuronka uwundi mwanya, nta n’igituma dukwiye kubivugaga ko!” Ku bantu bose basigura, bavugaga ubutumwa, umusuheru uterwa n’ugutegura ubutumwa ni ukuri kugaragara. Ubushakashatsi bwakorewe ku mashini nyabwonko bwerekanye no “kuziganya umwanya wo gutegura

ubutumwa” habaye mwo inyishu zirenga 50,000. Yamara ubushakashatsi bwacu bwerekanye yuko aho kugerageza gutegura ubutumwa mu mwanya muto, ni ngirakamaro kubaza iki kibazo ahubwo, “Mbega nokoresha neza gute umwanya uwo ari wo wose mfise wo gutegura ubutumwa?” Umurwi w’abasiguzi, abavugabutumwa bagize uruhara muri iri shirahamwe ryitwaga Lilly-endowed Center for Excellence in Congregational Leadership at the Green Lake Conference Center hamwe n’abanywanyi babo, ababumviriza ibihumbi n’ibihumbagiza baratwemereye kuduha akaryo n’akanya bidasanze kugira ngo twigire ku vyo bacamwo imisi yose. Twarizeye hamwe na bo yuko ukuvuga ubutumwa, ugushikiriza ubutumwa gutegerezwa kwamukamwo uguhinduka kugaragara kandi kumara igihe kirekire mu bugingo bw’abantu. Rero turiko turagerageza kuraba ingene vyogenda, ibikunda n’ibidakunda, dukoresheje inyishu z’abumviriza nk’igipimo cerekana ivyavuye mwo, umwimbu. Muri iki gice c’ico cirwa, abapasitori barandiitse bashira ahabona umwanya bamara mu gutegura ubutumwa bazovuga, hamwe n’ivyo bakora muri uwo mwanya wo gutegura ubutumwa, uko bagerageza kurondera ububasha bwo guhingura no guhindura ukwigisha kwabo. Ivyo twavumbuye ni uko *ukugene* abavugabutumwa bakoresha umwanya wabo wo gutegura bifise ico bimaze kurusha *ukugene umwanya bakoresha* ungana.

### **Imikorere muri rusangi**

Ushobora gushaka kumenya ingene itegura ryawe ry’ubutumwa bwiza rimeze urigerranije n’ivyo abandi basiguzi nkawe bagira mu gutegura ubutumwa bwiza. Ikintu ca mbere utegerezwa kumenya ni uko abapasitori bategekanye ivyo bazovuga ko mu mezi ari imbere imbere y’igihe hamwe n’abo barindirira ku wa gatandatu mw’ijoro kugira ngo Imana ibahishurire ubutumwa bazovuga bukeye ku wa mungu hari ikintu kimwe bahuriyeko: Nta mwanya uhagije wo gutegura *bigera* bagira.

### **Bifatira umwanya ungana iki abapasitori benshi gutegura ubutumwa bwabo bazovuga?**

Nubwo uwo mwanya uhera ku masaha atanu gushika ku masaha 20, abenshi mu ba pasitori bafata umwanya uri hagati y’amasaha 12 n’amasaha 13 mw’iyinga yo gutegura ubutumwa bazovuga ko. Yamara abavugabutumwa benshi bavugaga yuko “babana, bamarana n’” ico gisomwa iyanga ryose—n’ubwo baba bariko bariyoga, barongora inama z’abajenama bataborohera na gato, canke batorera umuti ibibazo bitandukanye.

### **None Abavugabutumwa, abasiguzi bakora iki muri uwo mwanya, muri ayo masaha yo gutegura ubutumwa bazovuga?**

Hafi nka bese bamara uwo mwanya wo gutegura ubutumwa bazovuga bari bonyene, ukwabo, biga ivyanditswe, kandi bandika, baca ku masonga ivyo bazovuga. Mu bikorwa mu “kwiya ivyanditswe” harimwo ukwimba mu mizi igisomwa, kuraba mu mabibiliya atandukanye ingene ico gisomwa canditswe, kuraba ahandi hantu ico gisomwa kiboneka, gusoma ivyanditswe kuri ico gisomwa, n’ivyavuzwe kuri ico gisomwa, hamwe no kwiga amajambo agize ico gisomwa. Ibindi bintu bisanzwe bikorwa ni ugusubira mwo (ibice 57 kw’ijana), kuvyiyibutsa mu mutwe (ibice 47 kw’ijana), gusoma ibitabu bijanye n’ivyo uzokwigishako (ibice 47 kw’ijana), no kwiyumvira ku bintu bigaragara, ivyo uzokoresha wereka abantu vyaba ibigereranyo, ibishiusho, ibicapu n’ibindi abantu bashobora gukoze urutoke (ibice 36 kw’ijana).

### **Imiti, inyishu zidasanzwe, zitamenyerewe**

Uko ubu bushakashatsi bwabandaniye, abapasitori bashize mu ngiro ugutegura gusha ubutumwa bwiza bazovuga, bazosigura kugira ngo ugusigura kwabo kuzoshike ku guhingura no ku gutuma habaho uguhinduka. Nubwo umwanya wo gutegura wagumye ari wa wundi, barahinduye ingene bahora bakoresha uwo mwanya wo gutegura. Abapasitori bagabanije umwanya bahora bakoresha mu gusoma ibitabu bijanye n’ivyo bategura kwigisha ko, bagabanya kuraba kuraba ubutumwa bucu ku mboneshakure no gusoma mu binyamakuru bivugaga ku butumwa bagomba kuzokwigisha ko, hamwe no gusubira mwo. None bacye bakora iki mu gishingo c’ivyo bahora bakora? Ngibi ibintu bine bakoze mu gutegura vyabafashije, vyatumye abumviriza ubutumwa bwabo bahinduka, kandi bahingurwa kurushiriza.

#### **1) Kurobanura no gusobanukirwa neza intumbero itomoye, irashe y’ubutumwa bwiza uzoshikiriza**

“Ikibazo nyamukuru ca mbere nagize kwari ukumenya no kuguma ku co ubutumwa bwanje nzoshikiriza bwipfuzako abantu bashika ko, bakora.”

Urashobora kuvugaga ku ntumbero washakako abantu bashika ko mu butumwa butatu buheze wasiguye ko, wavuze ko? Mbega abakwumvirije bo baravyibuka? Abapasitori benshi bashobora kuvugaga ku mitwe y’amajambo y’ivyo bigisije ko gusa, ibisomwa vyo mu vyanditswe bavuze ko, canke ivyiyumviro ababumvirije bategerezwa kuba *batahura* ubu. Abapasitori muri ubwo bushakashatsi bavuze yuko kugira intumbero itomoye, ihangiro ritomoye biha iforoma ukugene biyumvira muri uwo mwanya wose wo gutegura ivyo bazokwigisha ko, bazosigura ko. Ubwa mbere, uko usoma ivyanditswe, gerageza ushike ku cyumviro kijanye n’igisomwa uzovugako, kirashe, gitomoye, giahamagarira abantu guhinduka. Igihe ico cyumviro kimaze gutorwa, reka intumbero ugomba ko abantu bashika ko ije ahabona. Umwanya wo gutegura ufashe mu gutunganya intumbero yo mu gukura kwo muri mpwemu ugabanura umwanya wo gusubira mwo kandi bigira ingaruka nziza ku kugene abantu bitaho ibigize ivyo uvugaga. Umwanya wo gutegura ukoreshejwe muri ubu buryo ugira ingaruka nziza ku kugene abavyumviriza bavyakira neza kandi bikagira ico bibahinduyeko mu buzima bwabo.

#### **2) Ibikorwa vyo kwikuza mu mpwemu**

“Nkwiriye kuva mu cumba kugira ngo Mpwemu Yera abone gukora.”



Abapasitori benshi barazi yuko birengagije urugendo rwabo rw'impemu. Abashoboye guhinduka muri uru rwego rwo gutegura ubutumwa bavuze ko bumvise baronka inkomezi nsha, umuvyuro, baronka uguhishurirwa hamwe n'ugushikama. Uguhinduka kuboneka kwabaye mu buryo bigisha kwaherekejwe n'uku kwimenyereza kudasanzwe kwo gutegura ubutumwa: kuri bamwe, ukwiyugurura kwarongerekanye kubera yuko ugukorera mu muco kwari kwarabuze, ariko kandi hariho abandi ukwiyugurura kwaragabanutse kubera agatima muntu kagabanutse. Tutabanje kuraba ivyahindutse kanaka, uko abasiguzi bafata umwanya uhagije mw'ijambo ry'Imana, baryiga ko imisi yose, bafata umwanya uhagije imbere y'Imana, ababumviriza bavuze yuko yuko hari ingaruka ikomeye y'ubutumwa bavuga mu bugingo *bwabo* bw'impwemu.

### 3) Gusubiramwo, kwimenyereza uvuga

“Uko imyaka yagiye irakurikirana, nagiyeye nja ndagabanya imyanya yo gutegura ubutumwa kubera nja mu bindi bintu vyinshi bintwara umwanya—vyongeye hajamwo n'ubwishime. Nibaza, niyumvira ko nzi ivyo ndiko ndakora, ko menyereye ivo nama nkora, mfata, nkoresha umwanya muto cane wo gutegura. Sinarinzi ko nkeneye ukwimenyereza mu buryo bwo kuvuga nsubira mwo ubutumwa nzovuga ku wa mungu. Numva yuko ivyo ndabizi bihagije.”

Abapasitori benshi ntibakunda gufata umwanya uhagije mwiza wo gutegura ubutumwa bazovuga, bazoshikiriz abantu. Nubwo ari ukuri yuko ukwimenyereza kuvuga ivyo uzokwigisha mu buryo bw'uko ijwi risohoka bifasha ikoresha ry'ururimi hamwe n'ukumenyera kuvuga, ico si co kintu nyamukuru mu vyo bavumbuye mu bushakashatsi bwakozwe. Guhindura kwimenyereza *imbere* mu mutima (“ni ukuvuga kubisubira mwo mu mutwe wanje”) nkaja ku kwimenyereza *mvuga* birafise ingaruka ku kugene ntunganya ubwo butumwa bwiza nzovuga. Kuvuga mw'ijwi ryumvikana birafasha abasiguzi gushira ahabona ivyiyumviro nyamukuru, kuguma ku ntego batanguranye, kwirinda guhindura icyumviro utabiteguye, kumenya kuva ku cyumviro ugatandukira ikindi, kumenya gushira ho intangamarara hamwe no gusozera neza kandi abantu bakumva ivyo uriko uravuga neza n'iyi uriko uraja, kandi bagakoresha neza umwanya wabo wo gutegura ubutumwa bazovuga. None abumviriza nab o babivugako iki, babikora ko iki? Bavuga yuko ubutumwa buteguwe neza kandi butunganyijwe neza ari ubutumwa buhingura kandi buhindura abantu.

### 4) Ganira n'abandi

“Mfata umwana munini ngerageza kwikuramwo ugukekeranya uko nibaza, niyumvira ku gaciro k'ivyo ndiko ndakora. Ndakeneye ivyiyumviro bishasha. Ndindira uguhabwa ico nzovuga yamara kandi simpagarikira ngaho, ndihata kugira ngo ndabishike ko. Ni urugendo rutoroshe kuko ndarugira jenyene.”

Ku bantu bakeya bakoreweko muri ubwo bushakashatsi bavuga ku bigize ubutumwa bwiza bazovuga mu misi iri imbere bakabiganira n'abo bubakanye, abumviriza canke abandi bapasitori, ingaruka z'ubwo butumwa ziba nyinshi. Kubera yuko abapasitori bakeya cane ari bo bafata umwanya w'iki gikorwa co gutegura ubutumwa, uku guhishuwa si kwishya na gato. Yamara murabe neza: uko abumviriza bashaka ibintu bifadika, kandi abasiguzi bipfuzaga kutaguma mu vyo bari bamenyereye, bakaja mu kuganira ku vyo bazovuga mu butumwa buri imbere n'abagize ishengerero ryabo birashobora gukomeza ugutegura ubutumwa kandi bikazogira ingaruka nziza kubazobwumva. Kuganira n'uwo mwubakanye, canke n'abandi bantu mumenyereye ku bintu utegura kuzovuga ko ubutumwa (mbere naho wobigira ubicishije kuri email) na vyo nyene birafise akarusho. Ugushikiriza ubutumwa ni ukubarira *abantu*; ugutegura ubutumwa uri aha wenyene bishobora kuba ari izira itoroshe.

Uripfuzaga yuko ubutumwa uvuga bugira ingaruka nini kubabwumva? Ushobora kuba udafise umwanya uhagije umara uriko urategura ubutumwa uzovuga, yamara uwo mwanya uko ungana kwose urashobora kuwukoresha mu buryo bunyuranye n'ivyo wari umenyereye. Iryo hinduka ntiroroshe gukora, no gushira mu ngiro. Umupasitori umwe yavuze ati, “Dusaba abantu ko bahinduka igihe cose duhaguritse tuvuga ubutumwa, yamara guhindura akamenyero k'ukugene mvuga ubutumwa vyarangoye cane kurusha uko navyiyumvira.” Uko ukora kugira ngo ukureho umusuhero kandi ukoreshe ububasha bwose, banza wiyumvire kuri ibi bintu bidasanzwe mu gutegura kwawe, kandi usengere ivyamwa bidasanzwe bizokomoka mu butumwa uzovuga.

**LORI CARRELL** ni umwigisha karuhariwe yigisha ivyo gutumatumanako amakuru muri kaminuza y'i Wisconsin-Oshkosh. Abandanya ubushakashatsi bwiwe akorana n'abapasitori bo muri CECL ([cecl.glcc.org](http://cecl.glcc.org)). Raba kuri “*Dr. Lori's Blog*” at [askgodtv.com](http://askgodtv.com)

## IVYONGEWE KO L

[http://cecl.glcc.org/PDF/Lori\\_Carrell/not%20so%20simple%20sermon%20solutions.pdf](http://cecl.glcc.org/PDF/Lori_Carrell/not%20so%20simple%20sermon%20solutions.pdf)

## IMITI ITOROSHE KUNYWA KW'IVUGABUTUMWA

**Vyashizwe ahabona na LORI CARRELL**

Mbega urashaka kumenya ibintu vyohindura mu buryo bwiza ivugabutumwa ryawe rikagira ububasha? Ntuye kure, nturonderere kure—kuko ivyo ntibabaho. Uko ubushakashatsi bwacu ku guhanahana amakuru ku bijanye n'ivugabutumwa bubandanya, hariho ikintu kimwe cagaragaye neza: nta muti woroshe kunywa uriho mw'ivugabutumwa. Ahubwo, iyumvire ku kwimenyereza, ku kwitoza indero, kwiyegurira igikorwa nyene igihe kirekire, ni uguhozako, si ukugira mbangura. Mbega urizera yuko ivugabutumwa ryose ryategerezwa kuvyara uguhinduka kwo mu bugingo bw'abantu, bw'amashengeru, bw'ibibano mbere n'ubwo umuco kama? Ukwigisha *kwacu*, ukuvuga ubutumwa *kwacu*, si ukwigisha

muri rusangi? Mbega uriteguye kwakira impanuro kugira ngo ubutumwa uvuga bushobore kugira ububasha bwo guhindura no guhingura abantu? Nimba uvuyiteguriye, nta muti n'umwe uriho woroshe kunywa, kandi nta ntambuko zoroshe kugira ngo ubishikeko—yamara haracariho ivyizigiro, incuti yawe wizigiyeye ushobora kwiyugururira yoshobora kubigufasha mwo.

### **Fata ukwigisha ko ari ikintu kiza imbere y'ibindi vyose**

Uguhinduka kwose gutegerezwaga kuba gufatiye ku kintu kanaka. Nk'akarorero, nimba uhagijwe n'uko hongewe ko ku mashikanwa amahera ibihumbi cumi ku yo bahora batanga nk'ishikanwa, ntibizokwigera bihindura umupasitori yari amaze kwemeza ko ivyo yari yiteze vyagiye biragabanuka uko imyaka yagiye irakurikirana, gshitsa yaho ubu ubutumwa bwiwe avuga busa n'uko "ari ukudatakaza akazi kiwe, kugumana akazi kiwe." Abumviriza bo mu gihugu cose bobabazwa no kwumva iyo nyifato. Abanywanyi b'ishengero ryawe bitegaga yuko ukwigisha, ukuvuga ubutumwa, ugusigura ari co kintu nyamukuru kigize igikorwa c'uburongozi ku bapasitori babo. None weho ubivuga ko iki, witeze iki? Usabwa guhagarara harya uri nk'uko woba uhagarariye Yesu Kristo maze ugaca uvuga amajambo y'Imana yagutumye utagabanije canke utongeyeko, utunguriyeko. Mbega wewe wumva hari agahaze canke uranyuzwe, kuri wewe birahagije? Kenshi na kenshi igituma abantu bahindura ni uko haba hari ibitagenda neza, yamara umaze kumenya neza udakekeranya ibijanyeye n'umuhamagaro wawe birashobora kugutera intege, no gutuma uhindura, uhinduka. Mbega Imana yaguhamagariye kuvuga ubutumwa, ukwigisha, gushigira? Subiramwo ico mwavuganyeye n'Imana igihe yaguhamagara, yakubariye iki, ciyibutse.

### **Fata nkama ingaruka canke ivyamwaga**

Iyo ugomba guhindura ibintu mw'ivugabutumwaga ryawe, tangurira ku vyo umugenzi wawe yagiye aratoragura mu vyo wavuze, maze ufate igihe kanaka azobitororokaniriza mwo maze ahejeje abiguhe na we ubicemwo urabe ingene wakoze. Ni ngirakamaro rero gukora ibi bikurikira ku misi ya mungu kanaka ikurikirana nimba vy'ukuri wipfuzaga gusuzuma ingene utegura ubutumwa uvuga hamwe n'ivyamwaga muri bwo.

### **Suzuma ukugene utegura ubutumwa bwawe.**

Nkuko umuntu afise ivyo yategetswe kurya agumiza ijisho ku vyo yemerewe kurya maze akagira n'imyimenyerezo, ni ko na we ukwiriye kuraba ingene wigenza imbere y'ugutegura hamwe n'umwanya wo gutegura. Mbega ukora iki mu gihe co gutegura? Utegura umwanya ungana iki? Mbega uruza ivyo wateguye mu mwanya uba uriko uranyonga imodoka canke ikinga canke ikindi kintu cose bivana n'ico ufise? Mbega wumva uhezagirwa no kwumviriza indirimbo? Mbega ugusenga kwawe guhurira he n'iyi myiteguro? Kugira ngo umenye ibikora neza kuri wewe, gerageza uvugana n'umugenzi ivyo ucamwo igihe uriko urategura yemeye gukorana na we.

### **Fata kuri kasete ivyo uvuga maze urabe ubutumwa uvuga.**

Mbere naho woba ukeneye gutiza canke kugura ibikoresho maze ukigisha umuntu gufata ivyo uriko urigisha, bikore. Ugumize mu mutwe yuko niyo uwo washinze gufata ibicapo n'amajwi y'ukugene uriko uravugaga ubutumwa abifashe nabi bitazogufasha na gato haba mu buryo uzohindura, canke ku vyo uzoshimikira ko (iyumvire yuko uri umuntu ariko arakorera harya bahagarara mu kuvuga ubutumwa ariko uri wewe nyene, ata co ubanza kunyegeza, baze ko uriko uravugana n'abantu). Ubu rero iki ni co gikorwa gikomeye kurusha ibindi vyose: rondera aho wumviririza canke urabira ivyo wakoze n'ivyo wavuze muri bwa butumwa bwiza washikiriza abantu, abakwumviriza, uje hamwe na wa mugenzi wawe, urabe ivyo wakoze n'ivyo wavuze, mubirabire hamwe. Kora nk'uko woba wishize mu kibanza ca bamwe wariko urabarira ubwo butumwa, nk'uwumviriza ariko atari uwuriko arasuzuma, arashaka gutanga amanota. Ibaze iki kibazo, "Mbega Imana yakoze ite icishije muri uyu muvugabutumwa, muri uyu musiguzi?" Andika ivyo wiyumviriyeye vyose maze muce mubihanahana ko ivyiyumviro na wa mugenzi wawe.

### **Saba kandi usubiremwo urabe ivyo abumviriza babivuze ko.**

Shira mwo inca make y' ivyo washitse ko mu bushakashatsi wagize muri ico kinyamakuru, usabe abakwumviriza kugira ico bavuze ku butumwa wama ubabarira (ibi ntibisigura ko bakubarira ivyo banenga ku butumwa ubigisha). Baza ikibazo cuguruye nk'iki "uvuga iki, wokwifata gute kuru ubu butumwa, wobukora ko iki?" canke ugire urutonde rw'ibibazo bikeya abumviriza bashobora kwemezanya ko na we canke batemezanya ko nawe. Nk'akarorero, "Nibukijwe ikintu naja nizera, naja nateguye kugira ico ndagikora ko nk'ingaruka y'iyi nyigisho n'ubu butumwa; canke naja nahise mwo guhindura ivyo nahora nizera." Reka abo bumviriza bigumire mu rwinsi, ntibigaragaze, ntibashire ko amazina yabo, ariko usabe umuntu umwe yegeranye ivyo biyumvira n'inyishu zabo. Cisha amaso mu vyo banditse, muri kumwe na wa muntu wizeye ahora aguhanura, umwe ushobora kwiyugururira umutima wawe muri vyose ata co umuhisha, mugerageze murabe ico mwokuramwo kizomera nk'ico woshimikira ko mu vyo uzotegura ukwigisha muri kazoza.

### **Gerageza ushireho urutonde rw'ibikorwa rufatiye ku nguvu abumviriza bafise, canke ku rwego rw'ugukura abumviriza bageze ko**

Imana yaguhamagariye ukwigisha ukoresheje ukwizera, subira mwo ivyo washitseko kugira ngo urabe inkomezi zawe aho zihagaze mu ukwigisha no gusigura. Mu cirwa cacu c'ukumenya ingene abavugabutumwaga babaza abandi ukugene ubutumwa bwabo babwumva, twarakoze kugira ngo turabe, tumenya "ikintu ciza umuvugabutumwaga wese yisangije" dufatiye nko kuri ibi bikurikira: ivyo yavuze birafise ububasha, birumvikana, , impuhwe, n'imbabazi, umwete, hari utuntu dusha yinjizamwo dutuma abantu bumva ko bakwiye kubandanya bumviriza, mbega ivyo yavuze borashoboka ko vyoshirwa mu ngiro, harimwo ubwenge busha mu vyo yavuze, mbega hari ubuhinga busha bwo gushikiriza ivyo yavuze,

harimwo ubwenge, harimwo uburyo bw'uko atavuga yirorera, adatamba yirorera, yakoresheje ururimi rwiza, ivyo yizera arabigendera, yakoresheje inkuru mu kuvuga ubutumwa gute, yatumye abantu biyumvira gute, yabahaye indoto ki, yabasigigaranye imbono ki, baja he bakava he, canke harimwo ubwenge ki. Mbere naho woba udafise umurwi ubarizamwo ibikubakiye, umugenzi wawe wizera arashobora kukugirira ikimazi kinini mu kukwereka aho inkomezi zawe ziri. Aho ushobora kwerekeza ibikwiye gushirwa mu ngiro ufatiye ku ntege nke zawe, ubuhinga bwacu bwiza bugusaba kubanza guhera ku nkomezi zawe uko usengera intumbero n'ihangiro vy'uguhinduka vy'ukwigisha n'ugusigura kwawe. Ngaha turafise uburorero bwinshi bukomoka ku bapasitori twabajije muri ico cirwa, muri ubwo bushakashatsi twagize:

- *Nubakiye ku buhinga bwanje menyereye bwo kuvuga inkuru, nzokora cane ku buryo bw'uko nongera mwo inkurunk'icuma nyamukuru kigize ubutumwa bwose nzovuga nk'inkingi y'ubwo butumwa.*
- *Nubakiye ku buhinga bwanje menyereye bwo gufasha abantu kugira no bagire ikintu c'ubwenge bakuye mu butumwa navuze, no kubatuma biyumvira cane, nzokora mu buryo bw'uko nzokoresha ubwo bwenge Atari ukugira nimbe mu mizi ico gisomwa gusa yamara kandi kugira ngo abanyotewe kunyumviriza bashobore gushira mu ngiro ivyo mvuga.*
- *Nubakiye ku buhinga bwanje budasanzwe menyereye mu kwiyumvira ntera nja imbere, nzobandanya kugirira impfunyapfunyo abanyumviriza kugira ngo abanyumviriza bagume bibuka neza ivyo nababariye kandi benshi barabishima—yamara kandi nzogerageza kwongera mwo ubundi buryo bwinshi bwo gutunganya ibigize ubutumwa mvuga. Ivyo bizokwongereza inguvu n'umwete, n'agaciro abanyumviriza bazonyumvizanya kuko hari ho abiyumvira n'abiga mu buryo bunyuranye n'ubwanje.*

### **Gerageza ushireho abantu ushobora kubaza n'aho ushobora gutunganiriza ivyawe**

Tugaruke ku kigereranyo c'ivyo kurya kandi. Iyo umuntu yama asuzuma aho ugeze rimwe mw'iyanga, nta nkeka ko uzoshika ku co wishinze. Abigisha bigisha umuntu ku giti ciwe hamwe n'abasuzumyi b'ibiro bama abashika ku kugabanura ibiro kuri abo bipfuzako ibiro vyabo vyogabanuka. Kurondera abantu muhuje umurimo, igikorwa c'ukuvuga ubutumwa bishobora kuboneka ko ari ingorane nyinshi uba uriko urishira mwo, urikwegera cane cane ku bapasitori batagomba kuja hamwe n'abandi yamara iyi ntambuko ni ngira kamaro cane. Abo bapasitori muri iki cirwa cacu, muri ubwo bushakashatsi bwacu ubutumwa bwabo bwahinduye, buhingura abantu benshi twasanze bafise umurwi w'abantu bakorana, bizera, bumvikana kandi bategerezwa kwiyugururira no kwihana ko bibaye ngombwa, bafashanya, bashigikirana cane cane muri iyo nzira y'uguhinduka.

Rero ihute urondere uwundi mupasitori ushobora kwiyugururira kugira ngo bikugoye umuronderemuvugane ku bintu kanaka. Tunganya imyanya yo kubonana na we no kuganira ku butumwa uzovuga, mbere naho muba mushobora kuvuganira mu nyandiko kuri za email, kandi mushobora gusengeranirana kugira ngo ubutumwa muzovuga bugire ingaruka nziza ku bazobwumva. Vyongeye rondera umurwi w'abapasitori mushobora kuzokwama muhura kugira ngo mwungurane ivyiyumviro ku bijanye n'ukumenyesha Imana canke ibindi bintu bikomeye mu vyo muhura na vyo imisi yose? Umupasitori umwemusha dukorana yavuze ibi, “ivyo birengere. Ntushobora kuba uri umupasitori umwe gusa muri iki kibano cawe akurikira Yesu Kristo ...iki ni igikorwa c'ubwami. Mbega uri mwo?”

Urashobora kuba ukiriko urabaza iki kibazo, “urazi neza ko hatari ho ubundi buryo bworoshe kurusha ubwo? Inyuma ya vyose, jewe nizigiye Mpwemu Yera ko azokora igikorwa c'Imana akoresheje ivyo nzovugira ku gicaniro, aho bavugira ubutumwa bwiza.” Yamara, imbere yuko uvuga ko ushimishijwe n'ubu buhinga banza wibaze iki kibazo, “mbega nakoze ivyo nategerezwa gukora vyose nkoresha ingabire zose, italanto zose n'ubwenge Imana yampaye?” inyuma y'amezi ane uriko urakora gurtyo, nshira mu ngiro ivyo nateguye, umunywanyu umwe yarandungikiye ubu butumwa: “maze igihe kinini nigisha gurtya. Guhindura cabaye ikintu gikomeye nabanje kunigana na co cane, yamara bica biranshikira, birankorako—Nsaba abantu amayinga yose kugira ngo bahinduke.”

**LORI CARRELL** ni umwigisha karuhariwe w'ugutumatumana ko amakuru muri kaminuza y'i Wisconsin. Ariko aratanguza ikindi gice c'ubushakashatsi ku kuvuga ubutumwa kirimo ukwigisha umuvugabutumwa n'abumviriza ku guhanahana amakuru. Iki kinyamakuru ni ikigira ndwi mu rukurikirane rw'ivayshitswe ko bifashijwe na Lily-Endowed Center for Excellence in Congregational Leadership study. Abiyandikishije bashobora kuronka ibinyamakuru vyasohotse imbere mw'itorokanirizo ry'ibitabu ngaha hakurikira: *Rev.org*.

### UMWANDITSI



Jonathan Menn aba i Appleton, WI, muri Reta Zunze Ubumwe za Amerika. Yaronse urupapuro rw'umutsindo mu vyirwa vya Politike muri kaminuza yo muri Wisconsin-Madison, aheza afise amanonta menshi cane, mu mwaka wa 1974, hanyuma aca ashirwa mu murwi witwa Phi Beta Kappa honor society. Hanyuma aronka ico bita J.D. kiva mw'ishuri y'amategeko y'I Kornell Law School, magna cum laude, mu mwaka wa 1977, hanyuma aca ashirwa mu murwi witwa Coif legal honor society. Yamaze imyaka 28 ari umushingwamaza, nk'uwuserukira wa Reta, muri Chicago hanyuma ashinga ishira hamwe ryitwa Menn Law Firm muri Appleton, WI. Inyuma yaho yaciye akizwa aba intumwa, umwigishwa wa Yesu Kristo mu mwaka wa 1982. Yumva yipfuzza kumenya vyinshi mu vyerekeye ijambo ry'Imana kandi no kugira ico akoze mu gikorwa c'Imana vyamutumye aja kunonosora amashuri y'ivyerekeye ijambo ry'Imana aho yaronse urupapuro ry'umutsindo muri nyigisho ndoramana muri kaminuza yo muri Trinity Evangelical Divinity School muri Deerfield, IL.

Yaronse urwo rupapuro rw'umutsindo muri TEDS, summa cum laude, muri Rusama mu mwaka wa 2007. Hagati y'imyaka ya 2007-2013 yari umuyobozi w'ishirahamwe ryitwa Gushoboza abapasitori mw'isi yose. Ubu na ho Now Jonathan ni umuyobozi wo gushoboza abapasitori mu muryango wo muri Afirika y'Ubuseruko ([www.ecler.net](http://www.ecler.net)). Ibikorwa vyawe vyinshi yanditse bikoresheye mu gushoboza abapasitori mushobora kubisanga kuri uru rubuga ngurukanabumenyi [www.ecler.net](http://www.ecler.net). Jonathan ashobora kuboneka aha hakurikira kuwoshaka kuvugana na we: [jonathanmenn@yahoo.com](mailto:jonathanmenn@yahoo.com).